# РАСУЛ ХIАМЗАТОВ

# АНЛЪГО ТОМАЛДЕ
# ДАНДЕ ГЪАРУРАЛ АСАРАЛ

ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ТIАХЬАЗУЛ ИЗДАТЕЛЬСТВО

МахIачхъала 1992

**РАСУЛ ХIАМЗАТОВ**

# ДАНДЕ ГЬАРУРАЛ АСАРАЛ

## 3 ТОМ

ДАГЕСТАНСКОЕ КНИЖНОЕ ИЗДАТЕЛЬСТВО

Махачкала 1992

ББК 84 Авар
Г 18

*Редакциялъул коллегия:*

ПАТIИМАТ ХIАМЗАТОВА
СИРАЖУТДИН ХIАЙБУЛЛАЕВ
МУХIАМАД САГIИДОВ
САГIИД ГIАЛИХАНОВ

ТIехь данде гьабурал:

СИРАЖУТДИН ХIАЙБУЛЛАЕВ
МУХIАМАД САГIИДОВ

**ХIамзатов Р.ХI.**
Анлъго томалде данде гьарурал асарал, т. 3. – Махачкала: Даг. кн. изд-во, 1992. – 416 с.
**Гамзатов Р.Г.** Собрание сочинений в 6-ти томах, т.3.

Дагъистаналъул халкъияв поэт, Пачалихъалъулаб, Ленинилаб ва Халкъазда гьоркьосел примеязул лауреат, Социалистияб ЗахIматалъул БахIарчи Расул ХIамзатовасул анлъго томалде данде гьарурал асаразул лъабабилеб томалде унел руго 1981–1990 соназда рахъарал тIахьаздасан кучIдул.

ББК 84 Авар

ISBN 5–297–00282–6

# «МАГӀАРУЛ КЪИСА»

АБУРАБ ТӀЕХЬАЛДАСА

1981

---

***

ЦIогьазул, гьерсазул конкурс гьабуни,
Король мун букIина, къоабилеб век.
Къоло цоабилеб век белъанхъула:
Балагьилин, жеги жиб бачIинилан.

ЧIвадарухъабазул олимпиада,
ЧIел дуца босила, къоабилеб век.
Къоло цоабилеб век белъанхъула:
Балагьилин, жеги жибги бачIинин.

БахIарчи, яхIалъул конкурс гьабуни,
Король мун букIина, къоабилеб век.
Къоло цоабилеб век кIалъаларо, —
БакIал кIулал руго гьелъул кIутIбузда.

***

Огь, къоабилеб век, унеб буго мун,
Дунги унев вуго, гьарула дуда,
Дир мунагьал чуре, гьел дураздаса
КIудиял рукIинчIин, дуца рикIкIунге.

КIиялго нилъ руго ахираб ригьда,
Рагьдухъ хасел буго хал гьабун нилъехъ;
ГIумруялъ цIакъ кватIун гьикъана дида,
Дир хIакъалъулъ дуда лъалеб жо щибан?

Дун цIакъ гIедегIана гьелъул бицине,
Беццизе, какизе, кочIолъ ахIизе.
Хех кьуна баркала квер лъухьаразе,
КватIана нагIана гьерсихъабазе.

Огь, къоабилеб век, дуниял, гIумру,
Гьал дир гIайибазе нуж гуриш, гIилла?
Гьелъ жаваб гьабуна, гьакал нухдасан
Гьезда тIад рекIараз рачине кколин.

Дида ккун букIана, гьеб цIакъ лъалилан, —
Дун лъаралъ ватана, гIор бихьичIого.

Дида ккун букIана, гьеб бихьанилан,
Рохьоб сверулеб чан гъалбацIинги ккун.

* * *

Жеги дун хун гьечIо, херлъунги гьечIо,
Амма гьанже хIухьел хIалуцун буго;
ЦIумур къабурабго, дий батилин ккун,
Каранда квер лъола, гIенеккун чIола.

Цересел кьоялги, чIвалел хъаталги,
Рещцал дагIбаялги доб гIаздалъ руго.
Щибав жинди жиндий гIакъиллъараб век, –
ГIалам хва, вацал хва, дун хутIайилан.

ХутIизе щивниги гьечIо ракьалда,
Амма рокьул ччорбал дир чучун гьечIо;
Черхалъул цебесеб кеп гьечIониги,
Цо-цо бокал дица ккани борхула.

Дир ригь хисун буго, букIананиги
БукIараб дир гIищкъу доб гIаздалъ гьечIо.
Цо-цо, гIолохъанай гIадан дандчIвани,
Дихъе цо чIваркьараб тирхи рештIуна.

Дидасан палугьан вахъине гьечIо, —
ГьетI гьетIулеб лага борхьил букIуна;
Огь., дуда кIвеларо, къоабилеб век,
Дун кьулизавизе... Къеркьей лъугIичIо!

***

ГIадада гьардола гьаб векалда дун,
Гьаб базар къайилан, низам гьабеян, —
Низам кин букIинеб, базар бугони?!
Базар кин букIинеб, низам бугони?!

Чанги даран ккана дунилалда,
Хисарабщинабги босанщинабги,
Амма гьаиже гIадаб гIасияб даран,
ГIаданлъи бичулеб, дида бихьичIо.

Багьа учузлъана чилъидул гьанже,
Гьаб чорхол яхIалъул, бахIарчилъидул.
Багьа кIодолъана чин-хъулухъалъул,
Чияс чиясдасан гьабулеб мацIил.

Гьанже кьолораб чу кьоларо кочIохъ,
Гьелъул тIикъва гIелин, гьебги гIемерин.
Гьанже щобил бакънал щущалел гьечIо, —
Шагьаби чвантинир чвархъолеб мехалъ.

Орденал цоязе, ордер — цоязе,
Инвалидал — рагьтIа, цIогьал — ригьзабахъ.
Гьал хъизан кIудиял — кIулго кIулилан,
Гьал хъулухъ кIудиял — кIи-кIи тIалайин...

...ГIадада гьардола гьаб векалда дун,
Гьаб базар къайилан, низам гьабеян, —
Низам кин букIннеб, базар бугони?!
Базар кин букIинеб, низам бугони?!

* * *

Дун яхIалъе гIоло, чилъидай гIоло
Чабхъаде вахъана цIакъ гIолохъанго
ГIишкъу букIана дир даим гъазават,
Гъолъул гуреб гьечIо батIияб ругъун.

Рокьул муридасдаречIчIанщинаб чIор, —
Гьес каранлъа рахъун нахъе рехана.
Амма букIаниги рекIелъ лъилъичIел
ЛъалкIал руго гьозул. Сардилъ судула.

Судула хасго цIакъ хириял чагIаз,
Хиянатги гьабун, речIчIарал чIорал.
Гьезда цIакъ лъалаан, мухIканаб кудалъ,
Киб щвани бищунго дида бухIулеб.

БухIе, гьалде абе, гьедтаб гуреб
Поэтасул жеги ракI букIарабищ?
Щорораб пикруги квачараб къасдги
КочIохъанасухъе жеги кьурабищ?

Би гьалдолел ччорбал, дун чIаго вуго, —
Хвараб тIагIел гуро гIодой рехизе.

Ваче бокьаралъуй, дун хIадур вуто
ХIинкъараб дир рокьул кьурабалъ хвезе.

ТIадагьал реццаца бец гьавичIого,
КечI, цIуне мацI, намус гьал бацIаздаса.
ГьитIинаб мех дица ЦIадаго танин, —
ЦIогьал, кверал лъоге гьаб дир гъажалда!

***

Гьаб векалъул тарих хадуб магIарухъ:
Хунзахъги ЦIадаги цIалулеб мехалъ,
Дир ,цIар киб букIинеб чIваралъ, хваралъищ,
Я хабар лъачIого тIагIаразулъищ?

Гьелъул ургъел гуро гьабсагIат бугеб,
Дир пикраби руго мугIрул халкъалъул.
ЦохIо рохел буго, дида гьеб лъала,
Мун даим хутIизе буго, Дагъистан.

ЧIваразулъги гуро, хваралъги гуро,
Я хабар лъачIого тIагIаралъ гуро;
ТIагъурги ханжарги магIидаги бан,
Мун бихьула дида даим чIагояб.

Доб Петербургалда пача тIуркIарав,
Гьундулъ бусада гъорлъ шагьал сорорал, —
МагIарулас даим жиндирго тIохда,
ТIаргъикьанги бахъун, цIалеб хъалиян.

ХинкIал цIикIкIаразул гуро цIар бугеб,
ЦIогьал руго, МахIмуд, бахIарзал гьанже.
Нусго грамм гьекъей, миллион бикъи, —
Гьале гIумруялъул гIакълу гьабсагIат.

Гьезул цо жидерго мафия буго,
Жанисан хIалтIулел мекъи кверазул,
Гьал карьеристазул режиссеразул,
Гьал гьерсихъабазул дирижеразул.

Гьал хъамалчагIазул тамадабаца
Тун гьечIо кIал чIвачIеб цохIониги бакI.
БацIазул машгьурал тренеразул
Махщелалъул кутак, кадрабазул гуч!

Киналго цоцазде тIаде гьусулел
Гьерсил шефповарал, цо гьаз кьолеб квен!
Кинабго Дагъистан бикъананиги,
Бищунго ракъарал чагIиян ккола.

Огь, гьал художникал хиянаталъул,
Хадур гIунтIуларел гьазул суратал!
Гьал композиторал нусго квешлъидал,
Кутакаб музыка мацIихъабазул.

Цо-цо мехалъ ккола, гьаз ккун бугилан
Республикаялъул кварил рагIалин,
Гьазда данде чIолеб къуват лъаларин,
Гьаз кодой босичIеб кибго бакI гьечIин...

...ХинкIал цIикIкIаразул цIар гуро бугеб,
ЦIогьал руго, МахIмуд, гьанже бахIарзал.

***

Цо бихьинчиясда бихьизе кколеб
Дидаги бихьана гьаб гIумруялда.
Цо бихьинчиясда рагIизе кколеб
Дидаги рагIана гьаб гIаламалда.

Цо бихьинчиясда дандчIвазе кколеб
Дидаги дандчIвана бадиса бадиб.
Цо бихьинчиясда къулчIизе тIадаб
Дицаги къулчIана цо къуркьичIого.

ЦохIо бихьинчияс ахIизе кколеб
Дицаги ахIана кинабго рухIалъ.
Цо бихьинчиясул букIунеб рокьи
БукIана ракьалда рукьби рухIулеб.

ГIадада гурелъул гьитIинго дие
Дагъистаналъ кьураб кьили лъезе чу.
ГIадада гурелъул жидерго гъежде
Гъулдузул сияз дун вахинавурав.

***

Балеб буго гIазу, гIумру дагьаб жо,
Гъасда цIа кинигин, кунчIула, суна.
«БукIараб кIочон те, гьудулгун рекье!» —
Гьаб бакъан бачуна цо-цо чагьаналъ.

Дун гIенеккун чIола: «ЧIа мун, чагъана,
ЧIваби рекъон гьечIин, поездал анин.
ВатIалъизе дие бигьа букIинчIо,
Амма ана гама гаваналдаса.

Гьудулгун рекъелин, гьевгун гьекъелин, —
Гьелдасан букIинеб рекIей рохел щиб?
РекIкIгунищ рекIинев цого гьакида,
Ццидал квер босулеб кинаб рокьуца?

Дун вачIун вукIинчIо гьаб дунялалде,
Гьерсида рекъолеб бакъан бачине.
Кин дир кечI рекъолеб пиштIул накугин,
Ургъун хIадурараб хIалихьалъигун?

Кинан чIаголъулеб гьаб чIвараб божи,
Кин ,гьунар хисилеб хиянаталъухъ?
Дагьаб буго гIумру, кинан гьеб телеб
Гьал карьеристазул халатал квачIакь?

ВатIалъизе дие бигьа букIинчIо,
Гьанже рекъезеги дир къуват гьечIо.
Цо нухалъ гъурани, гъадринисанцин,
КигIан регъаниги, гьорлъан лъим уна.

Гъадаро гуро ракI, гьеб лъукъанщинаб
Нуха цадахъ унес, цебе бохги лъун!
Огь, гьабулебщинаб гьабун бахъана,
ГьабичIеб жегиги гьабеян абе!

Огь, абулебщинаб абун бахъана,
АбичIеб жегиги абулел рукIа!
Дун вачIун вукIана гьаб дунялалде
Гьудуллъиялъегун гьуинлъиялъе.

ГьечIо дилъ тушманлъи, дир рекъел буго
Бакъулгун, цIадалгун, чилъиялъулгун.
Бицунге, чагъана, букIараб, араб,
Гьадаб гIаздалъ бугин доб гIурччинаб их.

Абуге, кIудияв, дида рекъеян, —
КIудиясул дица адаб гьабула;

Амма нилъедаса кIудияб гьечIищ
Чиясул намусги гьаб Дагъистанги?!»

***

Кинал ратарал дур дол гьудулзаби,
Гьаб гIумру дуй назру бугин рукIарал?
Кир ругел божарал къайицадахъал,
Дуй къваригIун гьечIищ, щай ахIуларел!

Щолеб бугин поезд дур шагьаралде,
Данде щив вачIарав, лъил квер босараб?
Боржана самолет, киб бугеб «салам»?
СагIтихъ мун пашманго щай балатьулев?

Машиназул рахас бихьулеб гьечIо,
Балагьараб такси чIинтIараб буго.
Жакъа мун гьавураб къо буго, гьудул,
КъотIун буго гьаракь телефоналъул.

Телеграммабаца, гьалмагъзабаца
Парахат тун буго нуцIида цIумур.
Дуда гьури чIвани раккизе щолел
Щиб бакIалда ругел мун унтаравго?

Хасалоги дуе рачIунел тIугьдул
РечIана маялда дур божаразул...
Цеве дуца гIадахъ восичIев гьалмагъ, —
Гьеле гьев ватана гьабсагIат дуда.

***

Дуца кьолораб чу рекIине щварас,
РикIкIаде щваравго, зар букъараб куц!
КIалтIа женжедараз, жанир риччайгун,
Рачарал цо бакънал, — бакъ тIерхьараб куц!

Дуца берал кьурал, кьунсрул кIочанин,
Дуда кIал гьикъизе рачIун тарал куц!
Жалго цо батIиял чагIиянги ккун,
БотIрода шляпа кIичIун лъураб куц!

РагIиги, гIакълуги, рекIараб чуги
Руччабаз тIад чIвалеб чIинчIо батана, —
Цо гьури хъварабго, гьел хисулел куц,

Дагьаб рухI речIчIигун, гьел чIухIулел куц!

***

Щуго килищ буго гьаб дир кечIалъул,
Кверал рачинеги зар букъизеги:

Цо — Вижараб ракьгин рокьи ккарай яс,
КIиго — ХъахIилаб зоб, рокьи ккарай яс,
Лъабго — Гьагъаб ралъад, рокьи ккарай яс,
Ункъо — Гъасда цIагин рокьи ккарай яс,
Щуго — ТIолго дунял, рокьи ккарай яс.

Щуго килищ буго дир гIищкъуялъул,
Гьел килщалцин гуро, кваркьаби руго.

***

Сундаса вохилев, вохуге, поэт,
Гьудулзабаздаса, гьел дуй хисула.
Вохани воха мун дур халкъалдаса,
Хабалъ вукъаниги, мун кIочонареб.

Сундаса чIухIилев, чIухIуге, поэт,
Гьегьал цIараздаса, гьезул цIа суна.
ЧIухIани чIухIа мун ВатIаналдаса,
Мун васлъун гьавураб нус-нус саназе.

Сундаса хIинкъилев, хIинкъуге, поэт, —
Дур гьаналъ берелеб билъидал бугеб.
ХIинкъани хIинкъа мун рогьоялдаса,
Гьеб рогьо чурулеб цо чвахи гьечIо.

Сундухъ пашманлъилев, — арахъ, хварахъищ? —
Хабал нилъееги рухъулел ругин...
Пашманлъе, хирияй эбел йихьигун,
Унтараб лъимадул киниде къулун.

## ЩИБ ДИЕ БОКЬАРАБ

Щиб дие бокьараб, щибжо бокьулеб? —

ШигІру, гьудулзаби, дир росу — ЦІада.
Рокьана, рокьула гьайбатал мугІрул
Ва гьегьал руччаби, гьезулъ хасго мун.

Рокьана, рокьула нухалгин хурдул,
Хунзахъги, Парижги, МахІачхъалаги.
Рокьана Койсуял, дельфиналъ Каспий
Ва гьегьал руччаби, гьезулъ хасго мун.

Бокьана ихдалил хирияб рогьел,
Берал гьанже-гьанже рагьулеб мехалъ.
Бокьула ракьгун цІа, цІибилалъул би
Ва гьегьал руччаби, гьезулъ хасго мун.

Рокьула дий чуял, жеги гьитІинго
Гьезда тІад рекІарав кІочон толаро.
Рокьула дий чундул, зодихъ къункъраби
Ва гьегьал руччаби, гьезулъ хасго мун.

Бокьула дуниял, бокьула гІумру,
ГІумруялъ хисичІо дун рокьиялъе.
Рокьула руччаби, гьезулъ хасго мун,
ХвечІого дун вуго нужее гІоло.

## ДУН КВАТІАНА

Цоялгун данде чІвазе
Дун кватІана, кватІана;
Цогиялгун, къо щвана,
ВатІалъизе кватІана.

КватІун дун гІедегІана,
ГІедегІун кватІун ккана;
Кколеб заманаялда
КечІ ахІизе кватІана.

АхІичІого бегьулеб
Тезеги дун кватІана.
Кибе араб дир поезд? —
Вокзалалде кватІана.

КватІана лълъар борхизе,
КватІана рехун тезе.
Концерт байбихьун хадуб
Билет боссе вортана.

КватІана сапаразда,
КватІана нахъ вуссине.

АскІосев чи вукъигун,
Щун ватана рокъове.

КватІана Пушкинихъе,
КватІана Шопенихъе;
Щвана Хемингуэйхъе,
Гьев рокъов гьечІеб мехалъ.

ГІазу биун, их щвейгун,
Букъун батараб тІимугъ,
Бертин лъугІараб мехалъ,
Бухулеб, ч!валеб къали.

ЦІадаз чурулеб дир черх,
ЦІа бакараб дир керен...
КватІана нилъ, Дагъистан,
Дунялалда цІакъ гІемер.

Амма букІананиги
ГІумруялъе барІкала, —
ГІезегІан канлъи лъана,
ГІезегІан кечІ рагІана.

ГІужда цо нухалъ гуро
Рехараб чІор дир щвараб,
ЧІчІалде рекІараб чода
Цо-цо дунги вачІарав.

ГІемерав кватІаниги
Цо-цо талихІги ккана, —
Цо гІаданалда гьикъе
Дун гьечІеб заманаялъ.

Гьейгун данде чІвазе дун
Киданиги кватІичІо,
КигІан иххал щваниги,
Нуха кьо бихханиги.

## ГІОЛОХЪАНЛЪИ

ГІолохъанлъи — абула,
ГІолохъанлъи — абула, —

Гьудул цадахъ гьечIони,
Гьеб гIолохъанлъи гуро.

Гьудул гуккулев чиги,
Гьев гIолохъанчи гуро.
Гьудулалъ гуккулевги,
Гьев гIолохъанчи гуро.

ГIолохъанлъи — абула,
ГIолохъанлъи — абула, —
Кодоб бокал гьечIони,
Гьеб гIолохъанлъи гуро.

Бокалалъ гIодов лъолев,
Гьев гIолохъанчи гуро.
Бокал гIодоб лъолевги,
Гьев гIолохъанчи гуро.

ГIолохъанлъи — абула,
ГIолохъанлъи — абула, —
АхIулеб кечI гьечIони,
Гьеб гIолохъанлъи гуро.

КечI ахIун свaквалевги,
Гьев гIолохъанчи гуро.
КечI чIамучI гьабулевги,
Гьев гIолохъанчи гуро.

ГIолохъанлъи — абула,
ГIолохъанлъи — абула, —
Цо гьереси бицани,
Гьеб гIолохъанлъи гуро.

Лебаллъи рекIелъ -гьечIищ, —
Гьеб гIолохъанлъи гуро.
ГIорал, мугIрул рахинчIищ, —
Гьеб гIолохъанлъи гуро.

Чан чоца реханиги
Жеги черх сородичIеб, —
Гьеб буго гIолохъанлъи,
Гьеб буго гIолохъанлъи.

Гьаб махIу беканиги
Кидаго галадичIеб , —
Гьеб буго гIолохъанлъи,

Гьеб буго гIолохъанлъи.

## ГЬАБ РАКI

Свакараб бетIер буго,
Къандалъо, къандалъоян.
Къанщулел берал руго,
Кьижа, кьижа, кьижаян.

Амма гьаб ракI, гьаIб даци
Дир каранлъ жаниб бугеб,
Гьаб гIадин паракъалъи
ГIечIеб щибго лъаларо.

Гьаб кьижиларин чIола,
Киналго кьижаниги, —
Сон цадахъ йикIарай яс
Цееса уней гьечIин.

Черхгун лага, бусенгIан
Сахаб бакI гьечIин, руго.
Кверал, бохдул, хIатIаца
ХIалхьи гьарулеб буго.

Амма гьаб ракI, гьаб даци
Дир каранлъ жаниб бугеб,
ГьабгIан рахIат гIечеб жан
Жеги кибго дандчIвачIо.

Гьаб кьижизехъин гьечIо,
Киналго кьижаниги,
Метериса дой гIадан
ДандчIвани щибилеян...

* * *

– Берал, нужеда лъана
Чанги берцинаб хIикмат;
Бищунго берцинаб щиб?
– Цебе босулеб гали!

– ГIундул, нужеда лъана
Чанги батIияб хабар;
Бищунго хирияб щи б?

– ЧӀор гӀадаб|рагӀи буго.

– БетӀер, дуй хӀалхьи течӀо
Нус-нус хӀайранал къасдаз;
Бищунго хӀикматаб щиб?
– Кинида вущарав чи!

– Каранда ракӀ, чан рокьи
Ракьалда дуда лъараб?..
Бищунго аслияб щиб?
– Аслу — дир инсул ВатӀан.

* * *

Дида лъачӀо их бачӀин,
ХӀанчӀаз кечӀ ахӀаниги, —
Мун дихъе бачӀинегӀан,
Мун дихъе бачӀинегӀан
ГьитӀинго ккараб рокьи.

ЛъачӀо хаслияълъи бачӀин,
Хутрдул речӀананиги, —
Дур пашманлъи лъазегӀан,
Дур пашманлъи лъазегӀан,
ГьитӀинго ккараб рокьи.

ЛъачӀо хасел щун букӀин,
КигӀан гӀазу баниги, —
Дур гӀасилъи лъазегӀан,
Дур гӀасилъи лъазегӀан,
ГьитӀинго ккараб рокьи.

ЛъачӀо гӀумрудул магӀна,
КигӀан сонал раниги, —
Дуца салам кьезегӀан,
Дуца салют кьезегӀан,
ГьитӀинго ккараб рокьи.

ЛъачӀо щибго, — мун лъайгун,
Лъарабги кӀочон тана
КӀудияб дунялалда,
КӀудияб дунялалда,
ГьитӀинго ккараб рокьи.

***

Щивасул гьавураб къо
Буго гьаб дунялалда, —
Дир сентябралъ буго,
Дур декабралъ буго.

Амма руга цо-цоял,
КIиго нухалъ гьарурал, —
Гьединал данде чIвана
Дида Прагаялда.

Дова унтарав инсан
Хирургасул квераца
Хвасар гьавураб мехалъ,
Гьесий документ кьола:

Гьев гьавунин цIидасан,
КIиабилеб нухалда.
...КIицIул кигIан гIадамал
ГIаламалда гьарурал?

Щивасул гьавураб къо
Гьаб дунялалда буго, —
Дир сентябралъ буго,
Дур декабралъ буго.

Амма нилъ данде чIвана
Доб ихдада кIиялго.
КIиго дир рагIуй дуца
ЦохIо рагIи абуна.

Гьеб рагIи букIана дий
Даимаб, кIочонареб, —
КIиабилеб нухалда
Доб мехалъ гьаруна нилъ.

Гьелъие документал —
Дир киналго саринал.
Дица гьел гьорой кьечIо,
Гьезда гьоркь гъулбасана.

***

ЧагIи руго, дир гьудул,
Дида лъалел-лъаларел;
Гьезул лъикIлъиялъ вуго
ЧIаго хутIун ракьалда.

Гьезие рес букIана
ГIумруялъул саназда
ГIасиялги рукIине,
Гьерсилалги рукине,

Амма гьел ресаздаса
Пайдаги босичIого,
Гьаз ракьалда бищана
Рокьи, яхI, бахIарчилъи...

ЧагIи руго, дир гьудул,
Дунялалда гIемарал;
Гьезул гIисинлъиялъ дир
ГIумрудул чIваби тIола.

Гьезие рес букIана
Гордал рагьараб мехалъ,
Рогьалилъ гIада,мазе,
Бакъ гIадин, лъикIлъи кьезе.

Амма гьеб ресалалдаса
Пайдаги босичIого,
Гьаз гьудуллъи гьабуна
Гьереси, мацI, ццидалгун.

***

Щибаб сверуда дида,
Данделъараб мехалда,
Данд чIвала цо-цо гIадан,
ГIажаибаб махщалил.

ГIадатиял пишаби,
Щибаб ишалъулъ гьунар,
Абулеб рагIиялъулъ,
Гьабулеб хIалтIиялъулъ.

Гьев тохтир, хирург вукIа,
Хурухъан, шофер вукIа,
Лётчик, мугIрул вехь вукIа, —

Дида ракIалде ккола:

Дун гIадин кинабго тун,
КучIдул хъвазе лъугьани,
Гьез хъвазе букIанилан,
Пушкиница кинигин.

Гьадал тIохазде рахун,
ТIамур кодой кьун хадуб,
Гьез ахIизе букIанин
МахIмудица кинигин.

Гьез сурат бахъилаан
Суриковас кинигин, —
Кибниги цIар рагIичIеб
ГIадатаб пишадул халкъ!

Дун абуни кинав гьав,
КучIдул хъвазе лъугьарав?
Цоги махщел щвечIого,
ШигIрабазде вуссарав!

* * *

АскIосел гIадамал рикIкIалъаралго,
РикIкIадисел чагIи рачIуна аскIой.
Рогьалилъ рукIарал дир гьудулзаби
Гьанже къаси гъасда цогиял руго.

Цогиял ратила цогияз тарал,
Цере нилъ цоцада тарал кинигин.
Мокърукь унтиледухъ бутIрул тункичIел,
БатIиял, тIадагьал рукIун руго нилъ.

Лъица лъие гудур гьолеб букIараб,
Гьолъ лъабцIул ккуниги, лъачIо нилъеда.
Гьудул-гьалмагълъиян дида абуге, —
ЦIакъ мухIканлъи гьечIеб гьоко батанин.

ЦохIо битIараб жо буго гьинал ракI, —
Пакъир цо кковухъе букIунебани;
Гьереси бицунеб кIал гьечIилан ккун,
Киназго лъукъизе чIоларебани.

* * *

Дие рахIат хвана, лъимадул ригьда
Цо лъаларев васас гьереси бицун.
Гьев кIочана хехго, хадуб гьудулас
ГьетIараб нухдасан ватана вачун.

Гьебги кIочон тана, гIакъилав чияс
ГIадамалъ къадарлъи гьабураб мехалъ,
Жиндирго гьитIинаб цо хъулухъалъухъ,
Хъатир хIатIикь чIинтIу, гьев пештIаравго;
Живго цо батIияв чийиланги ккун,
Чидаца квер чIварав, гьев чIухIаравго.

Амма гьелдасаги гIасияб ккана,
ГIумру анагIан гьир бакIлъулеб буго, —
Гирун унеб бугеб къотIараб бетIер,
БатIиясул гуреб, дир букIун буго.

* * *

БахIараб мехалъ щаян,
Гьас лъикIлъи бахчулаан;
Гьанже херлъараб мехалъ,
Хал гьабе, гьеб тIатана.

БахIараб мехалъ, кIвар кьун,
Дос квешлъи бахчулаан;
Гьанже херлъараб мехалъ.
Хал гьабе, гьеб тIатана.

Гьабураб лъикIлъи, квешлъи
Ралъдал тIиналде рехе, —
ТIаде баккичIого гьеб
Кинго хутIизе гьечIо.

Дуца лъикIлъи гьабурас
Гьабураб квешлъиялъул,
Квер хьвагIун те, бицунге,
Бицани бице рокьул.

Бице гIолохъанлъидул,
Бице гIанчIал ясазул, —
ГIенеккараб тIабигIат,

Долда бихьичIеб щиб жо?

Бице нилъер гIасрудал,
Бице гьаб гIаламалъул, —
ГIорцин мехтараб мехалъ
Ахада хъудуларо.

***

Дихъе бачIана сарин
Сардил нахъа заманалъ;
«ТIаде вахъа», — ян абун,
Духъ балагьун бугин дун.

Дица гьелда гьарана:
РогьинегIан чIайилан,
ЧIужу дир кьижун йигин,
Гьей йорчIизе бегьулин.

Рогьана, дун вахъана,
«Сардил гьобол киб бугеб?
КечI, гьанже бачIа дихъе,
Духъ балагьун вугин дун».

КочIоца жаваб кьечIо,
Кьижунцинищ гьеб бугеб?
Яги кьаллъунищ бугеб,
Сардилъ дун вахъинчIого?

***

Гьанже бичIчIана дида,
Щай, кида, кигIан мехалъ,
Кинан нилъ хIажат ругел
Гьал божарал чагIазе.

Гьанже дида хасалил
Сардаца бицун лъана, –
ЦIурал тункIал ратана
РакIал лъалел-хъвалезул.

Цояца гьел кьвагьана,
Огь, ццидалаб гIадаллъи!
Цоял бал-атьун руго

Гьорохъ, бакъухъ, зобалъухъ.

Цояз хIисаб (гьабуна,
Гьанже жид ер къо щванин,
Цогияз хал гьабуна,
Жеги хехго бугила.

Лъабабилел релъана,
Дунгоги велъанхъана, —
Дуниялги гIумруги
Батараб гажаибаб!

Кьвагье, кьвагье, гьудулзай,
Нуж гIадал чанахъаби
Чаги рихьанин дида,
Рохьор гъунщби хъасулел.

Ишан битIун ккечIони,
Дир тушбабаз малъила, —
ТуманкI гIечIони, гьанже
ЦIияб бомбаги бугин.

***

Лъица гьаб гьекъолареб? –
ГьечIезги кIоларезги,
КIулал чвантида рараз,
Чорхолъ унтаби ругез;

Щибго гьаб лъаларезги,
ЦIакъго гьаб лъарацаги;
ЦIакъго цIакъ гIадалазги,
ЦIакъго цIакъ гIакъилазги;

ЦIакъго кIудияб хъулухъ
КъваIригIун сентIолезги;
ЦIакъго хъулухъалдаса
Хъамилин соролезги.

Амма щайзе гьереси,
ГIемерисеб мехалда,
Гьелъул гIакса батула

Гьел киназго гьекъолеб.

***

Саназул сапаралда
Дир гӀумруялъ гьарулеб
Лъабго хазина буго,
Хадусеб бицинаро.

Цо берцинай ясалъул
Берцинаб гьумер дие.
Гьейгун кӀалъазе щвани
Щибго дие кӀваричӀо.

КӀиабилеб, – херасул
Холареб гӀакълу дие.
Гьеб рехун течӀонани,
Нух дида къосинаро.

Цинги гӀолихъанасул
ГӀищкъу, яхӀ, щулияб черх…
Гьеб лъабго хазина кье,
Хадусеб бицинаро.

***

Дир ракӀалдещвейги рекӀел хиялги
Хинаб гъасда къаси гӀодор чӀун руго.
Дагьаб щенолеб цӀад, ракулъ лъураб цӀул, –
ЦӀадуде дир кӀинго ригь къулун буго.

ГьитӀинаб замана, ихдалил къоял,
Къаси нахъа толеб гӀолохъанаб мех,
Цого буртинадулъ эмен-вас гӀадин,
Арабги унебги ургъалилъ руго.

Нижеца гьаб гъасда цӀа, бакун буго,
Гьаб гӀумру хинлъизе, гӀалам хинлъизе.
ГӀодоб чӀун буго дир цебесеб рохел,
Цинги тӀаде щолеб щобазул бецӀлъи.

Дие гьеб кӀиябго къабулаб буго,
Къисматалда чӀвазе дир гӀайиб гьечӀо.
Дир гӀунгутӀабазул гьелъ дагь бицана,

БадибчIвай гIумруялъ гIемер гьабичIо.

***

Дица бокал гьекъана,
Бакъан дихъе бачIана;
Цоги бокал гьекъана,
Бакъан иххлъун чвахана.

Лъабабизе гьекъегун,
Бакъан дир тартадана;
Хадуб гьекъараб мехалъ,
Бакъан хIинкъун тIурана.

Цинги дица гьикъана.
Гьекъараб бокалалда,
Дир бакъан киб арабин,
Дуда бихьичIищ абун.

Бокалалъ жаваб кьуна,
Бакъан дур унтун, мехтун,
Жиб холеб бугин абун,
Угьдилеб бихьаналан.

***

– Щибизе, яс, кьурдулей?
– Вокьулев ракIалде щун.
– Щиб дуца ахIулеб кечI?
– Вокьулев ракIалде щун.
– Щибизе мун елъулей?
Щибизе мун гIодулей?
Щиб рикIкIунеб дур заман?
– Вокьулев раIкIалде щун.
– Щиб дур сапар, свераби?
– Вокьулев ракIалде щун.
– Дур рохел, пашманлъи щиб?
– Вокьулев ракIалде щун.
– Дур гьалдолеб щцин кинаб?
– Вокьулев ракIалде щун.

* * *

Жеги чоца рехичIев
ЧотIахъан лъугьунаро, —
Дунги чанги рехана,
Дирги бохдул рекана.

Жеги кучIдул рухIичIев
КочIохъан лъугьинаро, —
Дирги хъалиянашъе
ГIухьбуца тIахьал ана.

Къварилъи хIехьечIеца
Машгьурлъи хIехьоларо, —
ХIарщулъ дегIен гьединаз
ЧIолеб дида бихьана.

ХIинкъи данде чIвачIого,
Бихьидаи лъугьунаро, —
Чархида хунжрул кколел
Дида кигIан рихьарал?!

* * *

Дие бищизе кьуни
Рокьиги музыкаги, —
Дица рокьи бищила,
Гьеб гIадаб щибго гьечIо.
Гьелъ жегиги бахинчIеб
Борхатаб мегIер гьечIо;
Музыка, гьеб бугони,
Жибго букIине буго.

Дие бищизе кьуни
Музыкаги гIелмуги, —
Музыкайин ахIила,
Гьелъ бухIила дир керен.
АнцIила щуго хIанчIил
ХIайранаб кIалги рагьун,
КIалъалеб аргъаналъухъ
ГIелмугин гIумру кьела.

Дие бищизе кьуни

Гьаб гIумруги ватIанги, —
Дир ракIалъгин бетIералъ
ВатIанилан ахIила.
Гьадал мугIрул гьечIони,
Гьаб гIищкъу кинаб
гIищкъу? —
ГIорал гьечIеб бакълъи щиб?
Рукъ гьечIеб чIаголъи щиб?

* * *

Цебего рагъ лъугIана,
Амма букIананиги
Гьал сагIтил хъаравулал
СихIирал чIорал руго.

Гьез чIваралщинал, унго,
Дир кьерил гьудулзаби!
Кьалул байдаби руго
БачIанщинаб сордо-къо.

Саназул ругъназ хвана
Рагъдаса руссаралги.
Гьанже лъил ирга бугеб? —
Аралщинал шагIирал!

Гьезул цIарал рехсейтун,
ЦIунцIрахуна лага-черх, —
Сонги цадахъ рукIарал
Гьел рикIкIаде арал куц!

Кидаго хвезе гьечIин
Дица хиял гьабурахъ
Хал гьабидал, бихьула
Заназул пашманаб рохь.

ЧIаго ругел нилъ руго
Къацандилел, семулел...
СагIтил хъаравулазухъ
Нилъ балагьулел гьечIо.

Гьезул щибаб свериялъ,
Гьезул щибаб гьаракьалъ
Нилъ гьитIинлъулел руго,

Нилъ данде унел руго.

***

Рогьалилъ къачIа-кIатIан,
ТIохда михир бачуней,
Дуй вокьарав вас щив, яс,
Гьаб росулъ вугев, бице?

Доб кьурда, гIодов вукIун,
ГIиял хьихьулев чийищ?
ГIачиязе щвантIихалъ
Бакънал рачунев чийищ?

Доб хур бекьулев васищ?
Хурдул рецулев васищ?
Хундерил Тобтилъ машин
Чурулев гъов шофёрищ

Ялъунани дун гурищ, -
Дуда бер чIваралдаса,
МатIуялъув валагьун,
Гьумер къачIалев вутев?

Яги щивго вокьичIей
ЧIухIухъан гурейищ мун?
ЧIа, гьединай ятани,
Хадуб ракI бухIила дур.

***

Хабада тIад чIвараб, борхатаб гьецIу,
Бице, щиб жо тараб дуда гъоркь хварас?
ГIакълуйищ, гьунарищ ялъуни цIарищ?
Гьеб цIалулеб буго, — ганчIида гьечIо.
ГьечIо беролеб би, я гьалдолеб ракI, —
Гьеб гьесул хутIана хадуб гIелалъе.
Пикрабазул кунчIи, кучIдузул гьаракь, —
Кинабго ирсалъе тана нилъее.

Тана гьес кинабго квешлъигун лъикIлъи, –
Лъица щиб босилеб гьесда лъаларо.

***

Санал араб мехалда
ТIаде бараб гIаздаца
Нилълъер гIурччинал къасдал
Иргаялда рахчула.

Амма цо талихI буго,
ГIазу-цIер биарабго,
ЦIияб гIелалъ гьел къасдал
Жидеего росула.

Гьез балагьун цIехола
Нилъер хабарги кечIги, —
Хадур рачIунезеги
Тола нилъелъ бугеб цIа

***

Гьаб дир гIумру, дир гIумру
ГIемерал чагIазулгун
ГIахьаллъараб букIана, —
ЦохIо дирго букIинчIо.

Гьелъ дун унтараIб мехалъ,
Гьелъ дун камураб мехалъ,
Дир санал цогиялъги
Цодагьал мукъсанлъила.

Цогиязул саналги
Цогиязул гIумруги
Гьаб дир гIумруялда гъорлъ
ГIахьаллъарал рукIана.

Гьезулги щибаб ками
Дида хъвачIого инчIо.

Цо гъветI бечIараб мехалъ,
БечIала цогиябги.

***

БукIунаан гьитIинго,
ХIатIазда заз къарабго,
Эбел, дуца рукIкIбуца
БикIун нахъе бахъулеб.

Гьанже зазгун гIучI гурел,
Жалго рукIкIбиги руго,
Дир рекIеда къан, эбел,
КъватIир лъица рахъилел?

БукIунаан гьитIинго
Чоца рехун гIодани,
Мун бихьинчи гурищан
Горболъ балеб инсул цIал.

Гьанже кочIол бакъназулъ
МагIу бихьараб мехалъ,
Мун бихьинчи гурищан,
Лъица дида балеб цIал?!

* * *

ЦIад хех бала, къотIула,
Къокъид хисулеб гьава,
Къо лъимада релълъуна –
Белъанхъулеб, гIодулеб.

БакI гордухъ гогьдарула,
ГIедегIун нахъе уна,
ГIемерай хисардулей
Цо ясалда релълъуна.

ГIемер хъвараб хъвагIалев,
ГIемер хъулухъ хисулев,
ГIемерав вас-васдулев

Цо васасда релълъуна.

НакIкIал тIохде рачIуна,
ТIад руссун нахъе уна.
Цо чIараб багъа гьечIеб
Базаралда релълъуна.

Гьеб гьезул рекIекълъийищ,
Ракьалде бугеб ццинищ?
Ялъуни цо гьадинго
Гьабулеб махсарайищ?

Дий гьеб махсараялъул
Цо расниги кеп гьечIо, —
Щиб гьекъон гьадигIан цIакъ
Гьаб къо мехтун тарталеб!

Поезд гIадин кIичI-кIичIун,
Авлахъал чIван рортулел
Иххал чогъролищ ругел
Чвахун унел эхере?

Аэродромалдасан
Боржунилан ахIула,
АскIове щвараб мехалъ
Кьерханилан абула.

Бищун кеп бугеб мехалъ,
Киноги къотIизабун,
Цо дий къваригIун гьечIел
Рекламазул бицуна.

Киве кIалъананиги
Телефон хIалтIуларо,
ХIалтIулеб заманаялъ
Занятин жаваб кьола.

Щибго ургъел бикьизе
ГIадан кодой щоларо,
ГIедегIун вугин живан
Жинди-жиндир ишалде.

КочIой пикру бачIуна,
БорчIун уна къалмикьа,
РечIчIун гIодов тIамулев,

ТIанса тун, унев гIадин.

Нахъойги хIал бихьула,
Гьанже ахIилин дица, —
Уна ччутIихъанасул
Хъатикьа щука гIадин.

Кьижизеги кIоларо —
РекIелъ ругел хIисабаз.
ХIалтIизеги кIоларо —
БотIролъ ругел унтабаз...

Цинги дихъе ячIуна
КечI, бакъан кинигин мун, —
Кинабго кIочон тола,
Ихдалил къо роцIуна.

Дир унтаби лъугIула,
Дир щаклъиял тIагIуна.
ТIурун унел накIкIазда
РакI-ракIалъ велъанхъула.

## КАК

ВатIаналда берцинаб
Дуца босе дозие.
Доба берцинаб дуца
Босе инсул ракьалде.

МугIрул иццул лъараз те
Дол авлахъал лъалъазе.
Авлахъазул гIадрабахъ
Басанде, магIарул бис.

Гьаниб квешаб гьаниб хва,
Доба квешаб доба хва.
КучIдул росе дозие,
КучIдул росе дораса.

Кинабниги  берцинаб
Баркат бугеб батаги, –
Баркат, гьечIесул квешлъи
Ралъдал ччугIбухъе щолин.

Баркат гьечIезул зарал
Зодой моцIрохъе щолин, –
Щибаб цIваялъ биччанте
Цоцазе канлъе кьезе.

***

Кисан вачIуневги киве уневги —
Кинабго гьаб гIалам кIиго чи вуго.
Гьев кIиго вугони, буго даимлъи:
Вуго мун, вуго дун, буго дуниял.

Даим кватIугеги «Салам гIалайкум»,
Сапаралда ругел гIадамаз кьолеб.
«ВагIалайкум салам» — гьаб жаваб гьечIеб
БачIунге къо-сагIат, бачIунге сордо.

РатIалъун цолъулел гIоразул гIадаб
ГIажаибаб бакъан жеги буIкIинчIо.
Гьеб гьечIони, гьечIо цохIониги кечI, —
Кверал цереги ккун, бала гьелъий как.

***

ГъутIби! БачIун буго хаслихълъи, хасел,
Марияца пальто гьале ретIана.
Нуж абуни гIицIал, — парталги бахъун,
Гьоролъги цIоролъги — цIоролел гьечIищ?

ГъутIби! Хинлъи щвана, гьоле Мария,
Ралъдахъ, салуда тIад, тIад партал гьечIо.
Нужеца абуни риидал чIвачIеб
ЧIинчIо, кIаз хутIичIо, — багIарун гьечIищ?

ХIанчIи тIурун уна гIицIто нужги тун,
ГIезегIан нужее кечI ахIанити, —
Гьедин лъугьинчIев вас, ясалда гьардон,
Гьелъ разилъи кьейгун, кьерула нахъе.

ХIанчIи рельлъунаро гьал дир кучIдузда,
Кини кIикIараб бакI дица толаро.
Дий бищун бокьула гверде рахараб
Рахас Марияца гIодой цIалеб мех.

***

Ракьул гIаламалъул хъахIилаб зонтик —
Зоб, мун борлъанщинаб гороялъ, цIералъ!
ЦIадул цIахаялгин лъадал гIатIласал,
Нуж рессаралщинал бакъул рукIкIбуца!

Чанги гIазу бана дуниялалда
Дур гIакъил вахъине, гIагарав инсан;
Чан бетIер бекараб, амма цIидасан
ЦIалеб буго дуца добго хъалиян.

Ва дида лъаларо, векал аниги,
Пикраби, хасият хисанищ нилъер? —
ГIумру хисаниги, хвел дагьлъуларо,
Хвел гIемерлъаниги, дагIба толаро.

Цоги вакантный бакI хутIулеб гьечIо
Гьунар-цIаралъеги, цIогь-гьерсиеги.
Номенклатурияб хIалтIуда руго
Даим хIалихьалъи, цадахъ лебаллъи.

Рагъалги, ругънналги, гъалмагъаралги, –
Огь, тIад сверулеб бакъ, ракъваларел гьал!
Ракьул гIаламалъул хъахIилаб зонтик, —
Зоб, мун борлъанщинаб гороялъ, цIералъ!

## МАГIАРУЛ КЪИСА

Мискинасе гьаюна
Жегиги мискинай яс:
Рекъай, гIинкъай, къуларай,
Беразул канлъи сварай.

Кидаго гIоди гуреб

БатIияб мацI лъаларей,
ГурхIалица кверал чIван,
ЧIаго-гIатIго гIун щварай.

ГIужда йикIананиги
Лъицаниги абичIо.
Азарто тохтирасда
ЛъикIлъизайизе кIвечIо...

Ахир, гьелъул къисмат лъан,
Къварилъана цо щагIир;
Гьелъул берцинлъиялъул
Бицун кечI ахIана гьес.

Гьелъул цIодорлъи бицун,
ЦIалана гьес назмаби, —
ЦIваби раккун тIерхьана,
ЦIадал рана, къотIана...

Рекъай гьай, жайран гIадин,
ГIедегIун екерана.
ГIинкъай гьай, хIинчI кинигин,
ЧIирчIидана, пархана,

Къуларай гьай йорхана,
Бигьародул гъветI гIадин.
Гьалъул мацIалъ рачана
Чундул кьурдулел бакънал.

Гьалъул бераз рагьана
БихьичIеб цоги дунял.
Гьалъул квераз босана
Кидаго рагIичIеб цIва…

Гьай абизе рачIунел
Улкабазул васазул
Ирга къоябго векалъ
Жеги лъугIулеб гьечIо.

Эмен гьабсагIатальги
Лъавуде вачIун гьечIо, –
«Лъийдай гьанже гьай кьелей,
Щивдай тIаса вищилев…»

Дун вуцIцIухIун чIун вуго,

Дагьал кучIдул хъвалелъул, –
Киналъего гIайибав
Щив вугеван лъалелъул.

## ГЬИТIИНАЙ ШАГЬРИДЕ

«Мун щайзе гIодулей, мун щай гIодулей,
ГIумру жеги лъачIеб гьитIинаб лъимер?
Дурни эбел йиго, эменги вуго,
Дур киниде къулун киналго руго.

Дир эбел камуна, дир эмен хвана.
Лъица бесдалав дун васин ахIилев?
Гъаб гIумру лъарав дун ккола гIодизе, –
Мун щайзе тIодулей, мун щай гIодулей?

Мун рекIкIалъ кIвекIичIо, дулъ жахIта гьечIо,
Жеги мун гьерсаца пашман гьайичIо.
Мун кодой ккун гIадин, рокьиялъ цIурал
Ракьалда панаял кучIдул ахIичIо.

Дидани бихьана тушбабазул ццин,
Цинги гьудулзабаз гьабун тараб рекIкI.
Гьаб ракI лъукъарав дун ккола гIодизе, –
Мун щайзе гIодулей, мун щай гIодулей?

Дуда рагъ бихьичIо, ругънал судичIо,
Жеги би тIинкIичIелъ тIолеб магIу щиб?
Къо, саламин абун, бачIуна духъе,
Сордо лъикIан абун, уна гьеб нахъе.

Дир бахIарал вацал рагъда хутIана,
БухIулеб гьаб тIалъи дида бихьана.
Балагьал лъарав дун гIодизе ккела, –
Кинан мун гIодулей, щай мун гIодулей?...»

Дие жаваб кьуна гьитIинай ясалъ, –
Гьелъул мацI бичIчIана щаяли дида.
Гьелъ абуна, мунин гьеб кинабго лъан,
КучIдул хъвалев вугин, чIагого вугин.

«Дица гьеб чIаголъи кинан гьабилеб,
Гьадинаб хIинкъараб дуниялалда?

Гьелъ гIодулей йиго, гIодулей йиго,
Мун щай гIодулеван дида лъаларо».

***

Сардалги къоялги рикьулеб гIурхъи,
Бокьулеб куц дие рогьалил лахIзат.
ГIалам букIунеб куц духъ балагьун цо
Божигун, хIинкъигун, эбел кинигин.

Ккола, гьаб гьерсилаб цIогьол бакIги тун,
Дуй цIияб ракьалде кьун бугин виза.
Ккола, доб щобдасан цIияб лъимергун,
Дуда данде лъади ячIуней йигин.

Ккола, рагьун бугин гьайбатаб гъамас,
Босе, хал гьабеян: хур, гIалах, мегIер.
Гъваридго хIухьел цIай, гьаб гIурхъиялда
ГIоразул бацIцIалъи, зодил берцинлъи!

Гьадинаб лахIзаталъ бихьараб макьу,
Цо рокьул гурони батIияб гьечIо.
Гьаб лахIзаталъ гордал рагьулел ясал, –
Гуро, дир мадугьал, мун хисун йиго.

Гьаб лахIзаталъ кьагIи цIуял рукIуна,
ЦIи гьарурал лъимал васал рукIуна.
ЦIорорал ганчIазда харбий гIодорчIун,
Гьел хинлъизарула хераз магIарухъ.

Гьадинаб лахIзаталъ бачIараб кечIги,
Живго Пушкиница гьабураб гIадаб.

Гьадинаб гIорхъода, гьеб гIайиб гурищ,
ГIадан хванин абун лъазе гьабула.
Гьадинал лахIзатаз гьаб гIаламалде
ГIасиял рагъазул ругьел бачIуна.

Гьадинаб лахIзаталъ Гренадалда,
Гуллие керен кьун, камуна Лорка.
Гьадинаб сагIаталъ ЧIегIераб лъарахъ
ЧIвана Россиялъул саринаълъул бакъ.

***

Дихъе асар бачIана, —
КечI, бекере, киб бугеб?
Керен бухIулеб буго, —
АхIе, ракь сорозабе!

Дир кечIалъ жаваб кьуна,
Жиб «хехаб кумек» гурин;
Пикру киб бугебила,
Гьеб кунчIизегIан чIайин.

Дихъе пикру бачIана,
Гьорол къоялъ чан гIадин;
Чвнахъан — кечI, бачIа мун,
Гьеб борчIизе биччаге.

Дир кочIоца абуна,
Амузгинал цере чIун,
ЧIорал гIадал рагIаби
КъваригIунин гьеб кквезе.

Гьале бегIерал чIорал, —
Газаргъодул чIваялда
КечIалъ ишан рекъолеб
Бакъан цIехолеб буго.

Бакъан дихъе бачIана,
Буюр, буюрин абун.
Дир саринаалъ абуна,
Сородуге, речIчIеян.

РечIчIана. Чан гьежда лъун,
Щвана духъе дун, гьудул;
Дица дуй гьаб хазина
Базаралда босичIо.

Гьаб чаний гIоло дица
Чанги рохьал тирана.
Гьаб сарипалъе гIоло
Сардал чанги рогьана.

* * *

Абула магIарулаз:
АхIанщинал кучIдузул
АнцIил бутIа бугила
ГIадамазда рагIарал.

Цогиял росун анин
Чвахун унел гIораца
Цогиял щуранила
Щобазе, гIидрабазе.

Цоял чIванин чIухIиялъ,
Цоял чIванин хIинкъиялъ;
Цогиял къулчIанила
Къан цабзаца кIутIбигун.

Цогиял гьарданила
РикIкIад руIгол цIвабзазда;
Цогиял гьород анин,
Пашманал тIамхал гIадин.

Цогиял угьданила
Хабалазул заназда;
ХутIанила гIумруялъ
Туснахъалъул кIажIабахъ.

Цогиял ахIанила
Дол мугIрузда гIиязе;
ГIухьбуца швантIихги пун —
Роржун унел хIанчIазе...

Цогидал рухIанила
РахIму гьечIел руччабаз;
Гьел рихъун реханила
Нах гIолареб бетIералъ...

Дида лъала, диргоги
АхIанщинал кучIдузул
АнцIил бутIацин гьечIо
ГIадамазда рагIарал.

Цоял сардилъ щурана,

Цоял гьороца ана.
Цогиял кIочон тана,
Дидаса ратIалъана.

Цересел гьудулзаби
РатIалъулел кинигин
БатIияй цо цогияй
Дие йокьарай гIадин.

МагIу къулчIулеб гIадин,
Цоял дица къулчIана, —
Огь, къватIир лъачIел ругънал
Дир судулел ругел куц!

* * *

Дида ккола, дуниял
КIудияб тIехь бугилан,
ТIаде рачIа-рачIараз
Жидерго пикру хъвалеб.

Дица, магIаруласш,
Дагьал рагIаби хъвана.
МагIна боссе цониги
ХутIилищан лъаларо.

Дида лъала, гьаб гIумру
Сунареб цIа бугеблъи.
Гьеб цIунизе гIадамаз
ГIащикъаб хинлъи кьола.

Дун, дагъистаниясги
Гьаб гIумруялъул гъасда
ХIанчIида рекъараб би —
Дилъ бугеб хинлъи тана.

## ХЬУЛАЛЪУЛ ТIАМАХ

Цо тIамах буго, гьудул,
Гьаб дир тIехьалда гьоркьоб:
Лъихъаяли хутIараб,
Халатал санал рараб.

Борхатаб кьурда бугеб
ГъотIодаса бортараб,
Унтарал лъималазул
Сабаялда релълъараб...

КигIан тIеренлъаниги
ТIоларо чиясул хьул,
Гьеб тIамахалъ абула
ТIад буссинин жеги их.
Хасел щун, сордо бачIун,
Сунаро чиясул къасд.
Гьеб тIамах, хъахIлъарав дун
БахIарлъилин, кIалъала.

Ракь бакъвараб мехалда,
Чвахун цIадал бицуна.
ЦIорон гIунулеб мехалъ,
Бакъ щвелилан щурула.

Абула: туснахъалда
Ругел къватIир рачIинин,
Нух къосарав пуланас
Гьекъолеб жо телила.

Гьерсихъанас тараб яхI
Тира-сверун буссинин,
Мискинасул бикъараб
Къайи батизе бугин.

Киналъго жахIта бугей,
Киназдего ццидалай,
Цо дида лъалей гIадан
ЛъикIлъизе йигин хадуб.

Щибго лъай-хъвай гьечIого,
Лъай цIехон, васал-ясал
Гьанже институтазде
Росизе бегьулила.

Чвантихъ балагьичIого,

Чиясухъ балагьилин.
Чохьол хъантIиялдаса
Чорхол яхI цебе кквелин...

ГъотIодаса тIуниги,
РекIедаса тIолареб,
ТIамах буго хьулалъул, —
Гьеб гьечIого гьечIо рес.

Дир гьудул унтанани,
Гьелъ абула лъилъилин.
Гьей кьаллъани абула,
РакI бухIилин, рекъелин.

Гьей рикIкIаде анани,
Юссинилан абула.
Улбузда, чIварал лъимал
ЧIаго рушн, абула.

Киналго гьулаказда
Панаяб бакъаналда,
Улкаялда тIокIаб рагъ
БукIинарин, ахIула.

Самолет бухIаниш,
Летчик хвасар гьавула.
Ралъад багъараниги,
Гамий щибго кколаро.

Щиб унти ккананиги,
КиналгIаги сахлъула.
Кинал ругънал щваниги
Регъола, — чи холаро...

Дирги хьул буго жеги
Дагьаб мехалъ хутIизе,
Халкъалъе цо хIажатаб
ХIикматаб кечI хъвазегIан.

Кибалиго тIиналде
Араб дир Атлантида,
ТIаде бахъун бачIинин,
ЦIадулъан Феникс гIадин.

## ГІАМАЛ

Гьаб хабар Африкалъул
Пальмабазулъ рагІана.
Гьалъулъ цо магІна бихьун,
МагІарухъе босана...

...РикІкІад Африкаялда
Пальмабазул гъутІбузукь
ГьитІинав лъимер — неграв
Макьида восун вуго.

Кьижизе кечІ ахІарай,
ЧІегІерай гьасул эбел.
Лъимерги хІалхьуда тун,
ХІалтІуде жуян йиго.

БухІараб улкаялъул
Бакъ-цІадалъул тІагІамал,
ТІамхазул пардав борхун,
Гьалъ ракІарулел руго.

Нилъер авар мацІалда
ЦІар гьечІел гьегъал пихъал,
Гьаний ун, дое ячЬун,
КвенчІелде ралел руго.

Гьай дагьай рикІкІалъигун,
ГъотІол гІаркьелалдаса
ГІодобе рештІун буго
Хал ккун чІараб маймалак.

Кьижараб лъимахъе ун,
Рахъ-рахъалде балагьун,
Босун квачІакье гьебгун,
Гьурилъун тІурун буго.

Гьев жиндир тІинчІлъун гьавун,
Хар-хазе тІамун вуго.
...Хирияй гьесул эбел
Угьдилей хутІун йиго.

Угьдула гъарим, неграй

РикIкIад Африкаялда,¶
Дир васин, васин, васин,¶
Востокалъул ракьалда.

УджамагIа — жамагIат,
Суахимазул халкъал, —
«Ухуру», «Ухуру» — ян
Рухула гьаз тамтамал.

Антилопалъул гучаб
Лълъар пула африканаз...
АхIулел руго тIолго
Газаргъаби рохьазде...

Балагь, квешлъи хиб бугеб,
Бице нижеда, гагу?
Гипопотамалъул мугъ, —
Мун гьелде бахун бугин.

Ахада кьижараб хIор,
Регарал бегемотал,
Гьан гуреб ракьа гьечIел,
Гьезие гьечIеб ургъел.

Рохьазда чIварал цIцIани,
ЦIиркъ батила гIагарда...
Сверухъ, балкан гурони,
Щибго кунарел хIанчIи...

Лъабго-ункъго сон ана,
ВатичIо хъамурав вас...
Кибдай хъетилеб бугеб
Маймалакалъул хъизан?

Ахир щуабилеб сон,
Щибалиго гъотIокьа
Гъажалда лъун вачIана
Чанахъабаз вачун гьав.

Вуссана чагIазухъе
ЧагIазIул лъимер — рижи.
Маймалаказул эбел
ХутIана агьиялда.

Щвана гIагаразухъе,

ГIадамазул рокъове.
ГIагарай эбелалъул
КечI рагIана цIидасан.

Гьав кIудияв чи гIуна,
ГIолохъанав лъугьана.
Амма гIамал къватIисеб
Гьасулъ даим хутIана.

Маймалаказул хъети,
Гьезул хъурщи, хархади
Кидаго хисулаIреб
Хасиятлъун батана...

Васни вуссана, эбел,
Гьеб дур керен хахарав.
Хасият маймалакил
Кида чияс рехилеб?..

...Гьаб хабар Африкалъул
Пальмабазулъ рагIана.
Гьалъулъ цо магIна бугин,
МагIарухъе босана...

## БИЩУН ЛЪИКIАБ ХАБАР

Бищун лъикIаб хабар щиб? —
Лъимер гьабунин хабар;
Хвел гьечIо гГумруялъе,
ЧIаго буго дуниял.

Бищун лъижIаб хабар щиб? —
Лъимер гьабунин хабар;
Гьеб тIадинаб кечI гьечIо,
ГьебгIадаб щибго гьечIо.

БачIунебщинаб божи,
Бижулебщинаб пикру,
Гьулак гIадаб берцинаб
Цоги щибго бихьичIо.

Раке цIаял, цIвабзазда

Бице гьаб цIияб хабар.
Ралъдахъе гIедегIе нуж,
ГIорал, гьелъул бицине.

Бищун лъикIаб хабар щиб? —
Лъимер гьабунин хабар;
Лъана дида гьеб чанги,
Гьединаб щибго гьечIо.

Гьаб векалъухъ балагьун,
Дунялалъухъ балагьун,
Балагъе цо эбелалъ
Лъимер данде къалеб куц!

Бищун лъикIаб хабар щиб? —
Лъимер гьабунин хабар;
Гьеб бищун лъикIаб гIакълу,
Гьаб гIаламалда бугеб!

* * *

Кьижизе кIоларо, гьаб макьу гуро,
Амма юргъаналда гъорлъан вихьула
Сардилъ, доб кIудияб кIоченчIеб рагъда
Къого миллионалъ камурав цояв.

Дир цевесев гьудул, педучилище
БуйнаIкскиялда цадахъ лъугIарав, —
Яги Волгаялда я Днепралда,
Я доб Вислаялда камурав солдат.

Саналги гьоркьор тун, хабалъа вахъун,
Хирияб чIагояб ракьалде вуссун,
Даим гIолохъанав вачIун вуго гьав
Гьудулзабазухъе, эбел-инсухъе.

Гьасухъ балаIгьарай эбел хун йиго,
Хирияй ячурай, о, херлъун йиго.
Гьасул вас, гьасдаса кIудияв гIурав,
ГIалимчиги вахъун тирулев вуго.

Гьасул захIмат лъараб шинельги бихьун,

Щив гьавилан руго росулъ цо-цоял.
Цогияз данд къала жидер вас, вацин,
Даим гIолохъанав рагъухъанилан.

Солдат балагьула Дагъистаналъухъ,
Цинги дунялалъухъ, цинги дир бадив,
Цинги дол цIвабзазухъ... ЦIала хъалиян,
ЦIакъ хисун бугила гьаб гIасруйилан.

Солдат балагьула гьал гIадамазухъ,
ГIенеккула гьезул бицунеб харбихъ.
Нахуна магIарде, щола кIкIалахъе,
Щибго хисун гьечIин гьаб гIумруйилан.

Солдат гьулаказде тIаде къулула, —
Кьанабакь лъун бугин дир эменлъиян.
ГIертIал цIун рачIунел ясал рихьула, —
Байбихьулъ гIунанин дир гIищкъул кепин.

ХъахIлъаIрал херазухъ хал гьабула гьав,
Даим рукIкIалаби рукIине гьечIев, —
Яги Россиялда я Венгриялда,
Я Германиялда даим хутIарав.

Дагъистанги ти.рун, дунялги сверун,
Дурги дцрги бадив балагьула гьав.
Щиб гьаб гIаламалъул гIащикълъийила,
Щиб гьал гIадамазул гIасилъийила.

Гьасулъ разилъиги бакIаб ургъелги —
НакIкIги бакъги буго цоцалъе жубан.
Солдатас гьекъола мугIрул иццул лъим,
Берцинаб тIегь лъола гьас патроналъуб.

Гьаб бакъалъе гIоло, къоялъе гIоло,
Гьаб гIумрудай гIоло, гIищкъудай гIоло,
Хваниги кIваричIин, кIочон гьечIин дун
Гьаб дуниялалда, баркалайилан.

Амма чанги квешлъи бихьараб мехалъ,
Керен гуллие щай кьураян кканин.
Гьересиги цIогьги цIидасан лъазе,
Гьалъийищ цIадаве дун кIанцIаравин.

Дида ккун букIанин, кьал лъугIарабго,

ЛъугIилин жахIта, щцин, — жакъа бугеб щиб?
Гьалъий гIайибав щив? ХIикматал улбул
ХIинкъун балагьулин цо-цо лъималахъ.

«Рагъда ракыгун цадахъ рокьи цIуничIищ,
ЦIадулъ хвасарлъараб холеб жойищ яхI?
Рагъулаб гьудуллъи гьал ракълил саназ
Рекълъулебцин гьсчIищ гIолохъабазул?

Гьеб окопаздасан киноялде ун,
Квеналъгин гьекъелалъ бикъунищ бугеб?
Къого миллионал — гIолохъанаб гIел,
ГIодобе гьанжеги кибе би тIолеб?

Кин кIолеб гьанжеги гIадамал чIвазе,
ГIумруялъе хвалил ярагъ ургъизе?
ЛъугIулареб ишищ гIасилъи бугеб,
Кида гIакъиллъилев гIадан ракьалда?»

...Солдат нахъе ана нахъеги рагъде,
Рагъ лъугIун гьечIила дол тушбабигун.
Юргъаналда гьорлъан дида вихьула.
Дов гьужумалъ унев жиндирго полкгун.

Гьел нилъер яхIалъул, бахIарчилъидул
ГIурхъи цIунун руго нилъеда цадахъ, —
Яги Волгаялда я Днепралда,
Я доб Эльбаялда камурал васал.

Къаси сордо а.на, дун солдатасул
Сунареб цIадуде къулизе ана.
Гьениб гIодой биччан буго дуниял,
Даим речIаларо рачIунел тIугьдул.

## РОКЬУЛ ГIЕЛМУ

Дун математик гуро,
Дун ПатIиматик вуго.
Гьеб гуреб, цоги гIелму
Дица гIадахъ босичIо.

Гьеб гIелмуялде живго

Авиценна катнIичIо.
Дица кинабго гIумру
Гьелъие кьураб буго.

Эйнштейнил формулагин
ТIолго философия,
Гьелде щвараб кибниги
Кибернетика гьечIо.

Коперник зодихъ ругел
ЦIвабзахъ балагьун вукIа...
Дир цIваги — гьеб, бакъги — гьеб,
Дир гьалдолеб космос — гьеб.

Королевас Гагарин
Гьенив тIовитIулелъул,
Дир гIелмудул бутIаги
БитIана гьесда цадахъ.

Дун математик гуро,
Дун ПатIиматик вуго.
Гьеб гIелму цIакъ гьитIинго
Байбихьана цIализе.

Дарвиница бицуна,
Маймалак бугин гIилла,
ГIадан дуниялалда
ТIоцеве вижиялъе.

Дида гьеб бичIчIулароро,
Дир гIелмуялъ рикIкIуна,
Цо гIищкъу бугин гГилла
ГIадамал рижиялъе.

Галилеца абуна,
Дунял тирулеб бугин, —
ТамихI хвалил гьабуна
Гьеб абунин досие.

Дун рокьул талихI лъарав,
Дица абулаб буго,
Дунял боржунеб бугин, —
Бокьараб диван гьабе.

Рималъул банданалда

Жиндирго гIелму цIунун,
ЦIадав хвана Бруно,
КIудияв италияв.

Дицаги дир гIелмудул
ГIурхъи хунги цIунила.
ЦIадаве гьелъий гIоло,
Хучбар гIадин, кIанцIила.

Адмирал Колумбица
Америка рагьана, —
Элдасаги кIудияб
Буго гIищкъул континент.

Дий чияр ракьал щайзе,
Рокьул адмираласе? —
Океан гьелчолеб куц,
Чорхол гьавадул гама!

Гьоб гамаялда вуго
МугIрузул ПатIиматик.
Гьеб гIелму бичIчIичIезда
БичIчIулеб жо щиб бугеб?

Дир хъвалел кучIдул руго
Гьелъул диссертация.
Докторлъиялъул диплом —
Сонетал, элетиял.

Дир сардил макьабиги,
Макьу гьечIел сардалги,
Сверарал улкабиги —
Киналго гьелъий руго.

Гьелъул гIадаб гIузруги
Гьелъул гIадаб даруги
Дунялалда цониги
Тохтирасда батичIо.

Унтаби сахлъиялъул
Симпозимузаз жеги
Рокьуца бухIулеб ракI
ХIисабалде босичIо...

Дун математик гуро,

Дун ПатIиматик вуго.
ГьебтIан хIажатаб гIелму
ГIаламалда дий гьечIо.

* * *

Дун ЦРУялдаса, йохъ, хIинкъуларо,
Дун ПРУялдаса гьанже хIинкъула;
ПатIимат, дур разведуправление...
Огь, унго цо гьелъул сетазул кутак!

Дора-гьанир ахIдон ахIмакъал хIанчIаз
Жидерго адресал загьир гьарула.

Жеги кIал рагьичIо, дир гъара, пиша
Дур гьоцIокье ккола, кинаб гьаб хIикмат?!

Хасало гIаздада лъукъараб чанил
Чвахараб биялъул лъалкIаз бицуна.
ЛъалкI течIониги дун тунканщинаб бакI,
Щибаб сагIат, минут дуда лъалеб куц!

Жаниб тIинда бугеб тIаде рехулеб,
Кинаб техника дур — хадув гьоларо.
Дудаса рикIкГада бальго щурараб,
Щиб цIияб телефон дуда бицунеб?

Метералде днца къачIараб къасдги
Къасиго батула дур гудраца ккун.
Дица гьабураб щиб? Гьабилин абун,
Ургъулеб пикруцин буго дур гудракь.

Сапаразда вукIун нахъ вуссунаго,
Дуе кьолеб отчет — элъул захIмалъи!
Чан бакъан бачунеб, на/къищ гьабулеб, —
Огь, багIарун буго, гьал гордал рагье!

Гьеб дур суравалъул суалазул гуч,
Судияй дудаса гучай данд чIвачIо.
Чанги кIалъарав дун, мацI бан хутIула, —
Хасел щолеб бугин, гьал цо нуцIби къай!

ПатIимат, доб ЦРУ — согIго хIалтIула,
Дур хIеренлъи, ма.хщел долъпе кпсса?
Кидаго чIахъаги гIищкъул разведка,
ГIумруялъ гьелъ гуреб чIваге дир рахIат!

ЧIахъаги дур берал, щибго бихьулел, —
Бихыъзе те гьезда цо-цо лъикIабги!
ЧIахъаги дур гIундул, щибго рагIулел, —
РагIизе те гьезда цо-цо дир кечIги!

Дун ЦРУялдаса, йохъ хIинкъуларо,
Дун ПРУялдаса, гьудул, хIинкъула.
ПатIимат, дур разведуправление...
Алас, алас гьелъул сетазал кутак!

* * *

Йокьулей, берцинлъи дур гIурабазул,
ГIатIилъи, гъварилъи дур ралъадазул!
Йокьулей, борхалъи дур зобалазул, —
Мехтула, мехтула гьезухъ балагьун.

Йокьулей, дур гIораз рачунел бакънал,
ГIурччинал рохьазул гъутIбузул щурщур.
Йокьулей, цо гьаркьал дур къункърабазул, —
Мехтула, мехтула гьезухъ гIенеккун.

Иокьулей, дур дунял, — бутебщинаб кьер!
Дагъистан — дур улка, хIикматаз цIураб.
Иокьулей, дур гIасру, — чан сурат, накъищ, —
Мехтула, мехтула гьезул хиялаз.

Йокьулей, дур пайтон, дур самолетал —
Сапарал, свераби, дур къисмат, гIумру.
Йокьулей, дур гьумер, гьеб дур лага-черх, —
Мехтула, мехтула дур хIисабаца.

Йокьулей, киналго бокалал реке! —
Дур балагьи гIола, цо гьими гIола.
Йокьулей, гIуруца босаги дунял! —
Мехтула, мехтула мун ндчIвайгун дун.

* * *

МахIачхъалаялъул порталъул ганчIал,
Ралъдал тIирабаца тIепало барал,
ТIокIаб дий бицунге цо гьумералъул, —
Цебего гьороца хъамураб сурат.

ТIокIаб дий бицунге свараб нуралъул,
Дур сиялъ дандчIвана ЧIохъа Джошнда.
Бицунге, гьелчолел карачалаби,
КигIан угьданиги дой ячIунаро.

МугIрузул мадонна, росулъе арай,
ЮссинчIо жиндирго сентябралде.
Буханщинаб цIумур, долъул цIар ахIун, —
Дир принцессалда гьеб рагIуларо.

Ралъдада лъедола тIогьол кваццIаби,
Дица тIун долъие данде гьарурал.
Чан гама бачIунеб гьаб гаваналде, —
Дир къварилъи бооун руссуна нахъе.

МахIачхъалаялъул порталъул сиял,
Гьикъуге, бицунге долъул хIакъалъулъ,
Гьадинги чIохъдерил хурдуца бицун,
Дун хвезе вахъунин долъул хIисабаз.

## РАКIАЛДЕЩВЕЙ

Кьурда лъун цояб квер, рачлихъ цогияб,
Цо магIаруласул гьабураб сурат...
Гьаб буго сайигьат гьолъул хутIараб,
Художник йикIана дагьа-макъай гьой.

Гьаб лъил суратали дида лъаларо,
Дунищ гьав ялъуни цогияв чийищ?
Цо-цо бицунаан кинавалиго
Казбек районалъул судиясул гьолъ.

Яги лъабабилев, гьезего гьечIев,
Пикрабаз ургъарав, хIисабалъ вугев,

ХIеренаб бусада макьилъ вихьарав
Вокьулесул сурат гьаб батичIони.

Гьанже гьелъул бугеб батIалъи кинаб? —
Киналго хутIана хадур ралагьун.
РакI пашманай гьудул, ракI лъикIай гьудул,
РакIалде ккараб жо гьабулей гьудул.

Дир горда доб мехалъ дуца речIчIарал
ЧIинхал ракIарула ракI чучиялъе.
ТIокIав ахIиларо гьаз дун къватIиве,
Къасиги буго зоб доб соналъ гIадин.

Аралщинал ихал, роржарал къоял, —
Къого сон букIана доб хаслихъе дир.
Берцинай художник, кьурда квер чIварав
Кьериласул оурат бухIана дица...

## ДИР КОЧIОДЕ

Дихъе унти бачIани,
Дуца тохтирлъи гьабе;
Дихъе херлъи бачIани,
БачIун гьелда цебе чIа!

Дун бецлъани, гIинкълъани,
ГIодоб чIа дида аскIоб;
ЧIвабиги рекъезарун,
Йокьулелъул цIар абе!

Дун хабалъ вукъанани,
Занилъунги мун букIа! —
ТIакIаб батIияб гьари
ГьечIо дуде, дир назму.

## ЭБЕЛАЛЪЕ ПАМЯТНИК ГЬАБУЛЕВ ХУДОЖНИКАСДЕ

РакI — РекIеда жаниб кIикIулеб кини.
БетIер — ГIадал нахулъ нуха вугев вас.

Кверал — Щибаб кверзукь кодоб ккун лъимер.
Берал — Ясберазулъ васасул санал.

КIал-мацI — Лъималазул цIарал ахIулеб.
ГIундул — Лъималазул гьаркьихъ гIенеккун...

Гьадин гьабе сурат дуниял бакьулъ
Даим гIасрабазе гIумру кьуралъе.

* * *

Гьал сонал анагIан унтулеб буго
Лбулеб рагIиги, согIаб бакъанги,
Цодагьабго хIилла, гьитIинабго рекIкI,
«ЦIакъго гIакъиласул» гIассияб хIисаб.

Мун йиго абулей дуе гьел щайин,
Гьадале бакъила, гьале рукъила...
Гьел хъачагъаздаса бетIер цIунейин,
ЦIогьолаб цциналъе рокьи кьогейин...

Хирияй, гьарула, абуге гьедин,
Кьоге дуца дихъе гьеб хъахIаб байрахъ,
ХъантIарал бацIазда цебе рехизе,
Цаби жирулел гьеп дида рихьизе.

* * *

Ракь багъарулеб буго,
ГIадамал холел руго, —
Бакъуе ургъел гьечIо,
Гьеб белъанхъилеб буго.

Ракьалда рагъал руго,
Биял чвахулел руго, —
ЦIадазе ургъел гьечIо,
Гьел релъанхъилел руго.

Лъимал, бакъухъ балагьун,
Гьардола дунялалда, —
Бакъалъе ургъел гьечIо,
Гьеб белъанхъилеб буго.

Улбуца, кверал рорхун,
Какал рала цIадазе, —
ЦIадазе ургъел гьечIо,
Гьел релъанхъулел руго.

Бакъалъ абулеб буто,
Азарил санал анин, —
«Щай босулареб гIакълу
ГIадамаз дунялалда».

ЦIадалъ абулеэ буго,
Векаца би тIунила, —
«Щиб пикру дица кьелеб
КантIулареб къавмалъе».

* * *

Дир вукIана цо гьудул
ГьитIинаб заманаялъ;
Пандрил кIиIго чIва гIадин,
РукIана ниж кIиялго.

Хадуб дагьаб накIкI лъуна,
РакIазда гьури хъвана,
ГIандрил чIваби тIун ана,
РатIалъана кIиялго,

Цо бащдаб лъагIел ана
Цоцада рихьичIого,
Цодагьаб зоб роцIана, —
Данде чIвана кIиялго.

Дихъ балагьун дир гьудул
ГIажаиIблъун хутIана,
Дун цIакъ хисун вугилан,
Хаслихъе гъветI киниIгин.

Дица жаваб гьабуна,
Мунги батIияв вугин,
Нилъер гьитIинаб рохел
Полпилаб иххалъ анин.

Гьудулгун ватIалъигун
БатIияб ригь бачIунин,
Пикрабаз кIудиял гIун
ГIолохъаби лъугьанин.

ГIолохъанаб мехалда
ВукIана цоги гьудул —
Цо магIарда кIиго цIа,
КIиго тункулеб бокал.

Хадуб цоги цIал бана,
Тохлъукье цIаял свана,
ЦIорол кIиябго бокал
Бек-бекун ратIалъана.

Гьоркьоб цо лъагIел ана,
Лъаразда цIер биана,
ЦIидасан гьудулзаби
Цо поездалде ккана.

Гъос абуна пашманго:
«Гьалмагъ, мун хисун вуго,
Художник щив вукIаIрав
Дур бетIер хъахI гьабурав?»

Дица жаваб гьабуна,
Мунги цевесев гьечIин,
МатIарде балеб гIаздакь
ГIолохъанлъи хутIанин.

***

Дир сахлъи, гIолохъанлъи,
Нилъ кIияздаго гьоржьоб
КIкIал гIатIилъулеб буго,
ГIор гъварилъулеб буго.

Дир къасдгин къуваталда,
Дир макьугун рокьуда
Гьоркьоб бугеб кьуруда
КьватІел цІикІкІунеб буго.

Дир унтаби, дир херлъи,
Нилъ кІияздаго гьоркьоб,
Кваркьаби данд къаниги,
Къадакоци, н гьинаро.

Дир ритІухълъиги, яхІги,
БухІулеб рокьул кечІги, —
Гьоркьобе лъел гІеретІ тІе,
ГІодой инаро къатІра.

***

Вай дир чІалгІен чІварай яс,
Дир чІаголъидул гІилла,
Дир ургъелал хъамурай,
Абилищ дуда рагІи.

Дун вукІана гьабсагІат,
ЧІамучІаб доклад гІадин, —
ЧІур. канай мун кІалъана
МахІмудил кечІ кинигин.

Дун вукІана гьабсагІат,
Судалъул кодекс гІадин;
Дуца рагІи щу. рана —
Шопен дида кІалъана.

Дун вукІана гьапуллъун
ЧІалгІарал собраниялъ,
Дуца ишан гьабуна —
Пардав рагьана... дунял.

Дун вукІана, гІемераб
ГІисинаб гьерсил, мацІил
Пебуялъул рукІкІбуца
РакІги бикІун, пикрабалъ;

Гьудулзабаца гуккун,
Цо гІаданалъ рекІкІ гьабун,
НикІкІицагин кІкІараялъ,
КІал гьикъІун, гІазаб кьолев.

Мун ячІана, кинабго
КІочана, биххун ана.
Ахги, ихги, цо лъарги, —
Дун лъавуде вуссана.

Цоги сагІат анани,
Херлъизе бегьулаан,
Хирияй, мун ячІана, —
БахІараб гуч речІчІана.

Хабалъ вукъичІониги,
Хвалилаб унти, — чІалгІен...
Дуца чІвана, чІвана гьеб,
Мун дир чІухІи, дир канлъи.

Духъе кьун руго кІулал
КІиго нуцІил цо рокъоб, —
Цояб дир ургъелазул,
Цояб дир талихІалъул.

Дуца бокьараб рагье,
Гьеб ихтияр дур буго,
Диваналъул кодексал
КиналгІаги духъ руго.

Духъе кьун руго кІулал
КІиго дуниялалъул, —
Цояб дир алжаналъул,
Цояб дир жужахІалъул.

Дуца бокьараб рагье,
Макьилъ щибжо бихьараб, —
Борохьищ дир горбода,
ХъахІаб хІинчІищ гъажалда?

Духъе кьун руго кІулал
КІиго дир гІумруялъул, —
Цо гІазабазул цІураб,
Цо гІищкъул кочІол цІураб.

Дуца бокьараб рагье,
Гьелда дун рази вуго,
Амма, рахан гьелги тун,
ГьаІрула нахъе унге.

***

Дида гьикъулеб буго:
«Дуниялалъул рокъоб
Дуе бищун бокьараб
Щиб батараб руччабалъ?»

Дица жаваб гьабуна:
Гьелъие нугІ — дир шигІру,
Руччаба, базулъ ракьалда
БокьичІеб щибго гьечІин.

Дида гьикъулеб буго:
«Гьаб гІумру бихьарав дуй
Бихьиназулъ ракьалда
Бищунго щиб бокьараб?»

Дица жаваб гьабуна:
Гьаб дуниялалда бищун
Бихьиназулъ бокьанин
Руччабаздехун рокьи.

* * *

Дида цІунизе кІвечІо
КІиязулго балъголъи, —
КІутІбуз макьилъ сардида
Щурун батана дур цІар.

Дида бахчизе кІвечІо
Черхалда бугеб ругъун, —
ЦІакъго гьеб бухІарабго,
АхІун батана дур цІар.

Дир рохел, къварилъидул
Дида гьикъараб мехалъ,
Гьереси бицинчIого,
Дица абуна дур цIар.

Дир дунял, гIумруялъул
Бецен ккараб мехалда,
Бицун батана дица
Тохлъукьего дур рахъалъ.

Дида цIунизе кIвечIо
КIиязулго балъголъи;
ЦIакъго кIудияб талихI
КIвечIо дида бахчизе.

Дида мун кIоченаро,
Дуда дун кIочон телищ?
Гьаб едрдо кIоченаро,
Дуда гьеб кIочон телищ?

Гьал ганчIалги, гьаб лъарги,
Лъабгo росулъе нухги,
АскIор рукIарал къотIун,
Къулун ругел гъутIбиги?

Гьел гъутIби тун, мугIрул тун,
Дол кьурабазде нахъе
Кьижизе араб бакъ, къо,
Кьижа, кьижа, рорчIуге.

Ссанул ахада гIурда
Машинаялда жанив
Мехтун, вегаIрав шофер,
Вега, вега, вигвунге.

Мунгун дун хвелеб куцалъ
Вуго къаси талихIав...
Гьеб талихI дуда лъанищ,
ТIокIаб гьеб таIКрарлъилищ?

Берцинай, лъикIай гIадан,
Мун лъан дир бугеб рохел, -—
Лъалареб ххвел гьабуге,
Хадур данде чIваралго.

***

Борхалъиялда буго
ХIайранаб цIум боржунеб,
ХIанчIалъ гьеб Кавказалда
РикIкIадасан бихьула.

Гьанже, цо кьал ккечIого,
Кьолбол чицин лъаларо;
Чабхилъ бетIер лъечIого,
БахIарчи вихьуларо.

НекIо рагIун букIана,
ЛъикIавги квешавги чи,
Квер босулаго лъалин,
Балагьигун рихьулин.

Чанги гIумру нахъ тана,
ГIадамалъ чи ватизе
Чирахъ баIкулев вуго,
Бакъ гвантъун бугониги.

* * *

— Щай мун пашманго вугев?
— Гьудулгун ватIалъана.
— Гьеб захIматаб иш буго,
— Амма бетIер далуге.

— Щиб ургъел дуда чIвараб?
— Эбел, эмен камуна.
— Квешаб жо гьеб бесдаллъи,
— Амма рачел чучуге.

— Щай бетIер далун бугеб?
— Щай бадир кверал чIварал?
— Дун лъималаз гуккана,
— Вацас гьерсал рицана.

— Цо-цо гъедин букІуна,
— ВакІаре мунго данде, —
— ЦІакъго ракІалда гъечІел
— БакІал кколин гудраца.

ГІумру — кІудияб мегІер,
КІичІ-кІичІарал сухъмахъал,
Цоял—эхеде унел,
Цоял — эхей рачунел...

— Щай мун пештІелев вугев,
— Гьеб релъи щиб, чІухІи щиб?
— Жакъа дун яхІалъ тана,
— Гьанже тахида вуго.

БакІаб гьир тІаса рехун,
Дие тІаралъи щвана,
ТІокІаб дица намусалъ
Малъараб гьабуларо...

—Цеве гІадан вукІарав,
ГІоде дудаго хадув;
Гьале гьанже хвана мун, —
ЯхІ гьечІони гьечІо чи.

***

— БиІщунго квешаб щиб?
— Квешал пикраби,
— БакІал кІулалги ран,
— КІалтІе риччаге.

— Цогиги квешаб щиб?
— Квешал рагІаби,
— КочІол бакъан бачун,
— Гьел къине гьаре.

— Жегиги квешаб щиб?
— ГІадамазул рагъ,
— Ярагъ нахъе рехун,
— Чагъана босе.

*   * *

— Воре, багIараб?
— МагIарда цIа.
— Жеги багIараб?
— Дир гIищкъу.

— Воре, гIурччинаб?
— ГIадрадалъ их.
— Жеги гIурччннаб?
— Дир рохел.

— Воре, тIогьилаб?
— Хаслихъе тIамах.
— Жеги тIогьилаб?
— Дир пашманлъи.

— Воре, хъахIаб?
— Хъвалеб хIазу.
— Жеги хъахIаб?
— Дир хIисабал.

— Воре, чIегIераб?
— Нилълъер дагIба.
— Дагьабги чIегIераб?
— Рагъ...

* * *

— Ворея, цо?
— Цо буго дир Дагъистан.
— Воре, кIиго?
— КIиго кваркьи буго гьелъул.
— Кибего боржине.
— Воре, лъабго?
— Лъабго хазина буго гьелъул
— Кидаго холареб:
Гьаб ракь, доб зоб,
Гьагъаб раIлъад.
— Воре, ункъо?
— Ункъбоххилаб буго гьелъул чу.

— Воре, щуго?
— ЩугІарІкьелаб буго гьелъул цІва.

— Воре, гІемер?
— ГІемерал ахал, хурзал,
— ГІемерал харбал, ишал,
— ГІемераб балагь, гьунар,
— ГІемерал гьудулзаби;
— ГІемераk мугІрул, гІорал,
— ГІемерал цІадал, цІаял,
— ГІемерал васал, ясал...
Ва амма Дагъистан — цо!

## ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХІАКЪАЛЪУЛЪ КЕЧІ

Дица дир хІайранаб назму ахІана
БахІарзазулъ рахъалъ, хІинкъи лъаларел.
Гьеб назму рагІигун, мугІрул бахІарзаз,
Дида аскІой рачІун, абуна гьадин:

«Ниж рецщуге, рецщуІге,
Рецще нилъер кьураби,
Кьвари, лебаллъи, гьунар
Гьездасан щвараб бугин.

Дозда тІад парпадулел
ЦІумазул бице дуца,
Дозул рорже букІанин
Нижее даим мисал».

Дица дирго рукьбал рухІараб шигІру
Рокьулел ясазул рахъалъ ахІана.
Гьеб шигІру рагІигун, мугІрул мусудуз,
Цо-цо свери гьабун, гьаракь биччана:

«Ниж рокь|уге, рокьуге,
Рокье нилъер гІадраби,
ГІамалги недегьлъиги
Гьездасан щвараб бугин.

Гьениб иццазул тІокІкІи,
Гьениб тІогьол берцинлъи,
Гьаб тІалъиялъул кьерал

Ругин нижее мисал».

Дица дир лъукъараб бакъан бачана
Къарумал хIинкъарал гьерсихъай какун.
Гьеб кечI рагIарабго, мугIрул тIалъидал
Васалги ясалги дида кIалъана:

«Бокьарал каке дуца, —
Какуге гьаб Дагъистан,
Гьалъул ракь хIарам бугин
ХIалихьатал чатIазе.

Бокьаразда гIайиб чIвай, —
ГIагараб улка цIуне,
Нилъер гIум, руги кечIги —
КинабгIаги гьеб бугин».

## ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ РОХЬАЛ КЪОТIАРАЛ ЧАБХЪАДУЛАЗДЕ

Гьегьал Ермоловаз рухIарал рохьал
Рихьараб мехалда, Шамил имамас
Абун буго гучаб кьурдеги вахун,
Гьелъ кьурулеб гамачI гурин Дагъистан.

КъотIарал гъутIбузул гъансито бихьун,
Гъулдулъ ХIажимурад — наиб кIалъана:
Гьаб рохъо цIунеян, нахъе лъутулел
Тушбабазда хадуб базе букIине.

Васаца машгьураб амру тIубана,
Аза-азаIр тушман щущазавуна.
Щобдасан баккулеб багIар бакъуца
МагIарул мацIалда гьезда абуна:

«Ва, рохьал р(ухIулел, рохьал рухIулел,
Рохьоб бахчараб чан гуро Дагьистан.
Гьаниб чилъи буго чодул кьолода,
Гьаниб кьвари буго кьурул сиялда.

Ва, гьутIби къотIулел, гьутIби къотIулел,
ГъотIода бижичIо мугIрул лебаллъи.
Гьелъул кьалбал руго цIакъго гьваридал,

Гьелъул цIарги буго цIваби бахилаб.

ЦIадуца кигIан цIакъ ракь бухIаниги,
Рокьи бухIуларо, яхI бухIуларо.
Щуго миллиард сон, — дуниял бижун,
Дагъистаналъулги гьебго ригь буго».

Гьелдасаги цIикIкIун жеги бу«Iинин,
Жакъа щибаб чIваялъ бакъан бачуна.

## КIИГО ГЬАРИ

ГIазугин цIералдаса
ЦIунеян гьариларо,
ЦIа ккани, гIор щванани,
ВачIаян гьариларо.

Гьарула дие гIинкълъи
ГIасиял гьерсаздаеа,
ГIагараца кьвагьулеб
Кьварараб рагIудаса.

Гьарула дица бецлъи, —
Дида бихьизе тоге,
Дища лъикIлъи гьабурал
Гьудулзабазул квешлъи.

ДагьаIбги цIакъ гьарула
Дунго тоге квешлъизе,
Киданиги дандиял
Дица пашман гьаризе;

Бачунеб баIкъаналда
РекъечIеб кечI ахIизе,
Цо лъилниги бадиве
Балагьизе нечезе.

Унти щиб, херлъи щибжо, —
Сундулго бицинаро,
Гьел гьариял тIурани,
ТIокIаб щибго кIваричIо.

* * *

Дица барабщинаб мех,
Цо дун хутIарав халат,
Хварабщинаб лъалеб халкъ —
Бащадаб росу гьечIо.

Росу тун, шагьаралде —
Каспи рагIалде щвана,
КигIан гIемер гьудулзай
Дица гъежда рачарал!

Хадуб улка тирана —
Рокьулел дир поэтал
Ракьалда тIадалдаса
Ракьулъ гIемерал руго.

Москваялде вачIуна,
Горькил къотIнов сверула, —
Светлов гьимуларо,
Фадеев хъазмил вуго.

Переделкиноялда
Пастернак, Чуковский,
Чан нухалъ свераниги,
Гьанже дандечIваларо.

Данделъун митингазда
Тихонов вихьуларо,
Трибунаялдасан
Симонов кIалъаларо.

Ярослав Смеляков
Луконин Михаилгун,
Телефон рекIелъ буго,
РакIаризе кIоларо.

Твардовскияс дун,
«Маршакихъе рилълъа», — ян
Гьанже санал сверана, —
Цо нухалъ ахIуларо.

Назим ХIикмет нукIана,
Жинхъе ваккеян абун, —
Дун ваккула, кив арав,
Кидаго рокъов гьечIо.

Бищун цебе дир асар
ГIурус мацIалъ бахъарав,
Вахъа мун, Сельвинский,
Дица цIияб кечI хъванин.

Лаврушиналъул мина —
Щипачев рокъов гьечIо;
Гьикъана Луговской, —
Югалдаса вуссинчIо.

Щиб курорт Крымалда
Дуда, гьудул, батараб, —
Даимаб хIалхьиялъе
Путевка киса кьураб?

Цо нухалъ кIалъана дун
Анна Андреевнагун,
Огь, аман Ленинград,
Дой гьечIого, кин бугеб!

Ольга Федоровна, мун
Гьаний Прокофьевгун,
Гьоркьаб дагIбаги къотIун,
Даим - кьижунищ йигей?!

Дир поэтазул росу,
Мискинаб, бесдаллъараб, —
Россияги, Кавказги,
Кинабго Азияги...

Щвана дун Ташкенталде —
Гъапур Гулям кив вугев,
Жакъа дов гъавураб къо,
Щай дун къваридго вугев?

Къваридав дун вилълъана
Духъе, дир Алма-Ата, —
Ауэзовил музей,
Мухтар-агъал бесдалал.

Душанбеялде щвана —
Щай данде вачIунарев, —
Цадахъ дунял тирарав
Дир гьудул Турсун-заде?

Дие жаваб гьабуна,
РикIкIада океаналъ.
Жив гамиде вуссанин, —
Расул, дуда лъачIебищ?

Ашхабадалде щвана,
ГIагарав Кербабаев, —
КигIан гIасиго дуца
Гьедин адрес хисараб?!

Дастан — Баку, чанцIуса
Дун гьанив свераниги,
Чармил, ганчIил гурони,
Вургун данде чIваларо.

Жакъа Тбилисалде
Гьоболлъухъе вачIана,
ГьечIо дир Леонидзе,
ГьечIо дир Чиковани;

ГьечIо кIиго Табидзе —
КIиго кIудияб мегIер;
Буго хъудулеб Кура,
Гьезул кучIдузул бицун.

Огь, мун Армениязул
Асаразул Арарат,
Аветик Исаакян —
Векалъул хIикмат, чIухIи.

Дур кочIолги кверзулги
Хинлъи буго дир каранлъ,
Кидаго гьеб цIунила, —
ЦIамгIаллъи берзул магIил.

Бице дий, Украина,
Бице, Белоруссия,
Бигьародул рорхатал
ГъутIбуздейищ руссарал:

Рыльскийгун Тычина,
Бровкагун Кулешов?..
КочIохъабазул дунял,
Огь, мун бесдаллъараб куц!

Дун шавкъалда вуссуна
Дирго Дагъистаналде,
Цингиги пашманлъула —
ГьечIо мискинав эмен.

АбутIалибги маялъ
Вукъана магIарулаз,
Дун кверкьовуда вуго
КинабгIаги гIумруялъ.

Рагъул байдан кинигин
Буго нилъер замана,
Заназде руссун руго
Бищун чIагояб гIалам...

Дица барабщинаб мех,
Огь, дун хутIаравщинав,
Хварабщинаб лъалеб халкъ
Кинабго гIаламалда...

ХIинкъун кодоб босула
Рогьалида казият —
Жеги цойги кочIохъан
Камиладай ракьалъе.

КиналгIаIги гьал дида
ДандечIвана чIагоял...
Огь, поэтал, поэтал,
Гьел гьечIого рес гьечIо,

Гьел жалго жидецаго
Кидаго цIунуларо.
Огь, цIунизе ккун буго
КочIохъабазул дунялI

# «ГІУМРУЯЛЪУЛ ГЬОКО»

АБУРАБ ТІЕХЬАЛДАСАН

1985

* * *

Дихъе бачIараб кечI кагътида хъвазе
КватIулев вуго дун, гьаб кIвахIищ, свакищ?
Сариназул гъутухъ, тамахьу гIадин,
Дица цIцIан лъугIунищ, цIа гIечIогонищ?

ХъахIал куркьбал ругел макьил пикраби
Кинаб Африкалде арал руссинчIел?
Гьал дир сапаразул сурмиял чIумал
Щиб чIинкГиллъиялда рортун хутIарал?

Гьалдолел къасдазе щвечIел рагIаби,
Щиб Бастилиялда нуж ругел, бице!
РукIарал хIисабал, ккарал хIасилал,
Кинаб Освенцима нужер лъугьараб?

ГанчIазул архивал дир кьурабазда, —
Гьениб кьижизейищ араб дир пагьму?
Заназул музеял авар назмудал, —
Гьениб экспонатищ дир ахIараб кечI?

Аман гьанже-гьанже, пикру гьечIого,
КучIдул хъвалев вугев, къого сон барав,
Дур къуват кье дихъе цо-кIиго соналъ,
Гьаб кIудияб дунял хIикмат гьабизе.

## ТIЕГЬАЛДА ГЬАРУЛА

МугIрузул тIегьалде тIаде къулула, —
Къойил дииа гьелда гьарулеб буго,
Гьай дир гьудулалъул кодобгин рокъоб
Кидаго, кидаго бечIаIгейилан.

Гьайбатал беразул тIелхал рорхигун,
ТIаде къулун абе йорчIамийилан.
Къаси свакарай гьой кьижулеб мехалъ
Баче «ахх», хирияй, сордо лъикIилан.

Дой ячIунеб мехалъ дандчIвай, саламин,
Самолетаздаги поездалдаги.
Гьей унеб мехалда, нух битIагиян,

БутIрул хьвагIе долъул пумузда хадуб.

Гьей къварилъугеги, къварилъанани,
Къойил аскIор рукIун йохизе гьае.
Гьелда унти лъаге, на-гагь унтани,
Гьелъул сахлъиялъе сабабаллъун чIа.

Квачараб деIкабрь, дой гьаюраб **къо, —**
Гьелъие дол арал ихазул бице;
Бице гIурабазул гIурччинлъиялъул,
ГIагарал мугIрузда маялъул бакъул.

Гьарула тIегьалда гьей цIунейилан, —
ЦIакъ рахIму лъалареб гIасру бугин гьаб.
Гьарула тIегьаIлда, кечIалда гIадин,
Каклъун букIайилан долъие балеб.

## ПАТIИМАТ

* * *

ЯчIа**,** гIодор чIелин, гIумруялъулги
Нилъер къоязулги хIисаб гьабизе.
ГIадамазда хадур яги церейищ
Я гьезда цадахъищ нилъ ругел лъазе.

Квер хьвагIун телин гьаб дагIбагин рагIи, —
Даим щ**иб** хутIилеб хал гьабилин цо...
Даималъ цIунизе ихтияр щвани,
Щибго цIуничIого мун цIунилаан.

БухIана самолет хъахIилаб зодихъ, —
ЦохIо дуй парашют гьарила дица;
Гьаб цо гIаламалда, гIакъиллъи гьечIеб,
Дур гIаданлъи жеги тIубан бичIчIичIо.

Огь, кинаб дунял гьаб, кинаб гIасру гьаб,
ГIассияб яргъида квал-квалеб бугеб! —
Кодоб лъимерги ккун, континентал чIван,
Киналго улкаби цо свере дуца.

Цо мун йигонани, дунял букIина
Бугелдаса нусцIул, азарцIул лъикIаб.

Цо мун йиганани, Пушкин вукIина,
ГьитIинал гIемерал лъимал рукIина.

Мун гьечIищ—кинабго чIвана, хвана гьаб,
Хиросима гIадин, огь, кьабгIе цIурмал!
... ГIазизай, вачIана дун дунялалде,
Мун чIаго йигилан лъазе гьабизе!

* * *

АхIилищ цоги кечI, чIалгIинчIищ дуда? —
Дихъени цогияб бачIунеб гьечIо...
Щибаб рогьалида—тIелхазулъ магIу,
ЧIегIераб гурделъ мун йихьараб мехалъ.

Дуе лъикI бугин ккун киналго чагIи, —
Чияр ццидал чIораз лъукъ-лъукъарай мун.
Чияраз речIчIараб гIучIилан тела, —
ГIагаразул чIоралъ бугеб цо загьру.

ПатIимат, гьаб гIумру бикьулеб мехалъ
Мун щай гьадигIан цIакъ пашман гьаюрай?
МугIрул руччабазул къварилъиялъул
Къалареб дур музей лъида бихьулеб?

Гьелъий гIайибав щив? Гьелъие гIилла, —
ГIемерал саназул митингазда дун.
Дуца чIвананиги гьаб-доб абила, —
ЧIвачIого тезеги кин дун бегьилев?

ЧIвазе къотIараб дур гьаб къокъаб хIукму
Лъил гъулбас гIечIого гIодоб хутIараб? —
Огь, бигьаяб гьечIо поэтгун цадахъ
Гьссул сибиралда санал тIамизе...

Дида гьанже лъана Бекьилъа Муи
Вокьулев МахIмудий щай инчIеяли.

## ЦIИЯБ РОКЪОРЕ ИНАЛДЕ

Кире нилълъ, ПатIимат, гьаниса инел,
Сундухъ хисилеб гьаб лъеберабго сон?
Кире раIхъинел нилъ? — эхебе, гIодой
Нилъер гIолохъанлъи буссунеб мехалъ?

Гьаб рокъоб букIараб ракIгъей кIочанищ? —
Гьаниб лъараб щинаб лъиIкIабсин квешаб...
Гьаб букIана дур рукъ, сундухъ хисилеб? —
Хиянат гурищ гьеб арал ихазе.

СатIат кIетIолеб куц, гъоб азбаралда
ГъутIбузухъ балагье, кинан гъол телел, —
Гьозда гъорлъ гIагараб, бищун кIудияб,
КIияздвго даим рагIад рехараб.

Гьаниб гъасда цIадухъ цIаларал кучIдул,
КигIан лъималазул гьулак кIикIараб...
Гьаниб щибаб къедалъ гьикъулеб буго
К ьолъикIан абизе кин кIолебилан.

ТIахьал ракIарула, гIодой рортула,
ГIолохъанго хъварал кагътал ратула...
Кинаб адресалда гьудулзабаца
Гьалже нилъер рагъу рагьизе бугеб?!

## КЕЧIАЛЪЕ БАРКАЛЛ

КечIалъе баркала, бищун мискинал
Васазул рукъ цIехон гьениб бачIараб;
Гьалдолеб роIкьиялъ кьижизе течIел
Кьерилазул кIутIбуз сардилъ щурараб.

КечIалъе баркала, мохмохалда тIад
Нах бахунгейилан лъазабуралъухъ;
Цо хIалихьатие, цо хIакимасе,
Цо хIиллачиясе гьеб хIеличIелъухъ.

КечIалъе баркала, гьаб ракьалда тIад
Рокьуй, берцинлъидуй рецц гьабуралъухъ;
Эхеде рахунел, эхере унел
Нухазда, бох бекун, гIодоб ккечIелъухъ;

Кибе ккананиги гьаб гІумруялда
ГІагараб рахьдалаб мацІ цІунаралъухъ;
ЦІиял наслабазе, засият гьабун,
Гьаб Дагъистаналъул намус таралъухъ.

КочІол тІайиб гуро гьаб гІаламалда
Бугеб гІасилъиги гьереси-ццинги —
Гьелда гьикъанани, бакъ къалъулареб
Къо букІинароан дуниялалда.

КечІалъе баркала гьаб ракьалда тІад...

## УНГЕ, ГЬОБОЛ

Гьобол, зодихъ буго накІкІ,
ГІодовукІа, гьале бакІ;
Пашманаб рагІи — «къолъикІ»,
Къварид гьабуге дир ракІ.

Мун чІайилан дир берал,
Мун кквейилан дир кверал.
Бакун буго гъасда цІа,
Рахан, къан буго нуцІа.

КьегІер тун унебищ бацІ? —
Бицунге гьеб чараб мацІ;
Мун гьечІони дун гьечІо,
Дуда гьеб гьанже бичІчІа!

Балагье ралел цІадал, —
ЦІадищ дир магІил гарал?
Гуро мун виччаларо,
Виччизе бегьуларо.

Риччай тиризе сагІтал,
Свердизе къоял, сардал,
ГІищкъул къокъал лахІзатал, —
Ине те самолетал.

Нилъеца тел кьабилин,
Аэродром къан бугин;

Дур кьоIял рихxун ругин,
Дудр нухал щущан ругин.

Поездал уиел гьечIин,
Гуми хьвадулел гьечIин;
Дур адрес хисун бугин,
МугIрул яс йокьун йигин;

Жакъа мун бахIарлъанин,
ЦIияб рухI бачIун бугин;
Роржун унел хIанчIазда
Дур хIакъикъат гьикъейин.

Гьобол, зодихъ буго накIкI,
ГIодовукIа, гьале бакI,
Пашманаб рагIи — «къолъикI»,
Къварид гьабуге дир р, акI.

## КЕЧI

Мун рагъиде ячIана,
Дун гъоркьан балагьана;
Цинги, тIохдеги вахун,
Дун тIасан балагьана.

Мун къватГие яхъана,
Нахъасан балагьана;
Нахъ юссун мун ячIана,
Гьаб дир бетIер далана.

Дур бадив балаIгьизе
Дир гьунар, къуват гIечIо, —
ЦIакъго къалъараб бакъалъ
Берал рухIизаруна.

Мун нуха яхъунелъул
Дун цояб рахъалъ вуго,
Цинги тIад юссунелъул —
Цогияб рахъалда дун.

Дица рорцаралщинал
Дуца нахъ тарал лъалкIал,

Дица рикIкIарабщинаб
Щибаб дур мехги нухги.

Дур бадив балагьизе
Дир гьунар, къуват гIечIо, —
ЦIакъго къалъ-къалъун бакъалъ
Берал рухIизаруна.

Поездазда мун уна
Цинциял шагьаразде,
Цинги самолетазда
Дуда хадув гъола дун.

Мун гамил каюталъуй
Сумкагун уней йиго,
ЦохIого матIуялъур
ДандчIвалел нилъер берал.

Дица бетIер хьвагIула,
Дуца бетIер кIичIула,
Цинги кIиялго релъун,
Ралъад гьелчезабула.

* * *

Гьал цо дир захIматал, квешал макьаби, —
Кинабго пачалихъ гьаб нилъер рукъищ?
Рекъе, дир хирияй, нилъер бугелда,
Балагьуге дуца цогияб дунял.

Цогияб щиб бугеб, Дагъистан гуреб, —
Дидани батичIо кив тираниги.
Доба рагъ, гьаниб рагъ, гьал чиновниказ
Чоргине гьабураб кечIги гIасруги.

Разилъе, хирияй, нилъер бугелда,
Цере ругел гурехъ нахъги балагье.
Цоги бахIарчилъи, цогиги ияхI
Нилъер кьурабаца кьечIеб дандчIвачIо.

* * *

Дир кечI, дуда гьарула,
Дун херлъиялъ гьикъани,
Рокъов гьечIин гьевилан,
Абе гьеб гьоболалда.

Абе гьелда, жеги дилъ
БахIараб гIищкъу бугин,
ГIанса дие кIваричIин,
ЧIумалги хIажат гьечIин.

Абе, дун цо ясалгун
Расаялдаги рекIун,
Каспидал карачелалъ
Кеп-гIоркьалда вихьанин.

Абе, ЧIикIаб ГЭСалъул
Кьурабалъан харун ун,
Хадур гIолохъаIбиги
Гъоларого танилан.

БетIер дир чарлъаниги,
Чорхол чIоло лъикI бугин;
ЧIорги дир газаргъодул
Гор бакьулъ щолеб бугин.

ЦIроберал раниги,
Дир беразда цIа бугин;
ЦIураб лълъар борханиги,
Лъамияб калам гьечIин.

Абе гьеб гьоболалда,
Дунги дир асаралги
Пенсиялде ун гьечIин,
Домино хIалел гьечIин.

Мемуарал хъвазеян
Сонкъаси къасд гьабигун,
Цо гIаданалъ къвалги бан,
Къалам гIодой бортанин.

Абе, агьан, угьилан,
Угьди, зигарди гьечIин;

Абулебги рагIулин,
ХъегIи дида лъаларин.

Абе гьеб гьоболалда,
Жеги хекко мех бугин, —
Харбий хIалцаца чIвалел
Харабазухъе айин.

Гьединан бегьичIони,
Унтун вугилан абе,
Абе хванилан абун, —
Херлъанилан абуге!

## ДИР ДАГIБАДУЛАСДЕ

Мунгун дун вагъиларо,
Вагъун дун бергьинаро, —
Бергьаниги кеп гьечIо,
Къуниги ургъел гьечIо.

КъваригIун буго заман
КочIоегин рокьуе,
Гьаб бокьулеб ракьалъе
КIвараб хъулухъ гьабизе.

КъваригIун буго заман
Больницаялде ине,
Унтарахъе ваккизе, —
Дунгоги унтун вуго!

КъваригIун буго заман
ЦIвабзазухъ балагьизе,
ЦIадазул чвахияца
Бицунеб мацI бичIчIизе.

КъваригIун буго заман,
Хваразул занахъе ун,
ГIумрудул, дунялалъул
Дагьаб пиюру гьабизе.

ГIагараб росдаеги
Инсул тIалъиялъеги

БетIералъги ракIалъгн
Налъи бецIун тIубазе.

Дун питна, дагIбаялде
РегIун гьечIо, кIваричIо, —
Ралъдалъ бугеб гамие
Гаваналда руоби щай?

Дун гIиюдал чи пуро,
ГIищкъул кочIохъан вуго, —
Гьал гIисинал къудкузе
Тела къецги дагIбаги.

Къеркьейги рокьиги дир
Буго тIолаIбго гIумру, —
Къеркьела щибаб рокъоб
Бакъгин рекъел букIине.

Мунгун дун вагъиларо,
Вагъун дун бергьинаро, —
Бергьаниги кеп гьечIо,
Къунити ургъел гьечIо.

## УРХЪУЛА

Дун урхъула хIанчIазда, —
Гьезда хIилла лъаларо.
Лъимал рихьун вохула, —
Гьезда жахIда лъаларо.

ГIидраялда гьал кьагIи,
КьогIаб рагГи лъаларел;
Кьурулъ, зодихъ дол цIумал, —
Дозул бугаб узденлъи!

Дун урхъула цIурмазда,
РуханагIан рохулел,
Дун урхъула цIвабзазда,
ЦIогь, хъантIи, рагъ лъаларел.

Бахиллъула рохьазда,
Рохьоб щибаб гъветIалда,

КигӀан гьури пуниги,
Гьареси бицунарел.

Рассчет, рищват лъалареб,
Лъиениги хӀеличӀеб,
ХӀаким вихьун къуличӀеб
Дуда урхъула, Казбек.

Шибго карьера гьечӀел,
КочӀолъ халтура гьечӀел,
ПасихӀаб Койсу, Волга,
Ккола нужелъ дир жахӀда.

Иццал, нужер берцинлъи,
Ралъад, гьеб дур гъварилъи,
Байдан, дур парахалъи
Кье гьал дир пикрабазе.

ТӀабигӀат, гьеб дур гӀакълу,
ГӀажаибаб устарлъи,
Инсан хадуб гӀунтӀичӀеб
Балъголъи рагье дие.

* * *

Буго дунялалда кӀудияб диван,
Дунги вуго гьенив цо нугӀлъун ахӀун,
Гьал цо гӀузрабазе гӀайиб лъил бугеб
ГӀаламалда лъазе дуца бицеян.

Унеб буго диван. Дун ахӀун вуго
Векалъул такъсирал рехсолеб рокъой,
Гьезий тамихӀалъе хӀукму къотӀизе
ХӀужаби ратизе кумек гьабеян.

Улеб буго диван, дида судияс —
Саназул намусалъ гьикъулеб буго:
— Дуда лъалищ, поэт, гьаб диваналда
Гьереси бицани букӀунеб тамихӀ?

Унеб буго диван, диванчагӀазе
Дица, тӀаде вахъун, жаваб гьабула:

— Дида лъалин гьерсий нугІлъи гьабуни,
Поэтасе тамихІ цохІо хвел бугин.

Унеб буто диван, дун хІадур вуго, —
Кье дурго сулала, согІав судияв.
Гьаб ракьалда бугеб ритІухълъиялъе
БетІер къотІизе дун разияв вуго.
Унеб буго диван...

## ЦО УЗБЕКАЛЪУЛ АЛЬБОМАЛДА ХЪВАРАБ

Дур тІурччинаб гурдеда
ХъахІилал клетка|би,
Композитор Ашрафил
Нотабазда релълъарал.

Мунги гьабсагІаталда
Музыкайилан ккола,
Бакъаналъе камураб
КечІалда релълъуна дун.

Столалда нахъасан,
БетІерги гъежде кІичІун,
Мун цо гъоркье арай куц! —
Микьго хІокІилаб болъо.

Дун балагьун хутІана, —
Дуца ретІунеб пальто,
Горбода цІахІилаб цер,
Цадахъ хьимулев узбек.

Мун ана, дунги ана, —
Дунял хъвалхьун бикьана.
Дун къел ракьанда вуго,
Кьокъана дур машина.

КъватІал чІван гьеб тІерхьана
Цо гьундузул цололъе.
Цин бакана, цин свана
Сардилъ гордухъ дур чирахъ...

Квасквасулги бакъулги

Бакънал рокьулей дуе
Рокьул кечIищ ахIилеб? —
Кьалищ лъазе гьабилеб!

***

Бокалалда жаниб чогърол камиллъи,
Цо гьеб кенчIолеб куц, гьеб тьимулеб куц!
Дица гьеб гьекъана, жаги гьекъаца,
Гьеб батараб, унго, хиянатаб жо.

Гьелъ дир гIакълуялъе кьун щинаб гIазаб,
Гьеб гIадалаб кепалъ тараб квешаб лъалкI.
Цо сахлъи гьечIев дий сайигъаталъе
Нусго унти кьуна, ургъелал кьуна.

Гьез дир бакъназулъа бакъ хъамураб куц, —
Чан камплаб гьунар гьеб лъималъ чIвараб!
Гьелъ дида рихарал рохизаруна,
Дидаса рохарал пашман гьаIруна...

... Бокалалда жаниб чагъир кинигин,
Чан гьимулев «гьудул» дида дандчIварав.
Гьез дун гуккарав куц, кечI хъачIлъараб куц,
ХIанчIарал куц килщал квер босараца.

***

Их щун, тIаде бараб гIазу биингун,
Ялъуни гIемерал цIадал раралго,
ГIеккон магIу тIолеб минаялъул тIох,
ТIинкIго тIинкI, тIинкIго тIинкI — накIкIазул магIил.

Эбелалъ гьеб мехалъ гIеретIги тIарсги
ГIедегIун чIарбида лъолел рукIана.
ТIубарал къояца, тIубарал сардаз
Сас гьечIо, рагIула гIицIго тIинкIго тIинкI.

Цо-цо букIунаан, гъапуллъун хугIун,

Хадуб гIеретIгун тIарс тIасан чвахулеб...
Огь доб гIекколеб рукъ, добго тIинкIго тIанкI,
ТIохде балеб цIадал пашманаб бакъан...

... Дида гьеб ракIалде щола кидаго,
РакI гIекколеб мехалъ тIинкIго тIпнкIилан;
ТIекъал, мекъал ишаз къварид гьарурал
Гьаб дуниялалъул лъимал дандчIвайгун.

Улбузул ургъелал, яцазул унти,
МагIилги бидулIги даим тIинкIго тIинкI...
ТIасан унеб буго гIеретIги тIарсги —
ГIекколеб буго дир керенги ракIги.

## ДИР ГIУМРУ

— Къокъабги халатабги нухищ гьаб?
— Нухги буго, дир гIумруги буго.
— Къваридабгин гIатIидаб дир рукъищ гьаб?
— Рукъги буго, дир гIумруги буго.
— НаIкIкIилабгун бакъулаб къойищ гьаб?
— Къоги буго, дир гIумруги буто.
— ГIаздалабгин цIадалаб мегъищ гьаб?
— Мегъги буго, дир гIумруги буго.
— Рохарабгун пашманаб кечIищ гьаб?
— КечIги буго, дир гIуадруги буго.

* * *

— КIудияб ракь, рокьуе
— Бекьизе бакI бугищ дур?
— Бекьана гьеб, кьуна пихъ
— Гьуинабги кьогIабги.

— КIудияб ракь, щцидае
— Дуца гектарал танищ?
— Тана, гьениб гIезегIан
— Зазги мичIги бижана.

— КIудияб ракь, ракълие
— Бакъги цIадги кьунищ дуй?
— Гьел кIиялго къочичIеб
— КъанагIатаб тIанкI гьечIо.

— КIудияб ракь, рагъазул
Ругънал ругищ дур чорхолъ?
—Руго, гьел тIагIунаро, —
ТIолеб би, тIолеб магIу.

ТIухьи каранда, рекIелъ,
КIкIуйда гъорлъ жаназаби, —
Жакъа бакъ баккудехун,
Метер бакъ тIерхьудехун...

— КIудияб ракь, ритIухълъи,
— БакI бугищ гьелъие дур?

— БитIун чияс бекьани,
— Дун гьесие бокьани,
— Бакъ, зодосан гIадинан,
— ГIодосанти букIуна.

ГIадан гьев вуго устар
Жиндирго чIаголъидал,
Гьев вуго чIвадарухъан
Жиндирго гIумруялъул.

## ГIУРХЪИ

РитIухълъиялъул гIурхъи
Лъица бахунеб бугеб? —
Балагьилин паспортахъ,
Гьикъилин жив-жнвасда:

— Щиб гьаб гьим-гьимилеб бугеб?
— Цебегосеб гьереси...
—Гьай царал рачI, царал рачI,
БачIинаго лъана мун.

— Гьал цоял лъил хвенехал?
— Хиянатгун рекIкIалъул...

— Огь, борхьазул кIичIарди,
— Рихьулищ палугъа|би.

Намусалъул сангарал
Сунца рахунел ругел? —
Сверун гIодор чIезарун,
АхIилин диваналде:

— Дур цIар?
— Гьекъел, ахIмакълъи, —
— Дун гIакълуялъул тушман.
— Дур цIар?
— Викъарди, даран, —
Дун къадруялъул тушман.

— Нуж щал?
— ХъантIи, хъачагълъи.
— Нуж щал?
— Хъублъи, чамгIаллъи.
— Нуж щал?
— Чинги хъулухъги,
— Хъатиргун адаб чIварал.

— Бице, гьаб рокьул гIурхъи
— Лъий бахине бокьулеб?
— Рогьояб питнаялъе,
— Пикру гьечIеб щциналъе...

Гьединан цолъун буго
Цоцалъ азарго квешлъи,
Кибго дуниялалда
Рекъелги бакъги чIвазе.

Дир кечI, дуда гьарула:
Рокьул гIорхъода букIа,
ГIакълу лъукъунпутIизе,
Лъукъаниги бертьине;

Балагьал рагъаздаса
Гьаб дуниял цIунизе,
Пушкин, Шекспир, дир МахIмуд
Даимлъизе веказе.

* * *

Эмен, дуца хъвана кечI,
ГIакIадай кини бахъун,
Каранде лъимерги къан
ХутIарай эбелалде.

Хурий кватIунин абун,
Гьелъий Iгьабураб тамихI, —
Тамашалъи гьабуна
Кинабго Дагъистаналъ.

Дида гIинда рагIана
Дой гIаданалъул калам,
Дуца кочIол макъназда
Рекъезабун бачараб, —

Кинbackup

Гьазул кечI рагIуларищ,
РагIаби ричIчIуларищ?—

Инсул рокъоб гурони
Кинго макьу щоларел
Щиб жидеца гьабилеб
Гьал сардал-къояздайин.

Гьез зарал рукъун руто,
ГIисинал бахIарзаца, —
БихьичIого хвеларин
Хирияб Палестина.

Босилин Грснада,
Руссинин Гаиталде,
Гуро, ниж чIезе гьечIин
Чили эркенлъичIого.

Чияр къватIахъ гьитIинал
Гьазие макьу гьечIо,
Бокьулеб ВатIаналъул
ТIегь, кечIилан руго гьал.

***

Пайда босун хадуса
ТIокIаб къваригIунареб,
ТIагIел гIадаб жо бугин
ГIумруйилан абула.

Яшавалъул кьучI бугин
ЦIорол гIанси абула, —
Роол бакъ гьаларабго
Гьеб биуна, биххула.

ГIумру даим къалъулии,
Къоял даим хисулин,
Инсан, гьеб бичIчIуларев,
КIичIардулIин абула...

Дицани абиларо, —
Гьедин букIарабани,

БукӀинароан гӀумру
Даим дуниялалда.

Даимаб, биххулареб
Буго яшавалъул кьучI,
Гьелъул гъваридал кьалбал
КьуIрун, йохъ, рахъуларо.

Даимаб пикру, гьунар,
Даимаб пагьму, рокьи,
Бекьулеб хур, хъвалеб кечI,
Кидаго данм Пушкин.

КинабгIаги унаро
Гъобе ралъдал тIиналде,
ТIадмагIарухъ хутIила
Цо хабар нилъер рокьул.

* * *

Бокьула тIоцебесеб:
ТIоцебе баккараб бакъ,
ТIоцебе гвангъараб цIва,
ТIоцебехъе бараб цIад;

ТIоцебе бакараб цIа,
ТIоцебе цIалараб тIехь,
ТIоцебе клубалда
Дида бихьараб кино.

Бокьула тIоцебесеб:
ТIоцебе бараб гIазу,
ТIоцебесеб гIурччинлъи,
ТIоцебе бекьараб хур;

ТIоцебе сапаралъе
Цебе босараб хIетIе,
ТIоцебехъе дандчIвалеб,
Дир ралъадги шагьарги.

Вокьула тIоцевесев
Петр гьегьал пачабазулъ.

Гъалмагъ Юрий Гагарин
ТIолго космонавтазулъ;

ТIоцевесев дир поэт
Пушкин кидаго дунгун...
Бокьула Берлиналде
Бищун цебе щвараб танк.

Бокьула тIоцебесеб:
ТIоцебе босараб квер,
ТIоцебе Гъуниб кьурда
Черхалда бараб гъаргъар;

ТIоцебе чода нахъа
РекIинаюрай гIадан,
Дир рикГкIадаб ихалъул
КIоченчIеб гIищкъу, шигIру.

Бокьула бищун цебе
Дица абураб рагIи, —
Эбелилан букIана,
Эменилан букIана.

Бокьула тIоцебехъе
Дицаго ахIараб кечI, —
Улкаялде букIана,
Кидаго дун хисичIеб.

## МАГIАРУЛ НУХЛУЛАСДЕ

— Нухлулав, бице, дур эмен вугищ?
— Вуго.
— Гьедин батани, мун гIакъилав вуго.

— Нухлулав, бице, дур эбел йигищ?
— Йиго.
— Гьедин батани, дулъ намус-яхI буго.

— Нухлулав, дур рекIелъ «даци» вугищ?
— Ву. го.
— Вугев ватани, мун бахIарчи вуго.

— Бице, дур рекIелъ мадугьал, гьобол ругищ?
— Руго.
— Ругел ратани, дулъ адабги буго.

— Бице, дур рекIелъ гьудул йигищ?
— Йиго, йиго.
— Гьедин батаяи, ду. тъ рокьи буго.

— Нухлулав дур рекIелъ ВатIан бугищ?
— Буго, буго.
— Гьедин батани, дур гIумруялъул къоял
— ГIадада хвеларо. Мун сахав чи вуго.

## ГЬИРАЛ

Дуниял гьоко буго,
Гьакида гытрал руто,
Гьелда бан чIегIерабгин
ХъахIаб кIиго оц буго.

КIиго оц — гьаб сордо-къо,
Цоялъ цояб хисулеб,
Цоцазда лъурал гьирал,
Гьел гIадамал, къисматал.

Дуниял гьоко буго,
Гьелда тIад гьирал руто,
ГьитIиналгин кIудиял,
БакIалги тIадагьалги.

Руго халат хутIулел,
Руго хекко чIехьолел;
Руго гIункIкIаз кIал бачIеб
БакI течIел, чIорогоял.

Руго меседил цIурал,
Нус азарго сон барал.
Рагь-рагьаралги руго, —
Гъез гIодой хьалел мутьал,

ГIумруялъул пикраби,
Гьунаралъе кьураб мех.

Дуниял гьоко буго,
Гьелда тIад гьирал руго;

Жаниб гургайин абун,
ГанчIал лъуралги руго.
Жанир бутIрулин абун,
ТIагърал лъуралги руго.

Жанир чурхдулин абун,
Чухъби лъуралги руго.
Дуниял гьоко буго,
Гьелда тГад магьал руго,

Гьаказда рарал оцал,
Гъозда киса щиб лъалеб? —
Киналъуб бетIер бугеб,
Киналъуб тIагъур бугеб,

Киналъуб гьумер бугеб,
Киналъуб хвенех бугеб.
Унел руго гъол цере
Цо лахIзаталъ чIечIого, —

Дир чIаголъи, дир гIумру,
ГIадада хъудана мун!

* * *

Бидул рихьал, ток бутел
Кварал кинигин, руго.
Керен хъвалхьун, ракI буго
КIанцIун унеб къватIибе.

ГIурдада кIутIараб чу,
Жиб бухьараб кварги тIун,
Кквезе лъндаго кIвечIеб,
МугIрузде араб гIадин.

РачIа чучизе ччорбал,
РачIа угьизе хIухьел.

Керен-ракI, хIалхьи гьечIеб

Аэропорт гIадин, буго.
Унелги рачIунелги,
Хъудулеб щинаб мотор.

Пассажирал гIемерлъун
ГIолареб бакI, бугеб накIкI, —
Цоязда вичIчIанани,
Цоязда вичIчIуларо.

РачIа Чучизе ччорбал,
РачIа утьизе хIухьел.

Дир черх океаназулъ
Гамалъун чIвачIвадула,
Унго бутеб чIвай, хIинкъи
ГIасияб дунялалда.

Доба кьвагьулеб буго,
Гьаниб кьабгIолел руго,
Кьвари ракетчагIазул,
КьогIлъи атомчагIазул.

Чучуларищ гьал ччорбал,
Угьуларищ гьаб хIухьел!

Цо эбелалъул лъимер,
Бохдул къотIун, унтигун,
Улка тIаде бахъана,
Гьев лъилъизе гьавуна.

Дуниял — гIаммай эбел,
Дур гIадамал, дур лъимал
Гьел лъилъизе гьаризе
Операция гьечIищ?

РачIа чучизе ччорбал,
РачIа угьизе хIухьел.

***

Дун вуго шатьаралда,

Щивго дида лъалареб;
Дида рагІула шигІру,
Цо рагІи бичІчІулареб.

Дун вуго шагьаралда,
Лъидаго дун лъалареб,
Цо дир рагІи «Дагьистан»
Инсанасда лъалареб.

Щай дица чияр бажІин
РикІкІунеб рикІкІадаб ракь? —
Дир йокьулелда пархен
Буто цо гІаданалъул.

Гьанир дир лъималазда
Релълъарал лъимал руго,
Улбуца реэдулел,
Релъанхъулел, гІодулел.

Гьанибги цІадги бакъги,
ЦІада гІадал гІидраби,
ГІадамал нилъго гІадал,
ГІумруги нилъер гІадаб...

Огь, кІудияб дуниял,
Мун дир росу, дир ватІан,
Киб дуда цІа гъуниги,
Гьеб цІаялъ дун вухІула.

***

ТІамхал тІогьиллъигун, тІегь херлъарабго,
Кинлъи, канлъи, хІанчІи вахъ руссун ингун,
Гъасда хаслихълъиялъ, гордухъ хаселалъ,
Хиялаз, хІисабаз дида гьикъула:

Гьаб дур гІумруялъул кІичІараб нухда,
КІкІалахъ шиб хазина, аниш, тарабан.
Гьаб унеб векалда дур ракІ бухІараб,
АхІизе хІал кІвечІеб сарин кинабин.

Дшда жаваб кьола, гІадада араб

ГIурччинаб маялъухъ къварилъулин ракI;
Хадуб ракI бухIараб кIиго кечI бугин,
Киналго санаца дир рахIат чIвараб.

Цояб гьезул дица хехго ахIана,
Хадусеб ахIизе дун цIакъ кватIана...
... БетIер хьвагIулеб куц тIохил рагIалда
Цо тIадмагIарулалъ, дихъги ялагьун.

## РОГЬАЛИЛЪ

Рогьел щолеб сагIат, салам дир дуде,
Сардилъ гьалдара|б кечI гьале кагътида.
Канлъи рехизегIан кьижараб цIумур
Кьабизе, гьале, дун тIаде вахъана.

Дица кьуризаIбун кьурда балеб хIос,
Ахаде гирулел ганчIазул зигар...
Салам дуде, рогьел, кечI гьабизе дун,
Какде имам гIадин, вахъунеб заман.

* *  *

Нолъ сардилъги дида цере тIамуна
ТIагIам гIумруялъул чIвалел суратал.
Сундуе гьел ругел — гIундул гъугълъана
ГIагIаян релъулел риххарал гьаркьаз.

Сундухъ гьел гIодулел, сундуй хъудулел? —
Суратазул калам кIичI-кIичIулеб куц!
Цере чIола тIакълу гъанкъарал сагIтал,
Судулел куц ругъинал ахIмакъаб копол.

ЦохIо лахIзаталъул гьалагаб рохел, —
Гьумер квеIраз бахчун, дир ничаб гIазаб!
КIодолъиян ккаIраб дирго гьитIинлъи,
ГьитIинал ишазулъ рекIел кIодолъи!

***

КвербацIцIалъ риччарал кIутIби рацIцIана,
КIатIахIал, чашкаби, гъудрул чурана.
ЛъугIана юбилей, чIван бахъана хъат,
Хъудана моторал самолётазул.

Дица тIоритIана дир гьудулзаби,
Поездал эхеде, эхере ана.
Вагоналда цураб вагон кинигин,
Цоцалъ чIван хъудулел руго дир санал.

Юбилей, дуца гьел данде гьаруна,
Гьинде рарал мугьаз маккал киниги.
Макказ гьнн цин-цияб рахъалде цIала,
Нахъасан вортулев гьав чанахъан щив?

Гьев цо чанахъанас дир чундул — санал
Чан чIварал, чан тарал — гIумру керчаб рохь.
Квачараб гьороца ретIел бахъарал
ГъутIби гIадин руго нахъ тарал сагIтал.

***

Щенолеб гIисинцIад, тIадагьаб гьури,
Гьаб мехалъ рихьизе рокьулел рохьал.
ГIурччинал, тIогьилал, багIарал, хъахIал, —
Балагьула гъутIбухъ, гьозул шур-шур щиб?

ГIурччиналъ бицуна цо гIолилалъул,
ГIолохъанго дица бетIун тIегь кьурай.
ТIогьилалъ абула, гьей жинда лъалин,
Жегиги тIадеги камиллъун йигин.

БагIаралъ абула, хъахIалъ абула,
Хъизаналъул эбел — гьолъул лъикIлъиян...
Щенолеб гIисинцIад, тIадагьаб гьури,
Гьеб бокьула дие бокьараб ригьда.

***

Бекьилъа йокьулей жьечIо МахIмудий,
Кьибилалъ йичана гьей бечедасе.
Хъамуниги течIо гьей шагIирасе, —
Шагьра нух чIван ана чIегIсраб борохь.

Офицерасул вас Къебед МухIамад,
Гьес тIутIуна тIваби тIеренаб гурдел.
Гьесдасан гъару|рал васалги гIуна,
ГIащикъ игьелдерил болъода чIвана.

Амма наслабаца, Марям цIехейгун,
МахIмудил гурони цIар рехсоларо.
Заманабаз гьезул къиса цIехейгун,
Къебедил МахIаммад — къеда цо чIимих.

Йокьулей яхъизе шагIирасухъа
Щиб жо гьабуниги бажаруларо, —
Лаура кидаго Петраркал ниго,
Наталья кидаго Пушкинил йиго.

* * *

Лъабго кечI буго дир дун гьавилалде
Аза-азар соназ цебе букIараб:
Цо дир улка, гьунар, гьелъул цIар, гIакълу, —
Гьеб гIола, батIияб, тIокIаб кIваричIо.

КIиабилеб назму гьаб замана, век, —
Гьеб бичIчIизе кIвани, щибго кIваричIо.
Рохарал, къваридал къоязе кечI—нугI, —
Бараб къвал букIана рокIей аслияб.

Дир лъабабилеб кечI гьалдолеб рокьул,
Гьеб букIана чилъи гьаб дир черхалъул...
Лъабго кечI буго дир, дун хун хадубги
ХутIараца хъвалеб, хъван лъугIулареб.

**ЛЪУГIИЧIЕБ КЕЧI**

Огь, дир гьалдолеб кечI, бащадаб хъвараб,
Барщуге дидаса, дун унев вуго.
Дихъе тел бачIана гьоболлъухъ ахIун,
Пикрабазул рахсал тIуна шигIрудул.

Дун ахIулев вуго данделъиялде,
Доба доклад бу. го, лекщия буго.
Доба симпозиум саринчагIазул,
Суалал, мисалал ва масъалаби.

Доба коллешя, комиссияби, —
КучIдул рехун тезе чан гIилла бугеб:
ЦIияв передовик, тIубараб план,
Прием, чIвалеб хъат, юбилей, орден...

Дида тIаса лъугьа, сардал рогьана,
Сарин, мун лъугIичIо, дун унев вуго.
КъваггIиб улкаялде командировка, —
Кин инкар гьабнлеб Париж, Рим, Мадрид?

Бихxараб нух гIадин хутIараб кечIалъ,
Хадубги балагьун, бетIер хьвагIана:
Лйин, амма лъайин дуца гурони
Дун лъицаго цоги хъвазе гьечIолъи.

Дун дуца ургъараб, цо дур букIараб
РакI цогияз каранлъ дир лъезе гьечIеб.
Шавкъгун гIищкъуялъул гIасияв цIогьор,
ЦIакъ шаклъула дихъе мун вуссиналда.

Салам бице дуца щварал бакIазда
Бащадаб бессараб тIансадул рахъалъ,
Бекьулеб хутIараб дур хурул рахъалъ,
Кьабизе борхараб дур хонжрол рахъалъ.

Салам бице дуца къвал базе кколеб
КьотIноб тараб дурго гIищкъудул рахъалъ.
Мун нахъ вуссиналде гьеб нахъе ине,
Нахъ-нахъги балагьун, щайзе гуккараб?»

* * *

КIудиялин тола гьал гIадамаца
ГIемер санал рарал, гIалам тирарал.
Диени гIумрудул кIодолъи буго:
ГIакълуги, гьунарги, гьез гIуцIарабги.

Жегиги пихъ кьечIел гъутГби рихьула,
БутIрулги зодор цун, жал кIудиялин.
Жеги рокьи лъачIел рукьби рихьула,
Ракьалда рукIанин, дуниял лъанин.

Гъудулги рукIуна, цIумазде данде
ЦIикIкIун заман банин, къвакъвай бачунел...
Пушкингун Лермонтов цолъананиги, —
Цо Мартыновасул ригьде щоларо.

КIудижб — гьеб буго кIудияб гьунар,
Инкъилаб гьабуреб, «Полтава» хъвараб.
Дица дирго бетIер гIодой къулула
ГIолохъанIго чIварав рагъухъанасе.

Гьесул доб июналъ яти маялда
Мегеж жеги хъахIлъун букIинчIониги.
Йохъ, дица дий нусго сон гьариларо,
Цо паянаб сарин хъвалеб сагIат кье.

* * *

Рокьул къалиялъухъ къвачIа цIун бугьтан
Батула чIехьолеб цо-цо гьудулас.
Цо натI хIасраталъухъ кIиго натI хIусуд
Батана хIадурун дир лугбазеги.

Щибго абиларо гьеб дур цциналда, —
Цогидазде базе гIайиб хутIичIо.
Дун хIикмалъиларо дур кьвари бихьун, —
Чидае кьерулел гьедин рукIуна.

ЦохIо тамашаб жо — кинан цIунараб
Гьедин ццидашаб цIа цIорораб рекIелъ?
Цеве кканщинасе хIелулев дуца
Кин хIилла ургъараб дие гъваридго?

Амма лъайха дуда, дун вагъаравго,
Мугъ лъида чIваниги суризе вукIин.
Мугъзада речIчIараб гуллица чIварав
ЧIаго вуго шагIир магIарулазул...

## ХАСЕЛ БАЧIАНА

Борхараб ханжаргун бачIана хасел:
«Хал гьабилин гьанже, киве мун инев?».
Дида кIал гьикъана ццидалал гьураз:
«Цадахъ дол мугIрузде нижгун вилълъа», — ян.

Дун тIимутъги рехун, тIохде вахана, —
Ихдалил тьудулзай, гьанире рачIа.
Амма гьел, гьорохъе къудкул кинигин,
Къокъа-къокъа гьабун, цереса хьвана.

Рииялъ дий гIищкъул бицарал хIанчIаз
РухIарал ракьазухъ рокьи хисана,
ЖидерIго базабахъ, магазиназда,
Базаралда даранчагIаз кинигин.

Амма дир гыттIинаб мехалъул гьудул
Гьороде бадиве вачIунев вуго, —
Доба кьурабазда кьуркьудилаго,
Кьалда ругьунаб цIум боржунеб буго.

Гьелъулги дирги кечI цохIого буго:
РитIухълъи, лебаллъи, божилъиялде.
Дие бигьа гьечIо, амма гьороца
Гьанивги довеги чIвазавиларо.

## ЦО ГЬУДУЛАСДЕ

Диргун дир тушманасул—
КIиясIупго гьудул мун.
Дида лъазе кIоларо,
Лъица лъий гудур гьолеб?

Дуца дунищ гуккулев,
Дуца гъовищ гуккулев? —
Гъоркьан хьимхьилеб хвенех,
ТІасан жиржилеб гьумер....

Яги кІиялго гуккун,
КІал-мацІ бацІцІуневищ мун? —
Досий дун кІалухъ вахъун,
Дие гъов кІалухъ вахъун.

Цо-цо гьединаб хІалтІулъ
Фиаскоги букІуна.
Гьудул, дуца цосина
Мунго гуккичІониха!

* * *

Кереналда квер лъуна, —
Каранлъ жаниб гьечІо ракІ:
— Мун киб араб, киб араб,
— ИтаркІо, бице дида?

— Дир гьудул рикІкІад йиго,
— Гьейгун цадахъ буго дун.
— Диего мутІигІлъичІеб
— Гьелъие мутІигІлъула.

Гьелъ малъараб гьабула,
Гьелъул гьари тІубала.
Гьелъул магІу тІинкІани,
АокІой бачІун гІеикола.

Кереналда квер лъуна, —
Каранлъ жаниб ракІ гьечІо:
— Киб араб мун, киб бугеб,
— Бице дида, итаркІо?

— Дун балагье, батила
— Больницалда унтарахъ,
— Эбел-эмен камурал
— Къваридал беодалазухъ.

Балагьуге дуца дун

Гьегьал компаниязда,
Кагътал тIами гьарулелъ
Гьегьал кабинабазда.

Кореналда квер лъола, —
Каранлъ жан№б гьечIо ракI:
—Мун киб бугеб, киб араб,
—Дир камилаб итаркIо?

—Дихъе кагъат бачIана
—Васаз пашман гьаюлей
—Мискинай эбелалъул, —
—Гьелда аскIоб буго дун.

***

Эбел тарасе рогьо,
Эмен тарасе рогьо,
Амма ияхI тарасе
Азарго нухалъ рогьо.

Лъади тарал рихьана,
Лъимал тарал рихьана,
Амма ияхI таравгIан
Инжитав чи вихьичIо.

ВатIан тарав — бетIергьечI,
Гьудул тарав — гьаб ракIгьечI,
ИяхI тарав — щибгогьечI,
Щай вугеван лъаларев.

***

—Дур бадисан рачIунел
МагIил гарал кинал гьал,
МагIарул берцинай яс,
Лъица пашман гьаюрай?
Щив дица дуэлалде
Дуе гIоло ахIилев,
Щив дица диваналде

Дуе гІоло вачинев?

—Дун пашман гьавурав чи
Дуэлалде акІуге, —
Гьел дир эменги вацги,
Рагъдаса нахъ руссинчІел.
Дун къварид гьавурав чи
Диваналде вачунге, —
Бищумго рокьулеца
Кьунин дие гьаб гІазаб.

— Дур пашманал беразухъ
— Балагьун саназ чІезе
— Киса сабру босилеб,
— Сабаб гьечІищ дур унтуй?
— Гьалъие гІайибаІб — рагъ,
— ГьебгІан гІасияб балать
— ГІаламалда бижичІо
Я бижизеги гьечІо.

***

ЦІигьулдерил кьуру, дуда бихьараб
КинабгІаги дида бихьичІониги,
Бихьана гІемераб гьаб гІумруялда,
Гьелъин, мун гІадин, дун гІенеккун чІолев.

ГІагарал дир сиял, нужеда лъачІеб
Лъана дида саназгьал сапаразда.
Гьелъин дир каранда, дур кьурда гІадал,
КьватІалаби гьанже гІекколел ругел.

ЦІигьулдерил кьуру, роржунел цІумаз
Нужее бицанищ гьаб гІасруялъул?
Аза-азар саназ гьадин гІасияб
ГІаору киданипІ бихьанищ дуда?

## ЛЪИКІ ЩВАРАЛ

ЛъикІ щварал, щиб бугеб магІарухъ хабар,

ЦIадал ралел ругищ, хурзал лъилъанищ?
Харил щубалъ гIицIал хIатIал чуранищ,
ГьигIинаб замана раIкIалде щванищ?

Дун росдал чи вуго, росулъ буго яхI,
Доба—бахIарчилъи, доба—чIарал махI.
ЧIахIиял кин ругел, щпб доз абулеб
Улкаялъул рахъалъ, гIумрудул рахъалъ?

Кин бугеб тIалъидул тIабигIат, гьава,
ТIаде щиб бачIараб, тIаса щиб араб?
ИяхIги хIиллаги цIараб мехалда,
ЦIадирабиз нIибжо абулеб бугеб?

ГIузраби-щокълъи щиб, зигар-унти щиб,
Абулеб щиб бугеб жамагIатаца?
Бице, кьватIичIого ругищ кьураби,
Кьерилал кин ругел, дун чIалгIараб гIел?

Мотоциклабазул чвархъигун хIуралъ
Чода кьили лъезе биччалеб бугищ?
Дол авар нухазда щиб авария
Шоферас, шишагун рекъон, гьабураб?

МахIу беканиги галадуларел,
Унго, граммазищ гIодор тIамулел?
Гьадинги гьитIинаб гьаб нилъер миллат,
Миллат гьабичIони, кибедай ккелеб?

Бице, цIунун бугищ нилъер мацIгин цIар,
ЦIамгГал IгьабичIого, цIекI гьабичIого?
Бохалда лъураб бох хисулеб гIадин,
Хисулабцин гьечIищ гIамалгун гIадат?

Чагурги тIамурги тIагIинчIониги,
Гьанже дагьлъун руго Дагъистаналда, —
Нилъер гьаркьазеги ракьуйги бакъан
Рекъон кколеб бугищ балалайказда?

Яги гьел киналго цадахъищ ругел,
Цо-цо магьариги загсги кинигин? —
МугIрул гIидра квараб чахъдал гьаналъе
Чед жубан гьарурал котлетал гIаднн.

КучIдул гIемераб ракь—ГIахьвахъ, ЦIунтIацин

ГIарзал хъвазе куцун ругин рагIана...
Огь, цIияб гъазават, — гъулбасинчIого,
Гъудуз цIумал каIкун, хъвалел кагътазул!..

Гьезда гьеб чорокаб чабхъен щибжоян,
Шамилица цо-цо абуларебищ?
Гьеб чIанда тейилан, хурзал рекьизе
Хераца васазда малъуларебищ?

Гьанжеги бихьиназ, харбий гIодор чIун,
Хинлъизе гьарулищ ганчIал, чIалаби?
Ургъел, магьал, лъимал руччабахъе кьун,
Бачунеб бугебищ чадие наку?

ТIадегIанаб тIалъи, борцинал иццал,
Бицун хIал кIоларсб хIикмат, тIабигIат...
Хабар щиб магIарухъ, цIакъ чIалгIун вугин, —
Дора цIадал ранищ, хурзал лъилъанищ?

***

КIиго берцинаб бер цохIо надалда, —
ЦохIо дур кьунсрузул кьури гIолев дий.
Нуого хIанчIилаб кечI гьеб дур мацIалда, —
ЦохIо дур рагIиялъ гIадаллъулев дий.

Цин дора, цин гьанир паркъолел кверал, —
Цо килищ гьесани чIела поездал.
Мун ральдахъе ячIа, киналго гумуз
Цо дур гаваналде гьабила сапар.

Дуца гордо рагье, духъ балагьула
Бащдалдаса цIикIкIун гIакъилаб гIалам, —
ГIадалаб чIаголъи цIодор гьабизе
ЦIадулъ буго дир черх тIолго гIумруялъ.

Доба Версалалда матIабазул зал,
АнцIила анкьабго гвангъараб матIу,
Кибго: гьаниб, доба, доб цоялъубги —
Дур сурат, дур гьумер — дун паналъана.

Гьедин дунялалда дунгун цо йигей,
Дур гIемерлъи, унго, гIажаиблъула.

ГIаламалъул тIолго килисабазухъ,
Кодоб лъимерги ккун, мун данде чIвала.

Дир гьаб кIиябго бер, кIиго гIолебищ, —
КIинусго дагь буго духъ балагьизе.
Дир гьаб цохIо гIумру, анцIго щай гьечIеб,
АнцIабго дуй кьезе, дир гвангъараб цIва.

## ХАСЛИХЪЛЪИЯЛЪУЛ ТIАМАХ

ГъотIодаса бортараб
ТIамах дир гъежда чIана;
ТIабигIат, баркалайин,
Дица кодой босана.

ТIогьиллъараб гьелъ дида,
Хаслихълъи бачIун бугин,
Жиб бачIаннн дуда гьеб
Бицинеян абуна.

Дица гьелда абуна:
«Дидаги гьеб бицана
Рецарал гIурабазул
Хурдузде ба, ра. б цIадалъ.

Цинги роржунел хIанчIаз, —
Гьезул хIулаби ругин,
БухIараб Африкалъул
Адрес дида цIехолел».

ТIанхица дий бицана
ГIумрудул, заманалъул,
Занал рихьизаруна
Арал гьудулзабазул.

Гьепъ абуна: «Дурги ригь
Хаслихълъиялъул буги«,
Хеккого, дица гIадин,
Дурго гъветI дуца телин. »

Дица гьелда абуна:
«БитIун бугин, тIамах, мун,
Амма гьал дир кучIдузулъ

Рогьалил канлъи бугин.

Гьелъ дагъаб хьул букIунин,
ГъотIодаса тIеларин,
ТIогьиллъун гьород ине
Датъистаналъ теларин».

Дица гьелда абуна:
«Дир кар гIаздаллъун бугин,
Амма даим гIурччинаб
ГIаркьел цо-цо букIунин.

Дир бугин гьитIинаб лъар,
Гьелда цIер чIвазе гьечIин,
ЧIирчIидизе дун хинаб
Африкалде инарин».

## ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ РОХЬАЛ

Дида, Дагъистаналъул
Рохьахъ хал гьабурабго,
ХиIриял магIа, рулал
Иргадал цере чIола.

Цоял гъулдулъан раккун,
Цоял кьурул сиязда...
КьучI нилъер чагIазулги
ГъутIбузулгп релъльуна.

Цоял цIаяз рухIарал,
Цоял гIораз росарал,
ГIумругун тарих гьезул
Тамашаго цо буго.

Гьелъин дир ракI бакъвалеб,
ГъветI бакъвалеб бихьигун.
Гьелъин бетIер къулулеб,
Гьел къотIулеб мехалда.

Гьелъин дир ракI цIилъулеб,
ГъутIби лъалъалеб мехалъ,
ЛъаратIаги ЦIунтIаги
Рохьал хъудулаб мехалъ.

Огь, дир гъаларал гъутIби —
Гъункарал магIарулал.
Нуж гьадинги дагь руго,
Думалъ цIунизе юкола!

## ДИР БАКЪ

ГьитIинIго дий гвангъана
Гордо рагьарабго бакъ.
Гьелъ дун нуха регIана
Саназул сапаразда.

Санал гIемерал ана,
ГIумрудул авIгуст ана,
Гьанже дур бакъ дагьлъанин,
Декабрь кIалтIа чIана.

Бакъ ана, дуда аскIов
ВукIайилан дунги тун,
Гьеб мугIрул кьолодаса
Кьижизе ана рохьой.

Лмма гьелъул гIаламат
Дур гьурмада хутIана,
Гьелъул хинлъигун канлъи —
КинабгIаги мун йиго.

Гьелъин дица кидаго
Ихдалги хасалоги
Дир хирняб бакъилан
Къойил дуда абулеб.

* * *

Дий макьу щолареб щай дида лъала,
Мун щай кьижулареб, кьурабазул ихх?
Дун щай пашман вугев, руго гIиллаби,
Мун щай пашман бугеб, гьайбатаб гIидра?

ГІагарлъи кьаллъунищ, кьибил барщунищ,
НекІсияв гьудулас гьерсал рицунищ?
Доба больницалда дару лъалареб,
Лъилъулареб унтул гьалмагъищ вугев?

Нужеда тІасанги гІарзал хъвалелищ,
ГІидрадул, лъаразул доносчикал щал?
Доба борхалъуда щив хІакимасде
Щурщудулел ругел нужер рахъалъан?

Ялъуни нужеца, гІайиб гьечІого,
ГІисинал цогидал къварид гьарунищ?
Гьел нужер бакъназул рикъардухъай щал?
Рикъулелин абун автор лъаларнщ?

Нужер чийищ хварав, чуйищ камураб, —
КечІ—бакъан гьадинаб эркенаб кинаб?
Божаразул гьерсаз нуж гуккуларо,
Гьудуласул цциналъ нуж лъукъуларо...

Дий макьу щола: реб щай дида лъала,
Мун щай кьижуларвб, кьурабазул ихх?
Дун щай пашман вугев, руго гІиллаби,
Мун щай пашманлъулеб, гьайбатаб гІидра?

## ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХІАКЪАЛЪУЛЪ КУЧІДУЛ

* * *

Дуда лъа, сородулев
Бихьинчи данде чІвани,
Гьев дагъазул чи гуро,
Дагъистанияв гуро.

Дагъистанияз чанги
Чукъа сорозавуна,
МугІрузул ватІаналъул
Щибаб гъотІода лъала.

Намусалъ рехун тарай
Яс дуда данде чIвани,
Гьей дагъазул яс гуро,
Дагъистанияй гуро.

Дагъистаналъул ясалъ
Босула хIайранго хIетI;
ХIорихъ ордек киниги,
БукIуна лъедолеб моцI.

Гьалбал рещтIараб мехалъ
Гъванщиде квер бегьулел
Дагъистаниял гуро,
Дагъистаниял гуро.

Дуниял, гIалам бачIа,
Бакун буго гъастIа цIа, —
Гьеб мугIрул каранль буго,
Кидаго гьеб сунаро.

* * *

Цо квералъ гIуцIана гIагараб тIалъи,
Цогиялъ цIунана мун цIаялдаса.
Амма цIа хIаллъигун, кIиябго квералъ
ЦIунана, Дагъистан, дур васаца мун.

Дица цояб квералъ хъвала дуде кечI,
Цогиялъ, къвалги бан, къала каранде.
Амма къо бачIани, панаяб кечI тун,
Гьаб кIиябго квералъ кодоб кквела мун.

Дур гIадатлъи лъачIел, гIамал лъалаIрел,
ГIинда тIагърал лъурал рихьула цо-цо, —
Жал борхалъиялъул бутIруллъун ругин,
Мун мутIигIаб бугин хъулухъ, цIаралъе.

ЦIарги бетIеIрги мун нилъер халкъалъул,
Дудаса борхатаб хиялцин гьечIо,
Халатал сардазда рикIкIад цIвабзазда
ЦIехола мутIигIго дур рахъалъ дица.

Диде рагIи абе, жаваб кьеларо, —

Кьвагьила гІарада дуде кІалъани.
Дун гІорхъода хвела дур берцинлъидул,
Бицун хІал кІолареб дур лебаллъидул.

Гьал дур зобалазда цо бер халкъалъул,
Цогияб дур хурухъ хал гьабун буго...
Гьаваялда накІкІал бакІлъулеб мехалъ,
Магъилъ киналгІаги дур жамагІатал.

## КАСПИ РАЛЪДАЛ ХІАКЪАЛЪУЛЪ КЕЧІ

«Ихдаде мугІрузде гІиял руссуна,
ГІищкъудул кучІдулгнн хІанчІи рачІуна.
Нуж кире гІодоре, тІалъидал гІорал?» —
ГІажаиблъи гьабун вукІунаан дун.

«Кин кІолеб, гьаб ракь тун, кьурул ахада,
**Кье н**ижей нухилан, гьадин хъудизе?
Гьаб Іберциилъи унго гІоларогониц?»—
ГІабдалзабийилан кІалъалаан дун.

Санал гьоркьор ана, Каспий бихьана —
Койсуязда макьу лъалареб бусен,
Берцинаъи, кІодолъи, кьералгин бакънал,
Бакъалъе цин гордо, цингиги матІу.

Гьеб мехалъ абуна дица гІоразда:
«ГІайиб гьечІин нужер, дида бичІчІанин.
Дунги цадахъ ваче нужер чвахияз,
ХъахІал чайкабигун гара-чІваризе».

## ГЬАРУЛА

Беразда гьарула, лъикІ балагьейин
ТІабигІаталъухъІги гьаваялъухъги...
Балагье мехалъухъ, балагье нухлухъ,
Эхеде унебги эхей унебги.

Балагье гIадамахъ, гIишкъу ккаралъухъ, —
Кибехун бугеб кГкIал, киб бугеб мегIер.
Балагье рекIунеб чодул щанкIлазухъ, —
Щиб нахъа хутIараб, щиб цебе бугеб.

ГIундузда гьарула, лъикI гIенеккейин
ГIурул чвахиязухъ, гьорол сасалъухъ,
Азарго соназул гIакъилзабазухъ,
ГIумруялъ нахъ тарал чвахарал иххахъ.

ГIенекIке бакъназухъ авар кучIдузул,
Аллагьасе балеб какалъухъ гIадин.
ГIенекке иццахъги океанахъги, —
Лъе квер каранда тIад кшI ракI кIетIолеб.

Цингиги гьарила дир кечI — хIанчIида
БорчIайин, бачIайин, боржайин дихъе.
БачIанищ, гьикъила бакъназда дица:
Беразда бихьараб, гIинда рагIараб.

Гьелъул магIна бичIчIун, ахIараб кечIалъ
Корен бухIичIони, чIвазе вегила, —
Гьеб рагIун дидаса инкар ккурай ясс,
Керен цебе цIутIун, данде ячIина.

* * *

ХутIараб хутIила, хутIичIеб ина,
Хиял гьелъул гуро, цогияб буго.
Цояб кечI букIина, цояб кIочена,
КIвар кьезе кьучI, аслу гьеб гуро бугеб.

Аслияб щиб бугеб, аслияб буго
Гьаб жакъа тьабураб гьитIинаб лъимер...
Огь, дида бихьула эбелалъ кини
Кин хIинкъадго къварид бугеб кIикIулеб...

Гьалъ гьикъулеб буго: «Дунялалъул рукъ
Дир хIинчIалъе хIадур, къачIан бугебищ?
Гьалъие рокьула роржунел маккал, —
Роржунел ракетал кисан рачIарал?»

Щиб жаваб гьабилеб гьаб суалалъе, —
СанагIат гьечIеб рукъ — цIияв чиясе, —
Даим тушманлъийищ ирсалъе телеб
Умумуз васазе, огь, согIаб дунял!

* * *

Дунгияли дунги гьвегоги гьвеха —
Гьадасулги гуро, досулги гуро,
Дир Дагъистаналъул, дир улкаялъул, —
Гьез абуралъуве кивго вортула.

Дир мугIруз пиштIигун, гIор бахун щола,
ГIораз ахIваравго, хIап! — кIватIуларо.
Дица квер чIикIула дир йокьулелъул,
Макьаби цIунула сардилъ лънмадул.

Дун ккуни кколеб жо ритIухълъи буго,
БатIияб цогияб рахас дий гьечIо.

***

— Гъваридаб, гIатIидаб гIор,
— Дур гIодой биччай кинаб?
— Дида гIемерал веказ
— ГIемер дунял бихьана.

— Жеги гIоргун жубачIеб,
— МугIрул лъар, дур кьурди щиб?
— Кьураби чурун дица
— Ралъад гьелчезабила.

— ГIаздалъ тIупараб мегIер,
— Щай мун гIенеикун чIараб?
— ГIемерал ратъал рихьун,
— ГIемерал ругънал рихьун.

— МагIардасан гирулел,
— ГанчIал, нужер чвархъи щиб?
— Гъоба кIкIалахъ рукIина
— Ниж кIудиял кьураби.

— Мегеж хъахIлъарав гIакъил,
— Дур гIодове къули щиб?
— Къиса гIемераб рагIун,
— Къпсмат халатаб бихьун.

— Кинида гьитIинаб тIинчI,
— ЧIчIичIчIидилеб щай бугеб?
— Дун щвелароб бакI гьечIо,
— Дий щвелареб рекIкI гьечIо.

## ГЬАЛМАГЪ ЦАДАХЬ ГЬЕЧIОГО

— МугIрул чIван эхей араб
— Иццул лъар киб тIагIараб?
— Авлахъалда билана,
— Гьалмагъ цадахъ гьечIого.

—Рохьазда букIараб чан
Бихьулареб кин дида?
— Ккана гудрал гъуцIдукье,
— Гьалмагъ цадахъ гьечIого.

— МагIарда гьайбатаб гъветI,
— Щай гьороде соролеб?
— Гьадинан дунго хутIун,
— Гьалмагъ цадахъ гьечIого.

— Гьудул, нух щай чIалгIараб?
— Щай дур ракI чIунтун бугеб?
— ЧIаголъи щай рихараб?
— Гьалмагъ цадахъ гьечIого.

— Щай бокал гьекъолареб?
— Гьалмагъ цадахъ гьечIого.
— КочIол тату щай гьечIеб?
— Гьалмагъ цадахъ гьечIого.

— Дун щайзе гьанжелъагIан
— Дунялалда хутIарав, —
— Нусго хвелалъ гьоркьов тун?
— Гьалмагъ дир аскIов вукIун.

* * *

Азарго гIунгутIи букIананиги,
Цо гIаркьел букIана дур бокьулеб дий.
Даимаб гIурччинаб гьелъул сас, рагIад
Сундухъго хисилин хиял букIинчIо.

Нусго согIаб гIамал дулъ цолъаниги,
Цо гIоно букIана гIажаибаб дур.
ГIенеккулаан дун, цин кIалъалелде,
КIицIуса ургъулел дур богIолабахъ.

Бокьараб жо бице, ца тIехIинаро,
Цо гъанцIа букIана дир ракI цIалеб дур.
Къого чIимигIалъулъ цохIо чIагояб,
ЧIахъаги, гьеб гIелин вукIунаан дун.

Гьанже щибха ккараб—гьеб мурадгин хьул
ХьуцIлъана, бецIлъана, тIубан чоргана.
Магьилъ рукIкIен гIадин, билараб намус
Москваялъул барахъ дида батилищ?

Амма кватIун гьечIо, тIвайилан абун,
ТIаде вахъун каранлъ, маян, зар базе.
Жеги заман буго, чIвайинги абун,
ЧIарада иццазул бакънахъ гIодизе...

... Азарго гIунгутIи букIананиги,
Цо гIаркьел букIана дур бокьулеб дий...
Гьанже гьеб макьилъищ, ракьулъищ бугеб
Ялъуни букIараб рокьулъищ бугеб?!

* * *

Кьурдухъаби кьурдула
Доре — гьанире кIанцIон, —
КигIан хъат кьабуниги,
Кьурдуларо араб мех.

Чуял, рекерун унел,
Нахъе цIазе бегьула, —
КигIан нахъе цIаниги,
Нахъ буосунаро заман.

Берцинаб, лъикIаб бакъан
Такрарлъизе гьабула,
Амма такрарлъуларо
у\раб къоги сордоги.

Борхараб лълъар щIидасан
ЦIезабизе бегьула,
ЦIидасан—херлъарахъе
ГIолохъанлъи кьоларо.

ГьедиН букIарабани
Бугеб-гьечIеб кьелаан,
Микки къвалакь бежулеб
Дир къого сонил ихдахъ.

***

Дир гIумру — гьетIараб гъветI,
Гьелдаса тIурал тIанхал
ТIокIал нахъ руссунаро,
Сариназ цIуничIони.

Дир санал — гIаркьалаби,
ГIищкъуялъ цIуничIони,
ГIодоре гьел рортани,
Росун ина гьороца.

Дица баркала кьола. —
Дир Кавказалъул санал,
КигIан рикIкIалъаниIги,
ЦIунана Лермонтовас.

ЦIа бакарал магIарул

ГIищкъул некIисял сардал
Сайигъат гьаруна дий
Даимав МахIмудица.

Гьаб жакъасеб бакъгин къо
Цогияб къарнуялъе
Дир къалмица цIунани,
Дун цIакъ талихIав вуго.

ЦIуничIони щибилеб,
Дир щигIрудул хабада
Цо гьитIинаб зани чIвай,
Зазалъ бахчеян абе.

## ГIОЛОХЪАНГО ВУГИН ККУН

МагIарда гIазу-гьури,
ГьетI-гьетIараб цIорол нух,
Дир гьенив вахине къасд,
ГIолохъанго вугин ккун.

Жеги нухлул ахада
Бадибе пулеб гьури.
Бохдуз дида абула,
Дур гIолохъанпъи анин.

КIкIалахъ гьалаглъараб гIор,
Гьаниб-добе гьелчолеб —
Дун гьеб бахинин вуго,
ГIолохъанго вугин ккун.

Цо лъабго квачI балелде
Карачелаз абуна,
Киве мун ахIмакъилан,
Дур гIолохъанлъи анин.

Сверуда сверулеб лълъар
Дица гьоркьоб толаро.
ТIей лъала, тей лъаларо,
ГIолохъанго вугин ккун.

Цо лълъаралъ дун кеплъула,

КIиабилелъ тохлъула;
Лъабабилелъ абула,
Анин дур гIолохъанлъи.

Кьурдула, чу кьолола,
ГIанчIал ясал рокьула,
Гьезий гIищкъул бицуна,
ГIолохъанго вугин мкун.

ГIолилалъ елъулаго
Дихъе матIу бегьула:
«Балагье дурго гьурмахъ,
Анин дур гIолохъанлъи».

Дица дирго кечI ахIун,
Пандурги хъван, гьикъула,
Гьаб хIакъаб хабарищан
Хваравиц дун гьанжеян.

КечIалъ жаваб гьабула,
Жеги мун чIаго вугин, —
ЧIаго вугевгIан мехалъ
Ду. тъ гIолохъанлъи бугин.

## РАГЪУЛ САНАЗУЛ КУЧІДУЛ

ГIемерал бакънал руго
Бакъ-моцI хъатиниб лъолел,
ГIемерал кучIдул руго
Куркьбуз дунял тирарал.
Амма гьал хасал руго
ГьалгIан хириял гьечIо —
Хвалда цере ахIарал,
Рагъул кIкIуйдулъ рижарал.

Рагъул саназул кучIдул,
Рагъул саназул бакънал!
Щиб сарин ахIаниги,
Гьезухъе нахъ руссуна.

Щибаб рохьалъул назму,
Щибаб гIоралъул сарин,
Цояб гъасда ахIула,

Цояб нухда ахIула.
Амма гьал гIаммал руго,
ГьалгIан гIатарал гьечIо,
Волгаялда ахIарал,
Эльбаялда рагIарал.

Рагъул саназул кучIдул,
Рагъул саназул бакънал!
Щиб сарнн ахIаниги,
Гьезухъе нахъ руссуна.

Окопал тун хъурщарал,
Шинель тIаса бахъичIел,
КIочон толарел санал,
КIочон толарел бакънал!
Гьел бакъназе гIинкъаца
ГIундулгун берал рагье, —
Балать дуниялалда
ТIокIаб букIунгутIизе.

Рагъул саназул кучIдул,
Рагъул саназул бакънал!
Щиб сарин ахIаниги,
Гьезухъе руссуна нилъ.

## БОЛЬНИЦАЯЛДА

Жакъасаб шамат къо, метер базар къо,
КъзатIиб гIазугин цIад, гIолареб хинлъи,
ТIеренаб хьул гIадин, хьухьикь дагьаб нур,
Гордо рагьунилан, гьеб бачIунаро,

Гордо къананнги къварилъула ракI,
Къаидалъо кГвекIула, щолареб макьу...
Цо шиша батана, босана кодой, —
Коньякилан абун, цо цIекIел буго.

Хъизан рикIкIад йиго, тохтирги гьечIо,
Гьей ячIине жеги кIиго выходной, —
Выходнойго гьечIеб унтулги чIалгIен,
Огь, унел поездал, салам нужеде.

***

Огь, дир кьижичIого бихьулеб макьу,
Мун кочIолъе инчIеб камилаб гьава,
Гьоркьор океанал, аскIой гьимула,
Ахада гъоркь тарай цIвабзалъ паркъола.

Щиб жо век? техника? — тамашалъизе
ЦохIо рокьи буго ракьалда хутIун.
ГьечIо гIелмуялъул, жибго кочIолги
Ккараб гIищкъул гIадаб балъголъи, сихIру.

Миллион санаца бицунеб буго, —
Баян кьезе кIолев цо МахIмуд гьечIо.
ТIолго космонавтал сверулел руго, —
Рокъой тарай гьудул гьений йигилан.

* * *

Дир сагIат, дир гьудул, гьарула дуда
Дида цадахъ билълъа разведкаялде.
Дуда дир ракIчIола, ракI-ракIалъ бице
БукIунеб векалъул гьал дир кучIдузда.

Дир сагIат, дуца гьеб мекъи бицани,
БаIкънал дир муцIидул хьуцIилъ гъанкъила.
БачIунеб-унеб къо дида лъачIони,
КечI хутIизе буго хабар лъаларелъ.

Дир сагIат, лъугьараб гьунарги цIарги
КIиязго бикьилин, бакьулъа къотIун.
Билълъа дида цадахъ разведкаялде:
Векалъул, гIумрудул, гьалдолеб гIищкъул.

* * *

Гьанже дир ракIалъул кризис буго
Кивехун ваккилев, щибжо гьабилеб?
Пикраби, гьаб ботIрол унтиялъ чIварал.
БатIияб сундего регIулел гьечIо.

Гьанже лъидасаго ракI чIухIуларо,
Гьанже лъиданиги ражI гурхIуларо.
Архитектуралъе къваригIунареб
Къайи-тIагIел гIадин буго дир гIумру.

Гьаб цо комедия—дие кеп гьечIо.
Гьаб трагедия—балагьуларо...
Гьай берцинай гIадан, гьаб босулеб квер. —
Кинго рекIунаро гьаб свараб чирахъ.

Гуро, бачIун буго кIудияб унти,
Амма бокьун гьечIо дару гьекъезе.
Дару букIунебищ чIвараб кепалъе.
Гьаб рекIелъ рештIараб кIвахIгин свакалъе?

## ДИЕ БАКЪАН БАЧЕ

Дие бакъан баче, бакъназул аллагь, -
Бакъуца хасалил сардилъ абизе:
КиналгIаги чIварал чIаIголъанилан,
Киналго чIагоял хвезе гьечIилан.

Дие бакъан баче, гьаб дунялалда
Гьулак кIикIулареб ригь-мина гьечIин;
ЦIа свараб, цIорораб, гIицIаб, гьаримаб
Я гьансито гьечIин, я керсн гьечIин.

Дие бакъан баче, рукъ бухIадил яс,
Дагъистан квачГида чIезе гьабулеб;
Ралъдалъ гумуз гIадин, киналго мугIруз,
Карачалаби чIван, дунял сверулеб.

Дие бакъан баче, росу хвадил вас,

Хадув дун хваниги кІваричІин кколеб, —
Дуралда рекъараб дицаги бачун,
Ин бахун, дин бахун, добехун щолеб.

## ДАГЪИСТАНАЛДЕ КЕЧІ

Дир нуцІида цІумур бай,
ЦІурмида хъвараб мехалъ,
ЦІумур зваргъезе биччай:
Дагъистан, Дагъистанин.

Гьаб дир гъасда цІа баке,
ЦІа бакараб мехалда,
ЦІа кенчІезе биччаъ те:
Дагъистан, Дагъистанин.

МугІрузда цІумал роржа,
ЦІумал роржунсб мехалъ,
ЦІумал ахІдезе риччай:
Дагъистан, Дагъистанин.

Щобазда тІугьдул ракка,
ТІугьдул тІегьалеб мехалъ,
ТІугьдуз цоцазда шуре:
Дагъистан, Дагъистанин.

ТІинкІарабщинаб магІу,
РецІцІарал гІетІул гарал,
Гаргаде нуж цоцада:
Дагъистан, Дагъистанин.

## ПУШКИНИЛ ЗАМАНАЛЪУЛ КОЧІОХЪАБАЗДЕ

Цо-цояца абула,
Пушкин вукІинчІевани,
Нужер цІаразул цІваби
ЦІикІкІун кенчІелаанин.

Дос къине гьабунилан
Нужер гвангъараб гьаракь,
Гучаб гIоралъ гIисинал
Лъаразул кинигинан.

Цогияца абула,
Пушкин вукIинчIевани,
Нужер цIваби кидаго
КунчIизе рукIинчIилан.

Досул кьурда мугъги чIван,
Нуж чIаго хутIанилан, —
Кьолбол чIухIи букIине
КIудияв къваригIунин.

... Дир миллатги дир векги
Гьанже цогияб буго,
Цеве нужер мехалъул
Бакънал хъваралъ вукIинчIо.

Ва амма дир кучIдузулъ
Цониги цIва паркъани,
Пушкинил заманалъул
Вугин абун рикIкIе дун.

## ТIАСА ЛЪУГЬАДИДА, РАКI

Дуда дун барахщичIо,
Дица дуй гIазаб кьуна,
Мун кьижизе биччачIо, —
ТIаса лъугьа дида, ракI.

Мун кинахъго букIараб,
Киназдаго гурхIараб,
Дуда дун гурхIичIев куц, —
ТIаса лъугьа дида, ракI.

Рокьуца мун кIвежIана,
Пашманлъиялъ зурана,
Рохалица мехтана, —
ТIаса лъугьа дида, ракI.

Керен рагьун кьуна мун
РекIел гьудулзабазе.
Гьез хадуб мун лъукъана, —
ТIаса лъугьа дида, ракI.

Мун кигIан кутакаб жо,
КинабгIаги хIехьараб,
ХIалхьи кидаго лъачIеб, —
ТIаса лъугьа дида, ракI.

***

«Дир ракI, бице дуца цо дурго гIамал,
Цогидазда унго мун гурхIулеб куц!
Дуниял рагIалда квешлъи кканиги,
Каранда жаниб мун зигардулеб куц!

Лъукъараб хIинчI бихьун хIеренлъулеб куц,
Унтараб чахъдахъцин мун чапулеб куц!
Ливаналъул лъимал, доб Гренада,
Гуро, мун сардаца кьижулеб гьечIо.

Дулъ унтун бугеб куц доб Палестина,
Гьелъул кучIдул дуца макьилъ шурула.
Дуда кIочонаро Чили, сентябрь,
Сальвадор Альенде, дов Впктор Хара.

Сундаго гурхIулеб, лъихъго бухIулеб,
Щай мун гурхIулареб дудаго, бице?» —
Дир ракIалъ абула, живго жиндаго
Жегиги гурхIарав шагIир вукIинчIин.

Дунго цIунанани цIер чIвалин дида, —
Гьелдаса цIадуца бухIиго лъикIин.
БухIулеб бугин ракI гьаб дунялалда
Дораги гьанирги цГунулел ругъназ.

* * *

ГIакъилаб, гIадалаб замана гьечIо, —
ГIакъилал, гIадалал гIадамал руго.
ГIасиял, хIасратал сагIталги гьечIо, —
ГIасилъи, хIасIралъи гIадамалъ буго.

Абула, гIакъилаб букIунун рогьел, —
Июналъул рогьел — рагъищ гIакъилаб? —
Берал рагьулаго речIчIулеб гулла,
Гордо ратьулаго рсхулоб бомба.

Рогьалил дуэлал, чIвалел поэтал,
Пушкнн, Лорка, МахIмуд — кигIан гьел ругел!
Рогьалил кочIол мех — рагIана хабар
МагIарул халIКъалда, дир эмен хванин.

Рогьалилъ рагIула цIи-цIиял харбал:
Доба бакъ, гьаниб цIад, гъоба цIияб би...
Гьеб бакъвалеб гьечIо азарго соналъ, —
Аллагьас малъараб босичIеб улка.

Абула, мех байгун, чи гIакъиллъулин, —
ГIаламалъ банщинаб, унго, замана!
Дие жаваб гьабе—щиб гьаб гIасилъи?—
ГьечIо Хиросима сахлъулсб кинго.

## ЦIИ ГЬАБУРАБ ЛЪИМЕР

ГьитIинаб тIогьоде кIудияб божи,
КIикIулеб кинидахъ океан — ургъел...
Вущараб рижиде жирулеб бугеб
АнцI-анцI Хиросима, нус-нус Сальвадор...

Бице дур маржанул магIил **гарица**
Гьарулеб щиб бугеб, щуб ккараб гIидра?
Рогьалил хъахIиллъи, бахIарай эбел,
Дур бухIи кинаб гьаб, даим хIинкъараб?

Эбелалъ абула, лъимер данде къан:
Дирго ургъел гьечIин, гьаб цIудул бугин,
ЦIияб век хисулеб гIорхъоде щвейгун,
Бищунго цебесеб гIишкъудай къураб...

Азарго къарнабаз къачIаданиги,
КъачIан гьечIо гьасий гьулак — зобгин ракь.
КъачIарабги буго цIакъ рахIат гьечIеб,
Цо цIадал къандалъо къаданиб лъураб.

Дица бицинаро гьаб гIаламалда
ГIумруялъ бихьараб, дидаго лъараб,
Балагьула сверухъ, сородула черх —
Лъималазул рукьби ракьулъги лъелъги.

Роржунел хIанчIазухъ хIасратал гьазий —
Роржунел ракетал... Гьале Европа!
Гьазий ясикIаби — росе бомбаби,
ЦIиял милъиргщаби, — гьанже першингал.

Дида ккун букIана, гIасру иналде
ГIелилан, лъугIилин кинабго унти, —
Лъукъарал, ракъарал, гьулак бахъарал,
Гьанже рукIинарин тIокIал лъималин.

ЦIияб азарго сон ахаде щолеб,..
Азарго миллион кIикIулеб гьулак...
Гьениб кечI гьедула, гIумру цIунилин,
ГIалам, инсаният — гьелъий хвел гьечIин...

Хирияй, бахIарай, гурхIарай эбел,
Дур вас гIезе вуго, гIодое йиччай.

***

*Камил Султановасе*

Камил Даниялович,
Дуца дида абуна,
АхIмакъаб куцалъ анин
Нилъер гIумру, Расулин.

ГIададисел къецазулъ,
КъваригIел гьечIел харбалъ
Хванин минутал, сагIтал,
Сариназе риччарал.

ТIинчIал мусудул абун,
Нилъеца къвал жемулел,
Къоролзаби ратанин,
Бащдал цаби роргарал.

МахIмуд чIоргIан витIарав —
Бартийилан цIарги лъун,
ЦIухIамида бугила
Чангит балеб нилъеца...

Камил Даниялович,
Дун гьелда рази гьечIо, —
Нилъер къецги гIищкъуги
Гьеб гIоралъ босун инчIо.

Солдатасул чвантиниб
Нилъер шагIирасул кечI,
Щакъиялъ гуро, Камил,
Биялъ хъвараб батана.

Нилъеца кьвагьанщинаб,
Кинабго абиларо,
Амма цо-цо гIужда щун,
ГIаламалда бихьана.

Мех захIматаб бухIана,
РекIей бокьухъе к, кечIо,
РикIкIуней цо-цо Марьям
Нилъецаги хъамуна.

Камил Даниялович,
Дуца дида абуге,
АхIмакъаб куцалъ анин
Нилъер ихал, хаселал.

Хайиргун магIна гьечIеб
Чанги къец букIаниги,
Къаркъалалда рекъараб
Би щибаб хIинчIалъ тIуна.

***

Мех щвана, дагъаб гIун, гIенеккун чIезе,
ГIела дие пандрил гьаб кIиябго чIва.
Гьаракь гьечIеб мехалъ кочIохъабазе
Гаал микрофоназул кумек щибизе?

Кумек гьабунани, биччай гьабизе
Гьадал кьурабазул дандерижиялъ, —
Боржун унеб хIанчIил кIиго кваркьидахъ
КIиго ТУ кьелаан, туф, ма босеян.

Мех щвана, дагъаб гIун, гIенеккун чIезе, —
Цо гIочIода тIолго дуниял чIвалищ?
Гьаб дираб дие те, дураб дур букIа,
Чан бакIги чан ракIги бугеб гьал накIкIалъ.

Шаляпин вахараб операялда
Эстрадаялъул гьал къудкул щибулел?
КъвекIаб цIум зобазда боржунеб буго, —
Нуж, куркьби рижичIел, кире къачIарал?

***

*Зайирбег МухIамадовасе*

Мун чIараб сверуда букIараб цо сси, —
Гьанже сариналъул дие кеп гьечIо.
Цадахъ мун гьечIого, гьале къого сон, —
КъотIараб квер гIадин, далдалун вуго.

Дур букIараб гьунар, гьал гьудулзаби
Цолъизе гьаризе, гьанже щущана.
Щивав вуго бищун кIудияв живан,
КIиго гали босун гIодов кколевгн.

Мун цIакъ гIолев гьечIо гIолохъабазе, —
Дур гIоштIода гIадин цIул бичIуларо.
ЦIакъ мекъаб ишалда рекъоларев мун, —
Щай мекъаб гьабураб, гьедин хех арав...

***

Хабар лъачIездасаги
ЦIар лъаларехъ угьдула, —
Эбел, чан вас тIагIарав,
Лъиданиги рагIичIев?

Чан пардавалъ хутIараб
ГьунарIГИ лебаллъиги?
Чан панаяб иш бугеб
Устар щиван лъалареб?

Гьел чIваразулъги руго,
Гьел чIагоялъги руго, —
IЩиб лъалеб, цо-цо гьезулъ
Живго Пушкин ватила.

Пушкиние рес кьуна
Цин Пушкинлъун вахъине, —
Цинги чIвана. Гьал васал
ЦIакъ гьитIинго тIагIана.

Гьал жеги кинидаго
Дуэлазде ахIана, —
Дунялалда рагъ гIадаб
ГIасияв Дантес гьечIо.

МахIмудие рес кьуна
Цин МахIмудин рагIизе,
Болъодал ункъабго хIокI
Рекъдулаго бахине. [1]

Цониги хIокI бахинчIез
ХIасрат ки: гIан чIинтIараб, —
МагIарул Бетховенал
Хваралщинал гьитIинго!

Цодагъаб рохел буго,
Машгьураб гьечIониги,
Эбелалъ ахIараб цIар
ЦIаялъ дир бухIичIелъул.

Баркала улкаялъе,
Аваразул сиязе,

АхIулеб кечIалда гъоркь
Гъулбасине рес кьэдал.

* * *

КIудияб гьариларо,
Гьаб бакъ кье абиларо,
Кье, дие къокъаб лахIзат,
Цо къочи гIанаб сагIат.

Гьеб мехалъ дунял дагьаб
Берцинаб лъугьинчIони,
Бицунге дир рахъалъан —
Дир гIумру гьури буго.

Цо хIос базе тIанкI кьуни,
ТIолабго дунял-гIалам
«Дица сверизабилин»,
ВукIана цо гIалимчи.

Дие къваригIараб жо
МухIканаб лахIзат буго, —
МахIтечIого гьал векал
Дица хъатинир лъела.

Месед-гIарац кIваричIо, —
ГIишкъул цIураб сордо-къо, —
Дица гIезе гьабила
Гьаб цIияб инсанимат.

ИчIабго моцIалдасан
Балагье гьал улкабахъ, —
Чан эбелалъ гьороде
Гьулак кIикIулебали.

Бакъги моцIги щибжо гьеб? —
БецIаб сардил сагIат кье,
Йокьулей, дурги дирги
Дандбараб къвал чучичIеб.

Кье гьеб, я гъасда цIадухъ
Яги цIорораб иццухъ,

Яги общежитияхъ,
Инс гьечIеб июлалда.

Дица дуй гьелъухъ кьела
Эльбрусги Волгаги,
Аваразул магIарда
КъанагIатаб гIинтIиги.

СагIат кье сариназе,
СагIат кье Пушкиназе,
Цо лахIзаталъ кватIичIеб,
Цо минуталъ дагьлъичIеб.

Мех-сагIат кье, кьерил вас,
Росу-ракь бахилай яс,
Росдал гIакъилзабазе,
ГIумру арал херазе;

Хурдузе, тIорщалие,
ТIаде ралел цIадазе...
Диеги те цо сагIтал
Сариназе, рокьуе.

## БИХЬИНЧИЛЪИ

– Бице, мун цIунизе, дир цIва, дир рокьи
Ракьалда бищунго щиб къваригIунеб?
– КьвакIараб ракI, бихьинчилъи.

– Бице, панаяб кечI, пирхун свинчIого,
Салулъ лъунгутIизе щиб дуе кьелеб?
– КъвакIараб ракI, бихьинчилъи.

– Бице, тохлъукьето щварал хIинкъаби,
ХIур гIадин, нуж щущан унел кьураби?
– КъвакIараб ракI, бихьинчилъи.

– Бице, дир ритIухълъи, гьетIунгутIизе
ГьетI - гьетIараб нухда духъе кьолеб тIил?
– КъвакIараб ракI, бихьинчилъи.

– Бице, балагьгун рагъ, дур ругъназдаса
Гьаб гIалам цIунулеб цIадулаб ярагъ?
– КъвакIараб ракI, бихьинчилъи.

– Бице, гьедараб гьа, абулеб рагIи
РагIизе, тIубазе щиб тIадаб налъи?
– КъвакIараб ракI, бихьинчилъи.

– Бице, дандиясул дагIба, гIайиб, къец
КъватIиб бахъулареб, сунца бахчулеб?
– КъвакIараб ракI, бихьIинчилъи.

* * *

Росулъе щваравго щола занахъе, —
Заназда рикIарал гIагарал цIарал,..
ЦIалула дица гьел, Пушкинил гIадин, —
ГьитIинал ихазул дир гьудулзаби.

Киналго, киналго хазинабазул
Дий хирияб буго хвараз тараб цIар,
ЦIар квешал, цIар гьечIел чIагоязда гъорлъ,
Жакъа дунялалда дандчIвалелщинал.

Диеги инсуца цIар кьун букIана,
ЦIада заниялда бикIиладай гьаб?

***

Гуро, хвелалдаса дун хIинкъуларо,
ХIинкъула тIагIинин тIубан думалъго.
*Лермонтов.*

Дихъе хвел бачIинаро, —
Хур бекьулев вуго дун,
Хал гьабила ихалъухъ,
Нахъс ина гажалквеш.

Дихъе хвел бачIинаро, —
Мина балев вуго дун.

Рорхулел къадал рихьун,
Рохьобе хъетила гъоб.

Дихъе хвел баIчIинаро, —
Дун жакъа берталъ вуго,
БахIарай лъади йихьун,
Лъавудаса ина гъоб.

Дихъе хвел бачIинаро, —
Дун кечI ахIулев вуго,
Дир гIишкъул кутак бихьун,
Кверги хIанчIун чIела гъоб.

Дихъе хвел бачIинаро, —
Огь, дир хIинкъи гъечIеб къал!
Дидаса жибго хIинкъун,
ХIур нахъа тун ина гъоб.

Дихъе хвел бачIинаро, —
БачIанани абила,
Йокьулелда къвалги бан,
Къаси дун вегун вегун.

КIиабилеб бачIани,
Лъимал рихьизарила,
ЛъугIулеб жо гьаб гIуадру
Гуреблъи лъай, кIодойин.

Лъабабилеб бачIани,
ЦIализе дир тIехь кьела;
ЦIогьгин гьереси гьечIо, —
Гьеб днца хъвараб буго.

Гьякъе цадахъ ругезда,
Гьикъе хадур щолезда,
Хундерил тIалъиялда
Гьеб тIолаздаго лъала.

Дихъе хвел бачIинаро
Рогьо, квешлъи ккечIони, —
Амма ккани, хвалдаса
Дару балагьиларо.

Дица гьелда абила,
БачIаян, заман щванин,

Занал хал гьабун ругин, —
Хвел дихъе бачIинаро.

* * *

Нусго соналъ церехун
Чанги чагIи рукIана,
Дун вукIинчIо доб мехалъ,
Гьел рихьичIо, лъаларо.

Гьелда дун пашман вуго, —
ДандчIвачIеб щинаб гIакълу!
Бакъ, щай мун буцIцIун чIолеб? —
Къалъизаре дол мехал.

Нусго сон ун хадуса
Чанга чагIи рукIина, —
Дун вукIине рес гьечIо,
Паспорталъул мех ина.

Гьелда дун пашман вуго, —
ХутIарабщинаб гIакълу!
Бакъ, щай мун будIцIун чIолеб? —
ЧIор рехе доб мехалде.

Нусабго сон гьанжесеб,
ГьабсагIаталъ дун вугеб;
ДандчIвана дида чагIи
Чанги батIи-батIиял.

Гьездаса вохун вуго, —
Нухал, ихал, баркала!
Бакъ, гIакълу гьоркьоб тоге, —
Ракьалда гвангъизабе!

## РИГЬАЛЪУЛ ГIУРХЪИ

### I.

Жакъа тIаде вахъана,
ХъахIлъун буго рагъи-тIох,
Хъван балеб буго гIазу,
ГIанкIуязе мугь гIадин.

Жакъа тIаде вахъана,
ТIимгъилъги квачалеб черх,
ГъецIги цIулги цIехолеб
ЦIорораб дир гъансито.

Жакъа тIаде вахъана,
Цо хиси, гIажаиблъи, —
Сонги гIурччинаб дунял,
Сонги гIолохъанаб черх.

Сонги ччорбал — чанилал,
Сонги берал — бацIилал;
Сонги щуябго мегIер
ЩуцIул-анлъцIул бахарав.

Дида лъана гIорхъаби
ГIеме-гIемер соназул,
Дида лъана гIорхъаби
ГIеме-гIемер ракьазул.

Амма лъачIо, гьадигIан
Къокъабго гIурхъи букIин,
ГIолохъанлъи, дудаги
Хадусеб ригьалдаги.

ЦIа гIадал лугбаздаги
ЦIоролеб черхалдаги;
Чапулеб кечIалдаги
Каранзул хIалцадаги.

Халатал къасдаздаги
Къокъал хиялаздаги, —
Цого хуриб кIиго тIегь,
ТIегьалебган бечIалеб.

**II**.

Хасел бачIанин абун,
Бараб гIазу кIалъана, —

ГIолохъанлъи, мун анин
Лъица дида абураб?

Кинаб кьалда мун тараб,
Кинаб кьурулъ хутIараб? —
Дун хадув гIунтIуларо
Кинан мун арабали...

Дида анин абичIо
Жогиги дир ракьиялъ, —
Цо йокьулей, цо сордо,
Гьезда дун божуларо.

Дида гьедин абичIо,
Дир панаяб кочIоца,
Щаяли кIочон тараб
КIиго-лъабгоялъ гуреб.

Дида гьедин абичIо
Гьал рорхулел бокалаз, —
Цо-цоял, кверзукь сорон,
Семизе ккананиги.

Амма буIкIананиги,
Дица кьололеб чоца,
Кьили тIад лъолеб мехалъ,
Цо-цо питна бухъула.

Мун унеб бугин абун,
Дида цебе бачIуна
Дир цебегосеб рохел,
Дир хехаб гьанжесеб ццин;

Дир ружъалъулгун рекъел,
Къандалъогун гIагарлъи,
Къойил рикIкIунел пульсал,
Хисардулеб тIабигIат.

**III.**

ГIолохъанлъи, гьарула,
Дидаса унгейилан, —
АхIичIого хутIарал,
Хириял кучIдул руго.

Буго абичIеб рагIи,
Буго лъугIичIеб дагIба,
ДаIгъистаналъе дица
Жеги бецIичIеб налъи.

Херлъи, мун гIедегIуге
Гьеб гIанса дихъе кьезе, —
Цо гIадан елъанхъила,
Дида лъалей йикIарай.

Хирияб ВатIаналде
Гьаби гъулгьулеб мехалъ,
Пенсиялда вукIине
РакIалъе къабул гьечIо.

**IV.**

Руго хаселалъул гIемерал къоял,
ГIурччинаб май кьуни кьеларел гIадал.
Руго сардазулги панаял сагIтал.
Гьанже рагьунгеян ракIалде кколел.

Буго херлъиялъул, Тагорил гIадаб,
Цо гIагараб дангъва, дун хIайранлъулеб.
Буго чIахIиязул абулеб рагIи,
АнцIго бахIарасул кочIол багьаяб.

Херазул «рукIкIбузулъ» букIуна гьими,
Пашманлъи, разилъи цоцалъ жубараб, —
Бецав вукIаниги херав Гомерил
Харбихъ гIенекIкула азарил соназ.

Дида, росулъ оордо рогьанин абун,
Ригь бугез малъана, кьижун чIогеян, —
Унго, лъалебани гIумрудул тIагIам
ТIингъилъ рутел херал чагIазда гГадаб.

Хирияв дир эмен, хъахIаб магжида
Хъвалел досул кверал кIочон толаро.
Камилай дп, р эбел, санал аниги,
Сабураб хIалимлъи, — хIикмат гьавула.

## БИЧІЧІУЛАРО

*(КечІ)*

Щибизе гІинкъазе Шопенил бакъан?
Щибизе бецconfigured берцинай гІадан?
Щайзе кьижаІразе балет, опера? -
Цо-цо гьедин буго, гьеб бичІчІуларо.

Щай мацІ лъаларезе, цІалуларезе
Къоло микьабго том Толстоясул?
Щай цебесеб кьерла театразда
ТукенчІаги ругел, — гьеб бичІчІуларо.

Щибизе чахъдае кІудияб хъулухъ,
КІиго машинагун, щуго телефон?
Щибаб къоялъ «Занят», «Замана гьечІо», —
Цо-цо гьедин буго, гьеб бичІчІуларо.

Щибизе гІанхрие институт, диплом?
Хур квараб гІечІого гІалим, докторлъи?
Щибизе гьаб гъеду къвакъвалеб бугеб
Халкъалъул поэтин, — гьеб бичІчІуларб.

Щибизе щуго рукъ цо къаркъаладай?
Щай къого дубленка цо лагаялъе?
Щайзе цІер бичулеб бриллиантин, — -
ЦІар бичи гурищ гьеб, — йохъ, бичІчІуларо.

Щайзе тукабазде рачІараб мехалъ,
Цо-цоязе — «гьечІо», цоязе — «хадуб»,
Цогиязе—хантІан гъорІкьан бахъулеб?—
Цо-цо гьедин буго, — гьеб бичІчІуларо.

Щай, Дагъистаналда чи цеве ккани,
Цадахъ гІагарлъиги гІакъил лъугьунеб?
ГІурус матрешкабалъ киниги цоялъ
Цогиял ххун ругел, —гьеб бичІчІуларо.

Цеве шайих гІадин, щайзе ришватчи
Щуябго рахъалъан сверун ккун вугев?
Щайзе цІогьорасе, цІогьор тун, цоги
ЦІар батІияб кьолеб, — гьеб бичІчІуларо.

Щай, грузовиказ Жигули гIадин,
ГIолилал церехун риччалел гьечIел?
Гьезул кваркьалаби кьотIизе щайзе
КъваригIарал нусал, — гьеб бичIчIуларо.

Иш-пиша гьечIезе гьечIеб очередь,
Унтарал—больницахъ; дару щоларел;
УнтичIехъ—бюллетень, путевка, Сочи...
Цо-цо гьедин буго, — гьеб бичIчIуларо.

Щай нилъер улкадуй гьерсал рицине
Планал тIурачIел чагIи тIамулел?
Приписcкабазухъ кьолеб сайигъат! —
Цо-цо гьедин буго, — гьеб бичIчIуларо.

Щай гIунгутIабазул дагьаб бицунеб?—
Бугеб гIемераб рецц, гIагараб ватIан!
Дуда лъала дие мун бокьулеб куц, —
Щайзе кечI гьукъулеб, — гьеб бичIчIуларо.

## КИТАЯЗУЛ РУКIКIЕН

Китаязул рукIкIен, чорхол тIанкI бищун,
ТIолалго бакIазда буго мун чIвалеб.
ГьечIин гIузруйилан гьалъ лъилъулареб,
Лъан букIайин вуго кIалъалев тохтир.

Китаязул рукIкIен, дир анкьго унти —
Ишаз, шушбуз, соназ кьурал «сайгъатал»...
Чорхол сахлъиялъул ургъелаздаса
Ургъизе кколел жал руго дир цоги.

Китаязул рукIкIен, гьарула дуда,
Гьел лъилъулел тIанкIал рате дир рекIелъ.
Дуца дару биччай дир сабруялъе, —
Цции гIемераб бугин гьаб гIалаIМалда.

Дуда кIочон тоге, дуца ток биччай
НусцIуса лъукъараб дир гIищкъуялъе.
Биччай гIакъилзаби рачIине дихъе, —
АхIмакъзабаздаса хвасар гьаве дун.

Биччай ток кочIолъе, кквезе гIоркь гьечIел,
ГIадалал жугьаби журангутIизе, —
Цо тIехIаб бачица тIолабго рохьдол
Бихьана дида нур свине гьабулеб,

Дуца гьабе дару пашманлъиялъе, —
БакIал пикрабазе гьечIищ дур рукIкIен?
Каранда тIанкI бате, тIе дир рекIелъе
Дуфул хIисабалги гьесул кучIдулги.

Дица гьел цIалила дир йокьулелъе, —
ЦIамгIалаб магIие гьечIищ дур рукIкIен?
Огь, риччарал тIелхал! ХIорил сверуда
Лъададе гьетIарал тIамхал кинигин.

Дуца цо рукIкIен чIвай ракьуд черхалда,
Рокьиги рекъелги халкъазе кьолеб;
Дир Москвалдаги Пекиналдаги
Гьоркьоб бугеб ругъун тIубан регъолеб.

Гьедин гьабунани, анкьго гIузру щиб,
Микьабилеб цоги букIа дир чорхолъ...
Киналго унтаби гIисин гьарула
ГIаламалъе бугеб рагъул хIинкъиялъ.

* * *

– Гьаб гIумруги сахлъиги
Сунца къокълъизабулеб? –

– СагIтил хъаравулаца,
ХъачIал, согIал рагIабаз;
РачIунел унтабаца,
РечIчIулел балагьаца;
Гьереси, жахIта, цциналъ,
Цидулгун гени кунез;
ЦIаялгун расандиялъ,
Нусазул махсараялъ.

АхIмакъгун къацандиялъ,
КъваригIел гьечIеб кIалалъ;
ГIорцIун хадуб кванаялъ,

Коньякалъул вацлъиялъ;
Нуха аварияца
Автомашинабазул;
Абураб гьабичIого,
ГьетI-гьетIун хьвадулеца.

Гьал гIинде шуршудулез,
Щуго батIа бицунез;
Вацал цощаде гьусун,
Гьоркьор гIодор чIолеца;
Гьерсилал гьудулзабаз,
Жасусал тушбабаIца;
Жидейго бокьулареб
Чияе гьабулеца.

Чи живго жиндир тушман—
ТечIони квешлъи, чIухIи,
ЧIвачIони жиндилъго кIвахI,
Жаниб борохь биччани.

– ГьаIб гIумруги сахлъиги
Сунца къохълъизабулеб? –

– Къец, дагIбаялъ, питнаялъ,
Рагъалдалъун лъугIулеб...
РаIгъ гIадин гIасиябги
ГIадалабги жо гьечIо,
Гьеб гIиллабазул аслу
Унтизеги хвезеги.

## МАПАРУЛ КОСМОНАВТАСДЕ

### I.

Жеги мун космосалде
ВахинчIо, магIарулав,
Гьениб кьолораб чода
Кьабулеб буго тIикъва.

ТIагъур бекизе гьабун,
Дуца ботIрода лъуна,
Цогиял рахаралъуй

Мунги вахине вугин.

Дагъистаналъул сиял
Зобазде гIагар руго,
ГIаздалал рорхалъабаз
Мун мехтизе гьавула.

Дуца гуригц абураб, —
Бакьулъа хъвалхьараб моцI
Босун хъандироялъе
Йокьулелъе кьелилан.

Мун балатьана цIвабзахъ
Доб цIадулаб ЦIунтIасан,
ЦIоро ругел ритIучIахъ
Чанахъан кинигинан.

## II.

Жеги мун космосалде
ВахинчIо, магIарулав,
Амма дилъ шаклъи гьечIо –
Щвезе вуго мун гьенив.

ГIадада гуро дуе,
Хъагинивги кIивикIун,
Эбелалъ кечI ахIараб
ХIикматал мурадазул.

ГIадада гуро дуе
Дагъистаналъул гъасда
Умумузул къиса: баз
Къаси макьу биччачIеб.

ГIадада гуро дуца
Церегосел назмабалъ
Векерун куй босараб,
Керен чIван оц босараб;

Булбулалъул мугъалда
Рагъулаб хъала бараб;
ХъахIилал зобалазда
БагIараб цIа бакараб;

ЦIадал хIуби хIалай ккун,
Зобалазде вахараб,
Зодор рутел цIаназе,
ХIортIе рачун, цIан кьураб.

ГIадада гуро, зодихъ
ЦIумал парпалеб мехалъ,
ЦIабуцIунеб, борхулеб
Чорхол нусабго лага...

Инсул гъажалде вахун,
Дунялалъухъ балагьун,
Дуда рихьула нухал,
Нухаца ахIула мун.

**III.**

Чанги нухал тирана,
Чанги дунял свернана,
Амма дуца квер бачIо
Космосалъул гамида.

Королевас жиндирго
Чуялда тIад рекIине
ЧагIи рищулеб мехалъ
Мун гьесда данде чIвачIо.

Амма хIакъаб жо — дуца,
Гагариница гIадин,
Абила цо нухалда,
Мех щванин: «Поехали».

БукIина тIолго дунял,
Духъ балагьун, хIайранго, —
МагIарулас цIар хъвала
ЦIвабзазул шатьаралда.

Жинца тIубазабунин
ТIадкъайин вачIунев дур
ТIугьдуз бахчулоб гьумер
ГьабсагIатго бихьула.

Дуда дандчIвала дунял,
Данде чIвала Дагъистан,
Росаби, ясал, лъимал, —

Лъала гьеб цIакъ мухIканго.

## IV.

Жеги мун космосалде
ВахинчIо, магIарул вас, —
Дир кечI букIана доба
Дудаса цсбе жеги.

Долъ доб борхалъудасан
Дуде салам битIана,
Севастьянов — гьале нугI,
Гьикъс Андреанида.

Дица салам битIана
Дур росдаде, раIКьалде,
ТIолго Дагъистаналдс,
Каспиялъул ралъдаде.

ЦIада доб кьуруялде,
ЗагIиб мокьрогъотIоде,
Дунялалъул киналго
Дирго кочIохъабазде.

Дица салам битIана
Дирго ПатIи, матиде,
Гьалагал океаналъ
Дир инсул гамаялде.

Гуржиял, кахетиял,
ЦIолбол гъабуял рихьун,
ЦIураб лълъар космосалда
Ираклилгун тункана.

Дир кучIдуз салам кьуна
ТIолго континентазе,
Кинабго дунялалъул
Берцинал руччабазе.

Азиягин Африка,
Америка, Европа,
Гьениб гIумру гьабулеб
ГIаламалъул яхIалъе.

ГIурччинаб Ирландия,
Гъолде битIана салам,
Цо нухалъ бихьараб гьеб
Дида кIочон толаро.

Дир кучIдул цIаланани,
Космонавт, дуда лъала,
Дица сахлъи гьаричIеб,
ГьечIо ругъун ракьалда.

**V.**

Жеги мун космосалде
ВахинчIо, магIарулав, —
Вахина, дир ракIичIола,
Духъ балагьун буто доб.

Дуца добасан салам
БитIе, цолияз гIадин,
Мунго гIураб росдаде,
ГIагараб дунялалде;

Рокьарал гIадамазде,
ГIазизаб тIалъиялде...
ТIад вуссингун, кIочонге
Дагъистаналде щвезе.

Дур эбел ятанани,
Урхъун гьелда къвал базе;
РатичIезул, гьечIезул
Заназухъ тIугьдул лъезе;

Космосалде иналде
Лъаларев солдатасул
Даим сунареб цIадухъ,
Дуца гьсл лъурал гIадин.

## ГIУМАР-ХIАЖИ ШАХТАМАНОВАСУЛ КIУДИЯВ ВАЦ КАМИЛ ХВАРАБ МЕХАЛЪ

ГӀумар-ХӀажи, абула,
Эмен камураб мехалъ,
Эмен вукӀунин нилъей
КӀудияв вацин абуи.

Гьанже кӀудияв вацги
Дуца нуха регӀана,
Дур каранда кенчӀолеб
Камилил чирахъ свана.

Гъов вукӀана гӀадатав,
ГӀамал сахав мугӀрул вас,
Мокъсоб вукӀарал къоял
Къала гьанже каранда.

Нилъ — кочӀохъабийилан,
Гьабги добги бицунел, —
Дов гъежтӀа харицелгун
Вецаризе вахъунев.

Нилъ, шагьаралъул васал,
Щиб-щибги мацӀ цӀалкӀулел,
Дов- цӀцӀедул лълъурдулги ккун,
Гьеб кваназе гьабулев.

ГьитӀинав вукӀаниги,
КъватӀиса вачӀарав мун
Гьес кӀодо гьавурав куц,
Киналго чагӀи ахӀун!

Дица хӀисаб гьабула
Цин досул, цингиги дур, —
Доб гӀор бахун добехун
ХутӀарабщинаб гӀумру.

Мун кидаго ворхарав,
Гьанже компаниязда
Каранде бетӀер далун,
Цеве тӀамула дида.

Дуда тӀасамугӀрузул
Гьаракь рагӀулеб гьечӀищ,
Гьаб ракьалъ гӀемер вацал
Жанире рачанилан?..

... Дун жакъа рокъсв щвана,
Осетиялъ вукIана, —
Огь, дир анкьабго къункъра,
Анкьго вац вуго ганчIил.

Гьезул абел ракьулъан
Щурун кIалъалей йиго, —
Шахтаманов, гIемераб
ГIузру бугин ракьалда.

Дуда лъала кIигояв,
КIудияв дирги хвана, —
Дур хиялал ричIчIула,
Дур къварилъиги лъала.

Нилъер ракIал къвакIараб
Къайидул гьарун гьечIо,
Амма магIу, тамахлъи,
Туснахъ гьабизе ккола.

Нилъее хутIун буго
Хвел гьечIеб улка — тIалъи,
Хванити рахъаниги
Хъварал, ахIарал кучIдул.

Гьел камурал вацазе
Заналлъун рукIина нилъ...
Гьале зигараялъе
Дуе хъварал рагIаби.

## РАГIАД

РагIад свакаларо я семуларо,
Сундениги гъолъул рокьи, щцин гьечIо.

РагIад квачаларо я цIороларо,
ЦIаялъ бухIуларо, гIоралъ унаро.

РагIадалъ кидаго кечI ахIуларо,
Гьелъул рагIи гьечIо я гьаракь гьечIо.

Ракь багъараниги гъолда хъваларо,

Дунял гъутъаниги гъоб буцIцIун чIола.

РагIадалъул лъимал я хъизан гьечIо,
Подхалимги гъобги цохIого шайтIан.

Щиб питна кканиги гъолъий хвел гьечIо,
ХутIула, букIуна нилъеда цадахъ.

Нилъер къагIидаялъ щибго гьабулеб
Гьеб гIадинаб артист дида бихьичIо.

Цо-що чагIи руго чагIицин гурел
Чияр рагIадаллъун даим гIумруялъ:

Гъос квер борхарабго, гьез квер борхула,
Гъос бетIер гьанкIигун, гьезги гьанкIула;

Гъов гIодов вукIани, гьелги рукIуна,
Гъов тIаде вахъани, тIаде рахъуна.

Амма гъосул хIалтIи мекъи кканани,
Жидерго рокъоре уна рагIадал.

Намус гьечIеб рагIад кочIолцин буго, —
Дида гьел киналго рихун ругел куц!

Рищи гьабулелъул, дида гьикъани,
Гьезие ихтияр бегьулароан.

ЦIадулал хIалтIаби цIадулаз гьаре, —
ЦIуне сахал чагIи рагIадаздаса.

РагIад букIанани — бухIа гъутIбузул,
Свакарал нухлулал — нилъ гIодор чIезе.

## ХIАЛТIИ

Божарас гудур гъун, гьудулас гуккун,
Питна бужIунареб бакIалъан бачIун,
НекIсиял тушбаби хьимхьидун, чанкIкIун,
ВукIана чараги сабруги тIагIун.

Семулей йокьулей, кьаллъараб хъизан,

Кьал—бергьенлъи гьечIеб, къец—пайда гьечIеб;
ЧIунтун кIвекIардулеб къварилъараб ракI,
КъватIибги рокъоIбти хинлъи гьечIеб бакI.

РукIана пикраби, кавабиги къан,
Кивниги, кивниги рикIкIаде ине:
Дида чи лъалареб Чукотка букIа,
Чияе дун гьечIеб Камчатка букIа.

БукIана кIвахI рештIун, кIкIваларо мегеж,
КIвар гьечIо сундулго щибжо кканиги.
Бокьанани цIад бай, бокьани цIер Iбай,
Дица цIалуларо цIиял хабарал.

Гьекъолеб жоялда къоялъ кIалъана,
Гьелъги къваригIараб дида бицинчIо.
Кьаси бусеналда чIвачIадана черх, —
Каранда чIор речIчIун, чIвараб ритIухълъи.

Гьанже дун лъиего къваритIун гьечIо,
Кьаламалъ калам те, кучIдул, руцIцIун чIа.
IЩибго гьабичIого, свакан вуго дун,
Санал инчIониги, херлъун вуго дун.

ГIиллаго гьечIого унтун вуго дун,
Аман дир музыка, дур заман ана.
Музыка букIана дие мун, гIумру,
ГIодоб чIа, иналде цо рагIи абе.

ГIумру белъанхъана, гIедегIугеян,
ГIемерабиш бугин дуниялалда,
Цо квешлъи дандчIвани, лъикIаб кIитояб
КIочон тезе, гьудул, бегьуларилан.

КIобокIе дурго черх, чуре къаркъала,
Кьалам-кагъат босе, вахъа хIалтIизе, —
ХIурлъун щущан ина гIисси-бикъинаб,
ГIенекке, гIенекке музыкаялъухъ.

Лъалареб къуваталъ, къан квералги ккун,
Дихъе къалам кьуна, кагъат бачIана,
Ургъарал пикраби ругин дур чанги,
Гьел чундул рорчIизе риччагейила...

Дие байбихьизе бигьа букIинчIо,

Ва амма багьана дагьа-дагьаб ккун, —
Дида лъана хадуб кинаб гъансиниб
Меседгин хазина сунца бахчараб.

Дища хъвана къиса, дирго поэма,
Гъурмалъа бецIцIулеб гIетI бацIцIунаго.
ХIалтIана цо къоялъ, цогиги къоялъ,
Цебесеб дир рокьи букIана хIалай.

ХIалтIана, гьеб гIадаб хIалхьи батичIо,
ХIинкъиялъ дун тана, питна лъугIана.
Хъизан гьуинлъана, гьудул рекъана,
ГIаракъидал шиша жибго хутIана.

Херлъи нахъе ана, унтабаз таня,
Оц-бугъа, лълъарги ккун, гIодоб тIамила.
Камчатка, Чукотка — ракIалде ккарал,
КечI хъвалеб мехалда дида кIочана.

Жибго Рим, Мадридалъ, Парижалъ ахIе, –
Гьанже регIун гьечIо, хIалтIулев вуго...

Дида гьале дирго месед батана, –
Гьаб захIматаб хIалтIи, хIакъаб хазина;
Хисиларо дица щиб кьуниги гьеб, –
Гьелъ хвасар гьавуна дун хвелалдаса.

Дида гьанже лъана, щай пенсиялда
Гьал гIадамал хехго херлъулеяли;
Репетициялде инчIел къояца
Къаси балеринал щай квеш кьурдулел.

***

Йохъ, дун божуларо дирго рагIуда,
МугIрулги гIоралги гьелъ рахинчIони.
ЦохIониги роеулъ, цониги тъасда
Бесдалазул бетIер гьелъ лъухьичIони.

Йохъ, дун божуларо дир рагIиялда,
Больницалде инчIеб унтаразухъе,
Эбелалъ кинидахъ кечI ахIулелъул,
Гьелъ рачунел бахъналъ жиб рекъолареб.

Йохъ, дун божуларо дир рагIиялда,
Нухлуласул рекIелъ цохIо лъалкI течIеб,
Берцинал ясазда, макьил ригьалда
Рокьиялъул бицун, щибго абичIеб.

Йохъ, дун божуларо дир рагIиялда,
Ракълил гьараIкьалда гьоркьоб жубачIеб,
Кинабго жигар кьун гьеб багъичIони,
Гьал цо ракетазул куркьбазде данде.

Божула рагIуда, ЦIунтIа ясаца,
ЦIоралде балагьун, гьеб ахIанани.
ЦIоро бутеб ритIучI кьурдизабуни,
Кьурде рачIун хIанчIаз данде ахIани.

* * *

Оть, дун вилун вуто, дун вилун вуго,
Дунго валагьулев вуго гIумруялъ.
Жакъа ватанилан къан ккураб мехалъ,
Къо уна—батIияв чи вукIун вуго.

Дун цогидаздаги жеги ватичIо, –
Бергалъ, кверкьовулъищ — кив вугевали.
махсара рикIкIуна кIвар бугеб ишин,
КIвар бугеб рикIкIуна махсарайилан.

Дун цIакъ лъалездаги лъалев ватичIо,
Лъалевани гьадин веццилароан.
Цадахъ рукIаразда вичIчIун ватичIо,
ВичIчIараванани какилароан.

КигIан тохтирзаби дихъ гIенеккарал, —
ГIищкъул бухIи гьезда батизе кIвечIо.
ЧанцIул ЭКГялъ дир хIал бихьараб, —
Дир хIасрат — гьеб хIакъаб гIузру батичIо.

Жакъа рохалил кечI, метер-пашманаб...
Гьудулзаби, тьанже вилун вуго дун.
Дун кIодолъанагIан налъи кIодолъун,
КIолеб гьечIо дида дунго вагизе.

* * *

– Дуца щиб гьарилеб, къойил байбихьи,
Къаси сордоги чIван бачIараб рогьел?
– Доле магъилъ хIанчIи ахIделел руго:
ХIалтIеян, хIалтIеян, кIвахI тун хIалтIеян.

– Дуца щиб абилеб, къаденахъе мех,
Бащадаб къо анин, къого мухъ хъванин?—
БагIараб бакъалда гьикъана дица,
Гьелъул чIорал руго хIалтIе, хIалтIеян.

– Дуца щиб абилеб, бецIлъи лъураб мех,
Канлъи къодал хисун, щвараб къаси мех?
– Хал гьабе, зобазда аза-азар цIва,..
Эзухъ валагье мун дагьав хиялалъ.

Къоялъ лъикI хIалтIигун, макьу гьуинаб, –
Мун кыижаян руго зобалъул берал.

***

– Бищун пашманаб жо — чIобогояб мегъ,
Гъоб хIалтIул мехги ун, хIалхьуда бугеб.
– Жегиги пашманаб — чIобогояб мех,
ЧIалгIадисеб чIанда чIамун тIамулеб.

– Дагьавги пашманав — чIобогояв чи,
Цониги иш гьечIев, пиша лъаларев,
Гьаб дуниялалъул къапудал кIалтIа
Я къватIив унарев, я жанив гьечIев.

– Жегиги пашманал – хIалтIичIониги,
ХIалтIулеб ххвел гьабун, гьерсал рицунел,
Гьелъухъ харжги босун, жеги тIадеги,
Жидей премия кьеян лъутьарал.

***

Цебего баIкана дица каранда
Кидаго дилъ свинчIеб цо лъабго чирахъ:
ТIоцебесеб чирахъ — берцинай гIадан,
Дир гIумрудул санал гвангъизарулей.

КIиабилеб чирахъ — дий чогърол бокал,
Балагьана талихI гьелъул тIиналда.
Лъабабилеб чирахъ — муза, музыка,
Жал гьечIого дида чIезе кIоларел...

... Гьанже санал ана, берцинал ясаз,
Дир рас хъахIлъун бугин, бихьизабула.
Цинги чагъиралъул бокалалъ дида,
Жиб чорхое дару гурин, абула.

Гьаб музыка буго, кидаго даим
Дуда цадахъ цохIо жиб букIинила:
Берцинал ясазул бакънал рачине,
Бокалазул зваргъи ракIалде щвезе.

***

Кида хIалхьи букIунеб дир ракIалъе бициниш? —
Цониги гIадамасе кумек гьабулееб мехалъ.
Кида керен бухIулеб? — Пашманай магIарулай,
Гьелъул магIу бацIцIине рагIи гIолареб мехалъ.

Кида хIалхьи букIунеб дир ракIалъе бициниш? —
ГIагараб улкаялъе хъулухъ гьабулеб
Кида керен бухIулеб? — ХIалихьалъи, гIадаллъи
ГIагараб улкаялда данде чIвараб мехалда;

Ракъаралгин къваридал дунялалда рихьидал,
Гьезул рукъалъе къадалъ дир гамачI лъечIоб мехалъ;
КIудияб къеркьеялъулъ, къукъагун цолъичIого,
Цосина нахъ хутIилин хиялазул хIинкъиялъ.

***

Чу гьечIого вукIина,
Чан гьечIого вукIина,
Чи цадахъ гьечIеб мехалъ
Дие гьеб гIумру гуро.

Квенги гьеб квенищ бугеб,
Чагъирги гьеб чагъирищ? —
Чи цадахъ гьечIеб мехалъ,
Дун вакъарав чи вуго.

РагIиги гьеб рагIийищ,
КечIги гьеб кечIищ бугеб? —
Чи цадахъ гьечIеб мехалъ,
Огь, бачIунареб бакъан.

БачIарабги букIуна
РакI унтараб, къваридаю, —
КъаригIуна дие чи
Даим гьаб ракI жубазе.

Чи киналго соназда
Цадахъ вукIинчIеваии,
НекIого бакъвалаан
Дир гIакълуги гIумруги.

Дов Робинзон гIадинан
Дун хутIараванани,
Хвасар гьавилароан, —
ЧагIи гьечIо — дун гьечIо.

Кверальухъе кьураб квер,
Цоцада кIалъалеб кIал,
КIиябгогIан гIагараб
Дида щибго лъаларо.

* * *

ЧIа, цо ягъаруге, дур гьумералъул
ГьабсагIаталъ сурат бахъила дица.
Нилъуги, кIаркьенги, кIиябго берги...
Ругелщинал кьерал гьел дур саназул.

ГӀундузда кӀилкӀал щай, цӀадирабаца
ЦӀан бажариларо дур къимат, къадру,
КӀилкӀаца мун гуро берцин гьаюлей,
Дуца гьеб бирюза берцин гьабула.

Дур кьунсрул кьуригун, кьурун балагьун,
Гьаб дуниял-гӀалам, дида бихьула.
Мун кӀалъачӀониги, кӀущияб тӀакълу
КӀалъалеб мехалда, жеги загьираб.

ЗахӀматал суалал, бигьаяб жаваб,
Багьана гьабизе гьоркьоб ккараб жо,
Дур цохӀо гьимиялъ дир цциналъул хӀур
ЦохӀо лаӀхӀзаталде лъухьун рехула.

Огь, дур гьумералда саназул лъалкӀал,
Сверарал нухазул цодагьал мухъал.
ГӀумру дуда цадахъ, дагьальги лъалхъе,
Бахъун лъугӀиларо дур гьурмал сурат.

Дур заман гӀечӀони гӀурдатӀегьалъул
Я ихдал бакъалъул бахъила сурат,
Дуралде бахараб гьечӀонаниги
Гьелъулги берцинлъи бер кколеб буго.

## ГӀАБДУРАХӀМАН ДАНИЯЛОВАСЕ

Ракьулъ тӀупанщинал тӀагӀарал гуро,
ТӀад руссун рачӀуна цо-цо лебалал.
Гьедин ГӀабдурахӀман, къоноги рагьун,
КъватӀиве вачӀуна, «гьалеха дунин».

Гьев лъала кинабго Дагъистаналда, —
«Даниялов вуссун вугин», — росаби...
Ишалгун, саналгун Совнаркомалъул
БетӀер вачӀун вуго, ричӀе каваби.

Холевали киса, пенсиялдецин
Гьесул цӀарги инчӀо, гӀакълуги инчӀо.
ЛъикӀлъиги гьунарги тӀаде бачӀуна,
Гьел ралъдал тӀиналде рехананиги.

Дов вачIуна гъасде къаси мехалда
МугIрузда кIоченчIел саналгун цадахъ.
Дихъеги вачIуна: «Бокье Дагъистан,
Долъул гуреб пикру букIинчIин жиндир. »

Гъос гьикъула дида, кин бугеяли
КочIолаю чIухIараб ма. гIаруллъиян.
Дица жаваб кьола: ГIабдурахIманин,
ГIумруялъ кинабго битIизабунин.

Дуе бутIрулги чIван, цереги кIанцIун,
Цеве мун вичарал мигьлъулел ругин,
Амма цо-цо щайих, гIинда шуршулев,
Щибго рогьо гьечIев гIорцIулев гьечIин...

Гьел рукIине гьечIел, гьел кIочон тела, —
КIоченаро даим, Даниялов, мун,
Дица дур зонода тIад хъвалеб буго:
«Бакъ анин, тIагIинчIин, тIад буссанилан.

***

Дир гIумру гъветI батани,
ГъотIода тIад букIа пихъ,
Гьеб кваназе биччанте
Киналго гIадамаца.

Дир гIумру цIа батани,
ЦIорорал саназ баке;
Гьеб цIадухъ рукIине те
Квачарал гьудулзаби.

Дир гIумру гIор батани,
МугIрул-гIаздалъан араб,
Биччанте, гIадамазул
Чурхдул, хурдул лъалъазе.

Биччанте, къечаразул
Къеч буссине гьабизе,
Биччай, кьураби чурун,
Кьодухъ цо-цо хъудизе.

Дир гIумру рокъоб горда
Фонарлъун батанани,
Гьелъул канлъухъе рачIа,
КIичIараб нухда ругел.

Дир гIумру кечI батани,
ГIицIго гьеб гIищкъул букIа,
ГIенекке, рокьи ккарал,
БокьанагIан заманалъ.

Дир гIумру щибго гьечIеб
Гьодорлъи батанани,
Гьеб букГинчIин, гьеб гьечIин,
Гьороца анин абе...

***

Бищунго кIудияб кIиго иш буго,
Дихъан бажаричIеб, бажаруларeб.
МугIрул чIужутIадан, гьелъ цIунана дун, —
Гьей эбел цIунизе дир гьунар гIечIо.

Цингиги бокьулеб гIагараб улка.
Дуй гIадин налъулав лъийниги гьечIо.
Амма дуца дие цIакъго гIемер кьун,
Дур цIваялъе налъи бецIизе кIвечIо.

КIвечIеб гьабунгутIи, гьеб–дагьаб гIайиб,
КIолебги хутIана, харбида вукIун.
Халат гIодовчIана годекIабазда,
Гурун рукьабигун, хур бекьичIого.

Цинги вахъаравго лъалхъизе лъачIо, —
Лъабкъоябго улка тира-сверана.
Ургъарал пикраби, гьагьалги рекун,
Нуха гIабдаласул гIечлъун щущана.

Берцинал ясазгин берцинал шушбуз
Бецлъизе гьавураб бакъназул заман.
Телекамераби, трибуна, цIар,..
ЦIураб гIертIинибе тIолеб бугеб лъим.

Амма букIаниги дица абила,
Гьаб дир авар назму цIаялъ инаан.
ЦIада доб годекIан букIинчIебани,
ГанчIида гIодов чIун лъалхъичIевани.

ЦогиIги абила, эбелгун улка,
Гьадин нуж рокьизе, макьилъ рихьизе
Гьал хIалхьи лъаларел дир сапараца,
Свераран ракьаца кумек гьабунин.

Берцинал ясаца, берцинал шушбуз
Берцинал цодагьал бакънал малъанин.
ЦIураб гIертIиниса гIодой араб лъим —
Гьеб дир гIайиб гуро. Реццалъ бецлъичIо.

***

Зодил кьералъухъ руго
Художникал балагьун,
Хурул кьералъухъ **вуго**
Векьарухъан балагьун.

Дун **дур** гьурмал кьералъухъ
Вуго, гьудул, балагьун,
ГьитIинаб мехалдаса
Гьаб хаслихълъи щвезегIан.

Гьеб букIана батIияб,
ЦIакъго батIи-батIияб,
ЦIунизе кIвана дуда
Гьаб даимаб берцинлъи.

Зоб гьечIони ракь гьечIо,
Ракь гьечIони мун гьечIо,
Мун гьечIони дун гье, гIегIо –
Гьеб бичIчIун буго дида.

## «КIУДИЯВ»

Стол сокIкIун къачIана,
Гьалбал ракIарун руго,
Гьал щай гIодор чIоларел? —
КIудияв вачIун гьечIо.

КIудияв щив? — Цебехун
ГIадамаз рикIкIунаан:
ГIемер гIорал рахарав,
ГIемерал нухал лъарав.

Гьанже цо-цо гIадамаз
КIудиявин рикIкIуна,
КIудияб хъулухъ щварав;
Щив вахьна вукIаниги.

ГIакълу данде бан буго,
Къец, дагIба лъутIун буго,
Щай хIукму къотIулареб? —
КIудияв вачIун гьечIо.

КIудияв щив? — Цебехун
ГIадамаз рикIкIунаан
ГIемерцIул цIураб моцIги
ЦIвабиги рихьарав чи.

Гьанже цо-цо кIал-мацIалъ
КIудиявин абула,
КIудиял чинал щварав,
Щив хъачагъ вукIаниги.

ГьитIинаб къваригIелалъ
Ана гьудуласухъе,
Гьсс абуна, дица гьеб
КIудиясда гьикъилин.

«КIудиясул» ватана
Жеги цIикIкIун «кIудияв», —
Гьедин сакъис гьабуна
ГьитIинаб тIалабалъул.

Огь, саназ кIудиясда
Гьикъун букIараб ани,
Рокъобго тIубалеб иш, —
ТIагIана, гьород ана.

КIудияв щив? — Цебехун
КIудиявин толаан
КIудияб гьунаралъул,
КIудияб пикрудал чи.

Гьанже цо-цо тайпаялъ
КIудиявин абула,
КIудияб портвель щварав
Щив гьороч   вукIаниги.

* * *

Европалъул шагьарал,
Музыкаялъул гьундул,
Гьал щай магIарухъ гьечIел, —
Пашманго вукIана дун.

Гьанже дида бичIчIана:
Музыкаялъул гьундул —
Пандур хъахIабросулъес
Хъварал гьал мугIрул рукIин.

Гьаб консерватория,
Кибго бихьизабулеб,
Кин Дагъистаналда гьеб
ГьечIебин вукIана дун.

Цивги шагIир хIайранаб
Гъойсудахъ гIенеккана, —
Гъора рагIана дида
Бетховенги Шопенги.

Непалгун Индиялда
Аза-азар аллагьал,..
Гьезулъ гIищкъул аллагьал, —
Эл матIарухъ щай гьечIел?

МагIарул гIищкъул аллагь
ЦохIо МахIмуд гIоларищ, —
Дир рукIарал щаклъиял

Гьес щущазе гьаруна.

## ЦIАД ДАГЬККУН БАЛЕБ БУГО

ЦIад дагьккун балеб буго, —
Гьанже-гьанже гьимулеб
ТIогьол гьумер чуризе,
Чундул гьекъезаризе.

ГъутIбузул тIамахазде
ТIинкIарал къатIрабаца
Югалдаса рачIунел
ХIанчIи мехтизаризе.

ЦIад дагьккун балеб буго, —
ГIурдал харда къочизе.
ГIурдахIаназул чIухIи! —
МахIу цо бугел хъазал.

ЦIиял гьарурал кьагIи:
БагIго багIан гъадулел,
Ба-ба, ба-ба бачунел
ГIисинал лъимал гIадин.

ЦIад дагьккун балеб буго
БачIанила ихилан,
Амма рорхатал мугIрул
Даимаб гIаздалъ руто:

Жидега лъурал тIаргъал
Лъиего рахъуларин,
Лъалин цIадгин бакъалда
Жидер бакъан цо букIин.

# «КОНЦЕРТ»

## АБУРАБ ТIЕХЬАЛДАСАН

1988

## РИТІУХЪЛЪИЯЛЪУЛГУН ГАРГАР

РитІухълъиялъ ботІрода
ТІад рас бетІулеб буго:
— Дуда бичІчІулеб гьечІищ
Гьадаз бикъулеб букІин?

БетІер ритІухълъиялда
Лъалин кІалъалеб буго, —
Амма щибжо гьабилеб
Щущаяб гвангвараялъ?

Дозул — кІудияб хъазан,
Дир — гьаб мискинаб хъизан;
Дозул — кІудияб кверщел,
Дир — карщ чІикІулел лъимал.

РитІухълъиялъ ботІрое
ГІазаб гьикъулеб буго:
— Дуда лъалеб гьечІебищ
Дол гьерсихъаби рукІин?

БетІералъ жаваб кьола,
Жинда гьеб лъикІ лъалилан, —
Амма щиб жо гьабилеб,
ГьечІо дихъ дозул зурма.

Дозухъ трибунаІги,
Дозухъ хІараги гъецІги,
Дунни — хІалакъаб чахъу,
Дир гьаракь ратІуларо.

РитІухълъиялъ керен-ракІ
РукІкІбуз бикІулеб буго:
— Дуда лъалел гьечІелищ
Гьалгощинал квешлъаби?

РакІалъ ритІухълъиялъе
Жаваб гьабулеб буго,
Жиб гьелъ лъукъ-лъукъун бугин,
ГІемераб къецІ-дагІба ккун.

Амма дозул гІадинал
ГІасиял гудрал гьечІин,

Гуро, дозул рахъалда
Диванги бихьанилан.

РитІухълъиялъ ахІулеб
Назмуялда гьикъана:
— Дур музыкагун бакъан
ДолІгун рекъонищ бугеб?

КечІалъ жаваб гьабуна:
Жиб гьелгун рекъоларин,
РитІухълъи гьечІони, дун
Гьадинго гьури бугин.

Дол гІемер гучал рукІа,
Дун долгун рагъда буго,
Ругъназ цІураб дица гьел
Даим щущазарила.

* * *

Кидаго вукІинчІо гьадин гьитІинго,
Гьаб АхІулгохІалда аскІой ккезегІан, —
Гьалъ дие рицарал къисаби, харбал...
Хабалъа бахъараб дир магІаруллъи...

Дида кІочон тана къецги, дагІбаги,
Дун къварид гьавурал гьудулзабиги.
Сон дида абурал квешал рагІаби,
Киналго, киналго тана рукІайин.

Гьоркьехун хъудулеб бидулаб Гъойсу
Гьеб киналдаго тІад белъулеб буто.
ЩулалъулгохІалъул лъукъарал ганчІал,
Гаргазе жал теян, ралагьун руго.

Абураб, рагІараб, бихьараб, лъараб,..
Бицун щай, кинабго къулчІараб дунял.
КъулчІичІони, цохІо къулчІуге абе —
Къварид ракьгин рокьи гьабулеб гІазаб.

... Кидаго вукІинчІо гьадин кІодого,
Гьаб АхІулгохІалда аокІов кинигин.

НакIкIал гъора аххад. Доб борхалъуда
Эхетун, балагьун мугIрузде инсан.

***

НекIсияв гьудул, дир цо божи буго,
Биинилан тIаде бараб гьаб гIазу;
Духъе нахъ буссина хIайранав инсул
Гъасда цIадул хинлъи, чирахъул канлъи.

Дун дур поездалда хадув вортула,
Хехаб самолетгун, нахъ вуссайилан, —
Рагъда чIварал вацаз ахIулев вугин,
Эбелалъул кечIалъ гьарулеб бугин.

Чияр тIамуралда чIваби рекъезе
ЧIвараб хIамалъун мун вукIунгейилан;
Хъубал жуликазе жергъенги кIутIун,
Дуца хъизамалъул хъатир тотейин.

Хъулухъ, цIар-чиназул гIакълутин чIухIи
ГIемер хутIуларо, гьеб гIищкъу гуро..
... ГIазу балеб буго, хасел щун буго,
Хиял буго жеги их бачIинилан.

Гьаб тIанкI дуе тана гьелчолел мехаз,
ГьетI-гьетIарал нухаз, хасалил квачалъ.
Мехалги нухалги хеккого уна,
Мун хабар лъачIого гIагIунелъ чIоге.

***

Эбелго эбелилан,
Чедго чедилан абун,
Чед гьечIел, эбел гьечIел
Рихьаралщинал лъимал.

Рукъго рукъилан абун,
Бакъго бакъилан абун,
Рукъ гьечIел, гьулак лъачIел

ДандчIванщинал гъаримал...

...Дихъе гьаб кечI бачIана,
Бащадаб гIалам бихьун, —
Банбихьараб унтуе
Ахир дида батичIо.

Кьо ана, сордо щвана,
Гьеб сверун, хъахIлъи лъана,
ЧанцIуса ургъаниги,
Абизе рагIи щвечIо.

Гьеб сордо рогьинегIан
Дуниялалъул рокъоб
Дагъистаналъул халкъгIан
ГIемер лъимал гьаруна.

ГIодизеги нечараб,
Бахчунги бегьулареб
БухIиялъгун хIинкъиялъ
Мукъулукъ, щекъер ккуна.

Щиб жо дица гьабилеб?
Бице, азарго гIасру,
ГIумруялъ киданиги
РихьичIого рукIине:

Эбелго эбелилан,
Чедго чедилан абун,
Чед гьечIел, эбел гьечIел,
Гьал гьитIинал бесдалал.

Кинаб шигIру ахIилеб,
Щиб магIарде вахинев,
Гьаб дунялалъул нухда
Дида дандчIвангутIизе:

Рукъго рукъилан абун,
Бакъго бакъилан абун,
Рукъ гьечIел, гьулаж лъачIсл,
Пуланал гъаримзаби.

## ЧАГIИ, ЧАГIИ

ЭбелІгун эмен ками —
Гьеб захІматаб иш буго,
Гьезул заназе дица
ХъахІаб бетІер къулула.

Амма, нилъехъе кигІан
Бесдаллъи рештІаниги,
Гьел чирахъал сваниги,
ЧагІи чаІгІи рукІуна.

Вацал камун хутІула, —
Дицаги гьел рукъана.
Лъудби хвараз абула,
Бихханин жидер рукъан.

Бакъ кидаго тІерхьанин,
Рихьана лъимал гьечІел, —
КигІан чара хваниги,
ЧагІи чагІи рукІуна.

Туснахъаз квегъаниги,
Концлагерал лъаниги,
Гьал кверал къотІаниги,
Гьал берал рахъаниги;

ЧІезе рукъ гьсчІониги,
Квине чед гьечІониги,
Дир чагуралда лъала,
ЧагІи чагІи рукІуна.

Зазида хІинчІ ахІдола:
«ВатІан, ватІанин» абун.
ВатІан гьечІел рихьана
Дида къватІир раІкьазда, —

ВатІан къотІун роржунел
Къункърабазухъ ракІ чапун,
Гьезул чвахулеб магІу...
ЧагІи чагІи рукІуна.

Амма намусалъ тарал,
Бесдалал гьечІониги,
Гьезул чу букІаниги,

Гьезул чед букIаниги;

Гьезул черх букIаниги,
Гьел къарIКъалаби руго, —
Къаникь лъечIел жаназай...
Гьел чагIи чагIи гуро.

***

Дудани ратила дуда релълъарал,
Релъен гьезул босе дурго напсалъе.
Гьел цIиял гIадамал гIемерал руго,
ГIункIкIазул картIахъан хьвадун ругьунал.

Гьезул кIиго гьумер, гьезул лъабго кIал,
КIикъоябго килищ щибаб квералда.
Гьезул босе гIакълу, мун цеве тIезе,
Цобесеб доб яхIгун киае мун щвелев?

Дир кверда гьадаIбго щуябго килищ, —
ШигIруги адресги дир хисун гьсчIо.
Дирилан абуни, добго гьудуллъи, —
ГIаркьел гъураниги, гъветI бечIан гьечIо.

Амма, букIаниги, гумузда аскIоб
Цо раса бихьигун, пашманлъула дун.
Пиратазул кверал росун лъухьулев
Лъалев матрос вихьун, — хьвагIула бетIер.

## ХЪАТЧIВАЙ

ГIемерал сонал рарал
Хъатахъ балагьун вуго,
ХъахIал багIарлъун гьсчIо
Кинан чIвананиги гьел.

Балагьун вуто гьезухъ,
Пинкьал гьечIел килщазухъ,
Бокьа-бокьаралъуре
Парпадарал кваркьабахъ.

Гьезда кIалъалев вуго,
КIалги гьикъун, жакъа дун,
Рикъаралщинал сагIтал
РакIалде щвезе гьарун.

Гьегьал данделъабазда
Гьегьал кIалъаязе чIван, —
ЧIварабщинаб музыка,
Щокъроб гъанкъарал бакънал.

Гьав кIалъана, — гIинкълъана
ГIемераб хъат кьабиялъ.
Дов кIалъана, — бецлъана,
ТIаде рахъун, хъат чIваялъ.

Гьадинаса абуна, —
Халат бахъун, чIвана хъат;
Хадуб гIакса абуна, —
ГIемер мехалъ чIвана хъат.

ЧIахъагиялъе чIвана,
ТIагIагиялъе чIвана, —
ТIад ругез цIаларал куц
Гъоркь ругез хъварал речал!

Цеве вугесе чIвана, —
Гьев нахъе тIерхьинегIан;
ТIаде цогиял щвана, —
Цинги гьезие чIвана.

Лъеберго соналъ чIвана,
Къо гьоркьоб биччачIого,
ЦIар бахъарабщинахъе
Цо михъиласе хъатал.

Гьесие хиси гьочIин,
БукIана рекIел хиял...
Хадуб, гьев камуравго,
«Кукурузалъе» чIвана.

Рукьалда бараб сатIтил
Хъаравулал рортана, —
Хъатал гIемерал чIваялъ
ЧIван батана замана.

Огь, мIитингазул хIасрат,
Трибуназул рокьи!..
Дир йокьулей яхчана
РагIабазул чадрабалъ.

Гьез рагIизе биччачIо
ГIоразул чвахидал хъуй,
Чундуз рохьор ахIулел
ГурхIилел гIадал кучIдул.

Ракьалъухъ гIенеккизе,
Зобазухъ гIенеккизе,
Заманалъухъ, гIинги чIван,
ГIенеккизе щвечIо мех.

Кидаго — цере, цере!..
Чан берцинаб расалъи...
Къасд букIана лъалхъизе, —
Нахъ балагьизе течIо.

Огь, гьел хъатазул гьаркьал, -
Докладазда кьижарав
Гьезул кьабгIиялъ чанцIул
Макьидаса ворчIарав!

БитIахъе кьалда гIадаб
Кьвагьи букIуна гьезул, —
Гьужумалде корпусал
Унел ругилан ккола.

ЛъикIал пикрабазеги,
Гьайбатаб рагIуеги,
БегIераб гIакълудайги
Гьел чIваниги бегьула.

Бегьула бахIаразе,
Бертабалъ кьурдулезе,
«Большой театралъул»
Балет, операялъе.

Бегьула улкаялъул
Ихалъе, гьунаралъе.
Рагъул хIинкъи хисизе
Рекъел тIохде бахине.

Гьезие хъат иххазги,
Хурдуз, ахазги чIвала, —
Мадугьалас чIван гуро, —
Жалго гьездаса чIухIун.

Цинциязухъ балагьун,
Хъулухъалъул культ гьабун,
Хъат чIваларо ияхIалъ, —
Гьеб хъат чIвала латълъиялъ...

ГIемерал сонал рарал
Хъатахъ балагьун вуго...
Хъаравулал рортараб
Рукьалда буго сагIат.

Балагьун вуго хъатахъ,
Хъуялъул гьудулзаIбахъ...
Пушкин витIарав вуго:
ЧIахъаги гIакълугин бакъ!

## ЦО ГIАРАДАЯЛЪУЛ КЪИСА

Дун яргъил чи гуро, лъикIаб ярагъ—гьеб
Лъалиниб макьида кьижараб буго.
Амма гьаб нухалда къватIиб ракьалда
Хъазмил хIараялъ дун хIайран гьавуна.

Шагьар бакьулъ бугеб борхалъиялда
Эхеде, гIебеде гIергIедула гьеб.
Дун тIажаиблъана, гьаб жанавар щиб,
Жакъа кьалищ бугеб щай гьаб кьвагьдолеб?

Гьалдолеб бакъул къо, къалъараб сагIат,
КъватIал чIван рахъ-рахъалъ унел гIадамал.
ГIинкъалги гьал гьечIо, хисулареб хIал,
ГъутIбузда хIанчIицин хIинкъулел гьечIо.

ХIикмалъарав дие доб гIарадаялъ
Жиндирго гIумрудул къиса бицана,
Жиб согIаб гIакълуялъ ургъун бахъанин,
Азарго гIузрудай гIайибаб бугин:

«Гьаб дир гIаоилъиялъ гIодаралщинал
Кьалда васал хварал мисIкинал улбул.
РахIму гьечIез кьурал кьогIал амруяз
Кьвагьдезе тIамуна... чIунтулел ригьзал...

Гьедин сонал ана, цо сверуда дун
ГIакъилал, ракълилал чагIахъе ккана;
КвартIагин нилъалъул лъималаз цолъун,
Цо хIукму къотIана, къисмат хисана.

Гьез дун шагьаралъул гохIде бачана,
Гуро, нуж гIадамал, хIинкъугейилан;
Гьаб гIарадаялъул топаз гьанжеккун
ТамихI гьабуларнн, талихь бикьулин.

Гьалъулги жидерги къотIи ккун бугин,
КучIдул ракьалда цо рокьул ахIизе.
Гьадинги унтаби гIемерал ругин, —
ГIазаб, свак, ракъи, къеч цоцазул гъежда...

Гьаб нилъер гIарада гьанжнялдаса
Добе гьаваялде ахIдезе буго:
ЛъиIмал гьаруралго, гьел чIахъагиян,
Гьалбал рачIаралго, лъикI щваралилан.
«Воре, тIаде рахъа, хъат чIвай, бахIарзал,
БахIарал кьурдизе рахъунел ругин... »

Гьеб гучав гIеласул гIакIа рагIизе
ГIенекке къо бакьулъ щибаб нухалда,
Ракъарал, свакарал киналго чагIи
Кваназе рачIайин, замана щвакин.

Цоги гьелъул бакъан дагьаб пашманаб,
Гьаниб шагьаралда чи камуравго, —
Нахъа хутIаразда гьеп кIочонгеян,
Бесдалал наслаби чиякъ тотеян... »

Бицана жегиги, жегисеб щайзе,
Жагьилал гьечIезе гьабги гIун буто.
Гьеб гIарадаялде гIадамал гьанже,
ГIертIиде кинигин, ругьунлъун руго.

Дун гьаниса ана, пикрабалъ вуго,
Гьелегьарал рагъал рачIуна цере.

Гьаб дуниялалда чан-чан миллион, —
Чед гьечIел, ракъарал, щокълъарал чагIи?!

Музеялъул кIалтIа гIенеккун чIарал
ГIарадаби гурел дие рокьичIо.
Амма щибаб ярагъ кидаго кьвагьде —
Кваназе ракъарал гIадамал ахIун.

Кьвагьде, гьал унтарал тIаде рахъине,
ТIолабго дуниял кантIизабизе...
Ярагъ букIунгеги, букIун хадуса,
БукIине биччанте гIицIго гьаб гIадаб.

Доб Кремлиялъул ГIарада-парчахI,
Гьелда аскIоб лъезе бегьилаан гьаб,
Мадугьалихъ бугеб гучаб цIумургун
Гаргазе гIищкъулги ракълилги бицун.

## ТЕАТР ЛЪУГIАНА

Театр лъугIана, кинацагIаги
ЦIакъ камилго хIана жинди-жиндир роль.
Жив-живас, рекIехъе такрарги гьабун,
ТечIо суфлерасс гьабилан хIалтIи.

Бищунго гьоркьохъеб пьесаялдаги
Пардавал къалалде бертин букIуна:
Гьелдалъун лъугIана нужерги концерт, –
КечI ахIун тараб куц гьаракь гьечIезги!

КечI ахIи щибжо гьеб, цо къолохъаби,
Къолохъабини щиб, цо кьурдухъаби,..
Хъат чIвараб гIоларо, чIабар бухула, –
ЧIухIи рогьоялъул, пункьи рекIкIалъул!

Гьал – куркьбал рекарал «кукурузникал»,
Космосалда ругин жалгоян ккарал.
Гьал – тIину багьарал гIисинал русби,
Парусал рорхалар гуми кинигин.

Гьал – бицунеб рагIул рохъо гьабурал,

Гьунилъигун вацлъи цIадулъ бухIарал,
ЯхI, сигарет гIадин, хIатIикьги чIинтIун, –
ЧIахъа жидер хобин, кье цIун бокалин.

Бокалаз чурилищ черхалъул инсап, –
Хвараб чилъиялъул занахъ вуго дун;
Гьанже зигар гьечIо чIваразда хадуб, –
ЧIагоязда хадун вуго гIодилев.

ГIодун щиб гьабилеб, велъулев вуго, –
Кинал палугьаби, гьал кIанцIолел куц!
Кинаб циркалдаса гьазий лъай щвараб, –
«Шапито», дуда гьал данде чIвачIелищ?

Сонги гьал «бахIарзал» – пайда щибилан,
Гьадав цIогьорасул цIоко ччукIизе, –
Жакъадос цIункIигун, цохIо пиштIигун,
Гьороре рачIуна чIирчIизе «къудкул».

Сонги гьал «бихьинал» – гьагъаб цо гважул
Габуралда базе рахас, рахасин, –
Горбода маржанал къалъараб мехалъ,
Къур-къурилан хьуцIалъ гьал цIиликъуркъби.

Сонги рикIкIунарел хIарамзадаби, –
ХIакимал лъугьингун, гьаз лъукъарал куц!
Сонги дий гьедарал «мун кIудиявин»,
Жалго кIодолъун ккун, кIичIардарал куц!

Грим бахунеб хех, гьеб хисулеб куц…
Кино-театр – гьеб гьадингояб жо;
Индия, Мексика, нужер маскаби
Махсараби руго, – гьазул хвенехал!..

Бищун цIакь, бищун цIакъ дирго божараз
Багьадурго хIана гьеб хIиллаяб роль.
Дун хIикмалъарав куц, гьелъие гIакълу
Гьал цо гьудулзабаз кисан босараб?!

Камилаб тIалъиялъ гьеб малъиларо,
МагIарул кьурабаз гьеб кьезе гьечIо.
ХIанчIазги гъудузги чанги тIутIурав,
ТIаде вахъа, эмен – аваразул яхI.

Гьикъе гьазда нужер режиссер щиван,
ЩвантIих чахъабазе пурав вехь киса?
Кинан гьал гIисинал ракIазда кIвараб
Гьалин кIудияб ццин жаниб цIунизе?

Киналго цоцазде тIаде гьусизе
Гьелъий къваригIуна гучав дипломат, –
Дун гьесий хъат чIвазе къачIан чIун вуго,
КъватIив вахъунарев щибизе автор?!

Щал гьал кулисазда нахъа рахчарал,
Кинабго жадеде тIаде босарал?
Дие жаваб гьабе,.. гьале цо-цоккун
Цере рачIана гьал, гьоркьоб мех ингун:

Гьадинан букIанин, додин кканилан,
Дун гьоркьов вукIинчIин, жиндида лъачIин…
Режиссер дунилан, дие чвархъана
Чвантинир монетал дорагин гьанир.

Дирижер жибилан, дие жирана
Анищаб кверщалил карьерлъидул тах.
Дур инсуйги жинца гIакъуба кьунин,
Бикъарди ахIдана жиб музыкайин.

Бачана далалай даран-базаралъ,
Данде пуна зурма гьереси-цциналъ.
Дорехун хIел-хIелел, гьанир хIапдолел,
ХIанчIолел, гьимулел гьомерал, кIалал.

КIоченчIо режиссер, питнадул цIадухъ
Гьев шашликI бежулев – ругьунаб пиша…
Гьедин гьури пуна, гьедин цIад бана,
ЦIалкIидал кинабго цебе кенчIана.

Заман гьоркьоб ана, пардава къана,
Къолол сас къотIана, дий рагIи кьуна.
Дун тIаде вахъана, дица баркана
Дир «гьудулзабазда» макру, хиянат…

Хоралъе солистлъи гьез лъикI гьабуна,
Салам кьуна гьезий тIарамагъасеб…
Цинги балагьана, гьелчолеб Каспий,
Гьелъул тIинда чанги гьаб тайпа буго.

О, диди рихьула лъадал полопал,
Гьенире тIерхьунел гьазул тIонацIал…
Гьал гъора хутIила, дир гьалдолеб кечI,
КвачIги бан бачIина рагIаллъиялде.

Гьеб мехалда дица рагьила пардав,
Гьаракь борхун, дица цIалила назму.
Гьеб театралъул ахир бихьигун,
Бохиларо нужен хадусеб наслу.

## ЦIУНТIАДЕРИЛ РОХЬОБ

Булоналъул паркахъ парижав гIадин,
Гьанже ЦIунтIадерил рохьов вуго дун.
Версалалъул гьундухъ фонтанахъ гIадин,
Кьурул чвахиязухъ вуго хал гьабун.

Дур ботIрода гIадаб хъахIаб цилиндр
Цоги чотIахъанас Европалъ лъечIо,
Гьеб буго магIарул буртинатIагъур, –
ЦIадалги бакъулги дий хIинкъи гьечIо.

Дунгун цадахъ йиго цо авар мадам,
Гьелъул кереналда – цо кило гIарцул,
Цинги БежтIа росдал Дом культуралъул
Клубалъул кIиго тIинчIай мадмазель.

Чвахулеб буго лъар, лъарал рагIалда
Лъабазго ахIула Лумумбаде кечI.
Кисан гьал рагIаби мугIрузде щварал,
Африка лъаниги, дида лъаларел.

Ниж, чабхил иххаца жал-рачI чурарал,
Чуяца рачунел руго гъулдулъан.
Гъоле Грузия,.. рекъав Ражбадин, –
Жакъа мун гуро, дун – Дагъазул тIогьив.

Дихъе чагъана кье, ЦIоралъул чундул
Доб Алазаналда кьурдизаризе.
Рихьея дурнавал, пача Ираклий,

Гьале, дида данде вачIунев вуго.

Гьевгун цадахъ вуго поэт Ираклий,
Гьалбал, рилълъа нужин Кахетиялде…
Рилълъана, сверана Цинандалалда,
Цинги кIияздаго дица абуна:

«НекIсияб гъалмагъир гьанже чIалгIанин,
ЧIаголъи рокьигун вацлъидалъ бугин,
Доб Георгиевский трактаталда
Те дие жакъа бакI гъулбас гьабизе».

…Булоналъул паркахъ парижав гIадин,
Гьанже ЦIунтIадерил рохьов вуго дун.
ЦIор добехун буго, дун гьанив вуго,
Гьоркьов кIияздаго хъаравул гьечIо.

## ХIУЗУ

Рукъалъул гъасда цIа, нуцIаялъул кIул,
КIалтIе балагьараб рагъидал хIуби, –
ХIузу, – дир хирияй, цо хутIана мун,
Хиси гьечIеб дурго чIегIераб ратIлилъ.

Цояца багIаралъ, цояца хъахIалъ
Релъанщинал жалго гьаб гIагарлъиялъ.
Цояз гIодов тана, цояз тIад тана, –
Цо ккураб тIабигIат гIумрудул гьечIо.

Дирги батIалъи щиб, гьедин букIана,
Цояца гьанив цIан, цояз дове цIан.
Амма, бакъ тIерхьигун, баянлъана дий –
Бигин рижи гуро божи-гIагарлъи.

ГIагарлъи гьеб буго хисичIеб наму,
Гьелъул хъалаялъул хъаравуллъун мун…
Доб Балашовалде балагьун буго
ВуссинчIев вацасул рагьараб каву.

## КЕЧІ ХУТІУЛА

Дун гьитIинго вукIинчIищ, –
НекIого кIоченаан
Дида эбелалъул кечI,
Киниялда ахIараб.
Амма гIагараб ракьалъ
Дий гьеб такрар гьабуна,
Гьанже дир эбел гьечIо, –
КечI хутIана, хутIана.

Дун гIолихъан вукIана, –
ГIемерал ихал ана,
ГIищкъул ахIарал кучIдул
Дида кIочон телаан.
Амма гIораз, гъутIбуца,
ТIугньдуца, сардаз, къояз
Дий гьел такрар гьаруна, –
КечI хутIана, хутIана.

Рагъ цебего лъугIана, –
Дида кIочон телаан
Дол кIкIуйдулал санаца
Солдатаз ахIараб кечI.
Амма чугин ярагъалъ,
Чиясул лебаллъиялъ
Дие такрар гьабуна…
КечI хухIула, хутIула.

***

Йилълъа Женевалде, гьаб нилъер дагIба
Дагьа-макъабниги сасунарищан.
Йилълъа Гаагалде, – гIаламалъул суд,
Сурав кIиязулго гьелъ босизе те.

Ядерияб рагъул ургъалилъ дунял, –

ЦохIо дур къалдаса кьерун вугев дун.
Огь, нилъер къасдазул рорхатал сиял,
Сабруялъул бугеб гьитIинабго кIкIал!..

Дий бицун букIана, цере индеял,
Ццин бахъингун, рохьой унел рукIанин;
ГъутIбузде чучизе черхалъул хиял,
Чундузде бикьизе жидерго ургъел.

Дирги жан, чара хун, бухIулеб мехалъ,
Херав лъалев чияс лъуна гъежда квер:
Гъолеян нилъер ицц, гьалеян гIидра,
ГIенекке мугIрузул музыкаялъухъ…

Дун гIенеккун вуго, кинабго гIалам
Гьелъухъ гIенеккизе ахIулев вуго.
Гьеб мехалъ, нилъер щиб, дунялалъулго
ДагIба-хъуй сасина… ХъахIиллъи зодил!

Дора ругелщинал гIемерал цIваби,
ГIумруялъ цоцазе зиян гьабичIел.
ГIодор ругелщинал щулиял сиял,
Щиб къо бачIаниги къацандуларел.

***

Художникал, художникал
Художникалищ, унго, –
Дир хирияй, дур сурат
Жеги гьабизе лъачIел?

ПатIиматги лъимерги
Как базе къеда чIвачIел, –
Гьаб цо дир диналдаса
Дунял махIрум гьабурал?

БакъналчагIи, бакъналчагIи
БакъналчагIийищ ругел, –
Бакъан дир гIищкъуялъе,
Унго, жеги батичIел?

ГІасрабазда ргІичІеб
ГІумрудул симфония…
ГІаламалда гурхІула, –
Дун талихІан чи вуго.

***

Дур хабар ргІарабго,
Цодагьалъ рахІат хвана,
Цо жий лъаян, нахъасан
Бадиб квер чІвараб гІадин.

Дур гьаракь ргІарабго,
Дагьабги рахІат хвана,
Хехаб бичІчІулареб тел
Дихъе бачІараб гІадин.

Хадуб мун данде чІвана,
Санаца рахІат хвана, –
Сундуе гьаб букІараб
Сардаз бихьараб макьу?

Санал цадахъ тІамуна,
ТІабигІатберцин, мунгун, –
ТІокІаб гьаб гІумруялда
РахІат гьаризе гьечІо.

***

Гьаб бащадаб дуниял
Марияе как балеб, –
КинабгІаги дунялалъ
Дуе базе кколаан.

«Аллагь гьечІин» абулел
Духъ балагьеян абе, –
Эбелгун инсудасан
Йижун мун ятиларо.

Мун щий, дуде гIагарал
Гьелгицин ратиларо,
Гьелги дие рокьула
Дур мехалъул халкъ букIун;

Мун йигеб дунялалда
Дида данде чIваралъухъ;
Дуде бугеб хилъидахъ,
Дулъ гьезул жахIдаялъухъ.

***

Мунищ, мунищ, мунищ гьай
Унтун йигей гьабсагIат? –
Унтун буго гьаб гIасру,
Унтун буго гьаб гIалам.

Унтун буго тIабигIат,
ТIаде яхъа мун, дарман;
Дару тIинкIе цодагьаб,
Гьаб гIаданлъи сахлъизе.

Дунни щив цIунаниги,
ЦIунун бажруларев, –
ЦIунаразул ццидаца
Холеб буго гьаб гIалам.

Рагъ, хвел… дида кколаан
Хадусел наслабазе
Дарсаллъун рукIинилан, –
Огь, нилъ кантIулел гьечIо!

***

Дир бераз балагьуге
Гьаб дунялалъухъ, гьудул;
Дунялалъул пашманлъи, –

Гьеб бихьун къварид вугин.
Мун чIужугIадан йиго
ГIодизе изну бугей, –
Мун гIодизе дие цIакъ
Бокьун гьечIо ракьалда.

Дир гIундуз гIенеккуге
ГIаламалъул гьаркьазухъ,
Гьезул зигарди рагIун,
Дие цIакъ захIмат бугин.
Мун чIужугIадай йиго
Угьдизе изну бугей, –
Дуда ургъелал чIвазе
Бокьун гьечIо гIумруялъ.

***

Дуца тамах гьавуна,
Дуца чучизавуна, –
Чучаравги гьедигIан
Дуе бегьулев гьечIо.

Дуца щула гьавуна,
Дуца къвакIизавуна, –
КъвакIаравги гьедигIан
Дуе рекъолев гьечIо.

Мекъги тIекъги тирана,
БитIунги дун хьвадана, –
БетIер хьвагIулей гурей,
Дида мун йихьуларо.

Мун унтани, дир гIайиб,
Дун унтани, дир гIайиб…
ГIайибазул гохIдасан
Гирун унеб дир бетIер.

***

Дурги лъималазулги
ЦIакъ лъалев подхалим дун,
Бакъул, моцIрол, цIвабзазул
ЦIаязул кинигинан.

Кваридасан вилълъуна,
Накабаздаги чIола, –
ЧIахъаги гIурабиги
ГIурда хурдул-тIугьдулги!

Чанги-чангияздаса
Дун гIемерав бергьана,
Амма, дир канлъи, дуе
Дица кверал рорхула.

Цониги хIакимасе
ХIеличIо дунги кечIги, –
ЦохIо дуе хIелула,
ЦохIо дукьа хIинкъула.

***

КочIохъанас берцинлъи
Цо-цо ургъун бахьула, –
Дица ургъаралдаса
Мун азарцIул камилай.

Дунни щив, Рафаэльги
Дуца хIикмат гьавила,
Петроркада Лаура
Дуца кIоченайила.

Дунни щив, тIаде рахъа,
Дунялалъул шагIирал,
Щив нилъер талихI бугев,
Щив нилъер талихI гьечIев?

Нилъ киналго налъулал
Гьаб дунялалда цере, –
Дунял налъулаб буго

Дир гьудулалда цебе.

***

Дун унтараб мехалда,
Ахириял сагIатаз
Дие изну, лъай кьуни
Лъабго рагIи абизе, –

Дица ракъварал кIутIбуз,
Дица къечараб ракIалъ
Абила бищун цебе,
Баркала, хирияйин.

КIиабилеб дир рагIи
РагIизе дуда биччай, –
Огь, рахче берал тIелхаз:
«ТIаса лъугьа, хирияй».

Лъабабилеб букIина
Дир рекIел мурад дуе, –
«Унтуге мун, сах таги
Саламалъе, хирияй».

Хадуб цогиги рагIи
Дие абизе кьуни,
Цогияб рагIи гьечIо,
Гьелго такрар гьарила:

«Баркала, дир хирияй,
ТIаса лъугьа, хирияй,
Унтуге мун, сах таги
Саламалъе, хирияй».

## КОЧIОЛ ХIОР

Щиб бицинеб нужее,
Бицинищ кочIол хIорил? –

Мун дидаса хIинкъуге,
ХIорил кIалтIа бугеб къверкъ.

ЛъабцIул къур-къур бачана, –
Берцинай яс лъугьана…
Берал, гьумер, гьайбатлъи,
Гьимулей йиго бика.

Гьелда кIалъазейилан,
КIал дица рагьулаго,
ХIихIидана, тирана, –
ТайгIалалъун лъугьана…

Гьелда кьили лъезеян,
Кьур-кьулев дун вукIаго,
Дир гъажалдеги бачIун,
ХIинчI лъугьун, чIирчIидана.

Гьеб ккверзейилан абун,
Квер дица гьесулаго,
Эхеде боржун ана,
Жиб аэроплан бугин.

Аэроплан… ВачIана…
Аэродром… ДандчIвана…
Добго къверкъ – къур-къурилан,
Дойго яс – саламилан.

Добго чу хIихIидана,
Добго хIинчI чIирчIидана…
Ругелщинал хIикматал
Дир хIоралъул – гьаб кочIол.

## ДИР ИНЖИРАЛЪУЛ ГЪВЕТI

Дида гага батана,
Дун гьелдехун гарана:
– Гага, дун урхъун вуго,
Инжиралъул гъветI кье дий.

ГъветI баккана, вохана,

Дица гьелда гьарана,
Дур гьайбатал тIамхазул
РагIад кьейин дийилан.

ТIанхаца рагIад кьуна,
Дица гьезда абуна,
Гьанже гьайбатлъиялъе
Нужеца пихъ кьейилан.

Пихъ кьуна, дун вохана,
Дагьаб жахIдаги ккана, –
КочIолгин хIасраталъул
ХIаси гьадинаб лъикIин.

Пихъ кьуна, дун вохана,
Хадув дагьав хIинкъана, –
Дир хIеренаб гьотIоде
КIудияб гIазу бана…

## ДУНГО ХУТIИГУН

Дун кивго унев гьечIо,
Сундего къачIан гьечIо, –
Къо лъикIилан, лъиедай
КIутIбуз щурулеб бугеб?

Кисаниги вачIунев,
ДандчIвалев щивго гьечIо, –
ВорчIами, саламилан
Сунда дун гаргадулев?

Дида цадахъ чи гьечIо, –
Гьал дирго галабийищ,
Дида лъилнигиян ккун,
Лъалхъулев, гIенеккулев?

Дуда кIалъалев гьечIо, –
Щай некIсияб дагIба дий?
Лъие жаваб гьабулев
Гьаб-добилан дун вугев?

Къеда бараб сагIатцин
Сас тун гIенеккун буго,
ГIадада заман рикIкIун
Бугеб пайда щибилан.

Дур сурат рамкаялъуб,
Унго, бугеб рекъараб, –
Амма гьабан гьикъизе
КъваригIараб жо гьечIо…

## ИНСУДЕ

Дирги рас хъахIлъана, дур гIадин, эмен,
Гьанже цо гIелалде нилъ гIагарлъана.
Цо-цо мехалъ ккола, кIиялго цадахъ
ЦохIого гIорхъоде рачIунел ругин;

КIиязулго чуял, мугIрул ракь сверун,
СиратIалъул кьоде щолел ругилан;
Щобда нахъ хутIараб гIолохъанаб их
Дурги дирги харбалъ хъудулеб бугин.

Киб араб дур ботIрол доб чIегIераб кар,
Долъул чIваби гурищ тIармида ругел?
Гьебги хъван ахIулел рагIула дида
Дур херлъи лъаларел хириял кучIдул.

Гьаб дир чIегIераб кар кинаб кIукьмаххалъ
КъунцIараб, киб араб – дидад лъаларо.
Дуца бице, эмен, дур тIамуралъе
ТIадеги цоги чIва къваригIун гьечIищ?

Дица дуе кьела цогиги гьаракь,
Гьаб дир заманаялъ дида малъараб;
Дунял тирулаго гьелъул цIадаца
ЦIалараб, ахIараб, гьаб дилъ бухIараб…

Инсуца абуна: «Бице, тIанчIица
ХIанчIида жиндирго кваркьаби гъолищ?
КигIанго кочIолал рукIананиги,
Цо каранда жаниб кIиго ракI гьунищ?...»

***

Ункъоялда анцIила
ИчIабго гьунаралъул
Наслабахъе щолеб щиб? –
Нусабилеб цо гьунар.
Мун, нус абилеб гьунар –
Дагъистаналъул хвалчен,
Наслабазда кIоченчIо,
Дидаги кIоченаро.

Ункъоялда анцIила
ИчIабго хIасраталъул
Васазе щиб хутIулеб? –
Нус абилеб цо хIасрат.
Мун, нус абилеб хIасрат, –
Дагъистаналъул къиса,
Васазухъ буго пандур,
Гьеб дир рокъобги буго.

***

Рорхаталгун гургинал,
Гучал, багъилал лугби –
Нартаз дунял кин тараб? –
ТуманкIгун чи данде чIван.

ТуманкI, гьеб гьанже щайзе,
ГIицIго чанае гуреб, –
Чан квешаб ярагъ бугеб
Ургъун гьаб гIасилъиялъ!

Дун рагъул тушман вуго,
Амма бищизе кьуни,
Бищила нартазул рагъ,
Бугъбузул гIадаб дица.

Нартал гьечIонаниги,
Гьезул харбал-къисаби
Халкъаз гIадада гуро
ГIасрабазе тун ругел.

## ЩIИЯБ ЛЪИКIАБ БИЦЕ ДИЙ

Нужей щиб жо бокьараб,
Хъудулел карачелал? –
Цо кинаб букIаниги,
ЩIияб лъикIаб бице дий.

Рокъосан хабар гьечIо,
Гьале тIубан къо ана,
Къаси бецIлъулеб буго, –
ЩIияб лъикIаб бице дий.

Больницаялда жакъа,
Операция гьабун,
Дир гьудул вегун вуго, –
ЩIияб лъикIаб бице дий.

Гьаб дагIба лъугIулареб
Афгъаназул ракьалда
Улкадул гIолохъаби, –
ЩIияб лъикIаб бице дий.

Дир керен, ракь бакъвараб
Эфиопия гIадин, –
Унго, цIадал раларищ? –
ЩIияб лъикIаб бице дий.

ЦIадул хIинкъидал къали, –
Бензиналъ цIураб дунял,
Бице, цIодорлъуларищ? –
ЩIияб лъикIаб бице дий.

Хъудулел карачелал,
Вертолетал кинигин…
Рортулел руго цIваби, –
ЩIияб лъикIаб бице дий.

Хъвалеб кечI бачIунаро,
БачIаралъул кеп гьечIо:
Бейрут, Багъдад, Тегеран, –
ЦIияб лъикIаб бице дий.

Цоял щурун кIалъала, –
Щибго рагIулеб гьечIо.
Цояз пулеб трубка, –
Гьеб дида бичIчIуларо.

Кьодухъе гIорал гIадин,
Щай гIадамал унарел
ГIагарлъизе, цолъизе? –
ЦIияб лъикIаб бице дий.

***

Огь, гьоболги гьудулги,
Нуж гьечIого угьдула, –
Ургъелалъгин чIалгIеналъ
ЧIвазе дагьав хутIула.

Нуж рачIараб мехалъги
Рохалица унтула, –
Ургъел гьечIеб хабаралъ
Хвезе дагьав хутIула.

Хадуб заман арабго,
РакIалдаго гьечIого,
Нужеда гьоркьов цояв
Пашман гьавун ватула.

Цинги, рахъун лъикIилан,
Нуж нахъе унеб мехалъ,
Нахъасан бачIун, дида
Ургъалица къвал бала.

Къаси макьу щоларо,
ШигIруги тIурун уна,
Аман, дир гьобол-гьудул, –

Гьаб тирулеб техтеро.

Гьедин рокъов хутIула
КIалъалареб хъизангун, –
Гъасда сардилъ свараб цIа…
ЦIул, рак, чIахIалъул рохъо.

Дун чIвалин буго гьанже
Щибаб къоги сордоги;
СагIтихъ дун балагьула, –
Дихъ гьеб балагьуларо.

***

Каспий гьелчелеб буго,
Гьалъие лъугьараб щиб? –
Гьури гуро, цIад гуро,
ГIодой риччарал гъутIби.
Дора-гьанир речIчIула
Мехтарал карачелал, –
Каспий гьелчелеб буго,
Гьалъие лъугьараб щиб?

Лъималахъ балагьула,
Гьел рорчIизе гурилан, –
Гуро, гьве щай хIапдолеб
ХIинкъадго азбаралда?
Циркалда мотоциклал –
Гьал лъадал карачелал –
Лъималахъ балагьула,
Гьел рорчIизе гурилан.

Вахъуна, хал гьабула,
Гамагин раса гьечIо,
ЧчугIил гIин гIинда чIвла –
ЧIечIого дур буцунеб.
Огь, чвахияз чурулел
Нилъер тахал – кьураби…
Вахъуна, балагьула,

Гамагин раса гьечIо.

Дица паракъалъеян
Гьарула Каспиялда,
Гьелъ дие жаваб кьола,
Мунго паракъалъеян.
Гьаб рекIеда квер лъола,
БукIаралъуб чIолареб, –
Дица паракъалъеян
Гьарула Каспиялда.

## КЪУНКЪРАБИ

Цо гургинаб кьуру буго дир ЦIада,
Кьин чIараб сордоялъ тIад цIа бакулеб.
Бицуна, гьеб бугин цIакъго цевесев
Цо магIаруласул гIужилан абун.

Гьединищ, додинищ, – дида лъаларо,
Амма лъалел чагIи дандчIвала цо-цо,
Хъазмил чода рекIун, хъазмил квер борхун,
Эхетун балагьун чармил сиязда.

Бицуна, чIвараб гIел чIаго ругехъе
Чундуллъун, хIанчIилъун рачIунин абун;
Ясазул рукIунин хIасратал маккал,
Васазул рукIунин къвекIал цIумалин.

Гьединищ, додинищ, – дида лъаларо,
Дидаго рихьана хвразул занахъ:
РечIаларел тIугьдул, сунарел цIаял,
ЦIарал гIемер руго гумузде руссун.

Дицаго хъвана кечI, – рагъда къанщарал
ХъахIал къункърабазде руссанин абун.
Къого миллионал, накIкIал хъвалхьулел,
ХъахIилал зобазда рихьула дида.

Дун доб рагъда хвечIо вацазда цадахъ, –
Дозде кечI ахIизе анив хутIана.
Гьеб ахIараб кочIохъ дол къункърабазул

Къукъадулъ дагьаб бакI дий бегьиларищ?

## АЗАРГО КЪУНКЪРА

Азарго, азарго, азарго къункъра,
Америкаялъул лъималаз битIун,
Океанги нахъ тун, дихъе бачIана…
Азарго, азарго, азарго къункъра.

ГIисинал квераца кагътил гьарурал
ХъахIал кваркьабазул цохIо кечI буго:
КватIуге, кватIуге гIумру цIунизе…
ГIисинал квераца кагътил гьарурал.

Дида Хиросима ракIалде щвана:
Госпиталь, атомалъ унтарай сани,
Азарабго къункъра къотIулей хвана…
Дида Хиросима ракIалде щвана.

Долъул борхараб квер кибго бихьула,
ХъахIаб къункърадул кечI кибго рагIула:
КватIуге, кватIуге лъимал цIунизе…
Долъул борхараб квер кибго бихьула.

Азарго, азарго, азарго къункъра,
АхIде чIагоязде чIваразул цIаралъ, –
Рахе океанал, тире улкаби,
Азарго, азарго, азарго къункъра!

## МУЗЫКА

Рохьоб свердулеб мехалъ,
Цо-цо дида рихьана
Цо гъотIода харбида
Хасалихълъиги ихги.

Дица щибжо гьабилелеб, –
Цоларищ цо ахихъан,

Дир гIищкъуги гIакълуги
Цоцалъ рекъезабулев?

Царай чIужу ячунеб
Вечер дида лъаларо, –
Данд чIвала гвангъараб бакъ
Балеб цIадалда цадахъ.

Кив вугев гьанже тохтир,
Дир лъабкъого соналъе
Доб лъеберилъ букIараб
РакIалъул тирхи кьолев?!

…Гьединан дун вукIаго
Байбихьана музыка –
Дур суалазе жаваб –
Жиндихъ гIенеккейилан.

Чвахун унеб гIумрудул
ГIурул кIиябго рагIал
Дица цолъизабулин
Цого кьодухъин абун.

Гьелъ ахIана, дир юргъан
Цо гIаданалъ борхана, –
ГIолохъанго букIараб
Рокьуе асирлъана.

Ахикь тIогьилал гъутIби
Гъунел рихьулел гьечIо.
Гъаргъар бана черхалда,  –
Чвахулеб гьаб музыка…

***

Доб рахъалдасан рохь, гьаб рахъалда рохь,
Гьоркьоб кIияздаго чвахун унеб гIор…
ГIодой биччараб гьеб хIалхьи босизе,
ХIор лъугьун, лъалхъизе чIун бугин ккола.

Кинан жиб унебин, мугIрул тIалъидал

Гьаб тӀабигӀатги тун, цоги бакӀазде;
Доб цоги бакӀалда кӀудияб ралъад, –
Доба дир беричлъи билизе бугин…

Огь, пашманлъулеб куц дир авар назму,
Эхей чвахун унеб гӀурухъ балагьун.

**БАЛЕТ**

РухӀула рукьбицин, бокьуле дие,
Балеринал, нужер хӀикматаб миллат.
Музыка! Перевод къваригӀунаро,
Пардава рагьула – малъазда дунял.

Дорасан цо-цоял, гьанир цогиял,
Гьоркьосан батӀиял, бакьулъ кӀигоял…
Макьуцин турищ гьаб? Макьу батани,
Маян гӀумру гьалъухъ кьезе бегьила.

Кьурде, кьурде, кьурде нуж, балеринал,
Кинабго бихьараб дида кӀочене,
Кинабго кӀочараб цебе тӀамизе,
Цо сагӀтил миллион сонал гьаризе.

Роржунелищ ругел – лъазе кӀоларо,
Лъедолелищ ругел – хадув гъоларо.
Лъала, дица цадахъ букӀараб дир рухӀ,
БухӀи дир чорхолъ тун, дидаса ана.

Кверазул кӀичӀ-кӀичӀи, хӀатӀазул кьури,
ХӀориниб камилаб куркьбал хъахӀаб хӀинчӀ…
ХӀава, гӀайиб гьечӀо алжаналъул гӀеч
Гьаб гӀалам бижизе кванарай дуда.

Кьурде, курмул цӀутӀун, нуж, балеринал,
Балагьги квешлъиги кибго кӀочене;
КӀочараб, тӀагӀараб, тӀиналде араб
ТӀад буссун берцинлъи, рокьи бачӀине.

Гьадинаб баянаб балъголъи кинаб –
Духъе билет щвечӀеб, кочӀол Дагъистан?

Огь, бакъназул аллагь, дида гурхIарав, –
Дур бакъ данд чIвазегIан дун чIаго тарав.

Балагьун вуго дун, кьиндал театр –
Кьурда бакараб цIа бихьула дида.
Чвахулеб буго гIор. Гьаб гIумруялъул
ГIищкъу гуреб щобалъ щибниги гьечIо.

Кьурде, балерина, кьурде, хъахIаб хIинчI,
Кьижарал пикраби чIаго гьаризе.
Кьурдуге, дагьалъ чIа, чIаго вугищан
Дихъго валагьизе… гьанже хва абе!

***

Дунялалда рекъел цIунизе дие,
Дирго рокъоб гIадин, захIмат батичIо.
ГIалам дир тIалъийищ, гьаб Дагъистанищ? –
Гьелъ гIадин дир рокьул макьаби чIвачIо.

РикIкIад Америка, ядеразул кор, –
Я гьал бюрократал аскIор цун цадахъ.
Дозда рагIи абе, чи кIалъаларо, –
Гьал чиновниказда щиб жо абилеб?

БакътIерхьул немцазул реваншистазул
Руруялъе жаваб дица кьелаан,
Дирго улкаялда, дирко ракьалда
Ругел гIархьучIчагIи, щибилеб гьазда?

Цо-цо комиссияз, цо-цо хIукмабаз
Байдаби гьарула памятниказул.
Гьаркьаца, бакънаца, гIасияб хъуялъ
ГIин чамгIал гьабула ритIухълъиялъул.

Сон Берлин босарав солдат вачIана,
Судалде ккун вугин викъардун васин.
Волгаялда чIварав росасул лъади,
Васаз жийго тарай, унтун сусада.

Ясазе цо-цоял гIищкъул бицунел,

Гьелъул гIарцул курхьин кодой щвезегIан.
Каспиялъ абуна, вугин къасабчи,
Жинцаго къвал бара блата къотIарав.

Рагъда къанщаразул къаназул кIкIалахъ
КIалдиса меседил цаби рахъулел, –
Кир гьел рукIаниги фашистал руго, –
Гьезухъе бомба кье – биххила гIалам.

Дунялалда кигIан балагьал ругел, –
БацIазда цIцIе гуреб бихьулеб гьечIо.
Кисанго сентIелеб, свердолеб хIинкъи, –
ХIанчIида ракIалда мочохур буго.

ГIодор щиб, зодор щиб, – кир рукIаниги,
РекIей рахIат киса гьал ругеб мехалъ?..
…Дунялалда рекъел цIунизе дие,
Дирго рокъоб гIадин, захIмат батичIо.

## ПОЭТАЛ КИДА ХОЛЕЛ

Поэтал кида холе, –
Херлъун, санал ингунищ?
Унти хIаллъун, рухI дагьлъун,
БахIараб цIа свингунищ?

Гьедин гIемерал хола,
Амма поэт холаро, –
ХутIула гьесул ахIи,
ХутIула гьесул бухIи.

Поэтал кида холел, –
Каранлъ гулла щвейгунищ? –
Гуро, гьереси буго,
Гьикъе Гренадалда.

Дица бицунеб гьечIо
Доб ЧIегIераб лъаралъул,
ЧIаго гьечIо поручик –
ЧIаго вуго кочIохъан.

Игьалиса молода
Арав ХъахIабросулъес
Хъвалеб тIармил бакъан-кечI
Буго тIохазда жеги.

Гьал бидул рихьал къотIе, –
КъанщичIо дир Есенин…
Къокъаб цохIо рагIи «Русь», –
«Росдал ахирав шагIир».

Поэтал кида холел? –
Квешал кIалазул гьерсаз,
Гьез ругъун лъечIеб керен
КочIохъабазул гьечIо.

Огь, Ругъжаса Марина,
Цо гIебуялда кIвечIо
Гьел дур кIутIби рукъизе, –
КIутIулеб буго жергъен.

Поэтал кида холел? –
Кверазда рахсал райгун…
Йохъ, чанцIул Сибирь къотIун,
Саринал нахъ руссарал?!

КигIан берал рахъарал, –
ЦIваби жеги гвангъана,
КигIан цIер, гIазу бараб, –
ГIурул чвахи къотIичIо.

Поэтал кида холел? –
Хола, хола поэтал –
Цо гьереси бицани,
Пахь меседан абуни.

Берцин вихьизейилан
Хьвадани, гьимгьидани;
Палугьанлъи гьабизе
Рецц-цIаралъухъ лъугьани.

Бищун керчаб гъветI хола,
Жаниб хIапаро ккани,
Хола, чан сон баниги,

Сарин, хIелхIедун хъвараб.

Хола хIинкъун ахIарабл,
Хола ццидакь абураб, –
ЦохIо гIищкъу хутIула,
ЦохIо гIакълу хутIула.

…Дица дирго бакъназул
Къоял рикIкIунел руго.
Дун дирго сариназул
СиратIалде щун вуго.

Бице, дир щакдарулел
Пикрабазул диванчи,
Дун чIваразулъищ вугев,
ЧIагоязулъищ вугев?!

## ВАНГА

Машгьурлъиялъул рахъалъ
Вангаца Болгариялъ,
Благал* бицинаро, –
Багрянации** нахъ тана.

Щибасул къиматалъул
БукIараб, букIинелъул
Гъамсазул кIулал ругей
КIодол дие бицана.

Вангада дунялалда
ГIемерал чагIи лъала.
Лъаладай дагъистанав –
Дун гьелъухъе вилълъана.

Жуна* хадуй гIунтIичIел
Дир унтаби, гIузраби,
Дир гIумруялъул къиса
Рагьейилан гьарана.

---

* Блага Димитрова, ** Елисавета Багряна – машгьурал поэтессаби.
*

* Жуна (Джуна Давиташвили) – машгьурай тохтир.

Унтарай гьай, херай гьай –
ГIажанбай палихъан…
Дица гьалъие кьуна
Дир ракьалъул сайигъат.

Дица гьалъие кьуна,
Дирго адрес кинигин,
Унсоколо росулъа
Устарзабазул гIанса.

АзарцIул квартIа кIутIун,
Камиллъараб гъаоIол тIинчI,
Гъоркьанги тIасанги гьай
Гьеб тIилихъ балагьана.

Гьанже тIадеги яхъун,
Дое-гьаний свердана;
Гьелъул щулалъи, бакIлъи
РакIалъ, квераз борцана.

Цинги киса, щиван дун –
КинабгIаги бицан,
Жийго дир цIигьулдерил
ЦIадухъ йигей гIадинан.

Дидасан хъварал, хъвалел
ГIарзал лъалел ратана,
ГIагараб обкомалда
ХIалтIулей йигей гIадин.

Дица пикру гьабуна,
Дун гьаниве щвелалде,
Бищун дун лъалев гьудул
Гьалъухъ вукIун ватилин.

Цинги ракI щакдарана
Цо дир мадугьаласда,
Цевеккун Болгариялъ
Жив вукIанин бицарав…

…Амма ахир букIана
Харбил бищун хIикматаб, –
ХIинкъана дун гьалъухъе

Щибизе вачIаравин.

Гьалъ иргадал цо-цо бер
Дида речIчIизабуна,
Цинги аскIор щал ругел, –
Гьай гьезухъ ялагьана.

Ансадерил гIансида
Квалквалаго, абуна:
Дур эмен цеве хварав,
Дур эбел хадуй арай…

Хал гьабун ругин гьел духъ
Даим къасиги къадги,
Гъол къанабазда жанир
Жиде-жидер бакIазда.

Гъоздща кодорги ругин
Гьадиналго гIунсбийин, –
Вас вачIараб мехалда,
«Ма!» – ян дуда кьабизе.

…Дица щаян гьикъана, –
«Щаян дуда лъаларищ? –
ЩайтIабазцин гьабичIеб
Гьабуна дуца чанги».

Гьелъ рицана киналго
Квешал дир гIунгутIаби, –
Дир гIайибал тIолалго
Заназда рихьулила…

КучIдулги мунги чанги
БатIа-батIаго анин, –
БетIер хьвагIулеб бугин
Дур эменгун эбелалъ.

Гъозухъе мун дагь щолин
Пикру-гIакълу гьикъизе,
ГIагарай яцалъулги
Дур тIалаб мукъсан бугин.

ГIураб росулъеги мун
КъанагIат щолев вугин,

Инсул гъасда цIа сунел
СагIтал рачIунел ругин.

ГIисинал дагIбаязда
КIудияб гьоркьоб танин,
КIудияв цIогьор вугин
Мун дирго заманалъул.

Дур гьалдолел маялгун
Панаял кочIол ихал,
«Гьукъараб лъингун» вукIун,
Лъараца чанги анин.

БичIчIулареб абунин,
АхIулареб хъванилан, –
Хъат чIвалел митингазда
Рортарал дур сагIталин.

Дур гIемер налъи бугин
БецIичIого хутIараб, –
РецIизе дур гIайибал
Жеги гIемерал ругин.

Гьеб бесдалазда лъалин,
Гьеб намусалда лъалин,
Лъица босаниги квер
Дуца кIобокIанила…

…Цоги, цоги абуна,
АскIой лъади йикIана, –
Ихги тIерхьунеб бакъги
Дида чIухIун рукIана.

Бищунго гьаниб квешаб –
Палихъан йитIун йикIин, –
Гьелъул тIолго цабзалъан
Цо гьереси борчIичIо…

Дун къватIиве вахъана
Къваридго, гIодой виччан, –
ГIайибазул горI, дица
Кинандай мун бахина?

ПалхIасил, иш лъикI гьечIо,

Дица хIисаб гьабуна
ГьетIарал гIаркьелазул
ГIумруялъул гъветIалъул.

Дида цере тIамуна
Дирго эебелгун эмен –
Жиде-жидер къаназукь,
ГIунебузде тIаде къулун.

## СУЛЕЙМАНИЛ ЧАГУР

*Н.В. Капиевалъе*

ГIумруялъул ахираб
Их тIегьалеб цо соналъ,
Сариназул бакъназе
ЧIваби рекъечIеб мехалъ,
Сулейманица чагур –
Чорхол хIасрат, хазина
Хирияв ХIабибие
Сайигъаталъе кьуна:

Гьаб бугин дир ирсилан,
ГIасрудал васиятин,
Васазухъе кьечIого,
Духъе кьелин, шагIир, гьаб –
Дир кочIол хIанчIил бусен,
Асаразул кваркьаби,
Бищун гьаб кодоб боссе
МустахIикъав мун вугин…

Хех Каспидал рагIалда,
МугIрузул ахалъуда
Дагъистаналъул халкъалъ
Херав ашуг вукъана.
Дун вукIана гьитIинго.
Полпилал карачелал.
Гьасул бицун, ганчIазда
РечIчIардулеб доб маялъ.

Чагурилан абуни,

Капиевасул рокъоб,
Каранда сабаб гІадин,
БукІана къадада бан.
Рокъоб бетІергъабазе
Сулейманил хІакъалъулъ
Гьелъул хІайранал чІвабзаз
ЧІечІого бицунаан.

Живго ХІабибицаги,
Гьесул хІисабал гьарун,
Хъвана «Поэт» – ин абун
Жиндирго аслияб тІехь…
Хадуб рагъ, ругънал, биял,
Хирург, операция.
Блокноталъул тІамач –
Бищун тІарамагъасеб…

Рагъазул цІаяздаса
ЦІунараб кочІол чагур,
Капиев гьечІониги,
Гьеб хІинчІалъ бусен течІо.
Росасухъ чІегІер барай
ЧІужу гьелъухъ балагьун,
Пашманай, цо хутІарай,
Азарго хиял бугей…

…Сана лана, дагь-дагьккун
Дицаги хъвана кучІдул.
Дагъистан, дур бакъназулъ
Бакъул нур дийги щвана.
Цо хаслихълъи бачІингун,
Хурдул речІалеб мехалъ,
Дихъе гьалбал рачІана
Гьавураб къо баркизе.

Гьезда цадахъ йикІана
Наталья Капиева, –
Гьей оратор йикІинчІо,
Амма рагІи гьарана:
«Расул, дир рокъоб бугеб
Бищун къиматаб гьале!» –
Къисмат кІудияб чагур
Гьелъ маян дие кьуна.

МагIил горо букIана
Дир тIелхаца бахчулеб, –
Вохунищан лъаларо,
Къварилъунищ лъаларо.
Дица каранде къана
ХIинкъадго гьеб хазина,
Цо лъилниги рокъоса
Бикъулеб бугеб гIадин.

Дир рукъалъул къадада –
Ханжаргун тIамур инсул;
ТIаде гьабгIан гIагараб
Дие щибниги гьечIо.
Дица, гьезухъ балагьун,
Дирго аслияб назму
Дагъистаналъул рахъалъ
АхIулеб буго санада.

Дица ахIун бахъинчIеб
Хадуб цогияз ахIе, –
Цадахъ чагурги босун
Инарни черх чабхилъе.
КучIдул цIиял рукIина, –
Амма цIаялъул хинлъи
ЦIул цебесеб бугогIан
Халат букIуна гъасда.

## МАТIУ

МатIуялъув валагьун
Вуго, хIоринив гIадин,
ХIисабалгун суалал
Руго цоцазулъ журан.
Кинал рекIарал нусаз,
Цо рас гьоркьоб течIого,
Гьадин гIасиго кIкIвараб
НекIсияб чIегIераб кар?

Дир ботIроде рехараб
ХъахIарб цидул тIом кинаб,

Яги хъурун, бек бекун
Гьаниб бараб чакар щиб?
Щиб пурцица бегараб
БитӀараб авлахъ – нодо?
Рахъал – дорагин гьанир, –
Гьенире лъарал риччай!

Берал къварилъун руго, –
Араб гӀумру гурони,
АскӀоб, гӀагарда бугеб
Кино бихьулеб гьечӀо.
ХӀалае цӀороберал
ТӀаде къваригӀун руго,
ТӀолабго лага-черхго
Цебе букӀараб гьечӀо…

МатӀуялъув валагьун
Вуго, хӀоринив гӀадин,
ХӀисабалгун суалал
Руго цоцазулъ журан.
БотӀрода гӀемераб цӀам –
ЦӀамгӀаллъарал дир санал.
БотӀрода хъахӀаб хӀули –
ХӀанчӀигун арал ихал.

Надалда рукӀкӀалаби –
РикӀкӀилъ гьалдолеб гӀумру.
Гьелъул батӀи-батӀиял,
ГьетӀ-гӀетӀарал свераби,
Сариназулъ хутӀарал
Рокьулгин кьалул ругънал.

Санал араб черхалъулъ
Чанав чан дун вукӀарав:
ЦӀигьулдерил кьураби,
Кьин чӀейгун бакараб цӀа.
Гьеб цӀадухъ, тӀохде рахун,
Хал гьабураб росдада,
Гьадав вас Расул вугин,
Дун вихьулев вукӀана.

Гьеб чорхолъ вукӀана дун
Жегиги гӀолохъанав,
ГӀараниб мактабалда,

Хунзахъ театралда.
Дица цIалулел кучIдул, –
Гьезул цIадул хинлъи лъан,
Гьадав вас Расул вугин,
Районалъ абулаан.

Хадур нухал, сапарал,
Санал камияз цIурал…
Континентал тирана
Гьаб чорхолъ вугев чияс.
Календарал хисана,
Хасел кIалтIа кIетIана, –
Хал гьабун вуго гьанже,
ХIорихъ гIадин, матIудахъ.

БетIер дир хъахIлъун буго, –
Хъвараб кечI кинаб бугеб?
ХъвагIазе чIегIераб тIанкI
РекIелъ цониги бугищ?
Надалда рукIкIалаби
РукIа, – иту чIваларо, –
РукIкIен чIвазе кколеб бакI
Дир ияхIалъул бугищ?

Гьурмал цо рахъалдаса
Цогияб рахъ нечолеб
ЦохIониги иш кканищ
КочIолги гIумрудулги?
КIиябго берзул цояб
Цоялдаса хIинкъараб
ХIалтIи дида лъарабищ
Дир лъабкъого хаселалъ?..

…МатIуялъухъ валагьун
Вуго, хIорихъ гIадинан, –
ХIисабалгун суалал
Руго цоцазулъ журан…

***

– КIудияв, щай пашман вугев?

– Дуниял лъан, лъимал рихьун.
– КIудияв, щай вохун вугев?
– Дуниял лъан, лъимал рихьун.

– КIудияв, щай хIинкъун вугев?
– Дуниял лъан, лъимал рихьун.
– КIудияв, щай хIикмат вугев?
– Дунялалда гIемер мех бан, –
Я гIадамал лъан ратичIо,
Я гIумру бичIчIун батичIо.

## ДУН ГЬАНЖЕ РЕГIУН ГЬЕЧIО

Дун гьанже регIун гьечIо,
Цин рагIи абилалде,
РагIулареб ххвел гьабун,
ГIенеккун вуго нужехъ.

Гьерсилал гьудулзаби,
Гъоркьохъел гIалимзаби,
ГIебу заралъ бухулел
Залимал багьадурал…

Дида заман чIвагеян
Буго зодихъ щибаб цIва, –
ЦIадал гIемер чвахараб
МегIер буго дир бетIер.

Дида, хIалакъал цIцIаназ,
Дагьал кьаралъаралго,
Кьуру лълъурдуз бухулел
Ихал гIемерал лъана.

Нужер гьунар, ритIухълъи…
БатIиязе бице гьеб, –
Дида речIчIарал чIорал,
Гьел чIалабазда щолин.

Щиб жо абунаниги,
Дун данде кIалъаларо, –
Дица кIалдиб хъат чIвала

КIарун велъунгутIизе.

Нуж киналго тIаделъе, –
ТIамур хъвалев вукIина,
ТIохде вахинчIониги,
Дун рокъовго вихьула.

Родол бухIи гIадинаб
ЯхIалъул бетIергьаби,
КIодолъарал гьитIинал –
Гьеб кутакаб халкъ буго.

Гьеб нужер гIелмуялъе
Щварав гучав оппонент,
ДандчIванщиназда гьоркьоб
Питнадул цIа букулев.

Гьеб бакараб гIечIого,
Гьениб шашлыкI бежулев…
Гьесул лифталде раха,
Борхалъуде щвелин нуж.

Гьес сахлъи цIунулеб куц,
Ва амма санал – чуял
Сверулел чIезаризе
ЧIолорхъо кибго гьечIо.

Дир цохIо гьари буго:
Гьев гIакъил вачIаравго,
Гьикъе киб бугеяли
Рогьо чурулеб дару.

Апрекалда гьеб гьечIо,
Тукабазда гьеб гьечIо;
Дуниял свераниги,
Гьелъие сабаб гьечIо.

ЦохIониги хирургас
Гьелъий операция,
Нужецаго кинигин,
Кидаго гьабиларо.

# РОКЬИ, ЧІА

«Рокьи, чІа, рокьул кечІ, хва!» –
РагІуларищ гьаб сардилъ,
Цересел ругъунал унтун,
Угьдилев цІикІкІарав чи?

«Рокьи, чІа, рокьул кечІ, хва!» –
РагІуларищ гьаб сардилъ
Дир гьитІинай ясалъул
ГьитІинай яс гІодилей?

«Рокьи, чІа, рокьул кечІ, хва!» –
Дур вас рагъда чІванилан,
ЧІужугІаданалъухъе
ГІасияб кагъат щвана.

Дов чІвараб ярагъ буго
Дунги нужги чІвалилан, –
ЧІегІераб кІкІуйдулъ – гІалам,
Миллион жаназаби.

«Рокьи, чІа, рокьул кечІ, хва!» –
Гуми тІиналде ана, –
ТІасан хІинкъаби кьолел,
Кьижуларел ракетал.

ЦІогьал, чІвадарухъаби,
ЧІухІарал ахІмакъбази, –
Рекъел цІаялъ бухІулел,
ЯхІ, гІакълу хабалъ лъолел.

«Рокьи, чІа, рокьул кечІ, хва!» –
Гьаб дур замана гуро, –
БацІал рурулел руго,
Росу бакьулъе рачІун…

Рокьуца жаваб кьуна,
Жиб кидаго чІеларин.
КечІ-шигІруги кІалъана,
Щиб кканиги хвеларин.

***

Пайда гьечIо, пайда гьечIо
Рокьул цIа рекIарасда,
Йокьуге дой гIаданин,
ГIемераб абиялъул.

ГIащикъасда, гьеб гIадин,
БичIчIулареб мацI гьечIо.
Дидаги гьеб рагIана,
Дицаги гIинтIамичIо.

Пайда гьечIо, пайда гьечIо
КечI гьабулев чиясда,
Гьеб теян, азаргояс
АзарцIул абуниги.

ШагIирасул ботIрода
ГIемераб накIкI букIуна, –
Амма ракI бухIулеб кечI
АхIичIого дун чIечIо.

***

Цо дунял – нусго улка,
Цо улка – нусго миллат,
Цо миллат – нусго хъизан,
Цо анкь – анкьго сордо-къо…
Цо къо, цо сордо, ц очи,
Цо бетIер – нусгно тIалаб:
Дунялалъул рахъалъ,
Улкаялъул рахъалъ,
Миллаталъул рахъалъ,
Хъизаналъул рахъалъ,
Заманалъул рахъалъ,
Чиясул рахъалъ,
Чилъидал рахъалъ.

***

ТIаса гIазу хъварабго,
Цо-цо гIаркьел бихьула
ГIурччинго пахруялда –
Жеги жидер их инчIин.

Гьаб дир гIумруялъулги
Цо-цо гIаркьел гьединаб, –
ГIазу бала, цIад бала,
ЦIунула гьез их, рокьи.

Кьин гьаглъараб мехалъги
Иххалда нух батула, –
Гьеб ралъдахъе щвечIого
Щибунги букIунаро.

Дир кучIдузулги гIамал
Цо-цо гьеб лъарал буго, –
ЛъагIелалъ хасел буго,
Хасият роол буго.

***

ГъутIби речIарабго, чIи-чIи кьотIула, –
ЧIоларев кинав дун хасел цваниги?
Хасел гIасилъигун, лъеда цIер чIвала, –
Дир чIаголъи гъасда кин сасунареб?

КьотIунищ рехилел дица гьал кверал,
Кодой тIокIаб къалам босунгутIизе?
Бахъунищ рехилеб карандаса ракI,
КечIалъе ахираб отпуска кьезе?

Къалмица абуна: «Дун рехун хадуб,
Рохел дуе цоги кинаб букIинеб?»
КочIоца абуна, дун гьечIеб гIалам
Доба хабалъ бугин, хехдаругеян.

***

Зодой балагьана, гьеб мукIурлъана,
НакIкIал ахада тун, хъудана мотор.
Дие мукIурлъичIо дир каранда ракI, –
Гьелъул гьаваялда пилот цохIо мун.

Ралъдахъ балагьана, гьеб мукIурлъана,
Полпил карачелал, квачI бан, нахъ тана.
Дие мукIурлъичIо дирго пикраби, –
Гьезул гаваналда гамихъанлъун мун.

Дица гъутIби чIана, хурдул рецана,
Дица хур бекьана, ракь мукIурлъана.
Дие мукIурлъичIо гьаб дирго рокьи, –
Дуца пиштIаралъуй, гьве гIадин, уна.

## ПАТIИМАТИЕ

***

Дида аян абуни
РикIкIад Африкаялде,
АнцIго соналъ жунглабалъ
Дунго цохIо вукIине.
Дица цадахъ босила.
Сабабалъул бакIалда
Дур сурат, дир хирияй,
Кинабго хутIараб тун.

Лондоналъул жентельмен,
Жиндирго ледихъе гъос
Гъосасан щиб битIулеб? –
Щибго дида лъаларо.
Дица бищун пахруяб
Пальмаялъул тIанхида
Петраркал сонет хъвала
Дуе сайигъаталъе.

Дида «воржа» абуни
Космосалъул гамида,
Рес гьечӀеб, къваригӀараб
ГӀицӀго цадахъ босеян,
Дица къададаса дур
КъотӀун босила сурат,
Дир къисмат гьаб букӀанин,
БукӀинеги бугилан.

Космосалъул гордухъан
Гургинаб дунял бихьун,
Дица дир тӀоцебесеб
Салам дуде битӀила.
Доба борхалъиялда
Микрофоналда гьаракь
ПатӀиматин букӀина,
Цоги батӀияб гуреб.

ВитӀе Гаитиялде,
ВитӀе Парагваялде, –
Партизаназул цӀадухъ
Дур цӀар букӀина кочӀолъ.
ВитӀе дун полючалде,
ВитӀе ралъдал тӀиналде, –
Киналго ургъелазул
Ругъназе даруги мун…

ГӀицӀго хабалъ лъолелъул
Абизе биччай дица:
Дур цӀар, сурат кӀочанин,
КӀваричӀин тӀокӀайилан, –
Дица гьукъизе буго
Дирго кочӀолаб рокьи
Гьал дир рукьбузда цадахъ
Ракьулъ жаниб букъизе.

## ДУР ЦӀАР, ДУР ЦӀА, ДУР ЦӀВА

Гъасда цӀа бакарай, кини кӀикӀарай,
КӀиго лъикӀаб ргӀи дида абурай,

Лъабго жавабалъе дица щурарай,
Дир шигIру цIорола, дур цIар гьечIони.

Радал киналгIаги гордал рагьулей,
Рогьел, хъатиниб лъун, маян дий кьолей,
Дур жулалъ лъухьарал женжелел накIкIал,
Дир керен цIорола, дур цIа гьечIони.

Дир нухал, саназул сиязул гохIда,
Гамил байрахъ гIадин, дур борхараб квер.
Кидаго мун цее, кидаго цадахъ,
Гьаб Кавказ цIорола, дур цIва гьечIони.

Гьал цо ахIмакъзаби ярагъ ургъулел,
Инсаниятальe гIазаб къачIалел,
ГIалам, гIумру, гIасру, космос цIорола,
Дир цIваги дир цIаги, дур цIар гьечIони.

***

Мун къварид гьайизе хIукму къотIани,
Дуе хIинкъи кьезе хIилла ургъани, –
Гьал хIалихьатазда лъан букIа абе, –
Дица вето лъолеб гьел бугьтаназда.

Дий рагъги дагIбаги къваригIун гьечIо,
Къуват дир черхалъул бакъназулъ буго.
Амма дуда кIалал кьабгIун чIечIони,
Цо кьвагьаралъ дица анцIгоял чIвала.

Гьедин цо кициялъ азарго рагIи,
Араб бакI лъачIого, тIагIинабула.

***

ПатIимат, бицинищ дуда цо рохел, –

Даная – Саския сахлъун рагIула…
Нусаца сусураб халикъаб лага
Хирургаз, рухIги лъун, лъилъизабуна.

Лъабнусго сон бараб Рембрандтил хIасрат
ХIеренаб бусалъан балагьун йиго,
Юргъанр тIаса рехун, тIолго черх рагьун,
Рогьел гIадин, гьале жийилан йиго.

Берал, гьумер, керен кислоталъ чурун,
Кидаго бахIарай тохIолохIочай,
Гьелъ абуна, дуда салам бицеян,
Сардазул ургъелахъ баркалайилан;

Невадул рагIалда, Эрмитажалда
Инсул Голландиялъ гIадин йигин жий.
Амстердамалдаса бетIергьанасе,
БетIер къотIаниги, хилиплъиларин…

ПатIимат, гIела гьел тIелхал хуларал, –
ПарччахIай Саския сахлъана нилъер…
Цебе Марияде МахIмуд кинигин,
Дун гьелде къвакана, къуличIониги.\

## ТIОКIАБ ДИЦА ГЬАНЖЕ АХIУН ЛЪИКIИЩ КЕЧI?

Рорхатал мугIрузул гIоралгин иццал,
Бице, тIокIаб дица ахIун лъикIищ кечI?
Нужеца абуни, ахIизе буго,
Цойгияз абуни, йохъ, ахIиларо.

МугIрул тIабигIаталъ тIегь кьуна дихъе,
Дун дуда бичIчIани, кечI ахIейилан,
Бокьанани рокьул, бокьани кьалул, –
Кьураби, щобазда щибго бихьанин.

Дир къарну, дир къоял, дир Пушкин, МахIмуд,
Бице, дица токIаб ахIун лъикIищ кечI? –
Нужеца абуни, ахIизе буго.
Цойгияз абуни, йохъ, ахIиларо.

Санаца, чабхъеназ чагъана кьуна,
Ниж дуда ричIчIани, кечI ахIейилан.

Огь, дир кьижичIого бихьараб макьу,
Рокьи, дица тIокIаб ахIилебищ кечI? –
Дуца абунани, ахIизе буго,
Цойгияз абуни, йохъ, ахIиларо.

АзарцIул цIураб моцI бихьараб гIищкъу
ГIодоб чIана хьолбохъ, гъежда кверги лъун…
Гьелъ калам гьабичIо, амма бичIчIана,
АхIичIого чIезе дида кIунгутIи.

***

НакIкIил рохь, накIкIилаб зоб,
НакIкIикь гьунар, ритIухълхъи,
НакIкIалъан унеб буго
ГIумруялъул вертолет;
ГIодобги рещтIунаро,
ТIадеги бахунаро, –
ТIалайдухъан гьитIинго
Араб кIкIуй буго берзукь.

НакIкIил рохь, накIкIилаб зоб,
НакIкIикь ракIги жигарги,
НакIкIалъан унеб буго
Ургъелазул самолет.
Моторалда квер лъола,
КигIан бензин хутIараб.
Киб бугеб аэродром
Аваразул рокьуе?

НакIкIил зоб, хъахIаб бетIер,
Хъван балеб буго гIазу…
ГIурччинаб тIокIаб гьечIо,
ТIогьилабги нахъ тана,
Унел руго дир хьулал,
Хьухьикьан цIад кинигин,
ЦIа буго ссун рекIунеб

РикIкIадисеб рогьалилъ…

***

Чанги гIагарлъи тана
ГIагараб росулъ дица,
Амма макьилъ рихьула
Рохь-гъветI гьечIел кьураби.

Чанги гьудул хутIана
Хундерил тIалъиялда,
Амма цере тIамула
ТIугьдул иццаз чурулел.

Бищун гIагаразулги
ГIайибIгъвел камуларо, –
ГIайиб чIвазе тIанкI гьечIо
ЦIигьулдерил сиязда.

ЛъикIал гьудулзабиги
Цо-цо хисун ратула, –
Хисуларо гIураб ракь,
Киналго кьерал ругеб.

## ГАРГАР

– Дур тIахьал росуларо,
Тукада регун руго.
– Те гьедин, регаразда
КьабгIулеб гIадат гьечIин.

– Дур тIахьал цIалуларо.
– ЦIалугейилан абе,
ЦIуне гьел, месед гIадин,
Библиотекабазда.

– Дур кучIдул ахIуларо.
– АхIугейилан абе,

АхIмакълъи гIадамазда
Щибизе тIатинабун.

– Дур кучIдул гIункIаз куна.
– Гьел гIакъилзаби руго, –
Гьезда турони лъачIо
ЛъикIаб, тIагIам бугеб квен.

## ЛЪАБГО КЕЧI

*Дир ясазул ясазе.*

ХутIараб хутIила, хутIичIеб ина,
Хиял гьелъул гуро, огь, гьелъул гуро.
Цо бакъан къалъила, цояб кьерхина,
КьучI, аслу гьеб гуро, аслу гьеб гуро.

Аслияб  щиб кколеб, аслу щиб кколеб,
ЦIагьги пачаги щив чIаголъиялъул?
Дир ссудулеб суал – саназул тIохда
Сверарал нухазухъ балагьун вуго…

Бице, Америка, Рим, Париж, Берлин,
Белоруссиялъул Хиросимаби…
Бице, гIумруялъул магIна щиб кколеб,
Миллионал санал рарал дир мугIрул?

Бице, Египталъул пирамидаби,
Палестинаялъул палмадул гIаркьел.
Дие жаваб гьабе дуца, Акрополь,
Бецав Гомер, дуца рагье дир берал.

Авиценна, гьечIищ рецепти кечIги,
Кинабго дида гьеб бичIчIизабулеб?
Ральдал тIиналдаса тIадеги бахъун,
Дуца абе рагIи, дир Атлантида…

Щиб жо гьаб чIаголъи, гьалъие гIоло
ГIодизе, релъизе, рагъизе, хвезе?
Нахъа хутIарабни халатаб бугин,

Хадуб кибе инеб гьаб гIумру-гьоко?

…ХIинкъарал къасдазул къваридав асир,
Дун хвасар гьайизе дихъе ячIана,
Кодоб лъимерги ккун, лъалищ Мария,
МахIмудица къулун жиндий как барай.

Дида цере чIана гьал дирго лъимал –
Дада, кIудадаян данде рачIунел.
Гьел данде къаралго, дида бичIчIана
Дунялалда бищун аслияб щибан.

Гьез бакьлъизабуна бакъназул пикру,
Дица букъараб зар лъана щаяли.
Миллионал лъимал дуниялалъул,
Дун нужеда цеве налъулав вуго.

## II

ГьитIинаб кинида – гьитIинаб рижи,
Гьелде тIаде къулун миллион векал.
Эверест ахада, къасдал тIарада,
Океан – хIисабал гьаб лъимер сверухъ.

Дир тIегь, тIаса лъугьа, мун ячIиналде
КъачIан, гIуцIун гьечIо гьулак – дуниял.
Жеги кьвагьи буго, бид релъун хурдул,
Берцинлъи, паракъат мун толеб гьечIо.

Роржунел хIанчIазухъ чIалгIарай дуе –
Роржунел ракетал – атомил гIасру:
ХъахIилал зобазде ракI цIалей дуе
ЦIвабзазул рагъазе ургъулеб гIакълу.

Освенцимаялъул чIварай ясалъул
ХутIараб ясикIо кIочараб квешлъи.
Хиросимаялъул кагътил къункъраби
КъотIулаго хварахъ хал гьабичIеб ццин.

Палестинаялъул хIанчIазул зигар:
«Эбел, ВатIан, рукъан» – огь, гIинкъаб дунял!
Пикру доб моцIрохъе щун букIаниги,
БацIаз космосалде риччалел квачIал.

Океан – хIисабал, Эльбрус – гIодоб, –
Абе, мун кин гIелей, кинан цIунилей?
НекIсияб рокьиги цIияб ярагъги
ЦIадирабазда тIад гIумрудул кьода.

Мун ахх бачарабго кьижулей йиго, –
Кьижулареб питна, гьелда щибилеб?
Рагъ гьеб лъимер гуро кинида лъезе, –
Лъалиниб чIолареб чIегIераб балагь…

ГьитIинаб кинида – гьитIинаб рижи,
Гьеб кIикIулеб буго гьариги гьаги.
Гьарула, мун гIейги, гIумру букIине, –
Гьедула, дудаса квешлъи гьукъизе.

## III

Бищун кIудияб ирс, аслияб гIакълу –
Инсаниятальул даимаб паспорт,
Ралъдал тIинде унеб дир чIаголъиялъ
Мун чIахъагийилан чIвалеб буго хъат.

Дица дуй ахIула анищазул кечI
Эбелалъул бухIи дилъ гьечIониги.
Гьалдолеб хьаг гIадаб гьаб гIасруялъе
Мун дир васиятги дир сайигъатги.

Мун гIезе гьайизе гьаб дунялалда
Миллионал рукьби ракьулъ лъун руго.
Дица гьаб каранде дандкъалеб лъимер –
Кидаго гьадинаб орден букIинчIо.

Гьеб дур гьимиялъухъ, дур каламалъулъ
Дица кучIдул, дунго, дуниял кьела.
Дуца ахIулебги дуй ахIулебги –
КIио бакъан буго, бакъ, къо рекъолеб.

Гьел къине гьабулеб гьечIо гIарада, –
ГIемер хIалбихьана азарил саназ…
Амма мун цIидасан, цIа свананиги,
Ссунарии, дуниял, дунан кIалъала.

# КЕЧI

*МахIмуд ГIабдулхаликъовасе*

Къваридаб къо, кIиго щцин,
Цоцазе нух кьолареб,
Гьезул цонигияллъун
Мунги дунги рукIунге.

КIиго ахIмакъ къояца
Къацандун свакаларев,
Гьезул цонигиявлъун
Мунги дунги вукIунге.

КIиго мадугьал вуго
Цоцазе вокьуларев,
Гьезул цонигиявлъун
Мунги дунги вукIунге.

КIиго чIухIи, кIиго хъаз,
Цо хъулухъ къваригIарал,
Гьезул цонигияллъун
Мунги дунги рукIунге.

КIиго артист я поэт,
Цадахъ цо пьеса хъвалел,
Гьезул цонигияллъун
Мунги дунги рукIунге.

КIиго мехтарав вуго
Цо мотоциклаялда,
Гьезул цонигиявлъун
Мунги дунги вукIунге.

КIигояв цадахъ лъугьун
Цогищинал какуев,
Гьезул цонигиявлъун
Мунги дунги вукIунге.

КIигоял хIел-хIелдулел
Цо хIакимасда цере,

Гьезул цонигияллун
Мунги дунги рукӀунге.

Ришват кьолев цоявги,
Босулев цогиявги,
Гьезул цонигиявлъун
Мунги дунги вукӀунге.

КӀигояв гьедарулев,
КӀигояв гьударулев;
КӀигояв гьекъолдулев,
КӀигояв викъардулев;

КӀигояв бадир руссун,
Цоцазе рецц гьабулел, –
Гьезул цонигияллъун
Мунги дунги рукӀунге.

КӀиго жирулеб жахӀда,
Жагьандаманалъ аяб,
КӀиго жасус, гӀарзазе
ГӀаздал щакъи гьабулел.

Нилъее гьел щибизе, –
Гьороца росун аял,
Гьезул цонигиявлъун
Мунги дунги вукӀунге.

КӀигояв, рокьи ккарав,
Ракьагун гьан бежулеб,
Гьезул цонигиявлъун,
Мун лъаларо, – дун вукӀа.

КӀигоял гьужумалде
Гьаб намус цӀунун унел,
Гьел кӀиялго, нилъ рукӀа, –
Мунги дунги, дир гьудул.

## ХЬУЛАЛЪУЛ КЕЧӀ

Эбел, дуца хьихьула

Квешалгин лъикIал чагIи, –
Квешал лъикIлъилин абун
БукIуна даимаб хьул.

Ракь, дуца хьихьун руго
Квешалгун лъикIал чагIи, –
Квешал лъикIлъилин абун
БукIуна даимаб хьул.

Зобги, бакъги, моцIгин цIва
Киназего гIахьалаб, –
Квешал лъикIлъилин абун
БукIуна даимаб хьул.

Нухал, гIорал, рохьазда
Рихьанщинал гIадамал, –
Гьезул кучIдул рукIуна
Квешал лъикIлъилин хадур.

Дир кечIги гьедин буго, –
Гьаб дунялалъул рокъоб:
Ракъаразе чед щвелин,
Рукъ гьечIезе гьеб щвелин.

Щокъазе, унтаразе
Тохтираз сахлъи кьелин,
Туснахъалъул каваби
Киналго рехун инин.

Квешал чагIи лъикIлъилин
БукIуна даимаб хьул,
Гьеб гьечIого рес гьечIо,
ГIакъиллъизе ккун руго.

Хьул гьечIони, дуниял, –
Нилъер аслияб гама
Ина гъобе тIиналде
ТIад рекIаралгун цадахъ.

***

Огь, берал, берал, берал,
Огь, руччабазул берал,
Вокьуларесул къавулъ
МагIу тIолел, – ричIчIула.

Огь, берал, берал, берал,
Огь, руччабазул берал,
Вокьулесул рокъобги
Щибизе магIу тIолеб?

Огь, берал, берал, берал,
Огь, руччабазул берал,
Вокьулесул кавахъ
Нужер кунчIи, – бичIчIула.

Огь, берал, берал, берал,
Огь, руччабазул берал,
Вокьуларесул рокъоб
Нужер кунчIи, гьаб кинаб?

Огь, берал, берал, берал,
Огь, руччабазул берал,
Эбел-инсул рукъзабахъ
КъотIноре балагьарал.

Огь, берал, берал, берал,
Огь, руччабазул берал,
Россабазул сверульги
Свараб бакъ балагьулел.

## КЕЧI

Гьанже лъатIалил моцIал
Дагьлъун, гьитIинлъун руго.
Гьанже моцIазул къоял
Дагьлъун, гьитIинлъун руго,
Гьанже къоязул сагIтал
Дагьлъун гьитIинлъун руго.

Гьел рокьуе гIоларо,
Гьел рокьуе гIоларо.

Щиб гьабилеб, гIищкъудай
Гьаб гIумру гIолеб гьечIо.

Белтал гIадин, гьитIинлъун
Руго гьанже поездал,
Пандрил чIваби гIадинан,
ГIисинлъун руго нухал.
Шагьар щиб – буго росу,
Росу щиб – хIанчIил бусен.

Гьел рокьуе гIоларо,
Гьел рокьуе гIоларо.
Щиб гьабилеб, гIищкъудай
Гьаб гIалам гIолеб гьечIо.

Гьанже ццингун рокьуда
Гьоркьоб манзил дагьлъана,
Гьанже рекъелгун питна –
Гьоркьоб рокьо гьунаро.
Гьанже бакъги гьаб накIкIги –
Цо рукIкIада кIиго кун.

Гьанже гьай чIужугIадан…
ГIоларо рокьуе кечI.
ТIолго цIаял гIоларо,
ТIолго цIваби гIоларо.

***

ЧIумал рикIкIуней йиго
Лъабго ясалъул эбел, –
Эбел пашманго йиго,
Эбел ургъалилъ йиго:

Цо яс росасе инчIей,
Уней кида лъаларей;
Цо яс росасе арай,
Рокъое юссунарей;

Цо яс, росасеги ун,

Гьесдаса ятIалъарай…
Тирулел хехго санал,
КIетIолеб хIинцго сагIат…

ЧIинхал рехулей йиго
Лъабго васасул эбел, –
Эбел пашманго йиго,
Эбел ургъалилъ йиго:

Цо вас, лъади ячинчIев,
Халатаб сапаралда;
Цо вас рикIкIад рагъда чIван,
ЧIегIер бан гьесул лъади;

Цо вас, лъадуца тарав,
Живго хутIун хиялалъ…
Тирулел руго санал, –
Сардал, гьал рогьунарел.

***

Сардилъ кватIараб заман,
Дун рагъиде вахъана;
Лъалхъана, – лъихъе инев
Унтарал къасдалгун дун?

Къад рукIарал гIемерал
ГIагарал гьудулзаби,
ГIолилал, гIолохъаби –
Чирахъал сун ругеб куц!

Гьадасухъе вилълъани, –
Сас те, кьижараб хъизан,
Хъат чIвала дос кIалалда,
СагIатги бихьизабун.

Цогиявин абуни,
Министр вахъун вуго, –
Метерисеб данделъи
Докладилан вукIина.

Лъабабилев – къалмил вац,
Гьесул къавулъе щвани,
Дос дий къваригIун гьечIел
ЧIанда кучIдул цIалила.

Вуго цо росулъа чи,
ЦIакъ цевего дун щвечIев,
Щай дун вачIараяли
ВукIина къасдалъ восун…

Амма вуго цоги чи,
Дун вачIингун вохилев…
Дун ворхизе хIадурав
Дида гьев лъалев гьечIо…

…Къад рукIарал гIемерал
ГIагарал гьудулзаби, –
Гьанже цIаял дагь руго,
ЦIваби ртулел руго.

## ЛОТЕРЕЯЛЪУЛ БИЛЕТ

Дица лотереялъул
Билет босулеб буго,
Бергьинабе дилъилан
Дир араб чорхол бухIи.

Кье дир лугбахъе къуват,
Къвалакь микки бежулеб,
Гъажалда чIвараб чангун
Чанаса нахъ вуссунеб.

Амма билет бергьинчIо,
Номерал данде ккечIо, –
Кьурул рагIалде щолел
Руго дунги щунгъарги.

Метерисеб къо дие
ХутIилищан лъаларо,
Хиялал расандараб
Росу буго рикIкIада…

Дица лотереялъул
Билет босулеб буго, –
Бергьинадай дир шигIру,
Бергьинадай дир гIищкъу?

Билет цин бергьунаро
Цин бергьине лъугьуна.
Балагьула номерахъ –
Данде кколел, кколарел…

Дица лотереялъул
Билет босулеб буго, –
ХутIиладай Дагъистан,
Гьелъул намус, чIухIи, цIар?

Билет бергьунеб буго,
Номерал данде ккола, –
Дие аслу гьеб буго,
Дагъистан даим букIин.

## МУН КИСАН БАЧIАРАБ, КЕЧI?

– Мун кисан бачIараб, кечI?
– Лъимадул кинидасан.
– Мун кибе унеб бугеб?
– Лъимадул кинидахъе.

– Мун кисан бачIараб, кечI?
– Гъасда инсул цIадухъан.
– Мун кибе унеб бугеб?
– Гъасда инсул цIадухъе.

– Мун кисан бачIараб, кечI?
– Борчунеб хвалчадасан.
–Мун кибе унеб бугеб?
– Хвалчен чархида кквезе.

– Мун кисан бачIараб, кечI?
– Иццухъан, хурдуздасан,
Халатал нухаздасан,

Дол рорхатал зобахъан;

ВатІанлъул тІорахъан,
ХъахІал парусазухан,
Бакънахъан, накъищахъан,
Роржунел къункърабахъан.

– Мун кибе унеб бугеб?
– КиналгІати нухазде,
Киналго адресалги
Паспорталги руго дир:

Росугин улкаялъул
Ихалгун хаселазул,
Дир хирияй, цо йигей,
Цоги гьечІей Марямил.

– Мун кисан бачІараб, кечІ?
– Хабазул заназухъан.
– Мун хабалъе унебищ?
– Дун хвезе бегьуларо.

## ГЪЕДУ

– Щай, гъеду, чІегІерлъараб?
Щай, гъеду, чІегІерлъараб?
– ЧІухІараб лачен бихьун,
Гьелда бахъараб цциналъ.

– Щай, гъеду, гьаркьагъунеб?
Щай, гъеду, къвакъвадулеб?
– ГъутІбузда булбулазул
Бакънахъ ккараб жахІтаялъ.

– Щай, гъеду, гІарзахунеб?
Щай, гъеду, гІасилъулеб?
– ГІисинал милъирщаби –
Щай гъолгун бачІунеб их?!

– Щай, гъеду, дуца куркьбаз
Керен бухулеб бугеб?

– КигIан гIумру баниги,
– ГIадамаз дун рикIкIинчIо.

– Щай, гъеду, бохун бугеб?
Щай, гъеду, мехтун бугеб?
– ЧIварав бахIарчиясул
Берал рикIизе щвана…

## ГIОЛАРО

Цоял сахлъи, сахлъиян,
Гьаб сахлъи гIоларого;
Цоял санал, сагIталин,
Гьаб заман гIоларого;
Цоял гIарац, гIарарацин,
Гьаб гIарац гIоларого;
ГIемерисел киналго –
Киб бугеб талихIилан.

Лъийго щибго гIолареб
ГIажаибаб дуниял!
Гьаб дир гIищкъул кIодолъи, –
Гьебцин дие гIоларо.

Цоял ракьго ракьилан,
Бугеб ракь гIоларого;
Цоял зобго зобилан,
Гьаб зобцин гIоларого;
Цоял цIа гIоларого,
Цоял цIад гIоларого;
ГIемерисел киналго –
Киб рекъел бугебилан.

Лъийго щибго гIолареб
ГIажаибаб дуниял!
Цо дир гIищкъул гIатIилъи, –
Гьебги дий гIолеб гьечIо.

Цояй росго росилан,
Росас къварид гьаюрай;
Цояв лъади, лъадиян,

Лъадул ццидакьа хIинкъун;
Цоял лъимал, лъималин,
Лъималазда кIочон тун;
ГIемерисел киналго –
Киб бугеб ияхIилан.

Лъийго щибго гIолареб
ГIажаибаб дуниял!
Гьаб дир гIищкъул борхалъи –
Гьебги дий гIолеб гьечIо.

Цоял чурхдул цIехолел,
Цоял чилъи цIехолел;
Цоял цIвабзахъе раха, –
Борхалъи гIоларого.
ГIолеб гьечIо цIодорлъи,
ГIолеб гьечIо хIеренлъи,
ГIемерисел киналго –
Киб бугеб ритIухълъиян.

Лъийго щибго гIолареб
ГIажаибаб дуниял!
Дир гIищкъу гьалдолеб куц, –
Гьебцин дие гIоларо.

***

РакIни гIадалаб жо, гIищкъу бугони,
ГIундул-берал гьечIеб, мацI бичIулареб.
ГIундулги гIантал жал, рагIанщиналда,
РакI чIун, «у» абулеб бихьилалдего.

Бералги гIантал жал, бихьаранщинаб,
Ишан гьабичIого, гьоркьоб толарел.
Гьаб цо кIалдиб мацIги – кIудияб ахIмакъ,
Нус-нус гIузрабазе гIиллалъун бугеб.

Кинабго гIаксалда букIинаан гьаб,
Цо-цо бетIералда тIинкъулеб ани.
Гьебги, сверичIого, гIадаллъичIого,

ГIаздалъ мегIер гIадин, букIунебани.

***

Дун, дирго гIасруялъул
ГIадамазул мухъилав,
Я нахъехун вукIинчIо,
Я цевехун вукIинчIо.
Нахъа хутIараб мехалъ
ХIатIал тIилаз рухана,
Цеве кIанцIараб мехалъ
КIалдиб цIамул лъим тIуна.

Дун, дирго гIасруялъул
ГIадамазул мухъилав,
ГIедегIинчIо вачIине,
ХутIичIо кватIизегIан,
Хех гъотIода барщараб
Хекко хола, тIагIуна,
Хадуб кватIун барщараб –
Кеп-тIагIам букIунаро.

## ГЬИТIИНАБ

ГьитIинабин абула, –
ГьитIинаб жо милъиршо,
ГьитIинал кваркьабазда
КIудияб их бачIараб.

ГьитIиналго кIулаца,
КIуди-кIудияб рагьун,
Ялъуни рагьараб къан,
Ругин, къоялгин сардал.

Дие гьитIинаб гьечIо
Дир гьитIинаб кини-рукъ,
Дун гьенисан вачIана
КIудияб дунялалде.

ГьитIинаб ЦIада росу, –
Стамбул кье, кьеларо;
Кьурабалъ ганчIил лъарал
Гангадухъ хисиларо.

ГьитIинабин абула, –
Цо гьитIинаб цIунцIраялъ
Пил гIодоб тIамунилан,
Бицунаан инсуца.

Огь, бергьараб, гучаб Рим,
ТIолго нухал цолъулеб,
Хъазаз хвасар гьабунин,
Буго хабар дур рахъалъ.

Дие гьитIинаб гьечIо
ГьитIинаб авар миллат, –
Ибсен гьелъги бегьула
Гьаб гIаламалъе кьезе.

Дие гьитIинаб гьечIо
Дир гьитIинаб Дагъистан, –
Гьеб къватIибе бахъана
ЦIакъ кIудиял къасдалгун.

ГьитIинабин абула, –
ГьитIинаб цо рукIкIаца
КигIан кIудияб тIанса
Бессараб гIасрабаца.

ГьитIинаб гуллид чанги
Гамил керен борлълъараб, –
Живго кIудияв Пушкин
Гьелъ гурищ гIодов лъурав!

Дица гьитIинабилан
Тун букIана цо унти,
Цинги кIодолъаравго,
Гьелъ дида кIал гьикъана.

Дица гьитIинавилан
Тун вукIана цо тушман, –
Цциналъул букIун буго

РекIараб цIадул гIамал.

ГьитIинабин абуге, –
ГьитIинаб жо буго кIал,
Чан кIудиял рагIаби
Гьелъ къватIире рехарал!

Гьал гьитIинал беразда
Бихьулебщинаб зоб – ракь!
Гьал гьитIинал гIундузда
РагIулебщинаб гъугъай!

Дир каранлъ бугеб ракIги –
КIудияб жо гьечIо гьеб;
Амма кIодолъи рокьул –
ЦIакъго гьитIинго ккараб!

Киниялда дир лъимер –
Дуниял кье, кьеларо.
ГьитIинаб байбихьидал
БукIунеб кIудияб лъалкI.

ГьитIинабин абула
КIудияб гьечIеб бомба, –
КIудияб Хиросима
Гьелъ бихххизе гьабуна.

ГьитIинаб гьечIо хIинкъи, –
ГьитIинабин кканиги,
КинабгIаги дуниял
БухIизе хIадурун рагъ.

Цо заз хIатIида къани,
ХIалхьи холеб лага-черх;
КIудияб гьечIеб кици, –
КочIол тIохьол багьаяб.

Дие хирияб буго
Японазул лъабго мухъ;
Лъала дида рекIехъе
Батирайил микь-микь мухъ.

Хаямил рубагIиял
Поэмаялъ хисилищ,

Гьегьал, даим рехсолел
Докладазни щай гурин.

***

Дир заманаялъул гьаб программа
Гьанже дунялалда лъугIулеб буго.
Бюро погодаялъ рекIел гьавадулъ
НакIкIти цIерги бугин бицунеб буго.

Гьанже заманаялъ зани бекIкIулеб
МаркIачIуда сунда дун рекIекъ вугев? –
Арал соназухъищ, сварал ихахъищ,
Цересел къецазда арал къояхъищ?

Ялъуни гьанжесеб гIедераб гIелалъ
ГIужда гьекъечIого къарал иццахъищ?
АхIарал кучIдухъищ, ахIичIезухъищ,
АхIизе хIисабалъ ругел кучIдухъищ?

Щай дун рекIекъ вугев? Гьаб дир рекIеда
Лъабго батIияб чIор буго унтулеб:
Араб заманги, жакъа дунялги,
Дида бихьулареб метераб мехги.

Цин – плюс кIикъого температура,
Цинги кIиабилеб – минус кIикъого.
Дир заманаялъул гьаб программа,
Гьеб лъугIулеб буго, баче музыка.

***

Баркала, дир гьудул, гьадин гьуинаб
Дур гьересиялъухъ, – гьелъ дун вохана.
Дуца гьаб хасалил сардилъ абуна,
Дун херлъун гьечIилан, бахIарго вугин;

ХъахIаб рас ботIрода цониги гьечIин,

Цевего гIадинан лебалго вугин…
Пайда щиб, гьеб дуца дий гьабураб рецц
Бицине бегьичIеб гьаб дунялалъул?

Баркала, дир гьудул, гьадин гьуинаб
Дур гьересиялъухъ, – гьелъ дун вохана.

***

Гьай цо чIужугIадан, гьай берал чIегIер,
Гьаб цо гьурщараб кар, гьаб кьури, свери…
Сардилъ диде къулун, бадибчIвай гIадин,
Дида мун лъалилан, дида лъалилан.

Мун вахчаругеян юргъаналда гъорлъ,
Нолъ мун кив вукIарав кIочон тогеян;
КIудиял, кIудиял цIадал рукIанин,
ЦIалтун биччараб дур черх лъаларищан.

Гордада речIчIараб гамачI кинигин,
ЯчIуна дихъе гьай, вахъа тIадейин.
Дида гьай йихьарай кида лъаларо,
Курмузул рахчи-рукъ – рагьулел, къалел.

Берцинал беразул ццидалал чIорал –
БачIа мун, бихьинчи, гьанже вихьилин.
Гьайбатал кверазул килщазул хучдул –
Дур каранда дица гиди бачинин.

Гьалъул цо гIасияб гIалхулаб релъи –
Доб дур гIолохъанлъи киб хутIарабин;
Кидаго хвел гьечIеб дир бахIарлъиялъ
Дудаса, рахIму тун, къисас босилин.

Дида гьай лъаларо киса-щияли,
Кинай Мария гьай, кинай Марин гьай?
МагIарулайищ гьай гьадин лъугьарай,
Яги циганайищ, – цо йигей щайтIан?

Дица дир гьурмада тIад кверал чIвала, –
Кида рогьунеб гьаб захIматаб сордо?
Дие жаваб кьола, дур рогьел анин…
Унаро цереса хIикматал берал.

***

Бессе дуца тӀанса, табасаранай,
КӀудияб дуниял дир къеда базе.
Дуниял кӀвечӀони, Дагъистан бессе,
Долъул зобал, рохьал рихьизе гьаре.

Гьебги кӀвечӀонани, дур тӀансаялда
Бессе ЦӀада росу, дир инсул мина.
Долъул кьурабазул киналго кьерал –
Кинабго дуниял гьезулъ буго дий.

Бессе дуца тӀанса, табасаранай, –
Дир саназул къасдал къадада разе.
ГьетӀараб гӀумрудул цо-цо тӀокӀаб кун
ТӀаса къотӀе дуца – гьел дир гъалатӀал.

## РОКЬИ ТОГЕ

ЯчӀана, абуна, берал къанщеян, –
Къочана, риччана, рухӀана кӀутӀби.
Дица бетӀералда тӀад кверал лъуна, –
Каралда букӀараб хъахӀаб рас гьечӀо.

Нодо… хал гьабуна, гьенир рукӀарал
РукӀкӀалабазда тӀад иту чӀван буго.
Гьай, нуцӀцӀаги къирун, къватӀие ана, –
Дурго къартӀ цӀунизе рокьи тогеян.

ЯчӀана, чӀана гьай канцеляр бакьулъ,
Квераз цекъерги ккун, къочана дида.
Киналго хӀукмаби, приказал, кагътал,
ЧӀварал гъудул гӀадин, гӀенеккун чӀана.

Телефоназул ццин, телазул хехлъи,
Те нужеца гьанже жалго-жалго ниж.
Буссана кабинет квартиралде, –
Мун кив вукӀаниги балай тогеян.

ЯчӀана, абуна, берал рагьеян, –

Балагьун вахъинчIо, баана дида;
Больницалъул койка, «копойогъли» мун,
Киналго дараби, «черт», лъикIго рукIа.

Зигар нахъе ана, хъегIи лъугIана, –
Хъвазе гитара кье, кечI бачIун буго…
Гьай, нуцIаги къирун, къватIие ана,
Щиб къо бачIаниги, къочи тогеян.

## КЕЧI

Гьанже гьал регIун гьечIо,
МугIрул рихьулел гьечIо.
Зодой балагьуларо,
Гьал дагIбаялда руго:
Дун гьадинав вугила,
Дов додинав вугила…
Гьал къацандулел рукIа, –
Къвал балин нилъ кIиязго.

Гьазда нилъ рагIуларо,
КочIохъ гIин тIамуларо,
Казиятазцин бадир
Килщал гьесулел руго:
Гьадин букIанин цоял,
Додин букIанин цоял…
Гьал къандулел рукIа, –
Кхвал балин нилъ кIиязго.

Гьазда нилъ кIочон тана,
РукIаралищ, гьечIелищ?
Гьал телевизораца
Толел гьечIо хIалхьуда;
ХIакъикъат балагьулел
Руго, бералги рухьун…
Гьал къацандулел рукIа, –
Къвал балин нилъ кIиязго.

Хъудулел митингаца
Лъимал гьаризе гьечIо;
Жидехъго рокьи ккараз
КучIдул гьаризе гьечIо.

ХIакъикъат къваригIарал
КъватIиса рокъой рилълъа…
КIиябго гордоги къан, –
Къвалал ралин кIиязго.

# «КЪО БАЩАЛЪУКЬ ЩОБДА ДАГЪИСТАНАЛДА»

АБУРАБ ТIЕХЬАЛДАСА

1990

## ЛИРИКА

Дир Лирика гьанже, автономияб
Округ кинигинан, буго бокIнида,
Яги дой доярка – депутат гIадин,
Ахирияб кьерда буго кьижулеб.

Кьинги щун квачанищ ихдалил кучIдул? –
Гьал карабахаца ккун буго щекъер.
Живго Пушкинийцин площадалда
ТIегь бечIалеб бугин… ЯчIа, Анна Керн.

ГIенеккун чIа, булбул, гьанже гъутIбузда
Гъудузул къвакъвади бугин кхадру, цIар.
ЦIер биун чвахулел иххазул гьаркьалъ
Гьанже хьуцIил гуреб рагIуларо мацI.

ВатIаналъе щайзе панаял кучIдул? –
Кверзухъ гьецIокъалгин гьал публицистал.
Гьуинаб щибизе кьогIаб гурони? –
Кьвагьдолел ругел куц гьал ораторал.

Нилъер улкаялда Гайд-парк гьабулел –
Гьезухъан буго иш, дир Афродита.
ЧIварал гьалбацIазул цIакал ччукIулел –
Гьезие буго цIар дур, ХIажимурад.

Дица назму кьейгун газетчагIазул,
Гьеб цIалилелдего, цIорола гьумер, –
Дуда мунго вугеб заман лъайилан,
Заралги цабиги данде къан ругин;

Операциялъул столалда тIад
Улка, век, миллат, цIар – кинабго бугин;
Мунилан абуни цо гIаданалде
Бугеб гIищкъуялъул бицунев вугин.

Йокьулей, гьайбатай, гьал дир асарал
Гьанже гъансинир лъе, гъозул мех гурин, –
Жалго кочIохъабаз, кучIдузул гуро,
Конституциялъул бицунеб буго.

Къо-мех лъикI, чагъана, къо лъикI, Лирика,
Къочардизе гьанже кибго бакI гьечIин.
Чанги къо бихьараб къо-мех лъикI, гIищкъу…
(Гьаб рагIини дихъа гIантаб борчIана.)

Дол лагераздаса гIайибал гьечIел
ГIадамал нахъ руссун рачIарал рагIун,
БачIана Лирика тусиахъалъуса,
Тирилин дагIбаяз свакараб дунял.

Дуда лъала, дие гьаб рокьул сангар
Ракьул гIорхъодаса гIагараб буго.
Гьаб гIасилъиялъул гIунсулъалдаса
ГIищкъул баррикадахъ ками нусцIул лъикI.

КигIан гIемераб гъегъ гIурде баниги,
ГIурччинлъи ганчIалъан баккун бачIуна.
Гьедин Лирикаги, чан дуэль ккараб, –
КочIохъаби чIвала, кучIдул бергьуна.

## ДИХЪЕ ЦЦИН БАЧIУНГЕ

Дихъе ццин бачIунге, бачIани нагагь,
Биччаге кидаго гьеб дир кочIолъе, –
КочIохъан рокьуе вижарав вугин,
Ракьалда кинабго, кинабго кIочон.

Дида херлъи лъаге, херлъананиги
Хилиял бакънал дир хъегIизе тоге, –
Хъвалеб тIамуралъул гьаб кIиябго чIчIва –
КIветIалда цулеб кIветI, цойги гьукъараб.

## КЕЧI

Дица гордо рагьана,
Балагьана ихалъухъ, –
Ахикь цоцада хурхун
Руго цояйгун цояв.

Цересан ун рачIунел
ГIадамазул кIвар гьечIо:
КIиязулго бахIарлъи,
КIиязулго толохIлъи.

Дица гордо рагьана,
Балагьана дун роохъ, –
Кинаб демократия,
Доз цоцазда балеб къвал!
Сордойищ, къойищ бугеб,
Щибго лъалеб хIал гьечIо:
КIиязулго хIасралъи,
КIиязулго хIикмалъи.

Дица гордо рагьана,
Рагьдухъ хасел, хаслихълъи,
Хал гьабуна – кIиялго
Цоцалъ рагъилел руго.
Доба гьури, гьаниб цIер,
Рокьуде балеб гIазу:
КIиязулго гIассилъи, –
Огь, гласность, гласность!

Дица гордо рагьана,
Балагьана цIияб их…
Аза-азар гIащикъал
Руго цоцада хурхун.
Дица кIиябго квералъ
Дирго кIаркьен бухана.
Огь, цересел хиялал
Хисун цIилъулел руго.

***

Дун дур шагьаралъул гIадатаб рокъов
ГIумрудул азарго ургъалилъ вуго.
Апрелалъул ахир. Унтараб Волга,
Улка лъилъиладай гьаб лъилъичIони?

Улкаялда, Ленин, квешаб хIал буго,
ХIалихьатал чагIи гIемерлъун руго.

Дур нухилан абун харбалги рицун,
Халкъалъе гIакъуба гьикъулеб буго.

Щив цеве кканиги, дур цитатаца
Пал тIамулеб буго тIолго гIумруялъ.
ГIадатав дудаса икона гьабун,
Ильич, гьаб ракьалда рокьи чIинтIана.

Абула, кинабго хисизе бугин,
Хасалий цодагьал къоял хутIанин…
Гьедин дун кIалъайгун цо магIарулав,
РагIи абичIого, гIенеккун чIчIана.

## БОЛЬНИЦАЯЛДА

Жибго копиркадул кагъат гIадинаб,
БецIаб рентгеналъул кабинеталда
Дир каранзул сурат буго бахъулеб,
Больницалъул гвердилъ эхетизавун.

Дида тохтирасул ахIи рагIула,
Унтарав, гъваридго хIухьел босеян.
Цингиги рагIула, жив кIалъазегIан
Жаниб ккве гьеб хIухьел, биччагейилан.

Хадуб хIалуцарав дида абула,
ХIухьел чучизе дуй дагьалъ бегьилин…
Гьедин щибаб нухалъ – лъабабго амру,
Лъазе кIолеб гьечIо каранзул гIузру.

ГIазизаб улка, дур унтараб керен
Гьебго рентгеналда буго гIумруялъ.
Дудаги рагIула лъабабго гьаракь,
Амма лъилъуларо ругъназ цIураб черх.

ЦIадулал мехазул машгьурав хирург,
Хал гьабуна Ленин рентгеналда духъ;
Гъварид, хIал кIовухъе, хIухьел босеян,
ХIалуцараб дуде ахIи бана дос.

Гъос дур сахлъиялъе сабаб хъвалаго,

Цогияв михъилав тохтир вачIана,
Жинда лъалила мун лъилъизабизе, –
Лъеберго соналъ дур хIухьел чучичIо…

Хадур иргаялда цогиял щвана,
Цодагьалъ бегьилин хIухьел биччазе…
Амма рентгеналъул карточкаялда
Дур каразул ругънал регъолел гьечIо.

***

Гьанже дидасаго лъутулев вуго
Дунял рагIалалде, кив вукIаниги…
Яги Крниталъул чIинкIиллъиялде,
Яги Кувейталъул эмираталде.

Щола дун пикрабалъ доб Маккаялде,
Дида КагIбаялъул гамачI кIалъала,
КочIохъан, вуссайин инсул Дагъалде,
Доба гIадаб канлъи кибниги гьечIин.

Дица жаваб кьола, гьардарав бича,
Гьудулзаби дагьал хутIанин дора.
Цоял хисанила, цоял херлъанин,
Хиянат, сихIирлъи бицинарилан…

Гьаб хабар рагIунищ, – вачIуна Шамил,
Щиб бицунеб дуца, магIарулавин,
Чан наиб хисарав, хиянатлъарав,
ХисичIин Дагъистан, доб бугин гIумру.

«Долъий гIоло вукIа гIасрабаз чIаго,
ГIисинал хIисабал гIисиназе те.
Дов ГIалибегилас къотIараб кверзул
Кидаго бицинчIо – гьеле дуе чи».

***

Дун цIакъ пашман вуго, как базе лъачIев, –
КиналгIаги разе Дагъистаналъе.
Дун цIакъ къварид вуго, Къуръан цIаличIев, –
Щибаб алхIам кьезе дол кьурабазе.

Гьал эмиратазул минарал рихьун,
Цо бухIараб асар букIуна дие:
Гьаб ракьги, гьаб зобги, гьагъал заналги
Загьирлъула берзукь, чIаголъула дилъ.

КигIан мунагьаца гьоркьов телаан,
Пикраби мех-мехалъ мехтичIелани.
…ГьабсагIат дун вуго дуниял бакьулъ,
Бедуинас гIадин, дует как балев.

Сверухъ салул авлахъ, ункъо хъахIаб чу,
Хъуй гьечIо, гIодобе биччан океан…
Унеб, сунеб бакъ-къо – хIикматаб сурат,
Цо доба, цо гьаниб нус-нус варани.

Вай, хирияй гьудул, дида бичIчIана
Даимлъигун лахIзат щиб жо гьеб кколеб.
Дица как шурула: аллагь, авараг,
Эбел, магIаруллъи, мунги лъималги.

## РОСДАЛ МАЖГИТ

Рагьилин къиркъилеб, жегиги къараб
Дир гьитIинаб росдал мискинаб мажгит…
Дида лъимадул мех ракIалде щола:
РукIарал рузманал, вагIза, дугIаби.

Минбараца кьураб босарабани,
Намус кьерилазул кьерхинароан.
Цо-цо гьардарасда гьикъарабани,
Кколеб хIакъалдаса чи хIинкъилаан.

Лъие къваригIараб, дида лъаларо,
Дунги бетIергьанги ратIа гьаризе?
Щиб квешлъи букIараб, ахIулеб кочIолъ
Какалъул бацIцIалъи дица цIунани?..

…Огь, дида малъичIо гIодой къулизе,
ГIасиял иххазул мехтараб рижи…
Жеги инсуцацин бетIергьанасе
БетIер даим балъго чIвалеб букIана.

АскIоб цун пашманаб рахараб мажгит,
БиххичIо – долдасан клуб лъугьинчIо.
Какги аргъанги – гьеб цого жо гуро,
ЦохIо буго Къуръан тIолго къарнабаз.

Дица гьелъул тIанчал регулел руго,
ТIаса лъугьа, Аллагь, арал хаселахъ.
Инсул сурат буго хабал зонода,
Зобазде хIеренал квералги ритIун.

Цинги магIаруллъи, гIагарав Шамил…
Щал гьал минаразде дагIба бугеб халкъ?
Мажгиталда жанир какал ралезул
Калошал рикIкIунел, жеги свакачIищ?

Квешал мехал руго ракьалде рачIун,
Рокьиги гIакълуги гьакълие кьолеб.
Гьаб мугIрул халкъалъул бикъараб инсап
Буссинабе нахъе, гIагар гьабе гьаб.

***

Кинаб империя, кинаб эмират
Доб хъахIилаб зодихъ бухIулеб бугеб? –
Бакъ тIерхьунеб мехалъ, хал гьабун вуго
Гьавадул коралъул багIарлъиялъухъ.

Борхалъуда, оцал цоцалъ рагъизе
Цебе ккураб ххамил бутIа кинигин,
Гьеб батIи батIияб рахъалде уна,
Нахъа цин, цере цин, накIкIазул бугъби.

Гъоба ахалъуда гьелчолеб ралъад,
Гьелъул рагIалдаги добго багIарлъи.

МугIрул рахунищ гъоб тIагIунеб бугеб,
Яги ралълалъейищ тIерхьунеб бугеб?

Къо-мех лъикI, зобазул коридор, дуе,
Кваркьабаз вачана гъове гIодове.
ГIищкъул аэродром – гIагараб тIалъи,
ТIерхьараб багIарлъи дир гIумру гурищ?

## ГЬАНЖЕ ДИХЪЕ КАГЪТАЛ ДАГЬАЛ РАЧIУНА

Вахъана, кIвекIана кIиялго берал,
Балагьана, гьава гьадабго буго.
Рагьана почалъул хъахIилаб ящик,
Щиб жо хъвалеб бугеб гIадамаз дихъе?

Рахъ-рахъалъ рачIунел хIанчIаз кинигин,
ХIайран гьавулаан дун рисалатаз.
Гьанже газетазул хIарпал – гажалищ? –
ХIанчIелеб бугеб куц щибаб макъала.

Дихъе хъвалел кагътал къанагIалъана,
КочIол къоял араб къагIида буго.
Жеги куркьбал хъахIал дир къункърабицин
Къудкузул чIичIиялъ рагIулел гьечIо.

Дир лирикаялъул томазда тIасан
ТIухьидал ццидалаб цоги гIел уна.
Гьезул гIасилъидуй гIайиб щиб ккараб? –
Кинго ниж цоцазда лъалеб хIал гьечIо.

Лъалел рукIаралги, гьел накIкIикь руго,
НекIсияб гIагарлъи бакъназул гьечIо,
Гьалдолел окопахъ цIунизе кIвараб
ЦIунун бажаричIел дир гьудулзаби.

Огь, кигIан гъваридаб гьоркьарукъ бугеб
Гьаб гьегъги гамачIги бахчулеб чорхол!
Векалъул ахада хисаби ккейгун,
Хирияз цоцазда речIчIулеб хIусуд!

Гьанже дихъе кагътал рачIунел гьечIо,

Дур кенчIолел берал рихьулел гьечIо,
КучIдулъ даимлъарай, дунял гвангъарай
Дуде, дир мадонна, гьал регIун гьечIо.

Гьанже рокьиялъе нилъер ракьалда
БакI дагь хутIун буго, хирияй эбел,
Дур зонохъе васал дагьал рачIуна, –
Россия гIорцIичIо инкъилабаца.

Гьанже апрелалда – бидул гьатIат къо…
Бице, дир Мерани, мун гьечIищ, хванищ?
Хасел щун батула августанлдаго...
Дир аллагь, кIалъай мун гьал гIадамазда.

Гьанже дихъе кагътал къанагIалъана,
Гьаб диркъарну унеб къагIида буго.
Дир хъахIаб чуялда чияр цIалаца
ЦIакъ дир ракI бекарал ругънал гьаруна.

Дир пикраби ричIчIун, бачIунеб мехалъ,
СихIру гьечIеб гьунар гьелде буссинин.
Дур рокьул пачалихъ – кочIол чIинкIиллъи…
Кагътал гьеб адресалъ рачIине ругин.

Гьадаб баккулеб бакъ, доб тIерхьуеб бакъ
БихьичIого чагIи рукIине гьечIин.
Дур магIарулалъул кьурарал гъалал
Гъолъул кьурун юссин даим хутIилин.

## ГЪУЗДУЗДА НАХЪА ГЪУЖДУЛ

Цо гъуждузда нахъа цогиги гъуждул,
Гъудузул гIадинаб хъантIараб чанкIкIи…
Лъил хIукмуялдалъун, хIайранаб улка,
Гьавгонищав хIаким дур корохъ вугеб?

ХIоразул рагIалда къуркъур бачунел
ЦIиликъуркъби гIадал гьал демагогал…
Лъил гьари къабуллъун, гьардараб тIалъи,
Гьавгонищав тIадчи дур черх мерхьунев?

ТIаса кIветI – завазул, гъоркьа – замазул,
Гьоркьор кIияздаго рикIулел цаби…
Квасухъ мохмохил рачI хисараб чахъу,
Гьал чиновниказе кинан мун гIолеб?

Цо хъатикь – телефон, цоялъухъ – бокал,
Приказал, хIукмаби, комиссияби…
Бачи тIом реххани бахчулеб гIидра,
Гьалгонищал гIунхрул кинан гIорцIилел!

Предаз буххула, бухаз кIутIула,
Ахир кинабниги регъон рекъола.
Гьанже кутузулцин кваркьаби руго,
Кибниги хIанчIазе чIезе бакI гьечIо.

Дица бицинаро, бицунеб рагIи
Милицаби пештIон бичIчIулеб гьечIо,
Гьанже рузаздацин каилъи бихьула,
Дир кучIдузда печать чIвазе бегьула.

Гьел гIемерал руго хур  бекьуларел,
Хириял мугIрузда гIи хьихьуларел.
Гьел гIемерлъанагIан гIакълу рекълъана,
Гьел гIемерлъанагIан гIадлу мекълъана.

Гьезул цонигияз кечI ахIуларо,
Какги гьазул цохIо: «кIалдиб борта, гIеч!»
Гьел гIемерлъанагIан гIищкъу мигьлъана,
Гьел гIемерлъанагIан гIарз-мацI цIикIана.

Цо гьуждузда нахъа цогиги гъуждул,
Гьазул бутIрул руго батIияб кьерда.
БотIроде тIураб лълъим хIатIазде уна, –
ХIакимал квешлъани кибго иш хола.

***

Чан хIакимал арал, хадуб хIурги хъван,
Чанав пенсиялде почалъ витIарав?
Унго, улкаялда кида букIинеб
Гьаб бизар лъугIараб магIнаяб низам?

Чан закон бахъараб, пикру цIилъараб,
БукIараб, некIсияб хIур-муч цIалкIараб, –
Щайха, цо хIеренго хIухьел босизе, –
ХIалуцун чиясе биччалеб гьечIеб?

ЧанцIул чу хисараб, рекъаб батанин,
Мекъаб нух хисараб, цебе кIкIал бугин, –
Щайха кIкIуялъ даим берал рухIулел,
Бице, очередищ харбий лъикIаб бакI?

О, кIудияб ВатIан, дур унтабазе
Дару хъвалел чагIи ругел гIемерал!
Кинго регъоларо цересел ругънал,
Цингиги цIилъулел гьал дур балагьал.

Дарсал кигIан кьурал гIакъилзабаца,
Босанщинаб сурав гьал судияца!
Гьукъараб эркенлъи кодой щварабго,
Щинав чи лъугьана чода цIал базе.

Нилъ лъикIал бакънаца квешал кучIдузда
Кваркьалаби гьезе пикругун гьечIищ?
ГьетIун араб тIилил рагIад битIилин,
МагIна дагьаб кьасдгун къецалда гьечIищ?

Дирги къоял гьезул гIемерисезда
ГIуцIун рукIанилан ккола рохалий.
Рохел букIунебищ, ирияб улка
Унеб бакI мухIканго лъалареб мехалъ?

Лъимадул ригьдаса гьанжелъизегIан
Дун божарал гьерсал рицараб мехалъ?
Бищун бецараб нух, цIар гьабураб мех
ЩIадулги бидулги батараб мехалъ?

Гьанже цIиялъе дун дагьав кватIана,
Ккарал гъалатIазул вуго пикрабалъ.
Гьез кумек гьабила кечIалъе, лъала,
Цо лъугIулелани гьал очередал…

***

Нилъей дарсал кьурал кире гьал арал? –
КучIдузе батараб кIичIараб сухъмахъ;
Кинидахъ цересел улбуз ахIарал
Цогияз хисигун, барабщинаб цIер!

Какил заманаялъ зурмаби пурал,
Гьури пулеб бугеб щиб рахъалдасан?
Заназдацин хъвачIин хъудулел цIарал,
ЦIаланщинал дарсал квасул гIарщалищ?

Амма цо кватIараб гIелму батана –
ГIумру, араб гIумру кин кIичIаниги,
МагIарде гIемераб гIазу бачIого,
Дол гIедерал иххал дида ричIчIичIо.

***

Ралъдал карачелал гIемер гьелчедал,
Гьанже гIелин абун гIодой риччала.
ГIаламалъул мокърукь ругищ-гьечIищан,
Гьанже дун цIвабигун дагьав кIалъала.

ТIад тIавап гьабулел гьал къункърабазул
Къваридаб мацI дида бичIчIулеб гьечIо.
«Дида гьудулзаби гьикъулелищ нуж?
Гьикъуге, къваридаб бугин дир жаваб».

Къаникье аразда гьарделев вуго:
«Гьал чIаго ругезда рагIи абе», – ян.

## БИЩУН ГIЕМЕР ГIАЙИБАЛ

Бищун гIемер гIайибал
ГIаламалда лъил ругел? –
Цебесеб гIумруялъул,
Цебесеб гIакълуялъул;

Инкъилаб бачIинегIан
БукIараб заманалъул;
НекIсиял назмабазул,
НекIо бараб гIазудал.

Бищун гIемер гIайибал
ГIадамазулъ лъил ругел? –
Цересел хIакимазул,
ХIалтIудаса рахъарал;
Цее йикIарай лъадул,
Гьел рикIкIун рахъунаро;
Цевесев гьудуласул, –
Гьевгун кьаллъараб мехалъ.

Бищун гIемер гIайибал
ГIадамазулъ лъил ругел? –
Лъудби цоцалъ бьарщарал
КIиго мадугьаласул;
Хасго кIиялгоги гьел
Цо пишадул ругони;
Яги поэтал рукIа,
Яги цогиял рукIа.

Бищун гIемер гIайибал
ГIадамазулъ лъил ругел? –
ГIемер мех барав гьобол,
Ахирги ингун, гьесул.
Бищунго гIайиб гьечIел
ГIадамазулъ щал ругел?
Дун вуго, мунги вуго,
ХутIарал тIокIал гьечIо.

Жакъасел гьал унтаби
Метер хвейгун тIагIина, –
ТIолго гIунгу тIабазе
ГIилла сонисеб буго.

***

Цоял буюр  гьабулел:
Гьаб гьабе, доб гьабеян; –

Приказазе гIемераб
ГIакълу къваригIунаро.

Цоял гьардолел руго
Жал паракьат тейилан, –
Гьебни жеги хабальцин
Халкъалъе толеб гьечIо.

Лъабабилел –гIемерал,
ГIетIулъ рецIцIун хIалтIулел,
Гьез гIуцIула цIидасан
ЦIаяз бухIараб дунял.

Дир панаяб кечIалда
Гьел киналгIаги лъала, –
Лъабабилезе дица
БецIичIеб налъи буго.

***

ГIурччинал гъутIби гIаздалъ,
Кремлиялъул къадал…
Киналго хвараздаса
Аллагь тIаса лъугьуна.

Аман цо лъалеб ани,
Киналго гьал хун ругищ,
ХутIаразулъ гьаз тараб
Ирсалъул бутIа гьечIищ?

Дица цIалулел руго
Гьазул машгьурал цIарал…
ЦIада хабалъ бакI те дий,
РикIкIада лъикI гьаздаса.

Лъил кверал чурук ругел,
Лъилалде чвахараб би? –
Махил гъутIбузде балеб
ГIазуялъ бицунаро.

Кремлиялъул къадал,

Нужедасан байбихьун,
Дунялалъул ракьалда
Ругел гIемерал рукьби!

***

Рокьулгин ццидал дунял,
Щиб цоги цIияб хабар?
ЦIигьан къулагIиялъул
Къаси цебе тIамунин.

Лъилдай берал къанщарал,
Щивдай къаникь щапарав?
Сонал гIемерлъанагIан,
ГIумру дагьлъулеб бугин.

ГIумругин хвалил дунял,
Хабар щиб цIияб бугеб? –
ЦIакъ къваригIел гьечIев чи
КъотIнов дида данд чIванин.

Дун цинцияб рахъалде
Сверухъ валагьун вуго, –
Сапар халалъанагIан,
Зани гIагарда буго.

***

НекIсиял гьудулзаби
Рокъор ратичIо дида,
Гьикъана телефоналъ,
Кир рукIарал нужилан.
Гьаз дие жаваб кьуна,
Хабалазулъ рукIанин,
Хирияв цо вукIарав
Васасухъе щванилан…

Огь, дир унтараб суал,

Дун сас тун гIодов чIана,
Рагьарал дир кIутIбузда
КIалъазе рагIи гьечIо.
Гьадин дида бухIараб
Дозда киндай бухIулеб?..
Гьаб ахIдолеб телефон
Дица кодой босичIо.

**ТБИЛИСАЛДА БИДУЛАБ ГЬАТIАН КЪО**

Дун вукIана рикIкIада,
Гьаб хабар щвараб мехалъ,
Щибго, щибго гьикъуге
Гьелъул рахъалъ дида, Рим.

Дир бетIер далун араб
Борхизе кIолеб гьечIо, –
КIоларин жаваб кьезе,
БуцIцIа, Флоренция.

Тбилиси, Тбилиси…
Тирарал байдабазда
Би гIайиб гьечIеб тIураб
ГьатIан къо апрелалда.

Гьеб, январь гьечIониги,
ИчIабилелъ букIана, –
РачIарал грузиял
Канав пачаясухъе?

Дида щибго гьикъуге,
Щай дол гIолилал хварал? –
ГIоде, гIоде, Мерани,
Вахъа мун, Руставели.

Рагъул цIаги букIинчIин, –
Гьал ЦIоралъул улбуца
Щай чIегIераб ретIараб
ЧIварал васазда хадуб?

Жидерго шагьаралда

Кверал цоцахъе кьурал,
Кьерилазул каранлъе
Загьру лъица тIинкIараб?

Дида дол цере чIола,
Дида чIезе кIоларо…
КIалъаге, Венеция, –
Дир бицине жо гьечIо.

Дир рукъ рикIкIада буго,
Балагь цун аскIоб буго.
Доб шагьарги, майданги,
Биги дир рекIелъ буго.

РукIана рагъул сонал,
Ругъанал, камиял лъана,
Гьеб батIияб кечI буго, –
Дол ВатIан цIунун хвана.

Афгъанистан, лъала гьеб –
КIудияб гIузру буго,
Гъолъул гIайиб чуризе
Цо-цо гIилла батула.

ГIагараб Иверия,
Дур гIекколел ругъназе
Мехищ такъсираб бугеб,
Нухищ гIайибаб бугеб?!

Дида лъалеб, бичIчIулеб,
ГьечIо дун хадув гъолеб…
Мун буго, Грузия,
Бадиб гирулеб магIу.

Майданалде тIураб би,
Апрелалъул гьатIан къо…
Дида щибго гньикъуге, –
ГIакълу бакъараб дунял…

***

ЧIа мун, гIолев гIолилав,
Араб рагъул бицинин, –
Нахъе уна гIолилал,
Жал гIедегIун ругилан.

Цогияб дагIба буго
Гьанже гIолеб гIелалъул, –
ГIинкълъун буго кIиго мех,
Цоцазда рагIуларо.

Гьанже гIолев гIолилав,
Дуе гIищкъул бицинин, –
ГIолилас жаваб кьола,
Жив гьанже регIун гьечIин.

Гьанже гIолел гIолилал
Рижарал гIажаибал, –
КIиго гIелалда гьоркьоб
ГIор хъудулеб бугеб куц!

***

Гьава кьерхараб мехалъ
Гъасда цIа бакулаан. –
Гъасдаги квачан бугин,
Киве гьанже дун инев?

КъватIиб цIад балеб мехалъ
Рокъой гIедегIулаан, –
Рукъги гIекколеб бугин,
Щиб жо дица гьабилеб?

Цин хонжрохъ балагьула,
Цин пандрида кIутIула,
Гьел кIияздаго гьоркьоб
Къеда кIетIолеб сагIат:

Жиндихъ балагьуларел,
Жиндихъ гIенеккуларел,
Жиб гIадин хIалтIуларел,
ХIикматал гьал чагIийин.

***

Дир черх гьабсагIаталда
Чернобыль гIадин буго, –
ГIасилъи аваридал
Дир авар божиялъул.

Гьаб каранзул ракI гьанже
Карабах гIадин буго, –
Киб бугеб хIакъикъаб нух
Мекъи ккараб къасдалъе?!

Крымалъул татарал –
Таврида киб бугебин…
Дун гьелгун вуго жакъа –
Жаваб кье суалалъе!

Месхеталдаса туркал –
Киб бугеб жидер рукъин…
Кини бахъарал лъимал,
Занал гьечIел умумул…

Киб бугеб кечIан цоял,
КочIой рокьийн цоял,
Йокьулей эбелалъул
Миллат, мацI, цIаран цоял…

Дица гьикъулеб буго –
Дунго кив вугеяли…
Дир черх гьабсагIаталда
Чернобыль гIадин буго.

***

Дица я бецциларо,
Дица я какиларо,
Квеш букIа я лъикI букIа –

Цо гIумру нахъ хутIана.

Гьелда хадув инаро,
Гьеб такрар гьабиларо.
Тана доб ссанда нахъа
Сусуралъул цIураб хур.

ЦIадал гIурччинлъаниги,
ГIазу чIегIерлъаниги,
Гьанже гьал дагIбаязулъ
Дун гIахьаллъизе гьечIо.

Цересел хаселазда
ХатIаби чIванин абун,
Гьанже хинлъулеб бугищ?
Дида лъазе кIоларо.

ЯтIалъарай лъадул цIар
ГIемер кIалухъ бахъунин,
КIиабилей бицуней
Берцинай йикIинадай?

Нахъе арал бутIрузде
Бадиб цIамул лъим тIунин,
ЦIияб варани гьанже
Гьаб наккдалъ батиладай?

***

Церего рукIинчIо нилъ киноялда,
Концертазул рокьи гьоркьоб биччана, –
Бихьарабги ана бихьичIеб гIадин,
РагIарабги тана рагIинчIеб гIадин.

Гьанже вокзалазде гIедегIуларо,
ГIодоре руссана нилъ зобаздаса, –
Кинаб бакъаналда тIамур хъваниги,
ТIубалареб макьу батана гIумру.

Гьабгощинаб гIазу базейищ кколеб? –
ГIадан щиб кканиги гьадавго вугин.

Щайзе бачIинахъе иххалъ абичIеб,
Нилъер иццазул лъар унин салулъе?

Дун артист вукIана театралъул,
Тана цIакъ къокъидго дица гьеб пиша.
Амма къазе лъачIеб щай дида пардав
Пайда, хIасил гьечIел гьал хIисабазде?

Гьури пулеб мехалъ гордалги рагьун,
Гаргадилел руго цоцалъ росун нилъ.
ЦохIого бакIалде гьаб вагоналда
Ругелщинал белтал, щиб жо гьабилеб!

Церего рукIинчIо нилъ киноялда, –
БукIун бугеб кино кинабго гIумру.
Концертазул рокьи биччана гьоркьоб, –
БукIун бугеб концерт гьаб ккарабщинаб!

***

Нахъеги, Россия, некIсияб дагIба
Дур рахъалъан гьанже цIилъулеб буго.
ЦIа гъасда сванщиназ дур Сибиралда
Балеб гIазуялъул бицунеб буго.

Мун беццун свакачIел гьанже хъудана, –
Гьури Севералъул сунгрузул бугин.
Гьекъон мехтараца, гIодор ккаралго,
КинабгIаги гIайиб дуде рехана.

МацIгин кечI кIочараз батараб гамачI
Дур гордазда буго гьанже речIчIулеб.
Раччи бакIлъанщиназ дунялалъул накIкI
Дур зобазда буго бихьизабулеб.

Россия, лъала гьеб бигьаяб гьечIо,
Бугьтан чIвазе гIилла гIемераб ккана.
Амма гIайибияб мун гуро бугеб, –
Дуцаги гIезегIан гIазаб гьекъана.

ГIатидал авлахъал рукIананиги,
Мун къечон букIинчIо чвахулеб бидухъ.
Дур чагIаца дагьищ цогияздаса
Гьаб бакъги гьаб къоги каранде къалеб!

Дирни дуй баркала, дуниялалда
Дуца кьурал гIемер гьудулзаби дий!
Пушкиница дихъа вахъичIо МахIмуд, –
Гьел дир рекIел гъасда рукIуна цадахъ.

***

Щиб дица гьабилеб гьаб гIумруялда,
ГIажаибаб улка, унго, Россия!
Дуда цадахъаб нух бигьа букIинчIо,
Огь, мун гьечIогоги чIезе кIоларо.

Щиб дица абилеб дир Дагъистаналъ
Дунялалда ралел гьал гIасрабазда?
Мун диран абуни, эб битIун гьечIо,
Чиярин абуни, эб рекъон гьечIо.

Гьал мугIрузда гIурав, дур гIатIилъуда
Роржунел цIумазул гьудул вуго дун.
Россия, мун бесдал эбел гуро дий,
Я эбел, я якьад мун гьечIониги.

Эбелги эменги дие – Дагъистан,
Амма дир рокьуе дур ракьги гIела.
КигIан гIемер гIазу, цIер бананиги,
Дур цIадухъ, дур корохъ дида квач лъачIо.

Гьеб дур гIайиб гурок карал гIазабал,
ГIахьалал рукIана нилъер балагьал.
Дуда лъачIеб дида лъачIо къварилъи,
Дица къулчIанщинаб къулчIана дуца.

Къуръангун инжилалъ малъун букIинчIо
Муридги солдатги солдатги цоцалъ рагъизе, –
Гьезул кIиязулго заназда тIасан
ТIавап гьабун уна Гъуниб къункъраби.

Нилъер мацIги цIарги батIияб буго,
Амма кочIолъ бухIи цохIого буго.
Диени цадахъ лъикI батIаялдаса,
БатIияз бокьараб гьабеян абе.

***

Дуца гьанже, поэт, гьайбатаб бугин
Нилъер гьудуллъиян абилароан.
Пушкин, духъе щолез площадазда
Гьунаргин цIаралъул гуро бицунеб.

Кавказ гьелегьарал цIадулал къоял
Къец-дагIбадулъ руго, кучIдузулъ гьечIо.
Россиялъул рахъалъ мацIал гьарулел –
Гьезий жаваб кьолел жакъа мигьлъана.

Щибав ахIмакъасул гIакъилги гьавун,
ХIакъиразде гурхIел кIалалъул буго.
Рии. Июналда мун гьавураб къо –
Азарго депутат, дур цIар рагIичIо.

Дир гIагарав Пушкин, баккиладай доб
Дур божи букIараб талихIалъул цIва?
Гьал трибуназул очередаца
Ирга къокълъиладай къварилъиялъул!

Къойил цIия-цIиял комиссияби,
Кьеладай гьаз чакар чайдалъе базе…

Йохъ, гьанже цIваялда цIва кIалъаларо,
ЦIалаца бухулеб буго чодул мугъ,
Нухилан абуни гьадабго буго,
Гьенир кигIан гIемер гIодор кканиги.

***

Дун нахъа хутIана, нахъа хутIана,
ГIемер цеве вукIун цересел кьиназ.
Дун кьурулъ хутIана, кьурулъ хутIана,
Кьурул борхалъуде гьитIинго вахун.

Нух чIван лъутун унеб лълъурдул гьечIеб мех,
Гьелъ рачIчI хьвагIулеб куц ккараб-аралде!
Эхеде унезги эхей унезги
Бухулеб куц къали, жидер къо щванин.

Гьезде къец баларо, Галилейида,
Гуро, дун гьитIинго рази вукIана.
Амма щибаб рогьел пашманаб буго, –
Гьанжеги очередь, ахирав щиван.

Ккараб хис-басалда дир дагIба гьечIо,
Дагьал гIемерлъана гьал «гIакъилзаби».
Амма улкаги тун къватIире ине
ОВИРалъул кIалтIа халкъ дагьлъуларо.

Нахъ гIодов чIваниги цеве чIаниги,
Ццидае гурони, рокьуй бакI гьечIо.
Рокьи, дуй баркала дир каранлъ жаниб
Кидаго дур адрес жеги хисичIо.

Бокьанани кьурда, бокьани кьурулъ
Добго кьвагьи буго, хур бачIунаро.
КочIое рецц буго, чан чIор щваниги,
Честь гъежда рукъарал кIичIазе кквечIо.

***

Дир кечIалъул эмен – гIакъилаб пикру,
ГIагарал мугIруца дида малъараб.
Дир кечIалъул эбел – гьалдолеб гIищкъу,
Гьеб бакъан бачараб къункърабаз гурищ?

Дир кечIалъул васал – лебаллъи, няхI,
Дир хIасратаб чода гьел гурищ ругел?
Дир кечIалъул ясал – намус, гьайбатлъи,
Гьадаб кIиябго бис кьурда гьел гурищ?

Дир кечIалъул гIумру – гIицIго ритIухълъи, –
ГьетIарабгин мекъаб рагIи рагIийищ?!

## ДИР РОСУЛЪА ГIУРУС ПОЭТАЛ

Абула, Пушкинилъ Африкаялда
Бакараб чирахъул канлъи букIанин,
Аддис-Абебалда жидер василан
Абиссиназ гьесий памятник банин.

Кьолбодаса бугеб гьеб чIухIиялда
ЧIвазе гIайиб гьечIо, дагIба баларо,
Амма шагIирасул кинабго бухIи
АхIулеб кечIалъул чорхолъ букIана.

Чапулел бакъназул хIасратаб чвахи,
ХIабашиял, нижер гьаниб букIана.
ГьитIинго дир гъасда бакараб цIадухъ
Пушкиница кочIол кини кIикIана.

РукIуна, Лермонтов – гьалдолев шагIир,
Шотландиялъул би гьесул бугилан.
Дицаги сверана Берисил гьеб тIалъи, –
«ТIарада ракI бугин, гIодов дун вугин».

Амма Тарханалда гьулак кIикIарав
Поэтасул бидулъ Кавказ букIана.
Бакъ къалъулеб щобда Дагъистаналда
Дос гьежде рехараб авар буртина.

Гьал хъахIилал мугIрул, камилал зобал
Кини таралдаса хисичIо досий.
Доб Шотландиялде дир дагIба гьечIо, –
Амма шагIир вуго тIадмагIарухъа.

Вацал Бестужевал – декабристал…
Доба Сибиралъул магIданалълъ цояв;
Цогиясул рахъалъ, некIсияб Дербент,
Долъул хъалаялъул ганчIаз бицуна.

«Нижехъ магIу гьабе, мугIрул мусудул,
Метер ниж гуллбуца нуха регIила». –
«Чирюрт». Полежаев… Рихараб щинель,
Рохел гIицIго цохIо мугIрузде бугин.

Диссидентал гIадин гьал диссертантал
ДагIбадула гьавин, довин, добилан…
Амман уж, гьайбатал гIурус поэтал,
Дир росулъа руго цо хутIичIого.

Нужго цохIо гуро, цадахъ дунялгун, –
Гьеб дилъ данделъула, дилъ пашманлъула…
Нуж дир гьалбал гуро-дир бетIергьаби, –
Гьез батIи-батIияб гIасру дий кьуна.

Цо-цоял рукIуна, эменги дунги
Цо росулъ гьавунин, кIиго поэтин.
Дица дирго рахъалъ абулеб буго –
АзаргогIан вугин дир гьастIа шагIир.

Гьаб Каспиялдаса Есениница
Росулъ эбелалде ана хъван кагъат.
Анна Андреевна – Севералъул бакъ,..
Сонаца дидаса бахчун букIараб…

Доба Москваялда цIер гьарзалъигун,
ЦIадае вачIана Твардовский…
ЦIарал рехселаро киназулгIаги, –
МугIрухъ рокьи ккечIеб гьечIо хъарчигъа.

Гьел гIемерлъанагIан бакI гIатIилъула,
НакIкIал дир рекIелъа рикIкIаде уна.
Цадахъ гьел гьечIони, гьал дир саназул
Сапар битIуларо, гъутIби ракъвала.

Гьадинги рорхатал гIаздалал мугIрул,
Гьезул гIищкъу лъарал зобазда цула.
Огь, гIурус поэтал, гьаб диб росулъа,
Россиялъул бакънал – дир рокъор гъасда…

Гьел свинчIо, дир Кавказ гьалдолел соназ
Гьегьал ермоловаз, паскевичаца…
Чан макьу чIваниги, гьаб рокьи чIвачIо, –
Киналго пачаяз – чан гьел рукIарал!

Цогиязги чанги чагъана хъвана –
Чан бакъан хисараб инкъилабалъул!
ЦIияб заманалъул губернатораз
Горо барабщинаб нижер магъилъе…

Гьез нилъер халкъалда гьикъанщинаб кIал,
Жалго пачазаби кIоченаруна.
КIудияв вацилан, гьитIиназул гьез
БетIер буханщинаб, пикру чIванщинаб…

Амма, дир поэтал, дир художникал,
Хириял руго нуж, гьалбалгин вацал;
Дица нуж дандкъала, гIурус ракьалъул
Рокьи Кавказалъе майилан кьурал.

Нужеца гьукъичIо нижер бакъан-кечI,
Как балел тIансазде рахинчIо тIаде.
РухIаниялилан, кулакалилан
Кверда маххал рачIо, мажгитал къачIо.

Нужеца бахъичIо гьаб нижер ханжар,
Дир халкъалъул гIадат, гIамал, как, аллагь…
Нужеца кIовухъе кIодо гьабуна
ГьитIинал халкъазул кIудияб гьунар.

***

*Л.Л.*

КIудияв, кин вугев мун, дир классик,
Кинаб къимат кьолеб дуца гIасрудай?
Дуда рекъон дица гьаб гьекъел тана,
ТалихI, вигьаниги, дида батичIо.

КIудия, гIумруялъ гIаксаб рахъалъищ
Дие зурма пураб гьоролал соназ?
Гьанжеги цIидасан гьаб цо цIилцIигIучI
Дир гIундузда нахъа хъва-хъвала цо-цо.

КIудияв, метерин, метери абун, –
Метераб батана цебегосеб накIкI.

Дуца диет араб дица чияй кьун,
Чанги батулареб лъугьана гьунар.

Гьанже дир ракIалъул кризис буго,
Киналго пикраби – забастовкалда.
ЦохIо паракъалъи гьаб рокьи буго,
Ракьалде дир бугеб, даим букIинеб.

## АННА АХМАТОВАЛДЕГИ
## МАРИНА ЦВЕТАЕВАЛДЕГИ

КIиго гIадан йиго гIурус ракьалда,
Дун гIодулев вуго гьезул пикрабаз.
Цояй Пачаясул росулъа* гIадан, –
«ГIурус мацI, нижеца мун цIунилилан».

Цогиялъул къисмат, жеги пашманаб, –
Щай Париж рехун тун, гьай нахъ юссарай?
«Дир вокьулев, дица дуй щиб гьабураб?» –
Макьилъги щурула гьелъул рагIаби.

## ТIЕРХЬУН УНЕБ БАКЪ

Бакъанил замана, чирахъ гIадинан,
ГIодобе кьурулеб, – тIерхьун унеб бакъ.
Кьураби, гIураби, дир гIумру гIадин,
БецIлъулеб гьаб тIалъи, – тIерхьун унеб бакъ.

Церего рагьарал рогьалил гордал,
Горо речIчIун, къалел, – тIерхьун унеб бакъ.
Доб магIарухъ тараб ихги рииги
Унаро цебеса, – тIерхьун унеб бакъ.

Гъоркьа рагъида как, тIаса рокъоб кечI,
Кинго чIолеб гьечIо, – тIерхьун унеб бакъ.
Риччан унел чуял, хадув гъоларо, –
Хехго щинкIулеб куц щобде нахъе бакъ.

* Пачаясул росу – Царское село.

ГІурул карачелал квачІида чІола,
Кквезе кІолел гьечІо, – тІерхьун унеб бакъ.
Зодихъ самолетал, кин хехлъаниги,
Хадур гъолел гьечІо, – тІерхьун унеб бакъ.

Гьаб дир музыкаги долъул чІоралин,
Жиб чІаго хутІизе – тІерхьун унеб бакъ.
ЧІваралгин хваразул заназул рохьал…
Бихьула, бихьула тІерхьун унеб бакъ.

Дун къасдазулъ вуго, дир гІищкъул цІибил
ЦІунизе кІеладай? – тІерхьун унеб бакъ.
ТІарадейищ араб, гІодойищ инеб
ГІолохъанаб хІасрат? – тІерхьун унеб бакъ.

ТІаса лъуга дида, дир сариналда, –
Сордо гІагарлъана гьаб гІасруялъул.
Ва амма гІодулеб лъимер гьимана –
Лъалила, жибги тун, тІерхьинарин бакъ.

***

Лъималазул гьитІинлъи,
Лъималазул гьайбитлъи,
Гьаздаса вохарав дун
Гьазда гурхІун вугев куц!

Лъимал – гьереси гьечІел,
Лъимал – гІумру лъаларел,
ГІажаибал, божарал…
Гьазда гурхІун вуго дун.

ГурхІула, пашманлъула, –
РечІалел ругел тІугьдул,
Гьаваялда бугеб накІкІ,
ТІогьиллъулеб гьветІ-тІамах.

Гъугъадулеб дуниял,
ТІун рехулел рахаял,
ТІокІцІаралгин бугьтанал

Миллатазда, чиясда.

Лъималазул гьитIинлъи,
Лъималазул гьайбатлъи,
Лъималги каранде къан
Къварилъидул захIмалъи.

Кинаб намусалъул ирс,
Кинаб ияхIалъул дарс…
Щай хIинкъарал кваркьаби
ХIанчIаз тIанчIазе толел?

***

ПатIимат, гIакса ккечIищ
Нилъер кинабго гIумру –
КечI цогияб рахъалъ ун?
Нилъго цоги рахъалъ ун?

КIиканлъицин букIинчIищ
Арал накIкIалъ бихьулеб –
Уйилан рагIараб тун,
Гурилан бихьараб тун?

Огь, дун свакан вугеб куц,
Сон талихIин рикIкIараб
ТамихI букIун буго дий –
Гьал бесдалазул берал.

Дир чорхол гьаналъ бухIи –
БахIараб мехтелалъул…
Жакъа бухулеб бетIер –
Рорхалъи гьал мугIрузул…

***

Щибжо лъимадул магIу? –
ТIогьода цIадал къатIра;

Цодагьаб бакъ гвангъигун,
Бакъвала лахIзаталде.
Амма букIананиги,
Лъимер гIодулеб мехалъ,
ГIаламалда цо балагь
Бугеб гIадин вукIуна.

Щибжо лъимадул гьими? –
Гьурмада гвангъараб бакъ;
Цодагьаб накIкI бачIани,
БукIаралъуй тIагIуна.
Амма букIананиги,
Лъимер гьимулеб мехалъ,
Гьаб дунялалъул рокъоб
Бакъ бугилан вохула.

***

Нилъер кьал ккечIониги,
Кьижун гьечIин гьаб питна, –
ПатIимат, дагIба буго
Дир араб гIумрудулгун.

Щайзе рагъ, ругъун гьечIеб
Гьадинги гьечIин лага…
Радал лъукъараб къадру,
Къаси судулеб сабру.

СиратIалъул кьоялда
КIиябго рахъалъ жужахI, –
Жакъа кинан батилеб
Метералъ хIадурараб?

Гьадинги балеб горо, –
Щайзе ганчIал речIчIулел?
Гордал рекаралщинал
Улкадул кереналъул!

Цояс дида абуна
Унтаби гьикъугейин, –
Азаргоялдаса гьел

ГьабсагIат дагьал гьечIин.

Гьединаб сахлъи гьечIеб
Сверулеб гIасруялда
Нилъер сахлъи щиб жо гьеб? –
Лъимал руго гьитIинго.

***

Хиял къадарлъунищ, къасд хIалакълъунищ,
Къойил ратIалъулел руго хъизамал.
Цояз эхеде цIан, цояз эхей цIан,
Улкаялъул гъасда буго гъалмагъир.

Дун гъецIгун хъерщолев, хъалиян цIазе
ЦIаго хутIун гьечIищ гьаб рохъдолъилан.
Кверде гьугьудула, рикьарал килщал
Кинго цолъуларо, цаби къерщола.

Цебего, гьитIинго, кьин чIолеб сардилъ,
ЦIаго хутIун гьечIищ гьаб рохъдолъилан.
Кверде гьугьудула, рикьарал килщал
Кинго цолъуларо, цаби къерщола.

Цебего, гьитIинго, кьин чIолеб сардилъ,
ЦIигьулдерил кьурда ракарал цIаял,
Гьенир гвангъ-гвангъарал дир кочIол къасдал, –
Кваркьалаби гьезул рухIулел руго.
АхIараб некIсияб рагIулеб гьечIо,
РагIараб цебесеб бичIчIулеб гьечIо.
Цогияб цIидасан гьанже ургъулеб…
Аллагь велъанхъулев вихьула дида.

Велъанхъуге, бича, тIаса лъугьа мун, –
ТIутIураб хъабарча гьал миллатазул…
Духъ гIенеккичIого кканщинаб гIантаб, –
ГIаздал цо биццалъи, накIкIазул бакIлъи!

***

Сордо рогьунаро. Кибе араб кьо?
КГБялъ бачун унищ мун бугеб?
Их тIаде щоларо. Щобда щунгъарал
Щиб милициялъул пункталда ругел?

Мадагаскаралъул хъахIилал хIанчIи,
ХIинкъунищ нуж ругел, щай рачIунарел?
Гьаб дир Кавказалъул камилаб маялъ
Кваркьабазе виза кьоларогонищ?

Чияр гьаваялда овердунин абун,
Сурав босилилан щаклъунцинищ нуж?
Я, Дагъистаналъул дагIба-къец рагIун,
Африкаго лъикIин ракIалде ккунищ?

Космополиталин, диссиденталин
Дол-гьал критиказ какилин гурищ?
Класс-тушбабазул агентал ругин,
Радио-гъудуца хъамилин гурищ?

ГIорхъода хъаравул – таможнияца
Теларин кваличIеб хIулиянищ нуж?
Ялъуни гIагараб мугIрул ракьалда
Рокьуйги бакъуйги бакI гьечIогонищ?

Цояца доре гъун, цояз гьанир гъун,
Месхетал гIадин нуж хутIилин гурищ?
БатIиял хIанчIаца жидер гуреб кечI
Цоги ахIугеян абилин гурищ?

Унго, улкаялда гъанщинаб хIули! –
Нужер хIинкъиялда хIикмалъиларо.
Жеги декабралъ букIараб хинлъи
Хинаб июлалъги черхалъе гьечIо.

***

Дун гIинкълъичIев щайзе, гIенеккарав дир
РагIанщиналъ бугин щущан унеб ракI.

Дун бецлъичIев щайзе, балагьарав дир
Балагьазул кIкIуялъ рухIулин берал.

Дие цо бокал цIе, мехтарав гурев,
Вохарав чи гьечIин гIоркьилазулъцин.
Дун гьал гIадамазулъ вацлъи къваригIун, –
Жалго вацал руго цаби къирщулел.

Бокьараб кечI ахIе, бокьараб как бай,
Дица квер босула киназулгIаги.
Шайха гьанже какикь тIамулебжода
ТIанкIал ругел бидул дин-мацI цоязул?

Чияр улкабазул ургъалида дун, –
Инсул ВатIаналъул гIекколеб керен.
Кипра бикьун букIин бегьичIого дун, –
Биххизе къачIараб къед гIадин Кавказ.

ГIакълу рехараб къор кибехун бугеб? –
Дир кечI, тIиналде ун, гьеб тIаде баче!
Рокьуда рахарал рахсал кир ругел? –
РекIелъа гьел тIутIун, тIогьол квацIи кье!

***

Ригьищ гьаб мехтараб, мехищ гьетIараб,
Гьокойищ бекулеб чIаголъиялъул?
Гьанже кучIдулги тун, палихъан гIадин,
ГIумруялъул чIинхал рехулев вуго.

Нух битIун ккеладай гьал гIадщамазул, –
ГIасияб накIкIилаб рохь бугин берзукь.
Балагьалъ теладай гьал лъимал гьоркьор, –
Гьелчелел чвахзиял, чабхил гIор цебе.

Макьу тIубаладай цIияб гIелалъул, –
Дирни гIумру ана, гьеб бицинаро.
Гьабураб, ахIараб букIана лахIзат, –
РакIалъул гIемерал рикъарал къасдал.

Улкайищ хисараб, кечIищ херлъараб,

Доб камилаб цIвайищ гIодой бортараб?
Дун гьанже гьардухъан, циганал гIадин,
Цере хъаталги ккун, гъардолев вуго.

Гьарделев вуго дун зобгин ракьалда,
Рокьул гIурхъиялда, къунел иццазда.
Гьарделев вуго дун щибаб къоялда,
Щибаб гъветIалдагин щибаб тIегьалда:

ЦIунейилан рокьи, цIунейин гIумру,
ГIадан щиб, чангицин чиякъ тогейин.
ЦIуне ццидадаса, жахIдаялдаса
Жакъа гьарулелги сон гьаруралги.

***

Нахъ тараб хIуралъул хIарщулъ тIил кьабун,
Бидул тIирабазулъ улкадул гьумер.
Дида бичIчIулареб, дун вичIчIулареб
БачIун буго цIияб, цIар лъалареб гIел.

Арал гIасрабазул согIал чапарал
Кинал поездазда гьанир рачIарал?
Абула, бугила гъоркьа дуниял, –
Гъобасан гьулчараб карачелищ гьаб?

НекIсиял ругъназде тIаде цIанги щван,
ЦIидасан свердулеб черхалъул сабру.
Дида бичIчIулареб, дун вичIчIулареб
КечI ахIулеб буго бухIи лъачIеб тIел.

РачIунел ихазул аварагзаби
Кинал парашютаз гьанир рехарал?
Абула, бугила тIаса дуниял, –
Дорасан пирхарал пириялищ гьал?

Дир хъахIал къункъраби чIегIерлъун руго,
ЧIегIерал гьал гъудул хъахIлъулел руго.
Дида бичIчIулареб, дун вичIчIулареб
БачIун буго рокьи, бачIун буго ццин.

Гьанжесеб векалъул цIиял колумбал,
Щиб цоги континент гьазда батараб?
Абула, бугила гьоркьоб дуниял, –
Гьенисан кIанцIарал вулканалищ гьал?

***

Сонисел мехазде борхичIеб ханжар
ХутIун батиларо лъилниги жакъа –
ГъалбацI чIвараб мехалъ цIоко ччукIизе,
ЧагIи рортулеб куц, кодор нусалгун.

Нилъер гIайибазул хабал гьаруни,
Хур бекьизе гьанже ракь хутIиларо.
Гуккарал къасдазулкъанал гьаруни,
Къедалъе цо гамачI батизе гьечIо.

Гьанже ругелщинал гьал галилеял –
Гургинаб тирулеб дуниял буго.
Данде чIвалелщинал гьал матросовал –
Пулеметазда нахъ чи гьечIеб мехалъ!

Минаби рахъарал авлахъазда гьаз
Гьурра ахIулеб куц, цере рилълъайин.
ГIундузда щурунцин цере кIалъачIел, –
Цо трибуназда гьазул ахIи-хIур!

Хвелазени гIайиб гIумрудул кканин, –
ГIумру хъачIлъиялъе жакъа лъил гIайиб?
Сонни гьури пунин, гьаб жакъа балеб
Бидулаб цIадалда щиб жо абилеб?!

Гьанже чIвараздаса къисас босунин,
ЧIаголъиладай гьаб лъукъараб хиял?
Хабал мерхьунилан, занал гъурунин,
БачIинадай рекъел нилъер рокъобе?

***

Телевизор, гьарула,
Гьал цо ораторал тун,
Азарго сонал рарал
МугIрул риччай кIалъазе.

Гьел гIажаиблъун руго,
ГIенеккун чIун, балагьун,
ГIадамахъе бикъараб
Буссунарищан тIакълу.

Газеталгун жунранал,
Жирулел гажал рахъун,
Цо зобгин ракь цолъулеб
Рокьи гIаламалъе кье.

Художниказул мацIалъ
Океан кIалъазе те, –
Нилъер къоязул къецалъ
Къаси гьеб кьижуларин.

***

Дица жакъа къодул бицунеб буго,
Гьадинаб къваридаб жеги букIинчIин:
БачIунаго дида лълъар кьабунила,
Лъутулаго диде рачI хьвагIанила…

МугIрул хIикмалъана дир хIисабазда:
Мун хIамил гIинзунив гIун ватилила,
Миллионал соназ бугин къварилъи,
Къо тIаде ккечIого, дуда бухIичIин.

Дица «гьуудуласул» бицунеб буго,
Гьединав гьерсилав дида данд чIвачIин:
ЧIобогояб гIеретI, кквезе гIоркьни щиб,
ГIодоб лъезе жеги тIинуцин гьечIеб…

ГIорал релъанхъана дир пикрабазда:
Гьединал ратулин бищун божарал,
Дуда, чанго нухалъ бох беканиги,

Гудур лъица гъураб лъазе кIвечIила.

Дица зобалазда гьикъулеб буго,
Гьабилеб щибила щущаяб черхалъ.
Долъ дий гIакълу кьуна, бихьинчийилан,
Бараб лълъар борхейин, щиб къо кканиги.

Дица гIасрабазда цIехолеб буго,
КъварилъичIищ рокьуй ракIазда бакIин.
ГIасраби иргадал дихъе рачIана,
Гьеб букIинчIеб заман букIине гьечIин:

«Балагье МахIмудихъ, кьодул сакIги тIун,
Кьурулъ хутIаниги, хвечIо чIваниги.
Хал гьабе Шамилихъ, анцIила ичIго
Ругъун щвананиги, щапичIо берал.

Щиб жо бицунев мун, ккараб къварилъи
ЦохIо бараб къвалалъ къаникь лъеларищ?
Щай бицун гьерсилал гьудулзабазул –
Цо духъ балагьарал берал гIоларищ?»

## БОЛЬНИЦАЯЛДА

***

ГIицI толохIочал гъутIби,
Гьарал, риччарал тIанхал…
Соналгин гьудулзаби
Гьанже дагьлъулел руго.

Нилъалзукь кIиябго квер,
Кавудахъ цIадазул гIарз…
Дида цIунизе кIвечIел
Ихдалил харил кьерал.

Гьел кир ругел гьабсагIат,
РикIкIада гьечIониги,
Анилан ккола дида,
Китайги тун, дорехун.

КигIан дун хехлъаниги

Дозда хадув гъеларо…
ГъутIби, мехтарал гIадин,
Тартадилел ругел куц!

***

Дир горда ганчIал гьанже
РечIчIулел ругел гIемер –
ГIузраби гьаб мехалъул,
КъотIулареб цIад гIадин.

Дир гIундузда рагIулел
РагIаби согIлъарал куц –
Соназ цIорочIеб гIищкъу,
Дуде балеб гьаб гIазу.

Дир гIумрудул гъутIбузда
Гъудул къвакъвадулел куц –
Кидаго чанахъабаз
Маккалищ кколел ругел?

Къойил операция
Унтарал хIисабазе…
ХIасил бидуца хъвараб,
БичIчIулареб замана.

***

Арал соназул такъсир –
СогIал мехазул къасаб…
Къец буго бергьунареб,
Рагъ буго лъугIулареб.

БукIаралъ бикIун бутин
РекIелъ тушманлъи, хIусуд. –
Толеб гьечIо хабалъги
Сталиница хIалхьи.

Досие нилъецаги
Толаро парахалъи:
Доб трубка-хъалиян,
Гьал хъизамазул питна.

Гьаб араб къасабалъе
Къисас батIияб гьечIищ? –
Къанал реки гуреяб,
Хабал мерхьи гуреяб.

***

Жакъа операция,
Огь, берцинал руччаби,
Дида лъаралгун лъачIел
РачIун тIаде къулана.
Къанщарал дир беразда
Рихьула гъол киналго;
Гъозда гьоркьой цо хасай…
Дун хвасарлъун ворчIана.

Жакъа операция
Унтараб дунялалъе…
Дир аллагь, хвасар гьабе
Хвалдаса согIаб гIасру.
ГьечIищ чIужугIаданго
Нилъер гIумру цIунизе, –
Доба гIищкъул магIарда
БагIараб цIа бакизе!

***

Дие бокьун бугеб куц
Макьабазул тIехь хъвазе –
Макьу букIун буго гьаб
Дида бихьараб гIумру.
Макьаби кIочон тола,
Щайха кIочон толарел

ГьитIинго рарал цIадал
ЦIигьулдерил ганчIазде?!

Дие бокьун бугеб куц
Маргьабазул тIехь хъвазе –
Маргьу букIун буго гьаб
Дида лъараб замана.
Маргьаби кIочон тола,
Щайха кIочон толареб
Харида чундузул би
Балагьаб къарнуялъул?!

***

ЧIваралги чIагоялги
Журан рихьула макьилъ…
Дир рокьи – дарман, канлъи,
Мун киб бугеб, киб бугеб?

БатIи-батIиял гажал
Жирула дида цере –
Жавгьарул цабзазул кIал,
КIалъай дида, вугищ дун?

БукIарабгин букIинчIеб
КIиябго цебе тIамун,
Цересел хиялазе
Хоб бухъулеб газа-бел.

Гьаб цIорораб ракь бугин,
ЦIакъго гъварид гьабуге.
Цо гьитIинаб каратI те
Хьулалъул канлъиялъе.

***

Лъабго къоялъ вукIана

Доб цояб дунялалда,
Доба расти лъикIаб жо
Дида лъачIеб батичIо.

Унтун гIузрабаз цIурав
ГIумруялде вуссингун,
Бищун гIажаибаб жо –
Рогьалилъ бачIараб къо.

Ругънал регъараб мехалъ,
Черхалда рухI речIчIигун,
Бищунго чIухIулеб жо –
ЧIараб нур, бекьулеб хур.

Лъабго къоялъ вукIана
Добцояб дунялалда…
Добаялдаса гьаниб,
Гьудулзаби, бугеб лъикI!

## ХАСАЛИЛ КЪО ИНГУН

Щвана къаси замана,
Къо свана фонарь гIадин.
Гьелъ, хъошниб вехьас гIадин,
Гъуна хъудулеб рехъен.

Живгоги нахъе ана,
Нахъа рокъоб тIилги тун…
ТIагъур – магIида къеда,
БетIер – къандалъоялда.

Сардилъ бацIазул руруй,
МоцI гордухъе бачIуна.
Гьасда ракIалда руго
РикIкIада мугIрул иххал.

Гьел авлахъазде унел
ДугIнул гIадинан руго.
Дозда хадур гочунел
Чахъаби гIадин руго.

Амма вехьасе макьу
КьагІаца толеб гьечІо;
Огь, талихІаб гІурччинлъи,
ТІолго хьул гьелде буго…

Щвана къаси замана,
Къо ана сордо гІадин.
Гьеб тоннелалде жаниб
Трамвай гІадин ана.

Дир рогьелги гьабсагІат
Гьенибе унеб буго.
Авлахъазде гочунеб
Буго соназул рехъен.

Амма сарингун рокьи
КьагІазул рахъалъ буго, –
Чан кьурул сверудасан
Рахине ругел лъимал.

Рурудулел гьал бацІал,
МоцІ гордухъ гІабдал гІадин…
ГІагараб улка кибе
ХъахІаб чуялъ бачинеб!

## ХАСАЛИХЪЛЪИЯЛЪУЛ РОГЬЕЛ

…ХъахІаб, хъахІаб – бищун тІад,
ХъахІилаб – гьоркьо-гьоркьоб;
Цо бецІаб сурмияб кІкІуй,
КІичІ-кІичІараб сасараб.

Цингиги гьаб ракьалда
Хъвараб-хъвачІеб гІадинаб
ГІажаибаб багІарлъи,
Бакараб цІадул гІадаб.

Дида гІумрудул кьерал
Киналго цере чІола. –
Гьанже-гьанже борчІизе
КъачІараб рохь дир гордухъ.

Рохьор риччарал гъутIби,
Нечараб гIицIлъи гьезул,
Чадиралъ цIунуларо
Ахирал цIадаздаса.

Художник, хехлъи гьабе,
Гьаб рогьел гьоркьоб тоге,
Хадуб хекко къо щвелин
Къец-дагIбаялъул цIураб.

ЦIорол рамаялъуб лъе,
Къадада къотIун разе
Гьаб къоялъул байбихьул
Рохьилгун зодил кьерал.

Хадуб поезд хъудила,
Хадуб трамвай ина,
Улкаялъул фабриказ
Ракьалъул кьер хисила.

Кьижараб халкъ борчIила,
БачIина, дагIбадила,
Дир кечI автономияб
Округ гIадин букIина.

ХъахIаб, хъахIаб – бищун тIад,
ХъахIилаб – гьоркьо-гьоркьоб;
Дагь бецIаб сурмияб кIкIуй,
КIичI-кIараб сабураб.

Цингиги гьаб ракьалда
Хъвараб-хъвачIеб гIадинаб
ГIажаибаб багIарлъи –
МагIарда бакараб цIа.

***

Дидаса рикIкIалъичIо
РикIкIад кIкIуйдулъ хутIараб, –
Заманаги нухалги
Биххараб дир бахIарлъи.
Дидаса рикIкIалъана

Дида цун аскIоб бугеб, –
РекIел цолъи тIутIураб
Цебегосеб гьудуллъи.

Дидаса рикIкIалъичIо
БукIараб гьитIинаб мех.
Гьеб дунгун буго даим
Кодоб тIогьол квацIигун.
Дидаса рикIкIалъана
Сон дунгун букIараб къо, –
Семулеб буго дунгун,
БачIунаро кочIолъе.

***

Абула, рагъ лъугIилин,
Кинабго лъикI букIинин, –
Кидаго рагъ лъугIичIеб
КечIалда щиб гьабилеб?

Абула рокьи инин,
Макьаби гьуинлъилин, –
Паракъалъи лъалареб
РакIалда щиб гьабилеб?

ГIодобе кьуруларeб,
Кьижизе дун толареб
Чирахъ гIадин буго гьаб
Гьаваялъул хIалуцин.

Нахъехун хутIарабги
Цебехун бихьулебги
Цоцазулъ къацандула, –
Къаси сардил халалъи.

**КIИГОЯЛ**

Цадахъ рагъда рукIана
Гьав кIиявго офицер,
Цо кIкIуйдулъан рукIана
Гьазул ротаби унел.

КигIан данде чIваниги,
Гьал хвелалъ гьоркьор тана.
ХутIана лъукъ-лъукъарал
БахIарал лейтенантал.

Гьазул хIатIаз мерхьана
ХIатта тIолго Европа.
ТIад руссун кватIилелде
РитIана Курилалде…

Ахир шинелал рахъун,
ГIажаибго хал гьабун,
МатIуялда гьикъана
Гьаз жал кин хутIаралин.

МатIуялъ жаваб кьуна,
Жинда ракIалде кколин,
Нуж художникал рукIун,
Хвелалъ гьоркьор риччанин.

Гьаб бачIараб маялъул
ТIогьол сурат гьабизе
Наслабазе рекIел цIа
ЦIунун бугин къисматалъ…

Къоял, сонал сверана,
КIиго художникасул
Харилъан баккараб тIегь
ГIаламалда бихьана.

Гьазул выставкабазде,
ОВИРалде кинигин,
Очередал рукIана, –
Халкъалъ кIалухъ рахъана.

Гьав кIиявго художник
Чанги лъим, цIа бихьарал,
ЦIар хIехьезе кIвечIого,
КIалзул рагъде лъугьана.

Бице, бекараб матIу,
Солдатазе ккараб щиб?
Квер цоцахъе кьоларо, –

Гьаз гьоркьоб бикьичIеб щиб?

МатIуялъ жаваб кьола,
Жибгоги хIикмалъулин,
Жакъа гьаб улкаялда
Гьединал гIемер ругин.

Цо-цо мехалда ккола,
Чилъи-гIаданлъиялъе
Бищунго гIагараб мех
Рагъул заман букIанин…

Гьав кIиявго офицер
Цоцада кIалъаларо.
КIиялго гьал ритIана
Гьанже доб космосалде.

Гамида щиб гьабилеб, –
Щущан ина гури гьеб! –
Гама гурищ гьаб дунял?
Дунял буго чIаголъи.

Шинелал рахъарабго,
Некь бекарабгьудуллъи,
Гьеб кинго рагIуларо
ГIинкълъараб пикруялда.

Доб бидулаб вацлъийищ
Бищунго берцинаб жо? –
Бице, кIиго офицер,
Бице, кIиго художник?

Херлъарал гьал кIиялго,
МатIуялъуй балагьун,
БутIрул хьвагIулел руго
Лъимал гIурал куцилан.

Гьаз рагъулъан, кIкIуйдулъан
БачIараб зазги тIегьги
ХутIана гIасрабазе,
ХутIана наслабазе.

***

Дий, такъсир гьабурав чиясе гIадин,
Чияда вихьизе бокьулеб гьечIо.
НекIо, кIалкIала чIван, рагьараб кIалгIа,
КIулалги ран, дица рахалеб буго.

Хаслихъе тIогьилал тIогьилал тIанхал гъун унел
ГъотIол гIаркьалабаз рухулел тIохал,
Доре раккун руго чанкIкIарал цIогьал, –
ЦIан, юргъан кинигин, бахъулеб рахIат:

Дур цо гIумру анин, гьебги гьетIараб, –
БатIияб босизе дур рес бугищан.
Дур цо гIищкъу анин, гьебги лъукъараб, –
Лъутулеб чан кквезе кутак бугищан…

Дица жаваб кьуна, гIумру лъаларин,
ГIищкъу ругъназ цIураб гьадабго бугин.
Дица жаваб кьуна, сонал кквеларин.
Амма сариназул чан кьурда бугин.

## ДУЦА ДУН ГУККИЧIО

Дуца дун гуккичIо, гьулакги кIикIун,
Пашманго эбелалъ ахIараб сарин.
Долъул гьари дугIа тIубараб ани,
Дир гIумрудул иццал бецлъилароан.

Дуца дун гуккичIо, тIохда инсуща,
ТIингъилъего вачун, бицараб маргъу.
Досие бокьухъе батичIо гьаб нух,
Рехана чодаса – бекана бетIер.

Дуца дун гуккичIо, кьин чIолеб сардилъ
Кьурда тIад зазида бакараб доб цIа.
Гуккана цIвабзаца, – рикIкIад рукIунищ,
Гьез дир ракI хинлъичIо, цIорона хьулал.

Дуца дун гуккичIо, хIанчIи руссунеб
Росулъ ихдал гордо бухараб гозо.
Гуккана бакъулал дир хиялазул
Хурзабахъе бараб тохаб горoялъ.

МугIрул дандерижи, дуца гуккичIо, –
Гуккана киналго трибунаца.
БахIараб дир рокьи, дургун кьал гьечIо,
Кьурул рагIалда дун цо дуца ккуна, –

Киналго какияз гьенив цуниги,
Полоп бан кIалъалез гьенив цIаниги;
ЦIи-цIиял хисулел гьал лозунгазул
ГьоцIо цIекIлъаниги цIамгIаллъаниги…

***

Борхьил каратI гьетIараб гIумру,
Поезд тоннелалда жанисан унеб…
Кьураби, гIураби, тIорал, ралъадал
Дир гIумругин цадахъ бецIлъулел руго.

Гьединан вукIуна, лъикI кечIги ахIун,
Кулисазде нахъе тIерхьунев артист,
Яги, тIубан къоялъ хуривги хIалтIун,
ХIалхьуде хъошниве унев хурухъан.

Дун гьабсагIат вуго Африкаялда, –
Аваразул росулъ тараб дир рогьел.
Дидаса рикIкIада гьечIо Мадина,
Метер дове щвезе буго ракIалда.

Дун салул гохIалда эмир кинигин,
Океан – цебехун, гIалам – нахъехун.
Маккаялде щвезе, щайих кинигин,
Гьаб барханалъул кьо бахунев вуго.

Лъаларо бахинищ бахинарищ гьаб, –
Нух гьаб гIасруялъул бецIлъулеб буго.
Ва амма бацIцIадаб дир гIищкъул рогьел,
Рагьун руго гордал, гьеб дунгун буго.

Дун артист вукIана, амма кидаго
Кулисазде нахъе дир рокьи инчIо.
Чан роль хIананиги, кочIол гьурмада
Я пудра, я грим дица бахинчIо.

Амма нухаз цо-цо гуккун батан,
Гудрада мохмохалъ чан гIадин, шигIру.
Мехазде мугьал ран, гьин гъун батана
Гьал дир пикрабазул хъахIал макказе.

Гьез ккурав гьанже дун твархелев вуго, –
Чан хIули бортараб хIакъикъаталъул!
Дица гъалбацIил рас чIурхIулеб буго, –
Чан чIор щвананиги щущачIеб гIищкъу!

***

Гордо рагьулевги гордо къалевги,
Къаси гьури гуро, гьав дунго вуго…
Дуда кисан лъараб, кватIараб сордо,
Сонисел дагIбаял дир гIищкъуялъул?

ТIипалодул цIурал гьумерал гIадин,
ЦIадал тIирабазулъ дир нухлул ганчIал…
Дуда кин кIоченчIел, кIкIалабазул гIор,
КIикъого нагIана батаял кучIдул?

Чан бох беканиги щай дун кантIичIев? –
Гьанже ккола бетIер мокърукь тункараб.
Чан макьу бихьараб кьиндалил сардилъ? –
КьогIаб букIун буго гIилла гьечIеб кеп.

Дун гьанив тирула, дова сверула, –
КватIарал сардазул гIасияб сурав.
ГIела гьел суалал, кье хIукму, кагътал,
Дица киназдаго гъоркь гъул басина.

Гьабгощинаб январь щвезейищ кколеб, –
Щай гуккарав, гьудул, дун арал маяз?
Щайзе бачIинахъе кечIалъ абичIеб.

Гьал дир иццазул лъар инин салулъе?!

## РУКIАНА, РУКIАНА, РУКIАНА ЧАГIИ

РукIана, рукIана, рукIана чагIи, –
Чодасарортана цIакъ гIолохъанго.
ГIурул лъим гьекъолел чундул рихьигун,
Гьезул чурхдул дида ракIалде щола.

РукIана, рукIана, рукIана чагIи, –
Чабхилъ тIупарал гьел кьерилал васал.
Гьал кьурул сиязде балагьаравго,
Гьезул кьвари дида ракIалде щола.

РукIана, рукIана, рукIана чагIи, –
Чирахъал кинигин свана иргадал.
ЦIвабзазухъ балагьун, цIаяхъ балагьун,
Гьезул берал дида ракIалде щола.

РукIана, рукIана, рукIана чагIи, –
Рагъаца, ругъанаца, мехаца ана.
МугIрул иццул лъарал къунел рихьигун,
Гьезул къисмат дида ракIалде щола.

РукIана, рукIана, рукIана чагIи, –
Чилъидал сангарахъ сукIарал лугбал.
Берциналщиназул гъунел хIулаби,
ХIайранал иццазда чIвараб гьагаб цIер.

Гьайбатал гъутIбузул гъун унеб тIамах…
Гьол гIадал гьареги гьанжесел лъимал.
Гьал панаял кучIдул ахIулеб мехалъ,
Кидаго дида гьол ракIалде щола.

Дунни гьолгун вуго, гьол дунгун гьечIо,
Гьорехун аразда нилъ рихьуларо.
Дун гьозухъе ина, гьозда цадахъ дун
Цо-цо гьудуласда ракIалде щвела.

## ИХДАЛИЛ ЛЪАР

Апрель. Чвахун унеб иххихъ хал гьабун,
МугIрул тIогьиб гIазу гIодилеб буго.
ГIадлу биххараб лъар бохдузда чIезе
Гьанже-гьанже лъалеблъимеран ккола.

Рахас тIун борчIараб таращ кинигин,
Тирула гъулдузда, гъулгъула чабхилъ.
Гъураб гьин тIутIураб гьайбатаб микки
Гьаниб басандула, доба кьурдула.

ЦIакъго гьалаглъула гьеб жаниблъуда,
Жалго гIадал лъарал лъан цолъарабго.
Лъабгояца цолъун, цо шиша гьекъон,
Цадахъ мехтун гьазул букIунеб накъит.

Жанир тIамун рукIун, тархъан гьарурал
Туснахъазда релълъун руго гIасиго.
Гьел иххал дорасан, гьанисан цолъун,
Поездалда релълъун, буго унеб гIор.

ГIурул сверабазда сардида цIваби
Гьал дир сариналгун руго лъедолел.
Лъадал гъургъурараб матIуда жаниб
Цо батIи-батIиял мехазул тIанхал.

Гьаб чвахи гьелчола, – дир Каспиялда
Карачалабазул хоралъул концерт.
Гьеб речIчIулеб буго кьурул гьурмада,
Гьезул тIирабазул тIипалалъ цIураб.

Гьаб гIатIилъиялда лъазе кIоларо
МагIарул кIкIалахъе кIанцIун араб лъар.
Долъул полоп гьекъон мехтарал гурищ
ГанчIазда ахIдолел хъахIал чайкаби?

МацIгин цIар къосараб асир кинигин,
Инсул тIалъи кIочан батичIони гьаб?
Ялъуни букIараб, кIкIуйдулъ тIагIараб,
ТIокIаб хабар гьечIеб рагъухъанищ гьаб?

Яги цо пашманай мугIрул яс гурищ,
Росасдаги чIухIун, ракI бухIун йигей?

Яги дир бахIараб ихдалил кечIищ,
Кавказги кIочон тун, дица гьабураб?

Дир нахъ тарал сонал, лъарал кинигин,
Карачалабазулъ цIехоте дуца.
Цо-цо цIва, цо-цо цIа дир бортаниги,
ЦIарги, мацIги, кечIги буго гьадабго.

***

Дица гьариларо бетIергьанасда,
Дир бетIер цIунеян, гIумру цIунеян, –
Гьадинги гIайибал гъос чуранин дир,
Гьадинги гIемераб кьун батанин дий.

Дир хIарамаб рохел, гIадщалаб талихI, –
ТамихI кколелдаса дагь гьабуна дий.
Бича кIочон хъварал кочIол мухъазе
Досул кодексазул рахIму батана.

Дир мунагьаздаса тIаса лъугьарав,
ЦохIо гьари буго, гьал лъимал цIуне!
Нижер гъалатIазул цIаялъул кIкIуйдулъ
КIотине течIого, гьезий малъи кье!

Дица гьариларо бетIергъанасда
Дир бетIер цIунеян, амма гьал хIанчIи
ЦIуне гIакълу гьечIеб рохелалдаса,
ЦIуне гIазу балеб августалдаса!

Куце гьал, церехун унехъ гуребги,
Цо-цо нахъ хутIарахъ хал-щал гьабизе.
Киналго хзурдузул мацI малъе гьазда,
Киналго цIвабзазул цIар малъе гьазда.

## САМОЛЕТАЛДА

Ахада хьвадулел хьухьазул илхъи,
Доба борхалъуда гьаб маркIачIул зоб…
ДегIен цебе гьабун, гIалхуде унел

ГIиял гIадин, буго цIвабзазул рехъен.

Кваркьаби рорхула, эхеде уна,
Нуха накIкI дандчIванищ, гьури бахъунищ?
Гьаб цо дуниялги гьелъул хIисабги
Гьаб сакмолеталъул сайигъат дие.

Зобгин ракь цолъулеб рагIаллъиялда
Цо билбагIараб цIа буго гIагарлъухъ.
ГIагарде щванагIан рикIкаде унеб, –
РекIел мурадалда релълъун буго гьеб.

Азарабго кваркьи бугеб дир рокьул
Мунги дур свериги буго сайигъат.
Сордо щолеб буго, рорче гьал гIарщал,
ГIодой унеб буго гьавадул гама.

***

Дир океаналъул лъабго чIинкIиллъи,
Дун лъедолев вуго гьезухъе даим.
Цояб – дир бахIараб хIасраталъ цIураб,
ХIиллаялъгин рекIкIалъ гьоркьоб биччалеб.

Дилъ доб кенчIолеб куц, камилав гьудул,
Цо-цо карачелал чамгIаллъаниги.
Черхалъул доб мехалъ букIараб жигар
Жакъа лъикIан дие кивго лъедезе.

Жакъасеб чIинкIиллъи – гьаб дир ригьалъул
Рогьалил бакъ сварал бакъанигIужал.
Гьадинан гIасиго карачалаби
Кидаго гьелчелел дида рихьичIо.

Бищун гIисиналцин цо рорхулел куц,
Рахунел руго гьел ццидакь гамиде:
Сон билараб жакъа батизе бугин,
Жал пиратал ругин, метер бихьилин.

Метераб чIинкIиллъи дир чIаголъидал, –
Гьеб бихбьулареб куц хьухьазулъ бугеб.
Дун дове чIечIого воржунев вуго,

Гьеб Атлантидайищ – инаро тIинде.

Аэродромги вокзалги доба,
Гьаб дир ахирияб гаванги доба…
Дир океаналъул лъабго чIинкIиллъи,
Дун лъедолев вуго дозухъе даим.

***

Ралъад гьелчелеб буго,
Ралъад гьелчелеб буго…
Политикал кинигин,
Руго гьал карачелал.

Ралъад гьелчелеб буго, –
Лъабго художникасухъ
Хал гьабун вуго жакъа,
Гьезул кинав дунилан:

Цояв карачелалгун
КвачI бан къецалда вуго,
Дун цевехун виччайин,
Гьелчолел чвахиялин.

Цояв, цевехун арав,
Нахъе вачIунев вуго,
Нахъехунго лъикIилан
Цебехун бугелдаса.

Лъабабилев художник
Ралъдал рагIалда кьурда,
Кивего кьуричIого,
Гьелъухъ балагьун вуго…

Ралъад гьелчелеб буго,
Гьаб нилъер заман гIадин.
Лъабго художникасухъ
Хал гьабула…
        Дун щивдай?

## ДУН ХВАРАБ МЕХАЛЪ

Дун гьабсагIат гуро, цевего хвана,
Гьал канцеляразул кагъталъ къаравго;
КочIойги рокьуйги кьурал гьал сагIтал
Гьегьал собраниялълъ тIамураб мехалъ;
Сайигъат – бичаяс дий кьураб пагьму
Гьороца хъамулел докладахъ кьейгун;
Кьерилай гьудулалъ цIараб бакIалде,
Цо хIакимас ахIун, инчIеб мехалда.

Дун гьабсагIат гуро, цевего хвана,
Цо михъилав дица мухъилъ рикIкIингун;
Дир Лермонтовасул ригьда вукIаго,
Дихъа как бахъарав кочIолъ ахIигун;
МугIрул имамасде, дир Шамилиде
Щобазда рекъечIеб бакъан бачингун;
Назмабалъе цо-цо хъачIлъи рештIингун,
Хъвалел къисабазулъ щцидай бакI тейгун.

Дун гьабсагIат гуро, цевего хвана,
Херлъи лъалалдего, цIакъ гIолохъанго,
Гьегьал шапакъатаз чIухIизавигун,
ЧIвалел хъатаз, рецщаз бещлъизавигун.
Дица гьаб гIасияб дирго векалда
БаркичIо эркенлъи унго-унголъун.
…Абуге гьабсагIат дун хванин абун –
Хал гьабе, гьавунцин вукIаравищ дун?

## ЦЦИН БАХЪАРАБ МЕХАЛДА ХЪВАРАЛ ДИР КУЧIДУЛ РИХЪЕ

Ццин бахъараб мехалда
Хъварал дир кучIдул рихъе, –
Кинидахъ лъималазе
Эбелалъ ахIуларел;
БахIаралъул тIохазда
ГIолилаз рехсоларел,
ГIухьбуца, чагъана хъван,
Чундузе рачунарел.

Ццин бахъараб мехалда
Хъварал дир кучIдул рихъе, –
ГIакъилазул хабазда
Хурдуз гьарулеб буго;
Гьайбатай дир йокьулелъ
Макьилъ щурулеб буго.
Баккулебгин тIерхьунеб –
ТIолалго гьедин руго.

Ццин, цIакъ гIакълу биххараб,
ГIарзал-къецазул цIураб,
КигIан къо ккананиги
Къулуге гьелда цеве.
Гьеб мехтараб, гьеб гьагаб,
Бералгин гIундул гьечIеб, –
Духъе ццин бачIаниги,
КочIолъе гьеб биччаге.

Бахараб малъ кинигин,
Цабзакь къараб гIучI гIадин,
ГIидраялда заз гIадин,
ГIодой рехе кочIолъа.
ТIохдаса гIазу гIадин,
Турараб курак гIадин,
ГIодой рехе кочIолъа.

Ццин – ихдал балеб гIазу
ГIурччинлъарал гъутIбузде.
Ццин дур хеккого унеб, –
ХутIун щай гьеб бакъназулъ?
Ццидал кечI къабуллъула
ГIицIго гъватIул мацIазе, –
Къадарал пишабазул
Къадараз бицине те.

ГIумру араб мехалда
ХутIула цохIо гIищкъу.
Ццидакь шигIру бачIани,
Гьаб дир щакъи бакъваги.
Гьал соназул хазина –
ХутIула гIицIго рокьи.
Рокьукъаб къасд рештIани,
Гьаб дир къалам бокаги.

Дица натIана кьунин,
Гьереси лъугIуларо, –
Гьедун, бицунеб буго
Берцинал руччабазцин.
РагIабаз гьукъунилан
Бикъарди дагьлъуларо, –
Дуца гьан квараб ракьа
Гьабзазе те хъарсизе.

Бакъул чIоразул жулаз
БецIал накIкIал кинигин,
КочIолъа ццин бачахъе,
Гъасдаса рохъо бахъе,
Гъасдаса рохъо бахъе,
Амма цо-цо кепалъе,
Квеш букIунареб куцалъ,
АхIаниги бегьила,
МухIамад, махсарадай…

Дий бицана, цIогьазе
ЦIогьазде хъвараб кочIол
Кеп букIанин гIемераб, –
Дозул гIищкъу гьеблъидал.

## Кашпировский

Егарай унтарай Тбилисалда,
Тохтир Киевалда… Гьоркьоб бакIалда
Бащадаб Европа, Азиялде щун,
Океан бокьараб гьениб гьинаан.

Амма мугIрул рахун, миллатал нахъ тун,
Манзил гьечIеб хIасрат хIалтIулеб буго.
Телевизоралда кинабго улка
Операциялъухъ балагьун буго.

Балагьун буго халкъ, гIузрабаз течIеб
ГIумруйищ бергьинеб, хвелищ чIухIилеб?
Рецц дуе, музыка чIаголъиялъул,
ЧIахъаги дирижер Кашпировский!

КочIол жахIда кколеб камилаб хIасрат,

Унтараз, сусураз ахIулеб сарин.
Гьале тIабигIаталъ витIун вачIарав
РачIунел мехазул гьанжесев тохтир.

ТАСС, дуца лъазабе, щолел гIасрабаз
ГIузраби дагьлъилин дуниялалъул,
Бохизабе гIалам, божа – жагъалаб
Жеги рагIалде ккун гьечIин чIаголъи.

ЧIунтелал гIемераб гIасрудал ахир,
ГIечIого рес гьечIев вачIана инсан.
Дир кечI, босе мисал гьесдаса дуца, –
Гьоркьоб манзил гьечIеб букIа устарлъи.

## ИНСУЛ РУКЪГИ ХУРГИ

Инсул рукъги хурги… Рукъ хутIун буго,
Хур цIепхола – гьечIо батизе кIолеб.
Бице, кIудияй яц, дуда лъаларищ,
Эбелалъ лъилъараб, киб гьеб билараб?

Киб бугеб тIалъидал тIармил цояб чIва,
Гьаб чIаголъиялъул хIанчIил цо кваркьи?
ХIулабахъ кинигин, тIорахъ хал гьабун –
Дир хирияв эмен кIочон толаро.

Инсул рукъ хутIана, дагь букIаниги,
НекIсияб гъасда цIа кенчIелеб буго.
Гьелъул канлъи, хинлъи тIолго хаселаз
Халатал сапараз букIана дунгун.

Амма гьечIо гIари гIагараб гьоцIиб, –
Гьикъуларо гьанже, лал бокъанищан.
Инсул хур хутIичIо, – батIалъи гьечIо
Лъида къочаниги чвахун балеб цIад.

Инсул рукъ хутIана, хур батуларо,
Ханжал жибго буго, тIамур гьечIого.
Кинав фокусникас, кагьтал кинигин,
Кинабго нижер мегъ жубазабураб?

Гьанже мина базе магIарул чагIи

Чед къолеб ракьалда барахщуларо.
Огь, магIишаталъул бекараб махIу,
БетIербахъиялъул гъурараб чирахъ!

Инсул рукъ хутIана, хIанчIил гозоялъ
Гордо, их бачIанин, цо-цо бухулеб.
Амма дир эбелалъ какикь тIамураб
ТIанса – гьитIинаб хур, гьеб хутIун гьечIо.

Хабал гIемерлъана росдал васазул, –
Инсул ракьда гурищ гьал занал ругел?
Гьалъул хIалухъадул хIакъги кириги
Кинаб диваналда дица цIехелеб?

Инсул рукъ хутIана, къадал хутIана,
Хисараб тIох буго, тIад михир гьечIо.
Маххгин шифералъул щурунтIаргъаца
МагIарул бухари рехана гIодой.

Гьебни абиларо, дилъ унтараб жо,
Инсул харчIал руго, – гьечIо дов гьанже.
БугIа хIарщулъилан, ролъ хIурулъилан
ЙикIунаан эбел – араб куц гIумру!

Эмен кIочонаро пурциде къулун,
Къваридал, свакарал, хIинцал оцалгун…
Доб мехалъ бекьулеб ракъул хIухьел-махI, –
Долдаса хIайранаб щибниги лъачIо.

Цинги тIохде рахун, – ТIелекь цIад бугищ? –
ТIорщалил ургъалилъ гIенеккун чIарал…
МагIарде батIияб гIазуги бачIин,
Кинаб цIералъ чIвараб гьаб нижер чIахъен?

Инсул рукъ хутIана, хвел гьечIеб хъала
Даим кьуруллареб кьурул ахада.
Минаби гьечIони, росаби кисса?
Росаби гьечIони, Дагъистан кинаб?

Гъансито камурал, кини биларал,
Кквезе хъунтагъ гьечIел хIарабийищ нилъ?
Щибасул цIва буго, цIар чIван бищараб, –
ЦIуниларищ дица дирго инсул ракь?!

Инсул хурги рукъги! Гьезие гIоло
ГIодоб тIурабщинаб магIарулаз би,
Квешаб мегъ кьеларин лъикIаб кьолбоъин,
Кьалда камунщинал сахал бихьинал.

Живго ХIажимурад хурив кIанцIигун,
Ханжар къватIиб цIана векьарухъанас.
Мадугьал МухIумил гьобоги корги…
Кида кIочон толеб дида инсул хур!

## ИНСУЛ ГЪАНСИТО

– Дунялалда бищун лъикIаб киб?
– Дир улкаялда.
– Улкаялда киб?
– Дир районалда.
– Районалда бищун лъикIаб киб?
–Дир росулъ.
– Росулъ киб?
– Инсул гъасда.

Гьеб буго дир дунялги,
Дир улкаги, дир районги,
Дир росуги, дир минаги,
Дунгоги.

## ДИР СОРРЕНТО

ХъахIилаб ралъад чIван унел гумузда
Доб Италиялъул васал-матросал…
ХъахIаб кьурде рахун синьоритаби,
Нуж Соррентоялде руссайин абун.

Гьеб сарин цебего рагIана дида, –
МугIрул ракь дир рекIел Сорренто буго.
РикIкIад авлахъалде арал васазде
Русса нужан ахIе, авар мусудул.

Руссайилан ахIе дол росабалъе,
Мискин-гъарим тоге инсул гъансито.

Русса тIадмагIарул гIадатазухъе,
ГIумру къе къучI бугел дол къурабазе.

КъагIицин руссуна, гIазу биингун,
ГIагарал мугIрузде, дозул къимат лъан.
Ракъван ругин иццал, их бачIаниги, –
Арал, русса авар Соррентоялде!

***

Руго аварагал нилъер бакIалълъги,
РикIкIад ругел гуро, гьанир цун аскIор.
Дида гьел дандчIвана щванщинаб росулъ,
Жалго цIакъ гIадатал, гIакълу мухIканал.

Зодихъе балагьун, сагIат балалде,
Балищ, баларищ цIад дуда бицуна.
Гьел цIакъ кIудияб цIар бокьарал гуро,
Амма ракь бекьула, минаби рала.

Руго аварагал щибаб бакIалда,
Гьаб тIабигIаталъул тIагIам бичIчIарал:
ТIад тIагъур лъуралги, кверлъен чIваралги,
КучIдул ахIулелги, ахIуларелги.

СихIирлъи лъаларел, гъалмагъир гьечIел,
Гъасда цIа бакулел, кини кIикIулел…
Мунги, дир авараг – гIащикъаб гьава,
Дун фанатик вуго гьеб цо шаргIалъул.

## ВАЙ, ДИР МАГIАРУЛАЛ

Вай, дир магIарулал, нилъей ккараб щиб? –
Шамил абиларо, гьев батIияв чи…
Шамилил роль хIазе театралъе
Лага черхцин гьечIо, чияли кисса!

Цинги ХIажимурад цIияб векалда
ЦIехола, «кив вугев кинодуйгIаги».
ЦIоралъул режиссер, американалълъ

Аваразул наиб валагьулев мун.

Огь, дир магIарулал, нилъей ккараб щиб? –
Щив АхIулгохIалде гьанже вахинев?..
Ахъбердил МухIамад, борхалъи гуро,
Ахалъи бищана дур наслабаца…

Чуял рокIине щиб, гьел кьолозецин
Кьерилазда гьанже кIочон тун буго.
ГЭСал цIикIкIанагIан мугIрул росабалъ
Намусалъул канлъи суну неб буго.

Вай, дир магIарулал, нилъей ккараб щиб? –
«Щолеб жоян» буго жиранщинаб кIал.
Муил чохтIо къалеб къагIида бихьун,
КъвакIан мугъ бекулел некIого гьечIо.

Рокьиги рокьийищ кочIолъе инчIеб,
КучIдулги кучIдулищ рокьул цIа гьечIел?
Гьал микрофоназда кутузул гьаркьал
Дол хур бекьулезе рокьилищ, унго!

Вай, дир магIаруллъи, дуе ккараб щиб? –
Дун духъ валагьула пашманал къасдалъ.
Добе космосалде бахананиги,
Ахада хутIана дур хиялгун цIва.

Гьикъе лъималазда лъид щал нужилан, –
Лалеб батуларо миллаталъул мацI.
БахIарчияв инсухъ гьанже васаца
Босуларо къисас, – хисана къисмат.

Вай, дир магIаруллъи, дуе ккараб щиб,
Кибе мун бачунеб бугеб гьакица?..
Дица бетIер ккола, кверал квашула –
Шляпа, тIарс гIадин, дирго ботIрода!

## САН-МАРИНО

НекIсияб Рималъул легионерал
Арал нухаца дун гьанив вачана.
Нухалги рукIана мугIрул хъвалхьарал, –

Хъатиниб Венера гIадинаб шагьар.

Дуниял сверана, огь, Сан-Марино,
Мун гIадинаб цоги улка лъаларо,
Гьаб Италиялъул ракьалъушл бутIа,
БатIияб, дудаго рекъараб тIаргъилъ.

ГъалбацIгин цIум гуро гербалъе бугеб,
Лъабго хIули буго боржунеб хIанчIил…
Бице, Петраркаца яги Дантеца
Гьелги рахъун гурищ хъварал сонетал!

ГIорхъода хъаравул. Хъван буго: «РачIа
Гьаб нижер эркенаб улкаялде нуж».
Сан-Мариноялъул карабинерал –
Киналго руччаби, къоло кIиго черх.

Гьал синьоритаби – чинари гъутIби,
БитIун кIи-кIи гIаршин щибаб логода.
ШигIраби кинигин, цебеялдаса
Цодагьалъ дагьлъанин гьелан абула.

Амма букIаниги, Камалил Башир,
ВачIа гьал ясахъе, гIасраби рахун.
Дур либреттоялъе балет кьурдизе
БатIиязул хIатIал, гьел хIатIал гуро.

Гьанир памятникал улбузе руго,
И мператоралгун пачазай гьечIо.
Гьанир рагъал лъачIо, живго Бонапарт
Газаргъодул чIораз чIезе гьавуна.

Бащадаб дуниял кверде босарав
Асирлъана гьалъул камиллъиялъе.
ТIолго гIасрабазул гIарадаздаса
Гьаб тIабигIаталъул тIугьдул бергьана.

Гьаниб къватIалда цIар, къоялъ тирани, –
Бищунго талихIай чIужугIаданин.
Гьединай ракьалда йижанищ, унго? –
Эбел, дир пашманай, цее тIамуна.

Гьаб пачалихъалда налогал гьечIо, –
Налог кинан лъолеб ккараб рокьуда?

Прокурарали КГБялги
Кидаго рихьичIел, туснахъал гьечIел.

ЦIорол матIабазда оцхIутIал гIадин,
Ялъуни хIоразда ордекал гIадин,
Ахада бихьула, гостиницалъул
Гордал рагьаралго, нус-нус мерседес.

Гьез чIехьола, цIола кафеял, тукай…
Туристалгун гьалбал, бокьараб босе!
…Огь, дир Буйнакск, избирателал,
Аман цо моцIалъ гьел нужей рагьизе.

Гьаб цо улкаялда анцIазарго чи,
Аман гьезул лъикIан дие цо паспорт…
Амма дир Дагъистан, хирияб тIалъи
Дица хисуларо Сан-Маринодахъ.

Кин букIананиги рекIей бокьула
Ракьалда бищунго гьеб нилъерабго…
Дида ричIчIуларо, рини арабго,
Африкалде унел магIарул хIанчи.

***

КечIали щай гурин, щибаб рагIиги
МагIарулазул дий хазина буго.
РагIини щай гурин, щибаб жугьаги,
Жавгъар кьунаниги, дица кьеларо.

Бакъгун цIадалъ гуро гвангъарал мугIрул, –
МагIарул мацI гьечIищ – гьечIо дие дол.
Карачелалъл гуро ралъдал гуч бугеб, –
Гьеб гIатIид гьабула гIагарал бакъназ.

Жиндирабго кIочон, чияраб лъарав
Лъай бугеб чи гуро, щив вукIаниги.
Хварал мацIал руго чIаго гьарулел, –
Нилъеца чIагояб чIвалеб буго гьаб.

ЧIарала хуриса гIадамаз сусур, –
ГIагараб мацIалъулъ гьеб бугебщинаб!

Регъола тохтираз унтарал ругънал, –
Аваразул калам лъукъун бугеб куц!

МахIмудил хIайранаб чвахи киб бугеб, –
Гьанже хIанчIихIорал хIабургъарал куц!
Гьаб авар мацIалъулъ унтарал гIусал
ЦIакъ гIемерал руго. Хирург кив вугеб?!

## КIУДИЯЙ ЯЦ

Къаси тIубараб анкъ, макьилъ щаяли
Я эбел, я эмен дида рихьичIо.
Сардилъ кIиявго вац, рагъда камурал,
КватIулел рукIинчIо, – дида кIалъачIо.

Дун гIажаиблъула, гIайиб дир кинаб,
ГIумру кьурал херал, щай гьал кьаллъулел?
Кьолбол намусалда дица гьикъула,
Мекъаб щиб лъугьараб вацал барщизе?

Гьал къаникь ругезул ракI къварилъулеб,
Щиб къадараб гьаракь дица гьабураб?
МустахIикъаб гьечIеб, гьезда рекъечIеб,
Рокъобги къватIибги щиб жо дир ккараб?

Гьаб дир гIумруялъул гIазизал нугIзал,
ГIенеккун чIечIого, кIалъай нуж, сиял.
Сверарал нухазул кьодухъ кьурдулел
Кье нужеца жаваб, карачалаби.

Нечезе дун ккараб мунагь, рогьо щиб? –
Рагьараб гордухъан балагьун вуго.
Багьана тIад чIвазе кьер хисараб киб? –
Киналго соназул чIумал рикIкIуна.

Дица кIудиязул адабищ тараб,
Унтаразе рахIму дилъищ батичIеб?
Лъие хIел-хIедарав, лъикьа хIинкъарав,
ХIакъир чIужугIадан жеги гьаюнищ?

Пашманал суалал, киве дун инев?..
Дуца каву рагье, дир цо йигей яц.

Цеего йихьичIин, кинан йигей мун,
Гьал канцеляраца духъе виччачIин?..

…Яц данде ячIана, дун гIодов чIана,
ГIакаги бечIчIун гьалъ рахь цебе лъуна.
Цо дир эбелалда гьай релълъуней куц,
Гьимулеб гьумерги бадиб магIуги…

Дица кинабгIаги гьалъий бицана,
Гьанже дун цIидасан бесдаллъанилан.
Гьалъ къварилъугеян абуна дида,
Къаси эбел-эмен духъе рачIинин.

Нижер хабар-калам, гьитIинаб заман
ХIатIидгIицIго цебе бачIунеб буго.
Эбелги хурий ун, кIудияй яцалъ
КIикIулеб рагъида дир кини буго.

КигIан дун унтарав, чанцIул лъилъарав,
Гьалъ килщаз рикIкIуна, кинабго лъала.
РикIкIадисел рукIа, аскIосел рукIа,
Алда кIочон тараб гIагарлъи гьечIо…

…Гьеб хабар-кIалалда къодул нур свана,
Къаси дун яцалъул дова хутIана.
Къандалъоялда тIад бетIер лъурав дун,
ъЛъимер кинигинан, хекко кьижана.

Макьил лахIзаталда гьале цIидасан
«Дир василан» абун эбел яккана.
Дица ургъел гьелде данде балаго,
«Дунги бегьилищан» эмен гьимана.

Дун тIаде ворхана, дир хириялин,
Халатаб анкь анин, макьилъ рихьичIин.
Цере чIана дида кIудиял вацал,
Абуна гьездаги, дун пашман вугин.

Цин эбел, цин эмен дида кIалъана,
КIудияй яц йигин дуе хазина.
Хириял вацаца тIаде жубана,
Жидее гIологи гьелъухъе щвайин.

Радал ворчIаравго каранда бараб

Кагътил сабаялда дица тIад хъвана:
«Эбел, эмен, вацал макьилъ рихьизе
Йокьулей яцалъул хIурмат гьабе», – ян.

***

Дир букIана гъансито,
Гъоркьа рокъоб рак, накку…
Бакулаан дица цIа,
ЦIун букIана ракI кочIол.
Мех ана, вахана дун
Рорхатал болъабахъан…
Рорхатал кабинетахъ
Квачан хвечIел дир кучIдул.

Дун вукIана хурухъан,
Пурцида оцалги ран,
Дица бекьулаан хур
Дир рокьул вачана
Гьегьал пачалихъазде.
ГьитIинго бекьараб хур,
ХутIаралищ дур тIорал?

Дун вукIана чотIахъан,
Чан свери соназ араб…
Самолётаз вачана
Верховный Советалде.
Депутатасул бланк,
Указалги кучIдулги…
Кин цолъизе гьабураб
Пачалихъги назмуги?!

## РАЧIА ЗАНАЛ ЧIВАЗЕ

РачIа занал чIвазе къарал иццазе –
Бецлъарал беразе магIаруллъидул.
Къулилин къотIарал гъутIбузда тIаде –
Гъурараб берцинлъи Дагъистаналъул.

РачIа хоб бухъизе, гурхIел гьечIого

РухIарал рохьазе, чIвараб яхIалъе.
ГIодилин кьурабахъ дол чвахиязул
Ахирал къваридал дол къатIрабазухъ.

РачIа зигар базе нилъер хIоразда,
Цоял хIабургъарал, цоял хIарщлъарал.
Къварилъи бикьилин гIицIал мугIрузде, –
Цо-цо балеб гIазу чIегIерлъун буго.

Рехилин хутIарал тIогьол квацIаби
Каспидал гьелчолел карачелалълъе, –
МугIрул тIалъиялъул гвангъараб матIуц,
Мун гъурарабщинаб гьал цо гъачагъаз.

Нарт бахъулебилан, бихъана дур чехь, –
Духъе унел гIорал гIодаралщинал!
Гьанже заманалъул кучIдузулъ гIадин,
Цо килка хутIана, гьебги гIоларо.

Угьдилин лъукъараб ччугIида хадур,
Чорхолъе загьру тIун тIагIинабураб.
ГIодилин роржарал хIанчIазда хадур,
ХIинкъарал руссине Дагъистаналде.

РачIа къварилъизе хъхIал надазда
Гулла речIун чIварал чIухIарал чуяхъ, –
Бищун чорхол чIоло битIарал гьезул
БатIияб улкадул доллараз анин.

Огь, чанахъабазул, унго, гIужиллъи, –
ЦохIо чан биччачIо басмаялъ гьоркьоб!
Ралин памятникал гьел ракIалде щун,
РикIилин суратал сиязда гьезул.

РачIа занал чIвазе кIочараб кочIой,
Какалъе, мацIалъе, цIар-гьунаралъе,
Дол амузгиязул устарлъиялъе,
Дамаскалъул жахIта ккарал хунжрузе.

РачIа хоб бухъизе нилъер чагIазул
Чияхъего хьвадун билараб ботIрой, –
Доб Астраханалъул ссудулеб залив,
Доба Самуралъул лъукъарал рохьал.

Кинал ермоловаз, паскевичаца
Гьал заводал рарал загьрудал цIурал!
Бице, цIолбол гъабу, дир багIараб бакъ
Гьекъезе бегьулищ, хIинкъулин гьанже?

РачIа занал чIвазе чIварал мехазе,
ЧIанда хабаралда арал соназе,
ЧIамучIал гьерсилал собраниязда,
Цоцазулъ дагIбадун, рарал сагIтазе…

Гьеб дир суал рагIун рогьалил канлъи,
Жеги кватIун гьечIин, кIалъана дида:
Киналго дараби данде гьаризе,
Дагъистаналъул цIва бацIцIад цIунизе.

КинабгIаги рокьи бакIарейилан,
НакIкIукьа бикъараб доб бакъ бахъизе.
КинабгIаги гIакълу халкъалъ бекьеян,
МокьрогъветI апрелалъ билбагIарлъизе.

***

Ин бахун, дин бахун, довехун щвана, –
Дагъистан бихьула дуниял бакьулъ.
Мун – кьурул сверулъан борхалъабазде,
Нух балагъулаго, бид бьецIцIулеб чан.

Чияр шагьаразде киве щваниги,
Киналго мехалъ дур махщел бихьула.
ЧанцIул рагьаниги цIидасан къалеб
Дур къисмат, дур къиса, дур история.

Ин бахун, дин бахун, довехун щвана,
Мун борхалъанагIан – эхебе унеб…
Иццазул тIокIкIийщ тIагIунеб бугеб,
ТIогьол берцинлъийищ бечIалеб бугеб?

Ялъуни лъаларо, дир сонал унищ, –
Дур хъахIал чуязда чагIи дагьлъанин.
Чиярал бакIазде рикIкIаде ккунищ, –
Мун гьаб Африкаян ккола мех-мехалъ.

Ин бахун, дин бахун, доба, Дагъистан,
Дур пикрабаца дун пашманлъулев куц:
Планал гьанже дур тIолго хIалтIийищ,
ХIурматаб хъорщода хъвараб гIолищ цIар?

ЯхIгун бахIарчилъи, чияр босичIеб
БукIана дур чорхол ччорбазулъ бессун.
Чилъи-кьварияльул дуе кьурабаз
Кьун рукIана дарсал эркенлъиялъул.

Гьаб дурго мискинлъи, ресилан абун,
Дуца Россиялъе  кьола баркала.
Дурго мегъ бухIарал фельдмаршалазе
Памятникал рана нилъерго Гъуниб.

Диего Россия гIагараб буго,
ГIурус кечIги мацIги, нужей баркала.
Дур Пушкин гьечIого, Блок гьечIого,
Гуро, вукIинчIо дун, я вукIинаро.

Россия, баркала киналго бакънахъ,
Кавказ дур поэтаз жеги баркана.
Каспидал рагIалда дир шагьаралда
Дур Петроца лъуна порталъе гамачI.

Амма бичIчIуларо, гIатIидаб улка,
Щай паскевичазе гьал нижер мугIрул?
Дур ермоловаца росаби рухIун,
Фениксалда релълъун тIалъи – Дагъистан.

Унго, гьунарищ гьеб фельдмаршалазул –
Аваразул сияхъ солдатазул би!
Рогьо гуребищ гьеб генералазе –
ГанчIалгун рагъизе гIарадабигун?!

Кинал нилъ ритIарал, аллагь, аллагьин,
Эркенлъи цIунарал магIарулалищ?
Пачаясе гIоло гьуррайин абун,
Гьужумалде унел апшероналищ?

Ва Курскиялъул камилаб булбул,
Дуца ахIулеб кечI бичIчIизе гьабе, –
КIибетIераб цIудуй гIоларогойищ
Гьеб гIатIидаб улка? Гъуниб гьелъий щай?

Дун разияв вуго кьурул сиязда
Суратал рикIизе Лермонтовасул.
«Къо бащалъукь щобда Дагъистаналда»
Досде ургъел бикье авар гIолилаз.

Инкъилаб гьабулел гьудулзабазда
Гьадин ккелин абун, унго, кканадай?..
Огь, бидулал нухал, огь, цIадул мехал,
ЦIар гьабун реццана бецлъарал ракIаз.

Гьанжеги, бералги цIидасан рагьун,
ЦIализейищ инел гIумрудул дарсал?
Бищун тIоцебесеб классалдасан
Кинан байбихьилеб биларaб божи?

Ин бахун, дин бахун, довехун щвана,
Дагъистан паркъола – дир гьитIинаб цIва.
Гьанже-гьанже гуро гьеб гвангъун бугеб,
Цебего букIана, некIо бихьичIо.

Гьаб дур тарихалде къарал пардавал
Гьанже рагье абе режиссеразда:
Унтаралде унтун бугин абизе,
УнтичIеб сахалда сахаб абизе.

***

Дица дир гIумрудул гIемерал соназ
Суратал гьаруна гьал кьурабазул.
Дие кьерал гIечIо кистал, холстазе,
Рубенсил балъголъи лъалеб батичIо.

Амма дида лъараб къагIидаялда
Лъабго сурат буго ирсалъе толеб:
Цояб берцинлъидал – гьеб дир Дагъистан,
Гьелъухъ рокьи ккечIев кочIохъанищ гьев?

КIиабилеб сурат – гьунар, лебаллъи,
Гьелдаги цIар буго добго Дагъистан.
Ругъан лъечIеб гамачI гьечIеб мугIрул ракь,

Гьелдаса чIухIичIев гьев чIорто ккола.

Лъабабилеб сурат – гьаб дир пашманлъи,
Панаяб Дагъистан, гьебги мун буго.
Гьегьал чукъабаца чамгIал гьабулеб
Дур ракьул хIисабаз макьу щоларо.

Рубенсил балъголъи лъачIонаниги,
Лъабго сурат буго дир сариназул.
Гьел соназ рахъана, рахъулел руго,
Рахъун лъугIиларо, магIарул улка.

***

Дун вукIана салул авлахъ чIван унев,
Августалъул бакъукь ракъварал кIутIби.
Къечарав дун лъинан, магIарул иццал –
Дов беццав Гомерил берал кинигин.

Гьедин керен унтун гIодов ккаравго,
Цо муцIи бихьана хурул рагIалда.
Дида дирго эбел гъежда гIеретIгун
ГIаламалъул гохIда цее тIамуна.

МаулхIаятилан аби букIуна,
Эб дица гьекъана Иорданиялълъ.
Амма нухлуласе хурул рагIалда
Дуца лъолеб гIертIилъ бугеб цо гIищкъу.

## АМУЗГИНАЛ

Августалъул ахир! Дагъистанги тун,
Добе Африкалде унел къункъраби…
Унтун цадахъ инчIел гьезул цо-цоял
Дида амузгинал ругилан ккана.

Авлахъалде гIи ун, нахъа хутIарал
Хухазда релълъуна лъабго-ункъо рукъ.

Эзулги гьетIарал къадазда гьоркьоб
Къараб мажгит буго бихх-биххун унеб.

Ракъварал хурдузулъ хабалзул занал
Зигардилел руго тIерхьарал цIвабзахъ.
ЦIорораб, чи гьечIеб, чIалгIараб ракьулъ –
Рукьби цIакъ машгьурал махщелчагIазул.

Гьенир – къарнабазул къисмат лъалеб халкъ,
Хвалчабаз букIана гьезул бицунеб.
Живго Шамилица, асирлъаниги,
Амузгазул чаран тIаса бахъичIо.

ТIолго Кавказалъул каву бухараз
Гьелъулгун махсара дагь гьабулаан.
КигIан пачаязда, чан къиралaсда
Гьеб къватIиб цIарабго, вичIчIарав аллагь.

Дидаги бихьана Англиялда
Амузгазул хвалчен цо музеялда…
Цояца бицун, кьалул соназ гьеб
Кьун букIанин жидей валютаялъухъ.

Цогияз абула, лъалеб данделъи
Доба Ялтаялда букIараб мехалъ,
Мистер Черчиллие Сталиница
Гьеб чаран жиндирго рахъалъан кьунин…

Лъаларо гьединищ, гьитIинаб росу,
Дур гьунар учузго бичарабщинаб:
Цояз месед-гIарцухъ, цояца чадихъ,
Чангияз гьадинго шапакъаталъе.

Хадуб щапараб бакъ, щущараб къисмат, –
Къиса цIакъ пашманго лъугIана росдал.
«Къоло ункъо сагIат – те гIураб тIалъи!» –
ТIокIал тIад руссинчIо арал къункъраби.

Гьаб цо накIкI кьижарал кьурабиги тун,
Тана амузгияз аза-азар сон;
Сардида цIвабзаца накъищал кьураб
Кьижун тана махщел, мугIрул бахилаб.

Хисана чепдалъулъ черхалъул хIасра, –

АскIоб цун хIикмалъун Кубачи росу,
Кидаго модадухъ форма хисичIеб
Мунги АхIмадил ракь, устараз цIураб.

Гъаз амузгиязул хвалчаби лъезе
Лъулдул гьарулаан, гьеб хIалтIи чIана, –
Лъимал гьечIеб мехалъ кини щибизе,
Канлъи гьечIеб мехалъ фонарь щибизе?

Гьедин букIаниги, амузгиязул
Ана цо хутIарав херасухъе дун.
Хабалъ бох бугев гьес, дихъги гIенеккун,
Цин гIодизе теян абуна дида:

«Дуца азарго сон балеб батила,
Амузги дир шагьар, Шам хIикмалъараб.
Дунго шапунилан дий ургъел гьечIо,
Дир устарлъиялъул ирс лъихъе кьелеб?

Инсуца дий тараб квартIаги гъецIги
Кодой кьезе гьанже щив хутIун вугев?

Гьадинаб мукъсанаб нилъер ракьалда
Цо рокьи букIана бугеб хазина.
Гьебги хвалченалъул балада тараб
Билана хIасратаб Дагъистаналда»…

…Августалъул ахир, унел къункъраби,
Къваридго валагьун вуго дун гьезухъ…
Дагъистан, росаби, васалгун ясал,
Устарлъи гьечIони, гьечIо нилъер бакъ.

## МУНГИ АХIМАД

Парижалде вачIана
Кубачиязул устар,
Франгазул кечIни щиб,
Щибго рагIи лъаларев.

Амма лъана хеккого
Дагъистаналъул мусье,

Господин Мунги АхIмад
Мотедодраналда.

КIалзул гуреб кверзулги
Жиндирго кечI букIуна.
Гьеб кечI, тилмач гьечIого,
БичIчIана доба къватIиб…

ГIарацгун, меседгун щиб,
Къебедасул рокъоре
Къукъаби гьарун рачIун,
ЧIолел гогьал мадоннал.

Гьезул хъахIал кверазда
Курхьаби къалъаралго,
Кубачиясе кьолеб
Мадмазелазул «мерси»…

ГIарац-меседил рачел
Гьас черхалда борчингун, –
ГьебгIан рикIкIунеб мода
БукIинчIо Парижалда.

Жавгьаргун якъуталъул
Бакъ каранда гвангъигун, –
Кавказги Дагъистанги
БукIана Европалда.

Гьас гьарулел накъищал
Баргъичазда, кIилкIазда, –
ГьитIинго лъарал тIугьдул,
ТIаса рищун ургъарал.

Гьел раразда кколаан,
КинабгIаги дуниял
Жидеда кодоб бугин,
Кубачияв сабаблъун.

Жеги цо мадонналъул,
ГIемер ресалда йигей,
Гьасухъ гIищкъуцин ккана, –
Хадуб ккараб хIакълъичIо.

Хабар букIана росулъ,

РикIкIадаб Парижалда
Гьесул вас гIолев вугин,
Морисилан цIан бугев.

Уяб, гуреб лъаларо,
Лъалеб хIакъаб цо буго, –
Гьес хIасратаб Дагъистан
ХисичIо Парижалъухъ.

Франкал бокьанагIан
Гьасие кьунаниги.
КьечIо гьезухъ Кубачи,
Гьев вукIана бихьинчи.

Мунги АхIмад вуссана
Дагъистаналде нахъе,
Дой мадонна хутIана
Хадуй ялагьун гьасухъ.

Дой йикIана ахIтIелей,
АхIмад, жийго тогеян, –
Гьас, тохаб бетIер гьечIин
Жиндиран, квер хьвагIана.

Долда лъалеб букIинчIо:
Устар, устар гуревги,
Гьев инсул тIалъиялда
Лъалев кочIохъан вукIин;

Гьелда бичIчIулареб мацI,
Гьелда лъалареб далай
Даргиязул васасе
Кинабго гIумру букIин.

Живго Батырайилгун
Гьес барти цадахъ биччай, –
Цо нухалъ гьев, бицуна,
Жеги цевецин кканин.

Цогиги аби буго,
Шамилил муридасда
Меседил гIин гъунин гьес,
Гъос гIайиб чурарабго.

Амма месед букIана
Муридасе гьасул кечI;
Гьев гьужумалъ воржана,
Гьеб ахIун, бухIи лъайгун.

Цогиги хабар буго…
Гьел харбал лъугIиларо…
Дуда гьарула, мадам,
Мунгида гIайиб чIваге.

Досул устарлъи бугел
Дагъистаналда руго,
Дос гIадин кечI гьабулел
Килщаз рикIкIине гьечIо.

## КЪУРКЛИСА ШАЗАЛ ШИГIРАБИ
## РАГIАРАБ МЕХАЛЪ

Дида ккола, дунял магIарулъ бугин,
МагIарул гIищкъудал къварилъиялъул;
Гьениб щибаб магIу Шазал кечI бугин, –
Кинаб талихI къараб букIараб рокьи?

Дида ккола, дунял бертадул тIутIин,
ТIурарал мурадал данде ахIараб;
Гьениб щибаб шигIру, Шаза, дур бугин, –
Дуе щвечIеб рохел цогиязе тун.

Мунали, дир пакъир, къварид гьаюна,
Къадарав, гьерсилав вокьулес гуккун;
КигIан цIакъ гIадалаб букIараб барти, –
БитIун гIурччинлъараб гIидра кваначIеб?

Инсуца, эбелалъ къватIие гьуна,
КъватIиб гIазу балеб квачараб сардилъ;
КигIан цIакъ гIасияб букIараб гIадат, –
ГIоштIод жиндирго гъватI къотIун рехулеб?

Кибниги бакI щвани, ракI ссудун, дуца
Дуе сурарасе гьаруна васал;
Гьабилеб щиб, Шаза, кIикIана кини, –

КечI сардилъ угьдана лъукъараб чанил.

Гьеб чан мун йикIана гъваридаб кIкIалахъ, –
Гъаримай дур гьаракь кватIун рагIана.
Гьанже дур рагIаби, гьал магIил гарал –
Мурад тIубачIезул тIармазул чIваби.

## СУЛЕЙМАН СТАЛЬСКИЯСДЕ

КIудия Сулейман, кIудияб тIаргъилъ
КIичIараб гIансагун свере Дагъистан;
Гьанжеги судияз, цебего гIадин,
СунтIулин делаби, цIалуларин гьел.

Гьанже бегавулал гьечIонаниги,
Гьел кIочарал ругин начальникзаби.
Гьанжеги дуниял – караван-сарай,
Кинго низам гьечIо, назмучи, кIалъай.

КIудияв Сулейман, кIудияб тIаргъилъ
КIичIараб гIансагун свере дуниял;
Гьанжеги булбулаз рачунел бакънал
Рекъон кколел гьечIо, батIиял руго.

ВатIаналъул хIисаб, дуца гIадинан.
Гьанже гIолохъабаз гьабулеб гьечIо.
Дур гIанса гьечIилан, чанги хIалихьат
ХIайранаб ракьалда, ничги тун, вуго.

КIудияв Сулейман, хисичIеб тIаргъилъ
ВачIа мун гьанжесел гьал соназулъе;
Сазги каранде къан, дурго чарухъаз
Ваче наслабахъе, гIасраби рахун.

ГIашугазул дада, Дагъистаналъул
Дуде данде чIвала тIолго миллатал.
Дур ахикь гьарзаяб пихъ гIемер буго,
Гьениса цо гIеч те дийги бетIизе.

## ГЬАНЖЕ ДАГЬ ЩОЛА ДУН ИНСУЛ РОСУЛЪЕ

ЦIакъго къанагIатав гьобол кинигин,
Гьанже дун вачIуна инсул росулъе.
Доба Чукоткалда бакъалъ гIадин дагь,
Дица къоял кьола дол кьурабазе.

Чан зурма пуниги, ахIи баниги,
Унаро хъудулел бертабалъе дун.
Гьанже гьелъул тIотIол гьитIинаб бутIа
Гьоркьо-гьоркьоб щола шагьаралда дий.

Амма дун къватIиве вахъуна цо-цо,
Къварилъиялъ ахIун, инсул росулъе,
Цо-цо гIагаразул чорхол некьги тIун,
РекIел тIагIам хвараб харбица вачун.

Унтун регъоларел некIсиял ругънал,
НакIкIилъе чиясул чапун унеб рукI…
Хабал лахIтуялъув лъезе инегIан,
Лъабго къо хутIарав херав мадугьал…

– Мадар гьечIищ, ГIали?
– Дир иш квеш гьечIо…
Ургъел гьелъул гуро гьабсагIат бугеб.
Унтур руго лъимал, лъай цIалараб гIел,
Гьезий гIакълу лъица кьелеб лъаларо.

ГIадат билун буго, ХIамзатил Расул,
Росу чиякъ буго, чагIи дагь руго.
Гьанже аэродром, гьал кьураби тун,
Кьерилал рикIкIаде роржунел руго.

Роржаниги щиб гьел, амма руссунел
Бусаби хIанчIазда кIочонел руго.
Цо-цоял рачIуна рии бачIингун,
БичIчIулареб мацIалъ чIичIи бачине.

Мун вихьула цо-цо, баркала буго,
Бице, лъималазда лъалищ ЦIада бакI?
Гьаниб цIад кин балеб, бакъ кинан щолеб,
КечI бичIчIулищ дозда дурги инсулги?

ГьитIинго чуязда рекIинчIел лъимал
РукIунаро хадур Хунзахъ тIалъидал.
Гьанже харицелал харил квацIиялъ
РацIцIун рецардулел васал тIагIана.

ТIагъур речIчIунилан гIодой кколей яс
Росасе кьолаан – кье, къачIай хъалим…
Гьанже киналгIаги – институталин, –
Эбелхвадал гIачи лъица речIчIилел?

Дур инсул гIадинаб рагIуе махщел,
Мун досде щвеларо, лъилго букIинчIо.
Амма дос жинцаго хурзалги рекьун,
ХатI букIана пурцил досул рекIелгъей.

Мун хIукуматалъул член вахъана, –
Чодуй кIалцIи дуца барабищ жеги?
РагIана, улка тун, къватIивги кканин, –
Квачараб гъастIа цIа баканищ дуца?

Бакъарабл чахъдае гIатI кинан кьолеб,
Кьерилазда малъе, лъалеб батани?
Гьанже годекIабахъ херазул гIакълу
ГIад-хочI гьабичIого чIоларо цо гIел.

ГIухьбузул гьаруна гьегьал хIакимал,
ХIакимазул гIухьби кинан гьарилел?
Гьадавги начальник, довги начальник,
Дунгоги начальник, – ччугIа кколев щив?

БетIергьан лъалареб гьаб ракьалдехун
Рокьи мукъсанлъана, намус хисана…
Дунго унин абун акбулев гуро,
ГурхIел дагьлъун блуго гъветIгун рохьалде.

Бахьинаб чан гьечIеб борхатаб кьурде
Кьвагьдолезда гьезул гIузру лъаларо.
Инсуца абухъе, мотоциклчагIалъ
Чодул мугъ бухулел гIемерлъун руго.

Дун цебе букIараб беццулев гуро, –
Иццал доб мехалда рукIана рикIкIад.
Амма дол рукIарал тIокIкIарал, унго,
ТIугьдул нечолаан гьенир чвердезе.

Дун гьанжесеб заман какулев гуро, –
Канлъи чирахъазул гвангъараб буго.
Амма заводазул беролел кIкIуяз
КIиябго beралда бухьуна квербацIцI.

КинабгIаги рекъон, гьеб букIунаро,
Рекъезе аллагьас гьабичIонани.
Амма досдехунги дагIба барал гьал…
Гьанже лъималазе лъай лъица кьелеб?...

…Ана херав ГIали, тIупана къаникь,
Къо лъикI, ЦIада росдал гIадатав инсан…
Гьаб дир гIищкъуялъул хIакъикъаталъулъ
ХIакъ цIикIкIун буго дий кириялдаса.

Дицаги абула, дуца гIадинан,
ГIумру дагь хутIунин, дий ургъел гьечIо, –
Авар миллаталъул гIадат-цIаралъул
ГIолилазе лъица хадуб дарс кьелеб?..

ЦIакъго къанагIатав гьобол кинигин,
Гьанже дун росулъе вачIунев вуго…

## Вай, дир гьудулзаби

Вай, дир гьудулзаби, дир гьудулзаби,
Гьури щиб рахъалъан пулеб бугеб гьаб? –
Нужер хисардулел гьал сверабазул
Сариназул бакъназ бицуна дида.

Вай, дир гьудулзаби, дир гьудулзаби,
Дагъистаналъул гIор кибе чвахулеб? –
Чвахияз росулел гIисинал ччугIбулъ
Чанги лъалеб гьалмагъ вихьула дида.

Гьал телевизоралълъ трибуназда,
Тамаша, бахIарзал гIемерлъарал куц!
Кажал гъурараалго, гьалбацIил кIалдир
Кверал гьесардулел гьарзалъарал куц!

Гьал, пулеметазе патрон лъугIигун,
Гьедарула щивав жив Матросовин.
Хваразул чIваразул заназде буго
ЧIечIого кьвагьулеб туманкIалъул кIкIуй.

Вай, дир гьудулзаби, ди р гьудулзаби,
Гьороде бадире роржуна цIумал.
Гьанже гьел къанагIат рихьула дида, –
Къудкузул гIемерлъи кочIохъабазулъ.

Вай, дир гьудулзаби, лебалаб ччугIа
Чвахиялде данде уна кидаго.
ГьалбацIил кIалдире кверал регьулел,
Гъолъул квачIги бугин, цо-цо хал гьабе.

Цингиги хал гьабе, хъахIилаб зодихъ
Хъвалхьараб хъахIаб моцI буго лъедолеб;
Долда бихьанщинаб, долда лъанщинаб, –
Щибго ургъел гьечIеб унеб буго доб.

***

МаркIачIул замана… Зобги, Каспийги,
Киналго мугIрулги гIенеккун руго.
Баккун бачIунеб моцI, тIерхьун унеб бакъ
Цоцада дандчIвазе къачIалел руго.

Гьаб хъудулеб бугеб, гIакъилллъулареб
ГIаламилан абун, гьел хIикмат руго;
ГIасраби аниги кантIуларебан,
Кинаб гьаб халкъ абун, къваридго руго.

Дидаги абуна, дагIбадилалде
Дагьалъ хал гьабеян хваразул занахъ.
Хадубги абуна, гьел дурго кучIдул
Гьал океаназе цIалеян дуца.

Гьединаб кIодолъи гьечIонаниги,
ГьитIинал иццазде тIаде къулейин…
Лъимадул гIадинаб гъозул берцинлъи
Бицине ккеларин магIарулазда.

Ва амма рихьула иццалги къунел,
Бецал, канлъи гьечIел беразда релълъун.
Гъасда къанагIалъун цIаялги руго, –
ЦIваби, гIодой рачIа, нуж ругел рикIкIад.

## ГЬАНЖЕ ЦIЕКIЛЪУЛЕЛ ГЬЕЧIИЩ ДАГЬАЛЪ ГЬАЛ ГIОЛОХЪАБИ

Гьанже цIекIлъулел гьечIищ
Дагьалъ гьал гIолохъаби?
ЦIцIани магIарде рахун
ГьечIищ цо тайпаялъул?

Гьанже гогьлъулел гьечIищ
Аваразул кьерилал? –
Мотоциклал чурулел,
Чу кьолозе лъаларел.

Кьурул борхалъи гIадал
Бухараби гIодор тун,
ГIакдае накку базе
Бегьулел шляпабалъ?

Цоял кандидаталин,
Цогиял докторалин,
Дадил гIоркьал кинигин,
Рукьабиги къвалакь чIван?

Гьанже цIекIлъулел гьечIищ
МагIарул гIолохъаби,
ГIемер мехалъ хутIараб
Сухой чагъир кинигин?

КечI, бакъан, мацI, цIаралъул
Гьарун ругин котлетал, –
Кинабго жубан буго
МагIарулги гIурусги.

ГIатIал хинкIазде данде
Мохмохалъул бакIалда

Цо-цо эмехвад буго
Эбелхвадаз чIамулеб.

ЧIамучIал докладаца
ЧIвалеб рокьуй кьолеб мех;
Кьури, кIичIи роказул
МагIарухъе щун буго.

Дагьал цIекIлъулел гьечIищ
ЦIиял культурачагIи? –
ЦIада ХIасанил БатIал
Борис лъугьана гьанже.

Кагътил тIугьдул сунтIулел,
Кабинетахъ соролел,
Сунат – хъулухъ цIунизе
Васазе гьабуларел.

Гьезда белъанхъула лъар,
«Балагье, балагьеян», –
Белъанхъуге мун, чвахи,
Дир чорхой рахIат гьечIин.

Чури лъугьунеб гьечIищ
НекIсияб ияхIалъул,
Умумузул гIадатал
ГIанталин, тохалин тун?

Дагьал толохIоч лъугьун
ГьечIищ гьал товарищал,
Нилъер росабалъа ун,
Руссине кIочонтарал?

Белъанхъуге мун, чвахи,
Дир тIелхалъ магIу буго.
Гьеб тIезе кьурабаца
Кьолеб гьечIо дий изну.

Дие цIакъ захIмат буго –
Шамилица цIунараб,
ЦIаги лъун, нилъецаго
БухIулеб цебесеб яхI…

Дагьал цIекIлъулел гьечIищ

ЦIа гIадал магIарулал? –
Цо цIвабзазухъ балагье,
Цо заназухъ гIодор чIа.

Азарго миллаталъулъ
Нилъей тараб бакI буго.
Гьенир накIкIал тIупанин, –
РекIелъа «даци» унищ?

Цо-цояца абула,
Гьеб лъугIараб кечI бугин, –
Лъутин унеб чан бугин
Гьанже Дагъистанилан.

Дица абулеб буго:ъ
Азарго чIор щваниги,
ЧIахъаги магIаруллъи! –
Даим букIине бугин.

Гьелъ адрес хисуларин,
Паспорт веказе бугин,
Гьагал чагIи череги
Цо-цо рукIун ратилин.

## МАГIАРУЛ РАЙОНАЗУЛ КГБЯЛЪУЛ ХIАЛТIУХЪАБАЗДЕ

Бицея, бицея, пагонал берцин,
Дуца гьабулеб щиб гьаб мугIрул росулъ?
Гьанже заман щвечIищ дуй хур бекьизе,
Цоги хайир бугеб хIалтIи гьабизе?

Гьанжеги цIидасан кулакалилан
Классияв тушман цIехолевищ мун,
Кверги чIван, рехъабалъ хъвезе гIадинал
ГIиялъажал тIаса рищулев гIадин?

Бицея, бицея, багIараб тIагъур,
Гьаб тIалъиялда дур тIадаб хIалтIи щиб?
Прокурор, судья, цинги милица,
Гьезул гьир гIечIого, дур къвачIаги щай?

Жеги къачIеб мажгит телариланищ,
Къуръан цIалулезул цIарал хъвалевищ?
Яги къирнбалалъухъ балагьулезе –
Балагь къачIалевищ хъахIал мугжузе?

Ялъуни къулгIабахъ какичурулел
Чвахиязищ дуе рахIат толареб?
Хваразул хабазда кверал рорхарал
Ккун ятабалъ арал гIечIогонищ мун?

Вагъизе бокьани, балагье цIогьахъ, –
ЦIцIулебги хулебги тIолго Дагъистан.
ХIалтIи къваригIани, босе харицел, –
Хурдул гIолел гьечIищ гIи-боцIиялъе?

Бицея, бицея, таманчадул чи,
ЛъаратIагин ЦIунтIа щиб цIехолев мун?
ЦIиял хъачагъалищ, миллатчагIийищ,
МагIарухъ немцазул шпионалищ?

Киналго цIар бугел лъалел гIадамалълъ
Лъебералда анкьилъ гьоркьов чи танищ? –
Инкъилаб гьабурал кир сукIараян
Каспидал ракIалда салуда гьикъе.

Къаси лъадиялда къвал бан гIечIого,
Щибаб росдал къеда дур кIиябго гIин.
Радал лъималазе кечI ахIичIого,
Киназулго гъасда дур кIиябго бер.

махсара лъалареб пишаялъул чи,
Гьадин гIолохъанав гIайиб гьечIищ дуй? –
Гьанже радиоялъ бицунеб бугеб
Бицине хIинкъулин халкъ цо-цо мехалъ.

Мун дир кучIдуздеги ццидалъ рагIула,
Добе централде лъазабилила.
Эменги шаргIалъул чи вукIанила, –
Щиб гьабизегIан гьал тун ругеяли.

Дица цо херасда ЦIада гьикъана
Бищун цIакъаб анищ дур щиб бугеян.
Гъос дида абуна, КГБ-ялде

КкечIого хутIани, хвани кIваричIин.

Жиндир мурад бугин дуниялалда
Дозда рагIулареб, вихьулареб бакI,
ХъахIлъи лъаралдаса хъахIлъи лъазегIан
ЛъачIого дун ворчIи дол чагIаздаса.

***

Гьанже гIакълу гьикъизе
ГIагарав эмен гьечIо, –
Аллагь, щиб жо малъилеб
Дица гьал лъималазда?
Дида малъараб, лъараб,
Божараб мекъи батун,
Гьанже рекълъулев вуго, –
Дица кир гьал рачинел?

Гьанже ургъел бикьизе
Эбел гьечIо ракьалда, –
Аллагь, щиб жо гьарилеб
Дица гьаб улкаялда?
Уйилан дун вукIараб
БукIун батана гIакса…
ГIазу балеб бугеб куц, –
Канлъи сунел дир берал.

## ДИР ПАЧАЛИХЪАЛЪУЛ МАЦI

Дир эмен вукIана гIараб цIаларав,
Досда, лъим кинигин, лъалаан Къайис.
Досул хатI букIана кубачиязул
Кверзул махщелалъул накъищал гIадаб.

Дунилан абуни жеги гьитIинго
Пушкинил асараз асир гьавуна.
Москва, Литинститут, Герценил мина…
Дилъ – Маяковский, Блок, Есенин.

Доба Твералъул бульваралда дун
ТалихIав вукIана: «Я Вас люблюйин».
Амма къварилъула хIисабал, къасдал, –
Щай Къуръаналъул мацI дихъа бахъараб?

Цоги пашманлъула, гIарабгун цадахъ
ГIурус щай инсуе мадрасахъ кьечIеб?
Къо бащалъукь щобда Дагъистаналда
Щай дов данде чIвачIев дир Лермонтовгун?

Ниж, ресукъал руго эменги дунги, –
Дагъистаниязда мацIал дагь лъана.
МугIрул гIаздалъ чундуз гIурус бицинчIо,
Чвахун унел гIораз гIараб малъичIо.

Амма букIаниги ирсалъе щвараб
Авар мацI цо гIураб хазина буго.
Хирияй эбелалъ ахIараб кочIол
Канлъухъе дуниял дица сверана.

Гьеб бичIчIулев, лъалев академикцин
Улка тун къватIивхун дида дандчIвачIо.
Щибаб нилъер рагIул кьураби кквезе
КьабгIарал магIазул хасият буго.

Амма дун урхъула цо аварасухъ,
Эркенго кIалъалев кIикъого мацIалъ…
Дие бокьун буго «йокьула» абун,
Азарго миллаталъ абухъе, лъазе.

БукIа гьеб ингилис, букIа немцазул,
Дир вацал доб рагъда доз чIвананиги, –
Гьелъий гIайибияв Гейне вукIинчIо,
Гриммал вацазул маргьу букIинчIо.

БукIа италияб, – Дантел, Петраркал,
Яги испанияб, рагIи лъалареб…
Бихьана, Нерудал кечI рагIарабго,
МагIил горо гьесул лъадул гирулеб…

БукIайилан абе рикIкIад Африка,
Элдасаги накIкIикь Марсгин Юпитер;
Гьениб яшав, пиша, чагIи ратани,
Чиярал гьечIо дий гIищкъул рагIаби.

Гьаб кинаб гІаламат – мацІазул дагІба?
Гьел бацІалищ ругел цоцалъ рагъизе?
Бокьарал бокьаралъ кІалъаян абе, –
КІалдир чІвалел хъатал кинал цоцазда?

МацІал хунжрул гуро цоцалъ кьабгІизе, –
Кье дихъе гитара чІваби гІемераб.
Гьал цо роялазул щибаб клавиш, –
Киназулго гьаркьаз хІикмалъула дун.

Гьезул батІалъи щиб, Софья Ротару,
Дуца сарин ахІе азарго мацІалъ:
Молдаваназул щиб, украйназул щиб,
Дир аваразул щиб, гІурусазул щиб…

Дие щибаб буго дир какги динги:
Я Шаляпин вукІа, я Марин йикІа.
Лена Образцова… гьай дир Карменалъ
Дир керен бухІула, ахІе бокьухъе.

Дун аварав вуго, Дагъистаналда
Дагь гьечІо росаби хасаб мацІ бугел;
Дие гьел киналго хириял руго,
Хундерил доб ЦІолокь чвахиял гІадин.

Дун аварав вуго, амма ццидалаб
Цо рагІи кІваричІо магІарул дие.
Гьелдаса гІагараб китаязул кечІ, –
Гьениб рокьи бугищ, – бичІчІула дида.

Гьал къвакулел берал, гьал ралел къвалал,
Гьезул къиршщи гІадаб рахьдал мацІ гьечІо.
Цоцазда цулел гьал кІутІбузул щури,
Щибго кечІ гьеб гІадин рекІей гІоларо.

Митингазул питна, гьурра, лозунгал…
Гьел багьаял гьечІо бакъул къатІрадал.
Дунни хІинкъуларо авар мацІ хвелин, –
Аллагьас гьаб рокьи ракьалда тани.

Дир пачалихъалъул, гьудуллъи гуреб,
ГьечІо батІияб мацІ боязда лъалеб.
Жалго пачалихъал тІагІананиги,

ТIегь бечIазе гьечIо Дагъистаналъул.

## ГЪУНИБ ЦIУМАЛ

Гьаниб хъахIаб махил гъветI –
Севералдаса гьобол
МагIарул бигьарогун
Буго цIадакьгун бакъукь.

Гьаниб гъугъдузда гьоркьоб
Кьурабазул бусада,
Кьижарай яс кинигин,
Керен борхун даим щоб.

Гъунире рахунаго
Хварал гIурус солдатал,
ГIарадаби цере цун,
Апшероналъул полкал.

Доба тIаралъиялда,
ТIарамагъасеб как бан,
ТIухьиялъе щапарал
Шамилил муридзаби.

КIиязулго хабзалал
БатIа-батIаго руго,
Берал цохIого гъудуз
Гьазул рикIананиги.

КIиялго гьал кьурабалъ
Кьижарал рагъухъаби…
Кьурдасан чвахун унел
Иххаз гьазул бицуна.

Бицуна гьалдараб куц
Гьаниб доб августалъ рагъ, –
Исламалъул хунжрулги
ГIурус гIарадабиги.

ГанчIида гIодов чIарав
Капуразул сардарги,

Кверде унге, имаман,
АхIдолев Байсунгъурги.

КIиго боялъул хабал
Ахадагин тIарада,
Мехтарал гIадин цIумал
Доре-гьанир пархелел.

Гьал цин доре роржуна,
Цинги гьанир рачIуна…
Фельдмаршалги имамги –
«Ахирлъана гьанже рагъ».

Шамилица цIумазулъ
ЦIехола Ахъбердилав –
«АхIулгохIил бахIарчи,
Жакъа мун вугевани».

Аллагьасе как бала,
Кавказалъе къулула, –
«Къисмат хис-хисараб куц,
Хунзахъа ХIажимурад…

Хирияб магIаруллъи,
Дуе гьанже къо-мех лъикI.
Къаникь ругел муридал,
Дир берзукь нуж хутIила.

Нужедаги дир гIайиб
ГьечIо, гIурус солдатал,
ЧIумал рикIкунеб мехалъ
Нужги ракIалде щвела…»

Имамас, наказда чIван,
Зодой рорхарал кверал
Дов Аллагьасе руго,
Дуй гуро, гIурус пача.

Амма гIайиб-гъвел гьечIо
Гъулдузул тIалъиялъул
Приказаз гьанир гъурал
Гьаримал солдатазда.

МагIарулал, гIурусал…

КIиязулго заназда
Зигаро балел руго
ТIубан гIасруялъ цIумал.

Хабал къанал рекулел –
Гьел гIадин къадарал щал?
Амма нилъер къоязда
Гьеб тайпа бижун буго.

Хвараздаса бетIергьан
ТIаса лъугьунеб гIадат. –
Доз тIураб би жакъаги
Бакъвазе толеб гьечIо…

Амма дица кIиго тIегь
ТIуна Гъуниб магIарда –
МагIарул васасеги
ГIурус солдатасеги.

Диде гIайиб гьабичIо
Кьурабазул сияца,
Цодагьалго хIикмалъун
ХIисабалъ рукIаниги.

## ГЪУНИБ КЪУНКЪРАБИ

Нуж гарбалги рорхатал,
Нуж газалги бегIерал,
Нуж бохдулги халатал, –
Хал гьабун вуго нужехъ.

Нуж кваркьабиги хъахIал,
Керенги черхги хъахIал,
Кинабго хIули хъахIал, –
ХIисабалъ вуго нужер.

Гьаб августалъул ахир,
Щолеб буго хаслихълъи,
Хинал ракьазде ине
КватIулелцин гьечIищ нуж?

Рорхатал зобалазда,
Африка, Африкайин,
АхIи буго хIанчIазул, –
Нахъ хутIулел гьечIищ нуж?

Нужги цIумал гурелъул,
ЦIорол хасел щваниги,
МугIрул хирияб тIалъи
Хинал ракьахъ кьоларел.

Кьин щваниги тIадагьаб
Балериназул ратIлилъ, –
Гьел хIулаби гъиналда
ХIинкъуларищ кваркьаби?

ГьабсагIат дагьаб гьури…
Ункъо вац рагъда хварай
Херай магIарулалъ цIа
Къункърабазе бакана.

Къарнабаз речIагейин,
Гьел рештIараб сиялда
Сверухъ киса-кирего
Ясаца тIугьдул лъуна.

БукIана Кавказ, дунял –
КинабгIаги хал гьабун,
Рагъда хварал васазул
ХутIарал гьал рухIазухъ.

Гьал, дир кучIдулъа рачIун,
Гьаб Гъунире щун руго, –
Гъаримаб бетIер дица
Къункърабазе къулула.

Гьазие квачай гьечIо,
КигIан гIазу баниги, –
ГIазаб ругъназ кьоларо
Рагъда чIварал васазе…

Нуж гарбалги халатал,
Нуж газалги халатал, –
Хал гьабун вуго нужехъ
Даим дунял сверулел.

Нуж кваркьабиги хъахIал,
Керенги черхги хъахIал, –
Вуго нужер пикрабалъ,
Гьанир веказ рещтIарал.

## БАРКАЛА

Баркала нухазе, гьезул гIарщги бан,
ГIеретI гIадин, дуца баччана дунял.
ЧIараб нур гвангъараб гIадада гуро,
ГIумру мех анагIан хIалуцаниги.

Баркала, хутIидал гьаб хаселалъги,
Хекко ан арии, рекIекълъиларо.
Гьединалда цадахъ цо-цо кьогIабги
Кьураб къулчIун тела, кварилъиларо.

ЦIадгин бакъ рекъарал рукIана къоял,
Къаси хIайранаб цIва бецIлъулеб буго.
Баркала почазе, гьел кватIаниги,
Кагътилъ дуца лъураб лъабгIиний гIоло.

Дир баркала буго гозо бегIерий,
Гордада кIетIараб, рогьел щванилан.
Макьу гьечIел сардал, гьазда кин лъараб
Хадуб ккараб дагIба, гьеб бицинаро.

Баркала гIумрудул гьудулзабазе, –
ГIорхъоде щолаго гьел дагьлъарал куц!
Бищун цересезул ццин лъарав дица
Цоги араб-ккараб квер хьвагIун тела.

Баркала кучIдузе, гьаб хIасраталъе,
ХIакъ батананиги, кири щваниги.
Чанги хIарамаб иш гьабуразеги
ГьечIо дир нагIана, чIаго таги гьел.

## ХУНЗАХЪ

МугIрузул ракьанда, кьурул ахада
Кьижарав нухлулав хурдузул бусалъ,
Дица, тIаде вачIун, ворчIами кьейгун,
Кьоло-гъолон чугун, вачIуна данде:

Щиб хабар бугебин нилъер халкъалъул, –
Ханжарищ борчинеб, чагурищ хъвалеб?
Черхалъул хIал кинаб хIакъикъаталъул, –
ХIажимурад гIадин, дун къачIан вугин.

Рогьалил ихазул тIохдасан дие
ТIоцебе гвангъараб Хундерил-град,
КигIан горо бараб дур мегъ-хуралде,
Хвана азарго бо, хвечIо дур гIадат.

Гьаб дир гIумруялъул кваркьабазда гъоркь
КенчIана Париж, Рим, хъудана Бомбей;
Кувейт данде чIвана салул бурангун,
Сон къаси нахъ тана Мексикадул цIад.

Кивехун щваниги, гьаб дир самолет
Сардил макьилъ буго ГIалагIарталда…
Гьаб цо гIаламалъул АхIулгохIалда,
Ахъбердилав гIадин, цебе чIола мун.

Хунзахъ районилан, ЦIада росуйин, –
Гьаб адрес буго дир цо хисулареб.
Хабалъ тIупандинаб базар-хазина!..
ХутIараб дир талихI – дур мацIги цIарги.

Амма рекIекълъула гъугъдулъ дур хурдул,
Хабзалалъ гъурараб цо зонол бицун.
Зодосан гIодобе бортун уна цIва,
Дур цо-цо иццул бер бецлъулеб бугин.

Гьегьал шагьаразда дур гIолохъаби,
ГIандалазул щобалълъ Дайтилалищ гьал?
ГIалибегил къотIун далариб квералъ
Ккураб ханжал гIадин, гьаримаб Тобот.

ГъотIодаса тIураб гIаркьалида кечI
ХIинчIалъ ахIуларо – дида гьеб лъала.

Духъе даимлъидул паспорт кьун буго,
Кьурабаз мугъру чIван, мугIруз гъул басун.

Дун Атаевасул партизан вуго
Гьаб дур хъатиралъул хъаладул кIалтIа.
Дов цеве гьаналав, хадув пахьулав,
Даим чарамулав чиясул къисмат!

Чиназгин ругъназ мун гьоркьоб биччачIо, –
Бакьулъ букIана мун бищун рикIкIунелълъ.
Мажгитал къанилан, какги къотIичIо,
Клубал хъудунин, кечIги хисичIо.

Хабаралъулъ сарин, сариналъ рокьи,
Щибаб сагIаталда кьабулеб цIумур.
Азарил соназул дур намусалъул
ГъастIа хинлъи щварав щиб цоги дие?!

***

Яги блокнотал, я дневникал
Дица киданиги цадахъ росичIо.
Рокьул дневникал дида лъаларо, –
ГIищкъул блокнотал кинал рукIунел?

РакIалда букIараб букIине буго,
БукIинчIеб, кIвар гьечIеб кIочена, ина.
Унти лъикI бухIараб рекIелъ хутIула,
РукIкIен кверда къараб, – гьеб бицунаро.

Амма гьаб замана гьоркьоб биччани,
Гьеб ругъун кинигин регъезе гьечIо.
ГIемер суал буго жаваб-жавабин, –
Жив-живасул къалмикь щибаб къо букIа.

КIудияб гIасрудал гIорхъода сагIтил
Щибаб секунталъухъ балагье, рикIкIе…
РекIел щибаб кIутIи, ццинги гьоркьоб тун,
ЦохIо рокьуе кье, цо рокьуе кье.

***

Гьанже букIаралда ракI бухIиларо,
РукIкIбуз керен кигIан дир бикIаниги.
Цо мун данде чIвараб лахIзат гIоларищ,
ГIумруялъул согIлъи кIочене дие?

Гьанже бугелдаги ракI бакъваларо,
Бакънал дир къваридал рукIананиги.
Дур берзул нур чIвалеб чIаголъиялда
ДагIба бани, хIасрат, хIакъ батиларищ?

Гьанже зодихъ ругел накIкIахъ балагьун,
БукIунелъул къасдаз къакъала дир черх.
Гьездаги абула, гIодой риччайин,
ГIасилъизе гьечIин мун лъараб гIалам.

***

Мун дир культги йиго, догмаги йиго,
Дун гьелъул рахъалъан ортодокс вуго.
Гласность бокьани, биччай дир гьаракь
Ракьалда гъугъазе – дий мун йокьула.

Гьанже цIияб хIисаб, хисулел къасдал,
Хиси гьечIеб гIищкъу буго дир гIакълу.
Дир конституция, аслияб бутIа
БатIияб лъугьинчIо, цохIо мун йиго.

ГIищкъхул арендаги подрядги гьечIо,
Гьелъий ревизия – рузазул пиша.
Гьелъул коператив? – Квешаб рогьо гьеб, –
Киб бичулеб гьава гьалдолеб рекIел!

Гьанже дол цIаразул багьа цIилъигун,
Багьаяб букIараб учузлъараб куц.
Ва амма бусалъе, юргъанги борхун,
БачIараб гIищкъудал къимат холаро.

Биччай гьабсагIаталъ застой букIине, –

Гьелъул заман буго дир тIолго гIумру.
ГIищкъул репрессия, ракI гьалданиги,
Гьелдаса кIудияб талихI лъаларо.

***

Ромеол Джульетта, жагаялъул гъветI,
Мун нижер гъулдузда кинан бижараб?
Беричай Джоконда, кьерилал холей,
Нижер кьурабазде кин мун яхарай?

Рембрандтил Саския, парталги бахъун,
МагIарул бусада сордо кин бараб?
Сикстиналъул лъалей мадонна, бице,
Мария лъимергун кин гьаний щварай?

Кипралъул чIинкIиллъи чIалгIун гьечIищ духъ, –
Кин мун, Афродита, аваралълъ йигей?
Ва Италиязул Петраркал хIасрат,
Флоренция кин тараб, Лаура?

Дица бицинаро Зугьралгун Лайлал,
Гьелин бусургьаби – некIсиял гьалбал,
Церего Муихъе рачIарал чагIи,
Нахъе ине гьезий бокьулеб гьечIо.

Дун хIикмалъулеб жо, – Блокил Дама,
Мун Дагъистаналъул тIохазда даим…
ТIолго векал рахун, улкаби нахъ тун,
Азарго камилаб цIва гьаниб буго.

Дие жаваб кьуна, жахIта кканиги,
Жал, ПатIимат рагIун, рачIарал ругин, –
Жидер бакъ сунарин лъазе гьабизе,
Жидер бакъ даимаб бугин абизе.

***

Дица дуда чанги рагIи абуна,

АбичIеб цо буго дир ракI кIвекIулеб, –
РикIкIад сапаралда гамихъе щвейгун,
Гаваналда, хадуб абилин тараб.

Дица духъе кагътал гIемерал хъвана,
ХъвачIеб цоялъ руго бадир кверал чIван, –
Кибниги океан бахун хадуса,
Хехаб телги кьабгIун, лъазе гьабилин.

Чанги гуми ана гаваназдасан,
Гуро, дида кIвечIо дуда кIалъазе.
Балъголъи бичеян бича вукIана,
Бахчейилан абун дир нич лъугьана.

Океанал рахун къватIиве ккана,
Кагъат-телазда цIар гьелъул бахъичIо.
ХIакъикъат къваригIун къисмат букIана,
Мун къварид гьайизе дир къуват гIечIо.

***

НагIана батаяб гIищкъул цензура,
Дица гIурхъи тейгун буго хисулеб.
ГIолохъанаб ихдал хъвалеб кочIолъцин
Рокьул бицараб бакI, – гъоркь мухъ цIалаан.

Намусалда чIвараб накIкIилаб пардав,
Дун рикIкIалъаравго, буго бахъулеб.
Дир заманялда дандцулел курмул
Жеги киниялда риччалароан.

Букарулеб буго дир кваранаб квер,
Копенгагеналде щолевцин гурищ?
Рокьул дарсал кьолеб Даниялъул ракь,
Дир бетIер хъахIлъана мун лъалалдего.

Риччула кваранаб бералъул тIелхал,
Булоналъул рохьищ дида бихьулеб?
Гьавадул татудал тахшагьар – Париж,
Гьикъула: Болъихъ дур рукъгин къватI гьечIищ?

Дида, дун кватIанин, бетIер кIалъала,
КIкIалахъе анила гIищкъул гьокоян.
Амма гIадалаб ракI мукIурлъуларо,
БукIинарин Париж босичIого жиб.

Дие дир гIакълуялъ гIакъуба кьола,
ГIун бугин дуй рокьи макьилъ бихьани.
Амма дир кочIоца къвалакь квер чIвала,
Копенгаген жинца бахъизе бугин.

Дида елъанхъула гьагъай цо гIадан,
Дуй Европа щайин, дун щвани гIелин.

## ЩИЙ ГЬАНЖЕ МУН ГIАДАЙ БАХIАРАЙ ЙИГЕЙ

Дудани хъвачIо гьаб хъван балеб гIазу,
ХъахIлъичIо цоници рас дур каралъул;
Кидаго их дуе, хасел щваниги, –
Щий гьанже мун гIадай бахIарай йигей?

Нахъ тарал саназги сапарацаги
СвинчIо, цIикIкIун гуреб, дур гьурмал гвангъи.
Дун цIехолев вуго щибаб цIваялда, –
Щий йигей мун гIадин бахIаргояли.

Дур ясалги гIуна, гьезул ясалги
Гьанже матIуялде цере роортула.
Дун гьедулев вуго, гьаб зоб-ракьалъе –
ГьечIин мун гIадинай бахIарай щийго.

Дирни заманабаз гIундул цIацIана,
Дур гIолохъанлъи гьез гьоркьоб биччана.
Дир бераз балагье гьелда щаклъулел, –
Щий гьанже мун гIадай бахIарай йигей?

Тиранщинал бакIал, борцанщинаб ракь,
Берцинал ясазул гьегьал конкурсал…
КочIол фестивалал, жибго кечI гьечIо
Гьединаб камилаб, мун кинигинан.

Кверал рорхулеб куц, гьеж кIичIулеб куц, –

КIудаби руго гьал цоги батIиял…
Валагьи, билагьи, талагьи гьечIо
Гьанже мун гIадинай бахIарай щийго!

## ДУЦА БОКЬАРАБ ГЬИКЪЕ

Дуца бокьараб гьикъе,
Рокьул рахъалъ гьикъуге, –
Гьелъий жаваб щвечIого
Шапарабщинаб гIакълу!
Щиб жаваб гьабуниги,
Февралалъе кинигин,
Гьенир къоял дагь руго,
Гьел цIакъго кьокъал руго.

Дуца бокьараб гьикъе,
Рокьул рахъалъх гьикъуге, –
Гьереси бицине дун
Зобаздаса хIинкъулин,
ХIакъикъат бицинеги
Ракьалдаса нечолин…
Дир йокьулей йихьулищ,
Долъ бетIер хьвагIулеб куц!

Гьеб суалгун сверана
Улкабиги векалги, –
ЦIакъ бакIал кIулал руго
Гьеб кIудияб гъансида.
Щвана кьурул сиязде, –
Кьижарал рокьул чундул.
Чвахулел руго гIорал, –
Чан гIищкъу бугеб тIинда!

Дуца рокьул хIакъалъулъ
Дир кучIдузда гьикъуге, –
Цояб кваркьи борхани,
Цояб ахаде унин.
Гьелъий жаваб гьикъигун,
Живго дов бетIергьанас,
Гьеб жиндир балъголъийин,
БицинчIо дида кинго.

***

НакIкIилъан паркъелел пиридул хунжрул…
Мунги ракIалде щун щурана цо как:
Гьаниб дагь гъугълъулеб, доба гъугъалеб
Дир гIищкъул хIакъалъулъ угьана хIухьел.

Раралщинал цIадал, кканщинал кьалал,
Кьолодаса гIодой бортанщинаб гIел!
КигIан щулияб жо гьаб рокьи бугеб, –
Ракьулъ букъулареб, къоно чIвалареб.

Бихханщинаб улка, щущанщинаб бо,
Арабщинаб гIумру полпил чвахияз, –
Панаял сариназ рарал сабаяз
Салулъе биччачIеб черхалъул хIасрат.

Гьаб самолеталъул кIиябго кваркьи…
КигIан зобал лъарал, рохьал дандчIварал.
Гьал дир асаразул азарго кваркьи…
Киназего зоб-ракь – цохIого цо мун.

НакIкIилъан паркъола пиридул хунжрул…
Дур хиялалъ вуго цогияб кIочон.
Дица сариналда дур сахлъиялъе
Сабаблъун букIаян гьарулеб буго.

## ДУНГОГИ БЮРОКРАТ

Дунгоги бюрократ, дирги кабинет
Цо квартиралъе бегьилеб буго.
Дунгоги чиновник, дирги саринал
Гьал собранияца рикъаралщинал.

Дирги телефонал эваргъго-эваргъилан:
«Занят», «Заман гьечIо», «Заседания»…
Бащдал художникал комиссиязда,

КочIол начальникал, гьегьал секциял.

Саринин абуни, гIурччинаб щобда
ЩвантIих пулеб буго, дир йокьулейян.
Рокьиги лъукъана, чанил тIинчI гIадин,
Чингун хъулухъалъул хъантIарал лагъаз.

Лъукъун гечIо, чIвана чIвалеб хъатица
Гьаб дир гIумруялъул гIащикъал ихал.
ГIолохъанал ясал – цIутIун курмулгун,
Дун – канцеляразул кагътазулъ вилун.

Огь, дунги цодагьав бюрократ вуго,
Бараб гIазуялъ гьеб мухIкан гьабуна,
ГIазу цIер биингун щапараб цIадалъ
ШагIирасе бетIун цо гIинтIи кьуна.

Дун гIайибав вуго, гIайибав вуго,
ГIищкъу митингазул цIаруй хисарав.
Дун хатIабав вуго, хатIабав вуго,
Хирияб кечIалъе эркенлъи течIев.

Дие заман щвечIо ЦIадае ине,
ЦIвабзахъ балагьизе, лъимал рихьизе,
Лъадуда гьуинаб рагIи абизе,
Эбелалъул зонохъ гIенеккун чIезе.

Щибго хIасил гьечIеб гьаб хIалтIудаса
Дун ахIулев вуго МахIмудил сияз,
«Цо панаяб хIухьел» – гьелъул багьаяб
ГьечIин дунялалда цониги хъулухъ.

Гьедин дилъ къеркьола кIикъого сональ
КIиго релълъинчIеб чан – чинги назмуги.
Чвахун унеб гIоралъ кинабго ана,
Амма кечI хутIана дуде гьабураб.

Гьебги дица хъвана данделъиялда
Гьаб депутатасул бланкалда тIад.

## ОЧЕРЕДЬ

Огь, кинабго гIумру – лъалеб очередь
ТIолго улкаялъул кабинетазде, –
Кинлаго рахъалъан рачIунел, унел
Ургъелал, гIузраби, гIарзал, зигарди.

Гьезул гIемеразул унти цо буго,
Батулеб гьечIила ритIухълъийилан.
Нилъер ватIаналда кканщинаб хиси,
КигIан биунареб гIаздалъ гьеб бугеб?

ГIадамал гIагарав дунгоги вуго
Ирга щоларого ритIухълъиялде.
Щванин, батанилан дида кколаго,
Кверзукьа борнчIула, хIинчI гIадинан, гьеб.

Дун хадув вортула, гьеб белъанхъула,
«Гьа-гьа-гьа», «гьа-гьа-гьа» – гьоролъ ахIдола,
Дун гьечIин, букIинчIин, я букIинарин,
НакIкIал хъвалхьун зодой мун воржаниги.

БукIани букIинин цодагьаб мехалъ,
Цингиги гьетI-гьетIун унин дир сухъмахъ,
Инкъилаб гьабурал, щиб гьезул ккараб?..
КочIохъан, гIодов чIчIа гIурул рагIалда.

Дун гIодов вукIана, гIенеккун чIана,
ГIалам къотIун уней дуда бер чIвана,
ЧIухIарай, хIикматай, кодоб лъимергун,
Лъана мун, ПатIимат, дир Афродита…

Дун талихIав вуго, дида ракьалда
Рокьул бухIи лъана – гьале ритIухълъи.
БатIияб цогияб щибниги гуро, –
Гьаб гвангъун щвараб бакъ, гьаб щенолеб цIад.

***

Цевего вукIинчIо дун концернтазда, –
КучIдухъ рокьи ккана гIораз ахIулел.
ГIагарал рохьазда чундузул гIадал

РакI чапулел бакъназ дир бакъ къалъичIо.

ИнчIо киноялде ахирал саназ,
Сардилъ зодихъ цIваби рикIкIунев вукIун.
Цин дозухъ валагьун, цин духъ валагьун,
Дие гьеб гIолеб щиб, гIунги тIокI буго.

БалагьичIо, инчIо кигIан игIланаз
АхIананиги дун выставкабазде.
Цоги кист бахъичIеб, квер хадуб гьечIеб
Дур кьуригун свери кьелебищ гьезухъ?

ЦIиял художникал дида лъаларо,
КигIан халкъалъ гьезул бицананиги.
ЦохIо устар вуго тIабигIаталда,
ТIубараб дур сурат гьабун дий кьурав.

Цевего вукIинчIо театралда, –
Театр батана кинабго гIумру.
Мун гьаб гIумруялда дир гIищкъуялъул
Артистлъун йикIинчIо, автор йикIана.

Дица цIалуларо цIиял поэтал, –
ЦIияв даим дие вуго дир Пушкин.
Дос дур рахъалъ хъвараб гьабула такрар,
Панаяб лахIзат дир рекIелъ бугилан.

## БЕРЦИНАЛ РУЧЧАБИ, КИНАН РУГЕЛ НУЖ

Берцинал руччаби, кинаб хIал бугеб, –
КочIохъабазда нуж кIочонел ругин?
Афродитал гьумер, ПатIиматил сси
Поэтазда макьилъ бихьулеб гьечIин?

Берцинал руччаби, кинан ругел нуж, –
Нужей гIоло холев цо дун хутIанин?
Гьанже щигIрабазулъ, щайтIан гIемерлъун,
ГIищкъуялъул аллагь рагIулев гьечIин.

Берцинал руччаби, кинан ругел нуж, –
Дун – нужер кочIохъан хъахIлъулев вугин?

БахIараб гIел гьанже, нужги кIочон тун,
КIалдиб полопги бан, дагIбаялъ бугин.

Берцинал руччаби, кинан ругел нуж, –
Квачазехъин бугин гьаб зобги ракьги?
Лъицадай нужеда пальто ретIинеб,
Гьуннаб доб кIиго рагIи абилеб?

Берцинал руччаби, берцинлъиялъул,
Бице, кинаб пайда нужее бугеб?
Берцинал руччаби, кинан ругел нуж?..
…Квасул гIарщал гIадал гьал гIолохъаби!

***

Хирияй, дагьалъ чIа, дун цойгияйгун
Цодагьалъ гьабсагIат кIалъазе кколин.
Дица кинабниги хадуб бицина,
Харбие гьабсагIат ниж кIиялго те.

Гъой цIакъ рикIкIкIадасан ячIарай йиго,
РукIарал некIсиял накIкIал нахъа тун.
ТалихI къарай пулан, гьай гIаданалъе
Дир гьудул кIикъого соналъ вокьула.

Гудул машгьурлъана, цIар кIодолъана,
ЦIалана улкаялъ гьасул асарал.
Цойгиги гIаданалъ гIадал гьавурав,
ГIурччинаб май-июнь асда кIочана.

АнцIабилеб класс, пирхараб рокьи,
АнцIила анкьго сон гьалда кIоченчIо.
Гьалъ гьав гьудуласул цониги концерт,
Киб гьеб букIаниги, гьоркьоб биччачIо.

Гьалда, пуланалда кколеб букIана,
КиналгIаги кучIдул жиндие ругин,
Къаси вегулаго макьилъ жиндида
Йокьулилан гьасул кIутIбуз щурулин…

Хирияй, гьарула, дун гьай гIадангун

Цодагьалъ кIалъалин, ниж кIиялго те…
КIисадухъ кIухIалго гIенеккарав дун…

Дун гьелда кIалъана, гьабилеб щибин?
– Гьудуласда абе, дий гьев вокьулин.
– Абунин щибилеб?
– Щибго кIваричIо,
Щуго лъимер гьабе гьесий лъадуца.

## РОКЬУЛ КАК

Рокьи рекIелъ халалъаги,
Херлъугеги, щулалъаги:
ГIищкъу бакънazулъ даимлъаги,
Гьелъул кучIдуз киналго цогиял къинареги;

Гьеб кидаго отпускаялде унгеги,
Пенсиялде битIугеги,
Гьелъ гьитIинал кIодо гьареги,
КIудиял бахIар гьареги;

Дуца кьижие къасд гьабурабго,
Дур къаданиб кечI ахIаги, амин;
Космосалде унелъул рокъоб кIочонге,
Рокъобе унелъул къватIиб букIа;

Хасало гъотIода тIегь базабеги,
ТIолго дунял гьелъ цIеги;
Гьеб дилъ букIа, дулъ букIа,
Досулъ букIа, амин;

Экологаз, гьадин цоги къого сон ани,
Къиямасеб къо щолин абула.
Рокьи, абе гьеб гьереси бугин.

ГIалимзабазул гIакълуялдаса
ГIищкъу бергьаги, амин;
ГIадамал цоцазе рокьаги,
Миллатал цоцазе гIагарлъаги,
ГIищкъуялъе баркала… Амин!

Рокьи гIодугеги, гIасилъугеги,
ГIадаллъугеги, пашманлъугеги;
Рокьи гьардезеги гьедаризеги ккогеги! –
Гьеб гьардухъан гуро, гьерсихъан гуро.

Гьеб чIухIараб букIа, бахIарчияб букIа,
ЯхIалда хIур хъвачIеб чIагояб букIа;
Цоцада къвал бачIеб къоги сордоги букIунгеги,
Къочардизе азарто гIумру гIогеги…
Амин, амин, амин!

***

Мун кIиго батIияй, кIиго батIияй,
КIияйгокин дица къабул гьайилей?
КъабуллъичIого дун киве иневги? –
Дида лъабабилей лъаларо, гьечIо.

Мун кIиго батIияй, кIиго батIияй,
КIияйгогун рекъон рокъов чIана дун.
Цояйгун кьаллъани, цоялъги тола, –
Цадахъ гуронани рукIунаро нуж.

Мун кIиго батIияй, кIиго батIияй,
Дулъ риигун хасел хис-хисулеб куц.
Хасел гьечIеб улка бокьун батани,
Доле Африкаян абула дуца.

Дун Африкаялде, кивго инаро, –
Узденал мугIрузде гIазу бай абе.
Мун кIилъананиги, дун цо вукIина, –
Цоги къисмат дие къваригIун гьечIо.

## КIИГО РАКI ЦОЛЪАРАБГО

КIиго ракI цолъарабго,
НакIкIаца зобал тола.
КIиго ракI цолъарабго.
Ццин ракьалда тIагIуна.

КIигояз кIиябго къвал
Цоцада жемарабго,
Цебе лъараб къварилъи,
Къо лъикIан, нахъе уна.
РачIа, кIиязго цолъун,
ЦохIого ракI гъабизе;
РачIа, цоцазул ккурал
Кверал риччангутIизе.

КIиго ракI цолъичIони,
Цо хутIана, хвана нилъ,
ЧIвана гъаб гIолохъанлъи,
ГьечIо гIурччинаб дунял.
КIиго ракI цолъанани,
Цогияб жо жо гуро.
КIиго рекIел цо рокьи,
Макьу щва, щоге абе.
РачIа, кIиязго цолъун,
ЦохIого ракI гъабизе;
РачIа, цоцазул ккурал
Кверал риччангутIизе.

КIиго ракI цолъичIони,
Цоцаздаса тIунани,
Гъобе тIиналде уна
Анищаз цIураб гама.
КIиго ракI цолъанани,
Цадахъ цIвабзахъе щола;
Цинги гьезул хъатал цIун,
Гьаб ракьалде руссуна.
РачIа, кIиязго цолъун
ЦохIого ракI гъабизе;
РачIа, цоцазул ккурал
Кверал риччангутIизе.

***

Бищун гьуинаб макьу –
Дир йокьулей йихьараб.
Макьилъ къвалакь йикIарай,
Къад щай ятуларей мун?

Бищунго гьайбатаб нух –
Дир гьудул данде чIвараб.
Нухал гIемер нахъ тана,
Дир талихI, киб бугеб мун?

Бищун хIайранал сагIтал –
Долда цадахъ тIамурал,
Секундал кинигинан
Гьел рекерун унел куц!

Бищун хIасратаб сордо –
Долда цадахъ рогьунеб!
Дица цо къвал балалде,
Къоялъ бухулеб каву.

Бищун хехал поездал –
Гьалда цадахъ дун арал!
Дир рокьул станция,
КигIан аскIоб мун бугеб?

Бищун гьайбатал кучIдул –
ГIищкъул рахъалъ ахIарал;
ГIумруялъ, цо гьел гурел,
Цоги дица ахIичIо.

***

Берцинлъиялъул конкурс…
Дица билет босана,
Гьаний берцинай гьечIей
Цонигияй йикIинчIо.
Бищунго берцинайги
Цонигияй йикIинчIо. –
Гьел берциназда гьоркьой
Дир йокьулей йикIинчIо.

Гьал кучIдузул фестиваль…
Дун гьаниве вачIана,
Цониги кечI букIинчIо
Квешаб бугин абилеб.

Бищунго камилабги
ЦохIониги букIинчIо. –
Гьениб дида рагIичIо
Дур рахъалъ ахIулеб кечI.

***

КIудиял поэтазул
ГьитIинго ккола рокьи, –
ГьитIинал поэтахъе
КIодолъигун бачIуна.
Ялъуни бачIинчIони,
КинабгIаги гIумруялъ
ГIаркьел гъураб гъотIода
Гьудул гIадин рукIуна.
Дун кIудиявги гьечIо.
Дун гьитIинавги гуро,
Гьоркьохъеб гIумруялда
БачIана дихъе гIищкъу.
Амма бачIараб гьелъий
ГIумруялъ хилиплъичIо, –
ГIаркьалаби гъурараб
ГъотIоде кечI ахIичIо.

***

Дун хIинкъарав ватани,
ХIасрат, дихъе бачIунге;
Барахщарав ватани,
Те, рехе чол малакье.
Дун хIинкъарав ватани,
Назму, дихъе бачIунге;
Барахщарав ватани,
Те дун тIукъби рищулев.

Дилъ йокьулей гьечIони,
Гьереси рекIкI букIани,
ГьечIев, вукIинчIев чиян

Те дун кIкIалал ахада.
Дилъ Дагъистан гьечIони,
КечI хIиллаяб батани,
ХIажат гьечIин мунилан,
Вухе, бакрулав гIадин.

Дилъ пагьму батичIони,
Дагьав Пушкин гьечIони,
Пурцида оцалги ран,
Векьаризе куце дун.
Гьебги бажаричIони,
Нажасилан гIин кьуре,
ГIайиб ккарав васасул
Инсуца кинигин дир.

Амма дир сонал анин,
Сарин, квер хьвагIун тоге, –
Соназул квершел гьечIин
КочIодагун рокьуда.
КигIан гIемер мех бараб
МахIмуд гьавуралдаса, –
Досул «панаяб хIухьел»
БухIулеб рекIел буго.

***

Дун азарго соналъ цеве вукIана, –
Доб магIарде балеб гIаздада лъала.
Дир гIищкъу, наслабаз наслабахъе кьун,
Кьижараб я сордо, я къо букIинчIо.

Амма дол рукIарал некIсиял мехал,
РакI гурхIула дозда, дол мискинал жал.
КигIан гъугъадараб… Цойги гIасруялъ
Цойги дуде щварай щийго йижичIо.

Дун камун азарго сон ананиги,
Цогиязулъ хадув цIилъизе вуго.
Дир цIа, наслабаца наслабахъе кьун,
Кьижараб сордо-къо букIине гьечIо.

Амма рукIунезе щиб ирс щваниги,
Щвезе гьечIо дунял дие кинигин.
Гьезда гIайиб гьечIо дилъ жахIда ккани, –
Жакъасей мун тIокIай такрарлъиларо.

## МАРКIАЧIУДА

МаркIачIул замана. Зобги Каспийги –
КIиябго цолъулеб цо рагIаллъуде
Исана институт лъугIулей йигей
Цо магIарул ясгун балагьун вуго.

Балагьун руго ниж гьаб гIаламалъухъ,
Гьаб цо гIасруялъухъ гIищкъуй бакI дагьаб.
РикIкIада гьитIинаб чIинкIиллъи буго,
Гьурмада чIегIераб цо тIанкI кинигин.

Дица щиб абилеб гьай гIаданалъул
Бьераздa, кIалалда, кIиго рагIуда…
Порталъул ганчIазда гIодор чIарал ниж,
Гуми – гIалахалда варанай гIадин.

Гьалъ дида гьикъула, кий жий инеян, –
Карачелал руго цоцалъ гьелчелел.
Дица тIаде вахъун цо кечI щурана,
Кинидахъ эбелалъ дие ахIараб…

МаркIачIул замана. Зобги ралъадги –
КIиябго цолъулеб цо багIарлъидахъ
Исана институт лъугIулей йигей
Цо магIарул ясгун балагьун вуго.

***

Дунги культазул чи, – кабинеталда
КигIан рамаялъуб сурат хисараб
Гьезул цо бицунев цересел соназ
Бакъназул чвахидалъ чанцIул хъударав.

Амма хисулареб дир культ букIана
Кавказалъул мугIрул гIагараб росу.
ГIумруялъ ахIулеб цо кечI букIана
НакIкIазукь паркъолеб дир бакъ – Дагъистан.

Гьал дир пикрабазул гьабе цо рама,
Гьений йиго эбел эменгун цадахъ;
Цинги къисматалъул къоринив дихъе
КъватIиве дун цIазе квер кьурай мунги.

Дир культ йикIана мун тIолго заманаз,
Дида застой лъачIо мун лъаралдаса, –
Гьанже унтабаца сверун ккурав дилъ
ЦохIо саламалъ хутIараб канлъи.

***

Цо рахъалда гIурччинлъи,
Цо рахъалда тIогьиллъи,
ТIугьдул гьечIел байдаби,
Гьезда гьоркьоб бецIаб рохь.

Цоял гъутIби ихилан,
Унеб гьелъухъ пашманлъун;
Цоял – хаслихълъиялъул
Хурдузде тIаде къулун.

Гьоркьо-гьоркьор минаби,
Цебесан унеб поезд…
Улкаялъул  черхалда
Бугеб тIутIураб ретIел.

Гьеб букъулел рукIарал
РикIкIалъана, дагьлъана…
Унеб буго гьаб гIумру
ГIурччинабгун тIогьилаб.

Дурги гIемерал кьерал
ГIанабазул хисана,
Хал гьабун вуго гьезул

Пашманаб цо нуралъухъ.

***

Бугеб накIкI, гъваридаб кIкIал,
КIичI кIичIун чвахулеб гIор, –
Щайзе гIумру анагIан
Дир гIищкъу къварилъараб?
Дие жаваб гьабула,
Гьудулзабазул рекIкIин.
БукIайилан абе гьеб, –
АскIой мун йикIин гIола.

Зоб битIун дир ботIрода,
ХIатIикь риччарал щобал, –
Щайзе санал анагIан
Дир сарин пашманлъараб?
Дида рихьизарула
Тушбабазул хвенехал.
Дие гьезул хараб щай,
Хирияй, мун йикIаго?

Бугеб накIкI, гъваридаб кIкIал,
КIичI кIичIун чвахулеб гIор…
Гьаб гIищкъу хIабургъани,
ХIакъ нилъеего буго.
Зоб битIун ботIрода тIад,
ХIатIикь риччарал щобал…
Гьаб шигIру гIасилъани,
ГIайиб дидаго буго.

***

Дун гьавилалдего гьарунаниги,
Гьайбатал мусудул, гьеб нужеда лъа, –
ТIолго гIищкъул кучIдул дир кучIдул руго,
Доба Китаялда ахIананиги.

Кинаб мацIалда гьел цIалананиги,
О, цIвакараб тайпа, нужеда бичIчIа, –
Дир цIа буго тIолго рокьул бакъназул
Бакъалъ гьоркьор тарал улкабаздаги.

ГIищкъул шагIирзаби, щал рукIаниги,
Шекспиргун Петрарка – батIалъи гьечIо,
КиналгIаги руго плагиатал,
ПатIимат, дир чорхол гьаб бухIиялъул.

Дица хъвараб буго, дилъ бугеб буго
Дунял гIаламалъул гьаб гIищкъул къиса.
Гурилан абулев гьев ахIмакъ вуго, –
Дир бухIиялъ гурищ МахIмуд гьавурав?!

## БЕЧIАГЕ, ЛЪАБАБГО ТIЕГЬ

(*Больницаялда*)

Вахъинеги кIоларо,
Вегунги сабур гьечIо,
ГIодов чIунги кеп гьечIо, –
БечIаге, лъабго гIамбар.

Квачалеб буго бетIер,
Гьалдолеб буго керен,
ГьечIо битIараб чIоло, –
БечIаге, лъабго гIамбар.

БачIараб цо кечI хъвазе
Кверазда къуват гьечIо;
Хъваразухъ балагьизе
Беразул канлъи гьечIо.

Батараб билун буго,
Билараб батуларо;
Балагьулев вуго дун, –
БечIаге, лъабабго тIегь.

ПарчахIаб тIабигIаталъ
Диде бачIараб салам…
Дун ворчIизегIан рукIа, –

БечIаге, лъабго гIамбар.

Дир лъабайго яс гIуна,
Дида лъабго ригь лъана;
Дие щибго кIваричIо, –
БечIаге, лъабабго тIегь.

Цо тIанхазда бугеб махI,
ТIаде щолеб хаслихълъи…
Дица цоги кечI хъвалин, –
БечIаге, лъабго гIамбар.

Гьале цояб бечIана,
РечIаге нуж кIиялго.
КIиго яс гIадин рукIа,
Гьаб дир бусаде къулун.

Гьале къаси мех щвана,
Къо лъикI, кIиабилеб тIегь,
Дица кигIан гьарараб, –
Гьебги бечIалеб буго.

Дица гордо рагьана,
Балагьун вуго гъутIбухъ;
Гъозда щибан абилеб…
Ахир цо хутIараб тIегь.

Гьале цIияб лъабго тIегь, –
Лъади ячIунеей йиго;
БечIагеян кидаго
КечIги чIаголъигиян.

***

Нахъа тараб гIумру халалъанагIан,
Хадуб букIунеб гьеб къокълъулеб буго.
Гьал къоязда цадахъ дун унев вукIин
РекIел хIасраталда бичIчIулеб гьечIо.

ХIалица эхеде бахараб гьоко
Эхей хех унеб куц! Хасалил согIлъи!

Цебе гьелчелеб гІор, гІурулъ къараб гьаб
КъватІиб кинан цІалеб, цІорон бугеб куц!

Огь, унев вуго дун, унев вуго дун,
АскІор гьудулзаби дагьал хутІана.
Цоял чвахиязул иххаца ана,
Цоял нуха бараб гІаздалъ тІерхьана.

Цоял гІолохъаби, гІорцІарал рохун,
Мехтарал ритьичІо рогьалидаго.
Цоязда дандчІвана чІегІерал къоял,
Къисмат битІун ккечІо, тІагІана нуха.

ТІоцебесеб гІадин пирхулеб буго
Ахирияб пеири ахираб ихдал.
Ахирияб шигІру щурулев дица
Щивго ахІиларо къо лъикІ гьабизе.

КъватІиб рагІичІеб дир гІунгутІи гьечІо,
ГІайиб бокьараз чІвай, бокьараз чІваге.
Ракьулъе босулеб балъголъи гьечІо,
Бадисан тІинкІараб цо магІу гуреб.

Гьебги тІуна сардилъ, чи гьечІеб мехалъ,
Дирго эбел-инсул хІисабал гьарун.
Цинги чвахулеб гьеб бахчана кверaз,
Лъимал гьитІин рукІун, гьезул хиялаз.

Гьикъаразда абе, дагьалъ кьижанин,
Дирги свакалареб хІалтІи букІинчІин.
Абе дун халатаб командировкалъ
Кивалиго анин, вачІинин, щвелин.

Дунго вачІинчІони, дир шигІрабазул
Шунгъаралъ бицина бетІергьанасул.
Дунго вачІинчІони…, дир кечІ бачІина, –
Дир кинабго гІумру гьелда лъикІ лъала.

Дир гІагарай гьудул, гьеб дур гьурмада
Гьими рекъолеб куц, баге дихъ чІегІер.
ЧІезе кІвечІонани, балъго сардида
Бегьила гиризе цо магІил горо.

***

Дий бицунге, бицунге
Дуца гьал руччабазул, –
Лъала бицинчIониги
Гьезул берцинлъи дида.
Бице, бице, бицани,
Лебалал бихьиназул, –
Лебаллъи дагьлъун бугин
Гьанже Дагъистаналда.

АхIуге, ахIуге кечI
Гьал цо абундачазде, –
Гьез хIарщулъ тIилги кьабун,
ТIирабалъ бугин божи.
Дий ахIе, ахIе кучIдул
ХIасратаб рокьиялъул, –
Гьеб макьилъ бихьун гуро
Гьал дир рукьби рухIарал.

***

Дун вагъулев вукIуна
РукIарал гъугъаялгун, –
Гьезул хъуялъ дов аллагь
Дида рагIизе течIин.

Аллагь дида кIалъана,
Жив тIаса лъугьанилан, –
Дуца бетIер даланин
Даимаб рокьуй гIоло.

Дун къацандула даим
Бикъараб дир бакъ-къогун, –
Гьаб дир гIумруялъул рукъ
ГIадада батанилан.

Дида бича кIалъана,
Нечараб щиб кканиги,

Цо-цо кечI букIанин дур
Дир какалда релълъараб.

***

Лъана, щай хутIарав дун,
Гьаб бетIер хъахIлъизегIан,
БатIаго цIадудаса
ЩIунун хьвадичIонилги, –
БахIараб заманаялъ
АхIичIого хутIараб
Хирияб кечI хIасратай
ХIабибатий щуризе.

Лъана щай чIаго тарав
ЧIегIерал сонаца дун,
Черх цIорон квачанилан
Корохъе инчIониги, –
Гьалделеб гъираялъул
ГъалатIаб гIолохъанлъи,
Дагьаб битIизе гьабун,
Гьаб ватIаналъе кьезе.

***

Дир заманалъул поезд,
Гьаб бугеб хIикматияб.
Дир хIасраталъул вокзал –
Кидаго цун гIагарда.

БитIун жаниве щвезе
Щуго верст хутIарабго,
ХантIан чIола вагонал,
Унеб нух биххун бугин.

Дир мурадазул гама
Бугеб цо гIажаибаб,
Дир гIищкъуялъул гаван –

Квер гІунтІилидухъ аскІоб.

БитІун гьениве щвезе
Щуго минут хутІигун,
Хехал карачелабаз
ЧІвачІвазе гьабула гьеб.

***

Божилищ, божиларищ
Гьаб бачІунеб къоялда, –
Божарав дица кигІан
Дирго килщал хІанчІарал!

Бокьилищ, бокьиларищ
Гьаб бачІунеб замана, –
Рокьи гьалъ гукканщинаб,
Гороялъ хур кинигин!

КватІун гьечІищ гьанже дун
Гьал хиялал дандкъазе? –
Къали бухарабщинаб
ТІурачІел макьабаца!

Рокьи – свакалареб жо,
Соназул сунареб цІа…
Цересел гІищкъул бакънал
Руго жакъаги зурмил.

***

Дун жегиги букІинчІеб
ЦІияб ургъулев даим, –
Бищун цІияб батана
Азарго сон бараб цІва.

Дун дилъ гуреб бухІичІеб
Рокьул бакъан тІамулев, –

ТӀохда гьелъул тӀармида
Даим букӀун буго чӀчӀва.

Гьедин уяб батани,
Дур канлъи лъараб гӀалам
Лъавудаса иналда
Расги хӀикмалъиларо.

Гьеб гуреб батун хадуб,
Гаргадани гӀадада,
Бищун лъикӀаб гӀакълуги
Щвараб гӀуруца ина.

## ДУН КВАТӀАНА

Дун кватӀана, кватӀана
ХъахӀабросулъе щвезе, –
«Щвараб бакъ къо бащалъукь
Боркьун Дагъистаналда…»
Дица ахӀунин абун,
МакӀмуд ворчӀулев гьечӀо, –
«Дун даим кьижун вугин
Гьал кьурабазда гьоркьов;
Дирго рокьиялъ дида
Микьго гулла речӀчӀанин;
Хадубги чияр цциналъ
Цо ахираб тӀанкӀ лъунин…»

Дун кватӀана, кватӀана
АхӀулгохӀалде щвезе, –
«Щвараб бакъ къо бащалъукь
Дагъистаналъул щобда»…
Дица ахӀунин абун,
Имам вачӀунев гьечӀо, –
АсирлъичӀел мугӀрузул
Асир дун рикӀкӀад вугин;
Дир ияхӀги дир цӀарги
Чанги цӀадулъан анин;
Дие рахӀатаб макьу
Ракьулъги мугӀруз течӀин…»

Дун кватIана, кватIана, –
КантIизе течIо саназ…
«Сверухъ бакъ къо бащалъукь
Боркьун Дагъистаналда…»
Дун каранда гIищкъугун
ГIурдада вегун вуго,
ГIолохъанай йокьулей
Макьилъ йихьулей йиго.
Гьей цойгиязда гьоркьой
Цодагьай къварид йиго,
Дир ракIалъул къварилъи
Гьелда гIадин лъаларо.

***

АхIмакъалгун къацандун,
КъватIахъ арал сонаца
Бандир килщал гьесула,
Мунги гьве букIанилан.

Гьегьал трибуназда
Хъударaб бахIарлъиялъ
Абула, кабинетакъ
Дуцаги рокьи чIванин.

Огь, дир ригъарал ихал,
Нух къосараб кечI-сарин…
СагIат битIун хIалтIулеб
ГьанжегIаги бугодай?

Огь, дун гуккараб бертин,
Мехтараб гьогьен, рогьел…
Гьаб унтараб шигIрудай
Щвелародай бюллетень?

Дие гьеб бокьун гьечIо –
Рокьуе инвалидлъи;
Инаро пенсиялде,
Чан сон баниги, хIасрат.

Дица гьеб гIумруялда
Цоги рагIи абила –
Операциял рокьуй
Ракьалда лъугIун гьечIо.

***

Дихъе сарин рештIана –
Дун сахъулев гIаламат;
ГIажаибаб, букIинчIеб
БухIи дир кереналъул.

Дихъе гIищкъу буссана –
Батила гIузру сасун;
Жигарги дилъ бахIараб,
Живго МахIмуд кIочараб.

Дир кIиго тIегь цоцаде
Данде щола, шапула, –
Йокьулей, цо тIил кьабе,
Дун кьурдизе вахъине.

Дир кIиго лъар цоцада
Цо кIкIалахъ гъорлъ жубала, –
КIинусго гама буго
Гаваналде къокъунеб.

***

Нолъ, дагьалъ ццин бахъун, дуде хъвараб кечI,
Радал вахъаравго, бихъана дица,
Гьеб дуе цIаличIо, цIорораб гъасда,
Юргъанги бачIого, бегун квачараб.

Дие ккараб талихI, гьел дур гIундузда
ГIасиял рагIаби дир рагIичIолъи.
Дидаго гьел рагIун рекIекълъарав куц…
ЧIахъаги цензорлъи, ццин биччалареб?!

Цониги, тохлъукье, гьелъ малъараб кечI,
Кагътида хъвалаго, нахъе хъвагIалеб.
Радал ворчIаравго, бачIараб къоялъ
Къаси ккараб питна кIоченабулеб…

Нолъ, дагьалъ ццин бахъун, дуде хъвараб кечI,
Радал вахъаравго, бихъана дица.
Дида гьеб бухIулеб цIаялъ абуна,
ГIантаб бахIарчилъи тейилан дуца.

***

Гьанже хъуй гIемер буго,
РагIи рагIулеб гьечIо,
Радио-микрофоналъ
Кумек гьабунаниги.

РагIаби гIемер руго,
МагIна бичIчIулеб гьечIо,
Ралъдада карачелал
Киналго гьелчаниги.

МагIна дагь рагьаниги,
Гьелда хадув гьоларо, –
Хиялал доб магIарда,
Божи гъоб гъварилъуда.

КигIан божананиги,
Бажари гIолеб гьечIо,
Гьелъул гIакълу тIубазе
ТIадаб лебаллъи гьечIо.

Лебаллъи бачIаниги,
РечIчIарала чIораз борлъун,
Жибго чIум кинигинан,
Каранда рокьи буго.

Рокьул талихIалдаса
ТамихI камиллъун буго,
КучIдул гьелъул рахъалъан

Гьанже учузлъун руго.

Учузлъи щиб, чамгIалъи
ЧIобогоги босилищ? –
ЧIужугIадан Джоконда,
Жакъа дур шагIир гьечIо.

Дуе тIолодуэлалъ
Рахъунел дагьлъун руго.
Дару ццидал унтуе
Цо аптекалда гьечIо.

Цо бачIараб замана –
РечIарал руго тIугьдул.
ТIерхьунге мун, гIищкъул бакъ, –
Бакъан баче цо рокьул.

***

ЧанцIул дун вукIунев, – гьанже гIун бугин,
ГIодове виччазе заман щун бугин;
КигIан гьаб дуниял сверананиги,
Цоги хIикмат гьечIин хIасрат гурони.

Цоги хIикмат гьечIо мун гуронани, –
Кидагосеб адрес дир асаразул.
Цоги, мун тун хадуб, бугеб хазина,
ХутIараца босе, чIобого кьела.

Гьаб гIасруялдаги гIаламалдаги
Гьаб дир гIумруялъул вакил – гьоркьохъан,
Гьаб рокьи, гьал кучIдул – кинал чанкIкIарал,
ДуцагIаги гьаре гьазда дун теян.

Абе гьазда тейин дир паракъалъи, –
Бакъ, мегIерги бахун, добехун щванин;
Нух гьанже, кIичI-кIичIун, кIкIалахъе анин,
Гьенибе кIудияб гIазу бан бугин.

Гьеб уйиланги ккун, кечIги рокьиги
Цо макьил лахIзаталъ дидаса ана.

Дун, хIинкъадго хехго тIуркIун ворчIарав,
ТIад руссайин, гьезда хадув вортана.

Хурхун, чундул гIадин, дица гьел ккуна,
Каранде дандкъана тIаса лъугьаян,
Нуж араб мехалъ дун кьижун вукIанин,
ТIокIаб паракъалъи дие кIваричIин.

КигIан цIакъ магIарде гIазу баниги,
ГIищкъуги назмуги квачазе гьечIин.
Гьелда щаклъи ккани, балагье, сардилъ
Ссун бугищ дир гордукъ бакараб чирахъ?!

***

Гьанже дунго вуго дуниялалда –
Доба зоб бугебищ, гIодоб ракь бугищ?
Рокьи цо дир буго, гьаб бикьулаго,
Гьоркьов щив хутIарав, рачIа киналго?!

Гьанже дунго вуго дуниялалда –
Доб чIинкIиллъиялда Робинзон гIадин.
ГьечIо гIаламалъул миллиард лъимал,
Лъаларо кире гьел тIагIараяли.

Гьанже дунго вуго дуниялалда –
ГьечIо дида цадахъ цониги гьудул.
Цоял – пулел гьурал, цоял балеб цIер, –
Руго дица къалел къадго гьал гордал.

Гьанже дунго вуго дуниялалда –
Дир бетIер бортунищ, батулеб гьечIо.
Черхги бугебищ дир, гьечIебищали
ГьабсагIаталъ накIкIулъ бихьулеб гьечIо.

Гьанже дунго вуго дуниялалда –
Ругел рикIкIада дол рукIарал ихал…
Цониги хIинчI гьечIо, цо хIули гьечIо –
Дирго хIал бицине, ургъел бикьизе.

Гьанже дунго гьечIо дуниялалда –

Дихъе гьаб, гьечIеб рухI, гьале, бачIана.
ВорчIун дица берал кIвекIулеб мехалъ,
КIарун елъулей дур гьаракь рагIана.

Гьанже нилъ кIиялго дуниялалда –
Доле зоб, гьале ракь, миллиард чагIи;
ТIолго гьудулзаби, гьалдолел сонал,
Сариналгун хIанчIи, чIараб нур, цIад, бакъ…

Гьанже дунго гуро, дун мунгун вуго,
ТIолго гуми руго дир гаваналда.
Гьаб дир гIаламалъе, дир гIасруялъе
ГIилла цохIо буго-цо дур балагьи.

## ДУЕ ЛОНДОНАЛДЕ ВИЗА КЬЕЧIЕБ МЕХАЛЪ

Лондон, аэродром, сордо, балеб цIад,
Борхатаб автобус, кьурул си гIадаб…
Дуца салам бице, стюардесса,
Сверун нахъ юссингун, доб Москваялда.

Доя хутIана дир хирияй гьудул:
Дол берал, доб гьумер, гъуждузул кIичIи…
Гьаб кIиго пачалихъ дагIбадунилан,
Дагъистан, щиб гIайиб дир ПатIиматил?

ПатIимат, дудеги дагIба гьабураб,
Дица щиб гьабилеб гьаб гIасруялда!
Дур нуха кьо биххун кьижизе кIвараб,
КIалъанин пайда щиб, гьаб Англия!

Мун ячIараб мехалъ, чIухIизе кколеб
Гьаб чIинкIиллъиялъул куц бихьуларищ?
Дуе чIвачIеб байрахъ, дуй ахIичIеб гимн –
Гьаб империялъе къваригIараб щиб?

НакIкIазул цIалкIаца къаси щвалеб цIад,
КъватIахъан чвахулеб чирахъазул нур.
ДандчIвалеб карета, кий тарай мунан,
Дун магIарул леди щай гьечIейилан.

Щибаб рукъалъ, къватIалъ, гъветIалъ, тIатIелалъ
ЦохIого суал кьун, судула керен.
Щибав данде чIварас дида гьикъулеб,
Перевод гьечIого, бичIчIула дида.

Доб Букенгемалъул гьундузда чIвараб
Байрахъ гIодой биччан буго, мун гьечIин.
Британиялъул кверщалил гъалбацI,
Веказ гъулгъудараб, буго гъанцIун чIун.

Гьал телазул хIубал – гьал часовоял,
Честь гьез лъие кквелеб, квералги рорхун?
Керчал тIаргъал лъурал гвардиязул
Низам биххилилан гурищ хутIарай?

Огь, гьанже бичIчIана некIсияб Темза,
Июнь щвананиги, щай хьухьик бугеб?
НакIкIал дунялалда гIемерлъиялъе
ГIилла цохIо буго – дуй кьечIеб виза…

Къаси гIодов чIана, дир кечIалъ нота
БитIана киналго континентазде,
ТIолго миллатазде, пачалихъазде,
Дир черхалдаса ракI тIезабугеян;

Рагъаца, къецаца гIищкъу чIвагеян…
ГIумруялъул бакъанал лъийго гьукъуге,
Гьайбатал накъищал щибаб ракьалъул
Бокьараб бакIалда гвангъизе риччай.

Бакъгин моцI кинигин, хIинчI, чан кинигин,
Чи, виза гьечIого, хьвадизе виччай.
Британиялъе канлъи цIикIкIине, –
Консул, ПатIиматий квалквал гьабуге.

КечIалъ нота кьуна… кьижичIеб шагьар…
Кьурун гьечIо гIодой къватIазда чирахъ,
Къаси гьобол щвелин, дагъистанияз
Гъасда бакараб цIа цIунулеб гIадин.

Дир нота рагIана… Дир магIарулай,
Жеги рагIалде ккун гьечIо гьаб гIакълу.
Аэродромалда кинабго дунял
Дунгун цадахъ буго, дуда данд чIвалеб.

ЯчIа, дир къиралай, гьале карета,
КерчIал тIаргъалъ руго гьал гвардиял.
Доб Букенгемалъул гьундузда чIвараб
Байрахъ зобалазда буго парпалеб.

## ДУНЯЛГИ, МУНГИ, ДУНГИ

Цогияз бокьараб гьабеян абе,
Политиказул иш дида лъаларо.
Дий нух битIуларо, тIун уна гьеб гIарщ,
ГIагарай гьудул, мун цадахъ гьечIони.

Гьал пачалихъазул чагIазул пиша…
Гьеб чабхил кIкIалахъе дун кIанцIиларо.
Амма сапаразул дир сариназе
Цо бугеб хазина – мун, дир хирияй.

Чан пикруялъул бис дихъа борчIараб –
Дур речIчIараб чIоралъ чIезе гьабуна.
Нур чIун гьечIониги, дур гьурмалъ руго
Гьаб тIабигIаталъул тIолалго кьерал.

Чан хIайранаб гьаракь, чан хIанчIил бакъан
Дуда рагIун, бичIчIун, бачIараб дихъе, –
ХIадураб, ахIичIеб кечI бугин дунял,
Кодой кьураб чанги, чагъана гIадин.

Доб Венециялда фестивалазда
ГьечIо мун, чIвана кеп, каналаз кьолеб.
Мун рокъой тун ана Африкаялде, –
Эзул рохьалъ хIанчIаз гьавичIо хIикмат.

Дое Бомбеялде мун цадахъ ккечIо, –
Цун аскIоб гьелчолеб океан лъачIо.
ТIолго улкабазул чIурмазул гьаркьаз
Дур цIарищ ахIулеб – дун хIайранлъула.

Лувралъул минабахъ гьал мадоннаби,
Мун цадахъ гьечIого, мискинго руго.
Музыкадул гьундул Барселоналда,

Бакъназул кеп дие, мун камун, гьечIо.

ВукIана Мисриялъул, – фараоназухъ,
ГьечIел жалахъ гIадин, валагьичIо дун.
Хадуй мун ячIана, гьезул щибасул
Гьаракьги канлъиги – кинабго лъана.

Нилалда гамида черх кьурдулей яс,
Чадида цIулакьо кинигин цIину.
Дуца цо цIана дун, цIвабихьулищан,
ГIоралда лъедолеб, босе кочIойин.

Карачалабазулъ чвердолеб канлъи
Дир каранда бана, дунял тирана.
Чанги тамашаяб хIикмат бихьана,
Амма дуде щвараб щибго дандчIвачIо.

Политиказул иш дида лъаларо, –
Лъала, мун гьечIого дир нух гьетIула.
Пачалихъазул кIкIал, дун ваккиларо, –
Дур канлъи щвечIони, шигIру бецIлъула.

Бокьараз бокьараб гьабеян абе,
Йокьулей, сверила цадахъ дуниял.
Мун балагьун йикIа, килисабазда
Как дур сураталъе дицаги бала.

***

Лъаларо дир керен Кувейтищ бугеб, –
Кидаго гьенибе хасел щоларо.
Каранлъ ракI югалъул августищ бугеб, –
Африка кинигин гьалдолеб буго.

Доб Финляндиялда февралалдаги
Панаяб дир рокьи цIороле гьечIо;
Кьиндалил сардазги Лапландиялда,
Бакъул къоял гIадин, къалъ-къалъун буго.
Амма бихьана къо, Кувейталдаги
Чамасдакил гъутIби гьороца чIвачIван.
Данде чIвана сордо, салул бураналъ

Кинабго сверухълъи сам-самун бараб.

Баркала рокьуе, гьеб сородичIо, –
Север Жанубалда женжеданиги.
Рецц дуй, сарин, чIухIун салул гохIида,
ХъахIаб чу кинигин, квачIида чIараб!

***

Лъидаго бихьичIеб, лъидаго лъачIеб,
Лъидаго рагIичIеб магIна буго дулъ.
МагIарулай, кигIан хал гьабуниги,
Дунго хадув гъечIо дур хIикматалда.

Гьеб хIайранлъиялъул хIакъикъат дие
Дунялалда жеги лъицаго кьечIо.
Гьеб берцинлъиялъул мухIканаб баян
Досдаги гьикъана, гьесги бицинчIо.

Дун лъугьун вукIана гьелде кечI хъвазе –
КигIан речIчIаниги чIор гIужда щвечIо.
Щай дий магIаруллъи гьадин бокьулеб,
Дуца рогьалида гордал рагьигун…

Дун дур шагIир гуро, дур талихIалъе
Тилмачлъи щваниги, гIун буго дие.
Гьел дур беразул кечI авар каламалъ
АхIизе хIал кIвани, кIваричIо щибго.

***

Мун ячиналде цебе
Дицати хъалим кьуна, –
КигIан кьварун вакъварав
Студент вукIаниги.

Дуй чемоданги босун,
Дир гIагарлъиги ана, –

КигІан, бецІаб гІадатин,
ГІадамал какданиги.

Гьеб дир ришват букІинчІо, –
Дир сайигъат букІана.
МагІарул хъалим буго
Хъаляналда лъолеб цІа.

Хъизан щулалъиялъе,
ГІищкъу мухІканлъиялъе
АхІулеб кечІ гІоларо, –
ГІадат цІунизе ккола.

Абуралда чІвараб шал
БахІарас бахъулелъул,
Бахъараб бер жеги цо
БахІаралъул бихьичІо…

Мун ячине магьари
Дуда лъолеб мехалда,
Лъабго нугІ вукІана дир
Духъан пурман босулев.

Цо дир гьари, цо дир гьа,
Цинги дир рокьул аллагь,
Дуда ракІалда бугищ
РикІкІада доб гъасда цІа?

Дир гьари къабуллъана,
Дир гьаялъ дун гуккичІо.
Кидаго гІищкъул аллагь
ГІумруялъ нилъгун вуго…

Бокьараца бокьухъе
Каке абе магьари –
КиналгІаги загсазул
Печатахъ гьеб кьеларо.

Гьал тунчузда релълъарал
ЦІагІалаби гІадинал,
ГІемерисеб мехалда
Щибго цІа кунчІуларел.

***

ГІумруялъ гьоркьор тарал
КигІан пуланал ругел…
Гьездасаги ресукъал –
ХІасраталъ гьоркьор тарал.

Дица дирго гьаб бетІер
ГІодобе далиларе.
ГІумру бикьулеб мехалъ
Гьоркьов таралълъ вукІинчІо.

Дирго керен бухизе
ГІиллаби рукІаниги,
ГІищкъул гьалдолел соназ
Гьез дир черхги бухІана.

Баркала къисматалъе,
Къасдал дир гукканиги, –
Дица бараб цо-цо къвал
Къисабазулъ хутІана.

Вагъиларо гІумругун,
ГІемерал сонал чІванин, –
Сариналълъ хІасраталъул
ХІанчаз бакънал рачана.

ХІанчи щиб, самолетал
Дида сверухъ хъудана.
ХъахІилал океанал
Дир каранда гьелчана.

***

Дур бадисан гирарал
МагІил гарал дир тІелхалълъ, –
Дида гІумруян ккараб
ГІадалаб къец батана.

Чан гIадамал рукIарал
ГIодоаллагьал жалин,
Амма жужахI гуреб гьез
Жеги алжан гьабичIо.

Гьелъие хIажалъулеб
ХIурмат, намус, рокьиялъ
Гьоркьор риччан тана гьел,
Тахида гIодор чIарал.

Амма дун тун инчIо гьеб,
Гьалдолеб гIищкъул асар –
Дир нусабго логолги
Нусго кочIолги аллагь.

Дун капурав чи гуро, –
Дица как бала гьелъий,
Нигат гьабизе кIочон,
Ккураб кIал бихханиги.

Гьелдаса дов тIад вугев
ТIаса лъугьана дида…
ТIаделъанщинал бацIал, –
Гьезул лъугьарал гарцIал…

Газаргъо гIадаб улка, –
Дир гIагараб Дагъистан –
РечIчIулел гIемер чIоралълъ
ГIужда дирабги щвана.

ГIищкъуялъул аллагьас
Дие кумек гьабуна:
Киналго абиларо, –
АхIанщинаб кечI гуро.

## ДУНЯЛ КЬЕРХАРАБ КУЦ

Дунял кьерхараб куц, зоб кьаллъараб куц,
Гьанже гьал ракIазда бугебщинаб накIкI!
– Бице, гIаламалъул щущараб гIакълу,
Гьаб щвараб гIоралда щиб жо абилеб?

– Дагьаб гьабе пикру политикалъул –
Гьеб хисардулеб жо, сихIираб пиша.
ЦохIо талихI буго – хIасратай гьудул,
ГьечIищ чIужугIадан – чIунтана дунял.

НекIсиял дир ругънал цIилъулел руго,
ЦIиял щварал жеги судулел руго.
– Дир арал соназул сунеб бугеб цIа,
Сабабго гьечIебищ дир чIалгIеналъе?

– Дагьаб жо – пачалихъ, къараб зар гIадаб,
Законал гIемераб, гIаданлъи дагьаб.
Дир гIищкъул кечI буго даим ВатIанин,
ГьечIищ чIужугIадан – чIунтана гIасру.

Добехун пирхула, гьаниб гъугъала –
Нахътараб халалъун, хадусеб къокълъун.
– ГIаздал кьалал лъурал кьурул айгъирал –
Кьалбал чIаголъидал кинан цIунилел?

– Дагьал казиятал, гIемерал кучIдул,
Какалда релъльарал, аллагь гIагарал…
Бищунго аслияб – хIасратаб рокьи,
ГьечIищ чIужугIадан – чIунтана гIумру.

***

Щибаб радал дир къватI чIван,
Унев йиго гьай гIадан,
ГIажаибай, берцинай
Йихьула гьай гордухъан.

Нахъе цIараб лага-черх,
Цебе цIутIараб керен,
Кар буго ххан-ххачIого,
Дагьал расал гьурмада.

Гьоркьор лахIзатал ингун,
Цо-цо кIичIулеб габур,
КIиго тIогьилаб тIамах

ТIаде бортун гъажалде.

Пальтоялъул бащадал
РахачIел тIваби руго, –
ТIамуларо цохIо бер
Балагьараб гордухъе.

Уней йиго гьай гIадан
Радалгин бакъанида.
Жакъа цIад балеб буго, –
Гъолъул сурмияб чадир.

Уней йиго беричай,
Пачаялда релълъарай,
Гьоркьохъеб гIумруялъул
Дида лъаларей гIадан.

Гъой щияли гьикъизе
Лъадукьаги хIинкъула.
Гъой лъачIого чIогейин,
Аллагьги гаргадула.

***

Аллагьаз хъварал тIахьал,
Библияги Къуръанги,
Нуж лъачIого хъвараб кечI
Каранде къан гIодула.

КигIан гIакълу букIараб –
Дир рокъоса бикъараб.
КигIан гIантаб гьабизе
ГIумруялъ дун тIамурав.

Аллагьаз хъварал тIахьал,
Библияги Къуръанги,
Дун «Краткий курсаца»
КигIан гуккун ватарав.

КватIана нуж цIализе…
Гьанже кватIун бичIчIана

Кинан некIо поэтал
Пророкал рукIарал.

## ДИЕГИ ДОСИЕГИ ЦО ЯС ЙОКЬУН ЙИКIАНА

*ГIумар-ХIажи Багъдуловасе*

Дунги довги рукIана
КIиялго цо къаартIалъул –
Къадалъ кьакбгIарал магIал,
Кьурда речIчIарал чIорал.
Дунги довги рукIана
ЦохIого къвакIиялъул,
Щибас къо-къо сон барал,
Къвалакь микки бежулел.

Нусго хIисаб букIуна
ЦохIого бетIералъул, –
ЦохIо хIисаб букIана
Нижер кIиябго ботIрол.
Нусго чирахъ букIуна
Щибав чиясул каранлъ, –
ЦохIо чирахъ букIана
Ниж кIиясулго каранлъ.

Диеги досиеги
Цо яс йокьун йикIана, –
ЦохIого чIор букIана
КIиго газаргъоялъул.
Дов вукIана диванчи,
Вахъинин доктолрилан.
Дун вукIана, кечI гуреб,
Цогияб как гьечIев чи.

КучIдулги дир рукIана
ЦохIо долъул хIакъалъулъ:
«Дир хIикмат, макьилъгIаги
Вокьилин абе дида!»
Росу тун шагьаралде
Дой щвараб их лъаларо,
Лъай босулеб доб релъи,

Ралъад, дуда рагIана.

Гъалал къотIун хутIараб
ГьитIинаб каралда тIад
ХъахIаб берет букIана,
РикIкIадасан бихьулеб…
Диеги досиеги
Цо яс йикIана йокьун,
Нижер макьу тIубачIо,
ТIерхьана талихIаб бакъ…

КIиабилеб смена
Долъул институталда,
Дарсал къаси лъугIулел,
КъватIал долъухъ балагьун.
КъотIноб цо рахъалда дов,
Цогияб рахъалда дун.
Рихъун рехулел белтал,
Киноялде росарал.

Дол гъутIбузул борхалъи,
Ниж харулел рукIарал;
НакIкIикьан чвахушлеб цIад,
ЦIалтун риччун кIиялго.
Цо долъул нуцIил кIалтIа
КIиязулго рагIадал, –
КIутIулищ, кIутIиларищ,
КIиго рекIел цо бухIи…

Диеги досиеги
Цо яс йокьун йикIана,
Рокьи, питна ккечIого,
Кин тIубараб лъаларо.
Дир абурай теян дов,
Дир йокьулей теян дун…
Дой дир бакIалъулин дов,
Дой дир ракIалъулин дун…

Огь, нуж порталъул ганчIал,
Гьаркьагъунел чайкаби…
Нижей хIукму къотIана
КIудияб къварилъилъ.
Риидал ЧIохъе арай,
Нахъ юссинчIо тIокIай дой…

Гъунисезул бигьаро,
Бице, щиб жо гьеб кколеб?

Сунеб дир каранлъ чирахъ,
Сунеб гъосулги фонарь…
Гъаолда лъарав щив вугев
Лъабабилев, цогияв?..
Диеги досиеги
Цо гъой йокьун йикIана;
Цонигиясе щвечIо, –
ШигIраби пашманлъана.

КIоларищ дуда тIелхаз
ТIинкIулеб магIу кквезе? –
Ракьулъ тIупулей долде
Далараб кIиго бетIер.
ШигIрудул кумек ккечIо,
Какищ балеб дуе, цIва?
Диван къотIулел тIахьал
ТIутIун рехе, дандияв…

Дунги довги рукIана
КIиялго цо къартIалъул –
Къадалъ кьабгIарал магIал,
Кьурда речIчIулел чIорал.
Гьанже бутIрул хъахIлъана,
БатIияб дунял лъана,
ГьетIарал гъутIбуздаса
Гъун унел руго тIамхал.

Диеги досиеги
Цо яс йокьун йикIана, –
Дос гъолъий зани чIвана,
Дица гьаб кечI щурана.

# БАТIИ-БАТIИЯЛ ТIАХЬАЗДАСА

**1979–1990**

## ДИР РОКЬУЛ АДРЕСАЛ

## БЕЛОРУССИЯЛЪУЛ КУЧIДУЗДАСАН

***

Вай дир рокьул адрес, Белоруссия! –
Гьадин берцинаб цIар лъица дуй кьураб? –
Лъимадул каралда тIад кверги бахъун,
Инсуца Белаян абун батила.

Цинги гьей эбелалъ, кодойги йосун,
Руссияйин абун батила жубан,
Яги йокьулелъул хъахIилал берахъ
Балагьун гIащикъас батила дурун.

Берцинлъидул адрес, Белоруссия –
Гьаб панаяб мацI, кечI киса дуй кьураб?
Дур хIанчIил бакъналищ, хIоразул аххищ,
Цоцазде гьетIарал гъутIбузул мацIищ?

Гьеб цIадаз малъунищ, цIаяз кьурабищ,
ЦIурмазул, ругъназул зигар-гьаракьищ? –
Гьал дур цимбалазул бакъан рагIигун,
Бакъ щола мугIрузде декабралъги.

Лебаллъидул адрес, Белоруссия! –
Гьаб хIикматаб къисмат киса дуй щвараб?
Кинаб рахъалдасан рагъ бачIаниги,
Ругъун тIоцебехъе дур каранлъ щунищ?

Киб зоб гъугъаниги балагьаб пири
Дур бадибги пирхун гьелъ тараб лъалкIищ? –
Лъаларо цогиги хIикматаб къиса
Къокъаб цо гIасруялъ дур ккараб гIадаб!

## ДИР КЪИМАТ БИТIИАЗАБЕ

Учитель, битIизабе
Дуца дий лъураб къимат!
Лъалищ дир ЦIада росу,
ЦIудул кваркьигIанасеб?

Кьурул каранда бараб
Нилъер улкадул карта…
– Киб бугеб? – ан гьикъана
Дуца, – Белоруссия:

Росу гурони лъачIев,
Лъар гурони бихьичIев,
Лъалеб букIинчIо дида
Гьеб рохьил ракь киб бугеб.

Картаялда гьарурал
Гьегьал накъищаз дие
Гьикъунин жаваб кьечIо, –
Кир хъахIал хIорал ругел.

Амма малъун букIиндал,
Лъаларин абичIого,
Дица кверал тIад лъуна
ТIолабго картаялда.

«Гьабги Белоруссия,
Добги Белоруссия…»
Дица бихьизабуна
Сибирь, Кавказ-кинабго.

Дуца бетIер хьвагIана,
Гьороде гъветIалъ гIадин,
Гьадале Неманилан,
Гьаб бугин Волкайилан.

Дуца дий къимат лъуна
Къиматалъ бищун квешаб,
Жагърапия лъан гьечIин,
ЛъикI цIалун вачIайилан.

Дун нахъе ана, цинги
Дарсалгин сонал ана;
Учитель, гьари буго,

Дир къимат битIизабе!

Дун мекъи ккун ватичIо,
Кинабго улкаялда
Буго Белоруссия, –
Гьелъул сарин, гьелъул яхI.

Буго гьеб Сибиралда,
Буго гьеб Кавказалда…
…Дир учитель вукIана
Бресталъул партизан.

Учитель, битIизабе
ГьетIун лъураб дур къимат…
ГьабсагIаталъ дун вуго
Бресталъул хъаладухъ.

***

Дие бокьун букIана,
Гьаб кечI гьабулеб мехалъ,
Кинайниги цо гIадан
Белоруссалъ йокьизе.

Я Олеся йикIа гьей,
Я Маруся йикIа гьей…
Цогиязда лъаларей,
Дида лъалей йокьизе.

Гьей йокьунин, кидаго
Дида хадув ханжаргун
Я Колас вахъинаро,
Купала вагъиларо.

Гьей йокьунилан кьалде
Кулешов лъугьинаро;
КочIохъай дида лъала,
Цо росдал чагIи руго.

Белоруссияй, дие
Мун хасай гIадан гуро,

Хал гьабун цояй йокьун,
Цогиялги рокьана.

Цоялдаса цояб лъикI
Нужер ясазул гьумер.
Цоялдаса цояб лъикI
Нужер ясазул сарин.

Цоялдаса цояб лъикI
Нужер ясазул къисмат,
Къваридаб асирлъидал
Эркенаб хIасрат лъарал.

Цогиязе рокьани,
Дие нусцIул рокьила;
Рала рохьазда цIадал,
ГъветI гьоркьоб биччачIого.

## ЭКЗАМЕН

Доб июнь, ахирияб
АнцIго класс лъугIулеб…
Киналго цIалдохъаби
НахъалъагIан регичIо.

Метер экзамен буго
Улкадул тарихалъул,
Тирулел руго берзукь
Заманаби, гьомерал.

ТIамчал гIадин, гIасраби
Цоцоккун регун уна…
Учителасул къалам
Къимат дуца щиб лъелеб?

Гьанже Белоруссалде
ТIор цIураб рии щвана…
Ругелщинал планал,
Гьуинлъи макьабазул.

Макьидаса рорчIана

Рехарал бомбабаца,
Байбихьана цIализе
ЦIияб тарихалъул тIехь.

Учителас гIагараб
Класс данде гьабуна,
Гьанже даим хисанин
Нилъер расписание:

«Нилъее цIали буго
ЦIа бакараб хвалил рагъ.
Хириял рохьал руго
Гьанже нилъер классал.

Гьанже историялъул
Экзамен нилъей буго,
Улка кинан цIунулеб
Белоруссазул васаз?

Цогияб суал гьечIо!
Гьелъие жаваб кьолел,
Жакъа дица ахIила
Дида цадахъ рилълъине…»

Ана класс кинабго
Учителасда цадахъ,
Улкаялъул паспортал
Гьанже, гьанже росарал.

Ана васалгин ясал
Историялда цадахъ
Намус, къвакIи, цIаралъул
ЦIадулъ экзамен кьезе.

Ана немцаз гIассияб
Хвел бекьулел ракьазде,
Рокьулгин гIумруялъул
Дарсазе жаваб кьезе.

Ана гьал гIолохъаби,
Хисана гьазул гIумру:
Партизанал, солдатал
Рохьазул цIалдохъаби…

Рихьана гьал, лъана гьал
Фашистазул боязда, –
Гьезул каскаби руго
Белоруссалъул хьуцIалъ.

Рихьана гьал, лъана гьал
ГIагараб ВатIаналда.
ГIумруялъул экзамен –
Щуябго соналъул рагъ.

Гьаз лъугIана кIудияб
Тарихалъул институт,
Гьаз цIалана, тIехь гIадин,
ТIолго гIагараб улка.

Киналго нихъ руссинчIо,
ГIемерал васал хвана,
Амма хатI лъала гьазул
ТIолабго дунялалда.

Бице гьанже, мугIалим,
Дур багIараб къалмица
Кинаб къимат васазе
Экзаменалда лъураб?

ГIенеккула, рагIула,
КьабгIулел руго цIурмал
Тарихалъул улкадул
Кинабго дунялалда.

ЧIухIун бетIерги борхун,
Цебехун а, Белорусь!
Дуца кьуна экзамен
ГIумрудулги хвалилги.

Гьедин абулеб буго
Учитель-историялъ.
Гьедин рехсолеб буго
Белоруссия кибго.

Гьадинал гьарейилан
Улбуз васалгин ясал:
Гьадинал кьейин щибас
Кьал гьалигун экзамен.

## БРЕСТАЛЪУЛ ХЪАЛАЯЛДЕ
## ЩВАРАБ МЕХАЛЪ ХЪВАРАБ КЕЧI

Рокъоса къватIир унел,
КъватIиса рокъой унел,
КиналгIаги поездал,
Гьаб шагьаралда лъалхъе!

Гьаб улкаялъул гIурхъи,
Белорусиялъул ракь,
Цо ракьул гIурхъи гуро,
Гьаб рокьул гIурхъи буго.

Рукьбиги черхги гьаниб
Гьагаб цIаялъ бухIана.
ЦIарги яхIги улкадул
ГIасрабаца цIунана.

Рокъоса къватIир унел,
КъватIиса рокъой унел,
КиналгIаги поездал,
Гьаб шагьаралда лъалхъе!

Буг гIорул чвахукь хъала
ГIадатаб хъала гуро,
Гьал нилъер гIадамазул
КъвакIидал хъала буго.

Гьанир тIохал щущана.
Гьанир къадал риххана,
Бищун щулияб чаран
Нилъер чагIи ратана.

Рокъоса къватIир унел,
КъватIиса рокъой унел,
КиналгIаги поездал,
Гьаб шагьаралда лъалхъе!

Гьаб хъаладул къадазда
Солдатасул хатI цIале.

Гьал цIаралги гьаб цIаги
Нужеца цадахъ босе.

ГьебгIан асар гьабулеб
Сарин букIине гьечIо.
Гьел ракIалде щвеялъ нуж
КIодо гьаризе руго.

## ЦIАРАЛЪУЛ ГОХIАЗДЕ КЕЧI

Белорусь, дир Белорусь,
Духъ балагьун вуго дун…
Гьаб дур цIаралъул гохIал,
Гьаб дур цIаялъул сиял.

Доба Египеталъул
НекIсиял пирамидал, –
Гьезул канлъигун гьаракь
Кинабго кIочон тана.

Мун авлахъазул улка,
Дир цIумазул Шагь-Дагъал, –
Гьаниб ракьги рокьиги
Ракьагин би жубараб.

Эверест, Гималаял…
Гьел мугIрузде щвана дун.
Дур гохIазде данде гьел
ГьитIинал руго дие.

Гьудуллъиялъул сиял,
Дун, Кавказалъул васас
Босараб ракь биччанте
Цодагьаб гьаниб базе!

Доб Щвейцариялъул
Берцинал мугIрул тIогьал,
Берциналгин къиматал
ГьечIо диен уж гIадин.

Белорусь, дир Белорусь,

Духъ балагьун вуго дун…
«ГъалбацӀил хоб, Купала,
Киб букӀараб гьеб гӀадаб?»

Гьал хириял цӀвабзазул
ЦӀаразул занал руго.
Гьал цӀарал кӀоченаро
ЦӀваби зодихъ ругогӀан.

Дида, мугӀрул васасда,
Киве вахананиги,
Кирго борхат рихьула
Белоруссазул гохӀал.

## АРМЕНИЯЛЪУЛ КУЧІДУЗДАСА

## ДИЛИЖАНАЛДА КОМПОЗИТОРАЗУЛ РУКЪЗАЛ

БакъналчагІазул рукъзал
Бакъукь, рагІдукь, гохІазда.
Гордахъе балагьарал
БатІи-батІиял гъутІби.

Гьаб рахъалда угьдула,
Доб рахъалда гьардола:
Пианина, чагъана, –
Чвахулел руго бакънал.

Гьаркьал, гьаркьал панаял, –
Гьаниб цо, доба цоги,
Дунялалде ритІулел
РакІазул телал гІадин.

Улкадул бакъна-лчагІи
Жиде-жидер рукъзабахъ
Руго Дилижаналда,
Жундул гІадин хьвадулел.

Цоясе вас гьавула,
Цоясул яс гІодула, –
Перевод гьечІониги,
БичІчІула гьеб музыка.

Бакъукь ракъварал гъутІби,
Гъоркьехун Армения…
Унго, кидал лъугІилеб
МугІрузул симфония!

Гьедин композиторал, –
Щибав хасаб континет, –
Клавишазде къулун,
КъватІире рахъунаро.

Амма цо бакъанида
Гьабулеб хІалтІи рехун,
Рагъабазде рахъана

Киналго рахъалъан гьел.

НуцIбигун гордал рагьун,
Киналго гIенеккана:
Цин гIиссинцIад букIана,
Цинги кIудияб бана.

ГъутIби, тIохал чурана,
Чвахун нухазде ана.
Армениялъ гьеб бакъан
Къабул гьабун тараб куц!

Щибаб къатIра Севаналъ
Лъимерлъун данде къана.
Лъарал, кIудиялги гIун,
ГIурабазде чвахана.

ГIумрудул симфония
ТIабигIаталъ гьабунин,
Пикрабалъ бакъналчагIи
Рокъор гIенеккун чIана.

ГIемераца жидерго
Хъвараб нахъехун лъуна,
Нахъеги цIи гьабизе
Доб цIадалдаса хадуб.

## УКРАИНАЛЪУЛ КУЧІДУЗДАСАН

***

Май щвараб мехалда щоге мун дове,
Май щвелалде щуго къоялъ цеве щва!
Бертин гъабилалде цересел къояз
Цо бахIаралъул хIал! Цо Украина.

ГIумруялъ бицине гIураб берцинлъи
Дуда «ворчIами» – ян бачIина данде.
Огь, дуда щибниги кIочанищ, апрель,
Украиналде мун бачIунеб мехалъ!

Дуца ургъичIеб щиб кьерги бакъанги
Щибаб байданалъе, щибаб рохьалъе, –
МатIудал Днепр, дур сверабазда
Сардал лъедолел куц, катерал гIадин!

Доба гъутIбузда хьухь борхун унеб куц, –
Ахада хъалиян лъица гьеб цIалеб!
Лъаразул рагIалда цIияб гIурччинлъи, –
ХIатIал лъадалъ ругел лъимал гурищ гьал?

Вай ггьайбатай Леся, гьанжего гьанже
Плащ нахъе рехун, ихдалил гвердель
Гьелъул цIияб мода, хъахIилал берал
ХъахIилаб зобалъухъ балагьун руго…

…Май щвараб мехалда щоге мун дове,
Май щвелалде щуго къоялъ цеве щва!
Цинги май щварабго, мун гьобол гуро,
Поэтлъун лъугьина Украиналъул.

***

Леся, гIодой йикIа, кIалъай мун дунгун
Дур Украиналъул кочIолаб мацIалъ,

Щуго рагIул дида цо-цо бичIчIула,
РичIчIичIелги гьезул дие гьуинлъи.

Мун кIалъалеб мехалъ, кIутIбузул кьури,
Кьунсрузул, тIелхазул тIамхалъ кIиго хIор.
КIалъай дурго мацIалъ, щибго кIваринчIо,
Цо гьезул гьаркьаца паналъулин дун.

Перевод кIваричIо, переводалда
Цо гьайбатаб хIули хIанчIил бортулин;
Гьагъаб къотIараб гъветI цоги бакIалда
РекIинчIого бакъван къварид хутIулин.

Леся, хабар бице гIагараб мацIалъ
ГIищкъуйилан ккола кинабго кIалъай.
Гьеб дур хасаб буго, дагьаб релълъараб
Дунялалда цоги данде чIваниги.

Днепр цо буго, мунги цо йиго,
Цогидал аскIосел ратананиги.
Леся, дурго мацIалъ бице дий хабар,
Гьединаб хазина гьечIин, букIинчIин…

## ГРУЗИЯЛЪУЛ КУЧІДУЗДАСАН

***

Кин бугеб гьанже мун, цIолбол гъабудал
Гъалал кьурабазда далараб тIалъи?
Дун цевего щвечIо Грузиялде,
Цебегосеб рокьуй хисичIониги.

Цебе лекIиязул букIараб рохел, –
Гьанже рекIекълъула, чан гьудул гьечIев!
Ругезги жидерго лълъаралги кечIги
Кураялъ анилан абулеб буго.

МугIрул гIадат  гьечIо гьобол хисулеб, –
Гьикъула, кив вугев мун, Леонидзе.
РекIарав рештIуна чу лъалхъаралъуб, –
Чиковани, мунгун Нино кир арал?

Гьанже данделъабалъ данде чIваларо
Дида Дадиани, Гамсахурдия.
Дозулгун лъугIичIеб хабар букIана…
Хирияв Этери Бессо кив вугев?

Гудиашвилица ахIулаан дун
Къасиги бакъ бугеб жиндирго рокъов.
Досул къарал гордал, свана дир чирахъ,
Сордо бецIлъун буго битIун къо бакьулъ.

Табидзе, дур бетIер цохIо букIинчIо
Цоги веказеги запас букIана.
ТIаса лъугьа, дица дуда абуна,
Дунги поэтилан, жеги гьитIинго.

Гьанже кин вачIинев Грузиялде,
«Гомаржоба» – вуцIцIун чIола Иосиф.
Медея, лъица дун Мцхетиялъул
Берцинлъи бихьизе гьанже вачинев?

Унго, гьечIелщинал дир гьудулзаби,
Давидил гохIиде арабщинаб халкъ,

Цогияз росаби, жалго гьарурал,
ГӀаракъатаб бакӀин, тӀаса рищана.

Гьале гьабсагӀатги, гьаб кечӀ лъугӀичӀо,
Кагъат щвана дихъе гьудуласухъан:
Маргиани Резол берал къанщанин,
Къороллъанин Нина жеги бахӀарго.

…Нуж дагьал хутӀана, гьаруа дица
Поэтал цӀунеян, ЦӀоралъул улка.
Доба Кахетиялъ кечӀ рагӀичӀони,
МугӀрузул тӀогьисан дунги вачӀина.

ВачӀа мунги данде дида, Ираклий,
Ламара, Гриша цадахъ кӀочонге;
Цогиги вокьила Нодар Думбадзе;
Херлъизе виччаге Карло Каладзе,
Кинабго Дагъистан асир гьабурав.

## БОЛГАРИЯЛЪУЛ КУЧIДУЗДАСАН

## РОДОПАЛЪУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ КЕЧI

Дуда лъай, Родопалда
Сbuild
Сороле чи дандчIвани,
Дора цIумал ахIдола
Гьев цIукIа жидер гурин.
Дун дова валагьана
МугIрухъги кьурабахъги, –
Кьвариялъул бугеб цIар,
Лебаллъидул бугеб гимн!

Дуда лъай, доб ракьалда
Рокьул кечI ахIуларел,
Эбел йикIа, яс йикIа,
Цо росу, мина гьечIо.
Дун дова гIенеккана
ГIорахъ, рохьахъ, хIоразухъ, –
ХIасрат буго гIумрулъун,
ГIищкъу буго намуслъун.

Дуда лъай, дол сиязда
Гьобол, гьудул вокьичIев,
Гьури, цIа, гIазуялъцин
ГIадамалъ рикIкIунаро.
Гьединав цо-кIигояв
Ватанани ватила,
Кинабго халкъ белъизе,
Хал гьабе гьазухъилан.

Дуда лъай, дол нухазда
Цо гьерсихъан гьечIолъи.
Гьедин бугин абулев
Живго вуго гьерсихъан.
Гьанир гьарунаниги, –
Гьел жидер чагIи гурин,
Гьезде кверал хьвагIула
Киналго родопаца.

Дора васал – лебалал,

Дора ясал – берцинал;
Босулеб квер – рагьараб,
Букъараб зар – къвакIараб.
Къанабакь рукъаразул
Зодил цIвабзаз бицуна.
Жибгоги цIва – свин гьечIеб
Болгаразул Родопа.

## ИНДИЯЛЪУЛ КУЧIДУЗДАСА

***

Дун анцIуса щвана, Индия, духъе,
Амма цониги кечI ахIичIо жеги.
Дур гIунгутIи гьечIо кучIдузул рахъалъ,
КигIан бокьаниги руго шагIирал.

Дуе гIолареб щиб? – ГIенеккана дун
Цере хъатал ккурал дур лъималазухъ.
Бадив балагьана… Ракъараб гьари,
Перевод гьечIого, бичIчIана дида.

Гьелъин Кавказалде цIад балеб мехалъ,
Дур ракьалъул сурат цебе тIамулеб.
Дица тIубан ракIалъ гьарулеб буго,
Гьиндустан, дур хурзал цIун рачIагиййин.

Гьанже январь буго нижер мугIрузда,
Балеб буго гIазу рачлихъе щвараб.
Доб дур Делиялда, дур Калькутталда
Кинабго ракьалъе гIураб буго бакъ.

Гьениб бугеб бухIи!.. Дур пальмабазул
Пахруял тIамхазда дица гьарула:
Гьогьенги рагIадги дур лъималазе,
Гьабуге батIалъи, кье хиназего.

Дур философазулъ гIунгутIи гьечIо,
ГIузрабаз щай гьоркьоб мун биччалареб?
Огь, гIакъилал бутIрул, кир ругел кверал?
Огь, гIедерал кверал, кир ругел бутIрул?

Дур философазулъ гIунгутIи гьечIо,
ГIузрабаз щай гьоркьоб мун биччалареб?
Огь, гIакъилал бутIрул, кир ругел кверал?
Огь, гIедерал кверал, кир ругел бутIрул?

Дур гIадамал рикIкIе, гьанжелъизегIан
Гьел рикIкIунел руго, рикIкIун рахъинчIо.

БатIи-батIияб как, кастал, миллатал,
МухIамадгин Будда – киналгIаги дур.

Дица гьарулеб щиб гьал дур калкъазе? –
Рекъелги, вацлъиги, цолъиги буго.
Гьал цо князазул уматаздаса
Улкадул цIар-къимат хIажатаб буго.

ГIезегIан пилалда рекIун анин мун,
Гьарула кваркьаби кибго боржине,
Калилалгун Димнал къисабалъ гуро,
Къоабилеб жакъа нилъер векалда.

Дун анцIуса щвана, Индия духъе,
Амма цониги кечI ахIичIо жеги.
Гьанже ахIулебги гьаб буго гьари
Дур гьоболасулги гьудуласулги.

Гьарула дараби дур унтаразе,
Аги рихxун тIолго кастазул тIулби.
Квер биччай бачине щивас цоцазул,
Унти бахунгеги, рохел гурони.

Гьаб гьари тIубани, мугIрул тIармида
Дица кечI ахIила унго-унгояб,
Надалда багIараб цо-цо тIанкI лъурал,
Гьаб дир лъай босарал гьел дур ясазде.

## ИНДИЯ, КИДА ДУР ЛАЛ БОКЪИНЕБ

ХIарщуна гьабураб гьитIинаб росу,
Росдал рагIалалда бакъвараб авлахъ,
Бакъда тIиритIарал тIоразул гулал,
ГIодоб тIамун бугеб тIимугъин ккола.

Гьениб чIван буго тIил, тIилида бухьун,
ТIор мерхьунеб буго къоялъ хIинцаб оц.
Миллион ракъарал!.. Кида бокъинеб
Гьаб къагIидаялда дур лал, Индия?

Гьадин гIатIидаб ракь, гIедегIел гьечIеб

Палалда рекIараб халатаб сапар…
Зобазде балагьун, цIвабзазда гьардон,
Гьадинищ хIалухъин дуца гьабилеб?

Дур оцазе гьечIеб ургъел щибиниги
Мискин хIалтIухъанас тIолеб гIетIалъул.
Чанги века лана; кида бокъинеб
Гьаб къагIидаялда дур лал, Индия?

Росаби, росаби… росдал васлъидал,
Нужер мискинлъиялъ керен кIвекIана.
Дир ЦIада гьадинан букIарабани,
ВукIинаан даим дун хурухъанлъун.

Дирго эмен гIадин, дир кьибил гIадин, –
Кьурабазда тIорщел бижизабурал.
Гьанже ракI кьабгIола: кида бокъинеб
Гьаб къагIидаялда дур лал, Индия?

Дун ана ракьалде кучIдул ахIизе,
Бокьгун букIана дий бакъан бачине:
Нусго ишан цохIо беразулъ бугей
Дур кьурдухъаналъул кьур-кьуриялде.

Оцаца мерхьунел тIорал рихьигун,
ТIамуна цогиял суратал цере.
Дир ракIалъ гьикъана: кида бокъинеб
Гьаб къагIидаялда дур лал, Индия?

Нижер доба жеги гIазу балалде
ГIарал ракIарула, лалал рокъуна.
Даим гIазу гьечIеб бакъулаб улка,
Бокъунеб кида дур лал, бице дида.

Гьеб мехалъ борхатаб зодихъ хал гьабун,
Хъатикье бухIараб ракьул хIур босун,
Дида Индиялъул бераз абуна,
Бокъилин жиндирги кватIичIого лал.

## ИНДИЯЛЪУЛ ЛЪИМАЛАЗУЛ СУРАТАЛ

Индиялъул лъималаз
Рахъун руго суратиал;
Бомбеялда гьабсагIат
Гьезухъ вуго валагьун.

Буго хIинчIалъул сурат,
Щиб хIинчIали лъаларо.
Дида гьадинал хIанчIи
Данде чIвачIо кидаго.

Буго гъветIалъул сурат,
ЦIакъ батIияб, бихьичIеб,
ЦIвабзазда гIаркьел хъвараб,
Тамашаяб, хIикматаб.

Буго пилалъул сурат,
Гьелда руго кваркьаби,
Кинабго дунялалда
Дорегин гьанир цурал…

«Ва Индиялъул лъимал,
Нужеца гьабулеб щиб? –
Куркьбал ругеб пил дида
ГьанжелъагIан рагIичIо.

Дида ракъи бихьана,
Къварилъи данде чIвана.
Нужер суратазул кьер,
Сунца киса босараб?»

Индиялъул лъималаз
Дие жаваб гьабуна:
Гьаб нижер рокьиялъул
Рокьулел кьерал ругин;

Гьаб нижер божи бугин
БукIинеб Индиялъул,
Гьелъул боржен букIине
Бугин дунял хIикматаб.

«Кьалбал, тарих гъваридаб
ГъветI борхатаб букIина.
ГьечIел пихъал Индиялъ
Улка-ракьалъе кьела.

Гьелъул пикрабалъ руго
Ниж – Индиялъул лъимал…»
Дун гьезухъ балагьана
Разиго, хIисабалда.